# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’NI’N’ KONSTITUCIYASI’NA TU’SINDIRME

NO’KIS
«BILIM»
2015

UOK 342.4(575.172)
KBK 67.400
Q-52

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na tu'sindirme.** — No'kis: «Bilim»,2015 — 148 bet

**UOK 342.4(575.172)**
**KBK 67.400**
**Q-52**

Yuridika ilimlerinin' doktori', professor E. D. Quti'baevani'n' uluwma redakciyasi'nda

**Juwapli' redaktori':**

**Z.A. Reymova** — Yuridika ilimlerinin' kandidati', docent.

**Du'ziwshiler:**

**Reymova Z.A.** — Alg'i' so'z.
**Umarova K.U.**, yu.i.d. — I, II baplar.

**Gulimov A.B.**, yu.i.k. — III, IV baplar, alti'nshi' taraw.

**Yuldasheva G.Y.** yu.i.k.
**Daumenov B. A.**, y.i.k. — V, VI, VII, VIII, IX, X, XI baplar.

**Niyazova D.A.** yu.i.k.
**Adilova M.E.** — XII, XIII, XIV, XV baplar

**Quti'baeva E.D.**, yu.i.d.,prof. — XVII, XVIII, XIX, XX baplar

**Reymova Z.A.**, yu.i.k.,doc.
**Matirzaev U. S.** — XVI, XXI, XXIII, XXVI baplar

**Matmuratov B.D.**, yu.i.k.,doc. — XXII bap

**Xalimov X.A.**, yu.i.k. — XXV bap

**Allamuratov A.T.**, yu.i.k.,doc. — XXIV bap

**Pikir bildiriwshiler:**

**Matkurbanov R.** — yuridika ilimlerinin' doktori'.
**Utemuratova S.** — yuridika ilimlerinin' kandidati'.

Bul kitap O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2001-ji'li' 4-yanvardag'i' «O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'n u'yreniwdi sho'lkemlestiriw haqqi'nda»g'i' biyligine muwapi'q, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' boyi'nsha bilimlerdi jetilistiriw maqsetinde jazi'lg'an.

Kitap ilimiy xi'zmetkerlerge, woqi'w wori'nlari'ni'n' studentlerine ha'm ken' ja'miyetshilikke arnalg'an.

**ISBN 978-9943-4186-9-1**

© **«Bilim» baspasi', 2015**

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N'

# KONSTITUCIYASI'

## ALG'I' SO'Z

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' xalqi',

adam huquqlari'n ha'm ma'mleketlik suverenitet principlerin wo'zinin' jaqlaytug'i'nli'g'i'n saltanatli' tu'rde ja'riyalay woti'ri'p,

ha'zirgi ha'm keleshek a'wladlar aldi'nda joqari' juwapkershilikti seze woti'ri'p,

Qaraqalpaqstan ma'mleketliligin rawajlandi'ri'wdi'n' tariyxi'y ta'jiriybesine su'yene woti'ri'p,

demokratiya ha'm socialli'q a'dillik ideyalari'na wo'zinin' sadi'qli'g'i'n tasti'yi'qlay woti'ri'p,

xali'q arali'q huquqti'n' g'alaba ta'n ali'ng'an normalari'ni'n' arti'qmashli'g'i'n moyi'nlay woti'ri'p,

respublika puqaralari'na i'layi'qli' turmi'sti' ta'miyinlewge umti'la woti'ri'p,

adamgershilikli, demokratiyali'q huquqi'y ma'mleket du'ziwdi wazi'ypa yetip qoya woti'ri'p,

puqarali'q paraxatshi'li'qti' ha'm milliy kelisimdi ta'miyinlew maqsetinde,

wo'zinin' toli'q huquqli' wa'killeri arqali' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' usi' Konstituciyasi'n qabi'l yetedi.

Konstituciyani'n' alg'i' so'zi woni'n' kirisiw bo'limi boli'p, wol konstituciyani' qabi'l yetiw maqsetin bildiredi, Konstituciyani'n' bo'limlerinde ken' tu'rde ashi'p beriletug'i'n konstituciyali'q du'zim belgileri ha'm bag'darlari'ni'n' mazmuni'n uluwmalasti'rg'an halda alg'i' so'zde sa'wlelendiredi. Woni'n' a'hmiyeti konstituciyani'n' qabi'l yetiliwinin' za'ru'rligin ja'riyalaw arqali', sol da'wirge shekem xali'qti'n' basi'p wo'tken joli'n, rawajlani'wdi'n' basqi'shlari'n qamti'p ali'p ha'm de xali'qti'n' ma'plerin go'zlegen halda ma'mlekettin' wazi'ypalari'n wo'zinde sa'wlelendiriw arqali' belgili boladi'. Alg'i' so'z ju'da' a'hmiyetli hu'jjettin' qabi'l yetiliw sebeplerin ko'rsetiwshi kiris bo'limi boli'p yesaplanadi'.

Konstituciya ma'mleketlik ha'kimiyatti sho'lkemlestiriwge, basqari'w ha'm ma'mleketlik du'zilis tu'rlerine, insan ha'm puqaralardi'n' huquqlari', yerkinligi ha'm minnetlerine baylani'sli' bolg'an ja'miyetlik qatnasi'qlardi' yen' joqarg'i' da'rejede ta'rtiplestiredi. Qaraqalpaqstan Konstituciyani'n' du'zilisi tiykari'nan to'mendegi maqsetlerge yerisiwge bag'darlang'an: demokratiyali'q ha'm socialli'q a'dillik, jeke shaxs ha'm puqaralardi'n' yerkinligi; siyasiy turaqli'li'q, ekonomikadag'i' menshiktin' barli'q tu'rlerinin' ten' huquqli'li'g'i'n huquqi'y qorg'aw, ma'mlekettin' ha'rbir jeke shaxs aldi'ndag'i' konstituciyali'q minnetlemesin wori'nlawi'.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' g'a'rezsizlikke yerisiwi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' suverenli ma'mleket dep ta'n ali'ndi'. Suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' Konstuticiyasi'nda belgilep alg'ani'nday adamgershilikli demokratiyali'q huquqi'y ma'mleketti maqset yetip qoyadi'.

Suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' birinshi Konstituciyasi'-ni'n' alg'i' so'zi i'qsham ha'm aytarli'qtay ti'yanaqli'. Woni'n' negizgi ma'nisi shaxs huquqlari'n ha'm ma'mleket suverenitetin qorg'aw, respublika puqaralari'na i'layi'qli' turmi'sti', paraxatshi'li'q ha'm milliy kelisimdi ta'miyinlew boli'p yesaplanadi'. Konstituciya insan turmi'si'ndag'i' woni'n' aji'ralmas huquqlari'n ha'm yerkinliklerin joqari' qa'diriyat dep ko'rsetedi. Konstituciya yelimiz rawajlani'wi'ni'n' tariyxi'y ta'jiriybesine su'yene woti'ri'p, ha'zirgi ha'm keleshek aldi'ndag'i' joqari' juwapkershilikti seze woti'ri'p ata-babalari'mi'z qaldi'rg'an bay miyrasti' u'yreniwdi maqset yetip; demokratiya ha'm socialli'q a'dillik ideyalari'na wo'zinin' sadi'qli'g'i'n tasti'yi'qlaw arqali' xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i'n bekkemlew, puqarali'q ja'miyetlik institutlari'n rawajlandi'ri'w; xali'q arali'q huquqti''n' g'alaba ta'n ali'ng'an normalari'ni'n' u'stinligin moyi'nlag'an halda milliy huquqi'y sistemami'zdi' xali'q arali'q huquq talaplari' da'rejesinde qa'liplestiriwdi minnetli dep ko'rsetedi.

B I R I N S H I  T A R A W

# TIYKARG'I' PRINCIPLER

## *I bap*

## MA'MLEKETLIK SUVERENITET

**1-statya. Qaraqalpaqstan — O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'na kiretug'i'n suverenli demokratiyali'q respublika. Ma'mlekettin' «Qaraqalpaqstan Respublikasi'» ha'm «Qaraqalpaqstan» atamasi' ten' ma'nili.**

**O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' wo'z ara qatnasi'qlari' O'zbekistan Respublikasi' Konstituciysi' ko'leminde O'zbekistan Respublikasi' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' arasi'nda du'zilgen sha'rtnamalar ja'ne kelisimler arqali' ta'rtiplestiriledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'nan Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' g'alaba xali'qli'q referendumi' tiykari'nda shi'g'i'w huquqi'na iye.**

Konstituciyani'n' birinshi statyasi'nda Qaraqalpaqstan ma'mleketinin' tiykarg'i' tu'sinigi berilgen.

Birinshiden, Qaraqalpaqstan — O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'ndag'i' suverenli ma'mleket. Qaraqalpaqstan Respublikasi' suvereniteti O'zbekistan Respublikasi' ta'repinen qorg'aladi'.

Yekinshiden, Qaraqalpaqstan — demokratiyali'q Respublika.

U'shinshiden, bul statya Qaraqalpaqstan Respublikasi' menen O'zbekistan Respublikasi'ni'n' wo'z ara qatnasi'q tiykarlari'n belgileydi.

1990-ji'li' 14-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sovetinin' IV sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' suvereniteti haqqi'nda deklaraciyasi'» qabi'l yetildi. Bul tariyxi'y hu'jjette Qaraqalpaqstan wo'zinin' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'nda suverenli Respublika yekenligin ja'riyaladi'. Usi' deklaraciya 1991-ji'li' 31-avgustta qabi'l yetilgen «O'zbekistan Respublikasi' ma'mleketlik g'a'rezsizliginin' tiykarlari' haqqi'nda»g'i' Ni'zamda wo'zinin' huquqi'y tiykari'n tapti'. Wonda Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'ni'n' pu'tinligi ha'm g'a'rezsizligi ta'n ali'ndi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' suverenli Respublika si'pati'nda wo'zinin' toli'q huquqli' wa'killeri arqali' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'n qabi'l yetedi, ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari'ni'n' sistemasi'n belgileydi, ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilisinin' ma'selelerin wo'z betinshe sheshedi. Suverenli ma'mleket si'pati'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' Konstituciyasi'na, gimnine, ger-

bine, bayrag'i'na iye. Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'na ha'm shegarasi'na qol qati'lmaydi', wo'zgertiriliwi ha'm bo'liniwi mu'mkin yemes.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' — demokratiyali'q respublika boli'p, xali'q yerkin bildiredi ha'm woni'n' ma'plerine xi'zmet yetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' suverenli, insan ha'm puqarani'n' aji'ralmas huquqlari'n, azshi'li'qti'n' huquqlari'ni'n' qorg'ali'wi' menen birgelikte ko'pshiliktin' ha'kimiyati'n ta'miyinleytug'i'n siyasiy du'zim.

Respublika — Qaraqalpaqstanni'n' ma'mleketlik basqari'w formasi' boli'p tabi'ladi'.

Statyani'n' yekinshi bo'limi O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 17-babi'ndag'i' 70 ha'm 75-statyalari'na baylani'sli' dodalani'wi' tiyis. Qaraqalpaqstan — O'zbekistan Respublikasi' qurami'ndag'i' suverenli respublika dep ta'n ali'ng'an ha'm O'zbekistan Respublikasi' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' arasi'ndag'i' wo'z ara qatnasi'qlar O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi' ko'leminde wo'z ara du'zilgen sha'rtnamalar ha'm kelisimler menen retlestiriledi dep bekitilgen.

1-statyani'n' 3-bo'limi Qaraqalpaqstan Respublikasi' xalqi'ni'n' wo'z ta'g'dirin sheshiw huquqi'n, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' suverenitetin O'zbekistan ta'n alatug'i'nli'g'i'n an'latadi'. Bul reje O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 74-statyasi'na sa'ykes keledi, sonday-aq, 1966-ji'li' 16-dekabrdegi Puqarali'q ha'm siyasiy huquqlar haqqi'ndag'i' xali'q arali'q Pakt normalari'na juwap beredi ha'm wonda barli'q xali'qlardi'n' wo'z ta'g'dirin wo'zi belgilew huquqi' bekkemlenip qoyi'lg'an.

Bul statyada, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' O'zbekistan Respublikasi'nan shi'g'i'w huquqi'n a'melge asi'ri'w mexanizmi bekitilgen. Bul ma'sele g'alaba xali'qli'q referendum tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'. Referendum ja'miyetlik ha'm ma'mleketlik turmi'sti'n' anag'urli'm a'hmiyetli ma'selelerin saylawshi'lardi'n' tikkeley dawi's beriwi menen sheshiwdi an'latadi'. Bul tikkeley demokratiyani'n' wog'ada a'hmiyetli instituti'. Sonli'qtan, statya Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'nan shi'g'i'w huquqi'n a'melge asi'ri'wdi'n' yen' bir demokratiyali'q mexanizmin belgileydi ha'm yeki millettin' arasi'ndag'i' tuwi'sqanli'qti' bekkemleydi.

**2-statya. Ma'mleket xali'qti'n' yerk-i'qrari'n bildiredi, woni'n' ma'plerine xi'zmet yetedi. Ma'mleketlik uyi'mlar ha'm lawazi'mli' adamlar ja'miyet ha'm puqaralardi'n' aldi'nda juwapkerli.**

Bul statya puqaralardi'n' ma'plerinin' u'stinligin konstituciyali'q da'rejede tasti'yi'qlaydi'. Usi' statyada «ja'miyet — ma'mleket» ha'm «puqara — ma'mleket» huquqi'y qatnasi'qlari'nda ja'miyet penen puqaralar aldi'nda ma'mlekettin' juwapker yekenligi belgilengen. Bul rejenin' a'hmiyeti tariyxtag'i' totalitar sistemasi' tusi'ndag'i' ha'm demokratiyali'q

ja'miyettegi puqarani'n' worni' menen sali'sti'ri'wda ayqi'n ko'rinedi, totalitar sistemada puqara ma'mleket mexanizminin' bir kishkene bo'lekshesi boli'p yesaplansa, demokratiyali'q ma'mlekette – insan ha'm wolardi'n' huquqlari' yen' joqari' qa'diriyat boli'p tabi'ladi'.

**3-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilisi ma'selelerin wo'zinshe sheshedi, ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari'ni'n' sistemasi'n belgileydi, O'zbekistan Respublikasi' siyasati'na u'ylesimli siyasatti' ju'rgizedi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' aymag'i'na ha'm shegaralari'na qol qati'lmaydi', wo'zgertiliwi ha'm bo'liniwi mu'mkin yemes.**

Suverenitet belgilerinin' biri boli'p — ma'mlekettin' wo'z aymag'i'nda Konstituciya ha'm ni'zamlardi'n' u'stinligi boli'p tabi'ladi'. Ma'mleketlik aymaq suverenli ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' ken'isliktegi tarali'w shegi boli'p tabi'ladi'. Konstituciyani'n' usi' statyasi'nda, Qaraqalpaqstan ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilis ma'selelerin wo'z betinshe sheshedi, ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' sistemasi'n belgileydi, dep ja'riyalang'an. Bul reje Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' suverenitetin tasti'yi'qlaytug'i'n yuridikali'q normalari'ni'n' biri boli'p tabi'ladi'.

O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i' shegaralari'ni'n' belgileniwine ha'm konstituciyalari'nda wolardi'n' qol qati'lmasli'g'i'ni'n' ha'm bo'linbeytug'i'nli'g'i'n bekitiwge baylani'sli' aymaqli'q pu'tinlik haqqi'ndag'i' ma'sele Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' «Referendum haqqi'nda»g'i' 1996-ji'l 14-dekabrdegi ni'zami'ni'n' 5-statyasi'na muwapi'q g'alaba xali'qli'q dodalawg'a shi'g'ari'li'wi' mu'mkin yemes.

**4-statya. Qaraqalpaq tili ha'm wo'zbek tili Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik tili boli'p tabi'ladi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'z aymag'i'nda jasawshi' barli'q milletlerdin' ha'm xali'qlardi'n' tillerine, u'rp-a'detlerine ha'm da'stu'rlerine hu'rmet penen qarawdi', wolardi'n' rawajlani'wi' ushi'n jag'daylar du'ziwdi ta'miyinleydi.**

Ma'mleketlik til — bul ma'mleketlik uyi'mlarda, ma'kemelerde yuridikali'q minnetli ta'rtipte is ju'rgizetug'i'n, normativ-huquqi'y aktler ha'm ra'smiy basi'lmalar ja'riyalanatug'i'n til. Qaraqalpaq tilinin' 1989-ji'li' 1-dekabrde qabi'l yetilgen Ni'zamda ma'mleketlik til boli'p ja'riyalani'wi' respublikani'n' g'a'rezsizlikke yerisiw joli'ndag'i' a'hmiyetli qa'demi boldi'. Wo'zbek tilinin' ma'mleketlik til si'pati'nda qabi'l yetiliwi O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' birlik ha'm pu'tinliginin' a'hmiyetli faktori' boli'p tabi'ladi'.

Tillerdin' yuridikali'q jaqtan minnetli tu'rde paydalani'li'wi' jeke adamlar arasi'ndag'i' til qatnaslari'na tiyisli yemes. Ma'mleketlik tildin' boli'wi' xali'qlardi'n' wo'z ana tilin saqlaw huquqi'n ha'm ha'rbir

adamni'n' wo'z ara qatnasi'q, ta'rbiyalaw, do'retiwshilik tilin tan'law huquqi'n sheklewge ali'p kelmeydi. Tu'sinik berilip woti'rg'an statya Puqarali'q ha'm siyasiy huquqlar haqqi'nda 1966-ji'lg'i' xali'q arali'q Paktte belgilengen normalarg'a toli'q sa'ykes keledi.

**5-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' ni'zam arqali' tasti'yi'qlanatug'i'n ma'mleketlik ni'shanlari'na — bayrag'i'na, gerbine, gimnine iye.**

Ma'mleketlik bayraq, gerb ha'm gimn ma'mlekettin' ayri'qsha belgileri boli'p tabi'ladi'. Bul statya bag'darlawshi' statya boli'p tabi'ladi', sebebi wog'an muwapi'q ma'mleketlik bayraq, gerb ha'm gimn, wolardi'n' bayanlamasi' ha'm ra'smiy paydalani'w ta'rtibi arnawli' ni'zamlar menen belgilenedi. Ma'mleketlik normalar tariyxi'y da'stu'rlerge tiykarlang'an, belgili bir ideyalardi', tu'siniklerdi ha'm xali'qti'n' maqsetlerin bildiredi.

Bayraq, gerb ha'm gimn xali'qti'n' wo'zine ta'n milliy ha'm ma'deniy belgilerin, respublikani'n' ta'biyiy wo'zgesheliklerin sa'wlelendiredi.

1992-ji'li' 14-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' tun'g'i'sh bayrag'i' haqqi'ndag'i' ni'zam woni'n' Joqarg'i' Sovetinin' XII shaqi'ri'q 11-sessiyasi'nda tasti'yi'qlandi'. Bul ni'zamg'a 1993-ji'l, 2005-ji'l, 2011-ji'llari'[1] wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgizildi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik *gerbi* 1993-ji'li' 9-aprelde XII shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' 12-sessiyasi'nda qabi'llandi'. Bul ni'zamg'a 2005-ji'li' ha'm 2011-ji'li' wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgizildi[2].

1993-ji'li' 24-dekabrdegi Respublika Joqarg'i' Ken'esinin' XII shaqi'ri'q 14-sessiyasi'nda O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri' I. Yusupov so'zine, kompozitor N. Muxammetdinov muzi'kasi'n jazg'an ma'mleketlik gimninin' so'zin ha'm muzi'kali'q redakciyasi'n (sessiyag'a usi'ni'lg'an gimn joybari' u'sh varianttan ibarat yedi) deputatlar bir awi'zdan maqullap qabi'l yetti.

Ma'mleket ni'shanlari' a'diwli boli'p tabi'ladi' ha'm wolarg'a ha'rqanday til tiygiziw ni'zam menen jazalanadi'. Wolarg'a hu'rmetsizlik, jek ko'riwshilik ja'miyette uluwma qabi'l yetilgen minez-quli'q qa'delerine, sonday-aq xali'q arali'q normalarg'a qayshi' keledi.

**6-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' paytaxti' No'kis qalasi'.**

Ha'rbir ma'mleket wo'z paytaxti'na iye. Paytaxt ta ma'mleket ni'shanlari'na jatadi'. Paytaxt ma'mleketlik worayli'q ha'kimshilik, basqari'w

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Xabarnamasi'. 2011-ji'l, №4,21-b.

[2] Sol jerde.

ha'm basqa uyi'mlardi'n', ja'miyetlik ma'kemelerdin' jaylasqan worni' boli'p tabi'ladi'. No'kiste Joqarg'i' Ken'es, Ministrler Ken'esi, Joqarg'i' Sud, Xojali'q Sudi', respublikani'n' atqari'wshi' ha'kimiyati'ni'n' worayli'q uyi'mlari', yag'ni'y ministrlikler ha'm ma'mleketlik komitetler jaylasqan.

# *II bap*

## XALI'Q HA'KIMIYATI'

**7-statya. Xali'q ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' birden-bir deregi boli'p tabi'ladi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ma'mleketlik ha'kimiyat xali'qti'n' ma'pi ushi'n Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi' arqali' ja'ne soni'n' tiykari'nda qabi'l yetilgen ni'zamlar arqali' tek bug'an wa'killik berilgen uyi'mlar ta'repinen g'ana a'melge asi'ri'ladi'.**

**Ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killiklerin wo'zlestirip ali'w, Konstituciyada na'zerde tuti'lmag'an ta'rtipte ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' jumi'si'n irkiw yamasa toqtati'w, ha'kimiyatti'n' jan'a ha'm parallel du'zilislerin do'retiw Konstituciyag'a qarsi' ha'reketler boli'p tabi'ladi', wol ni'zam boyi'nsha juwapkershilikke ali'p keledi.**

Bul statya ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' deregi bolg'an xali'q ha'kimiyati'ni'n' principlerin ayqi'n belgilep beredi, Qaraqalpaqstanda woni'n' xalqi' ha'kimiyatti'n' birden-bir deregi yekenligin ko'rsetedi.

Xali'q ha'kimiyati' tikkeley ha'm wa'killikli formada a'melge asi'ri'ladi'. Referendum, yerkin saylawlar joli' menen xali'q ha'kimiyati'ni'n' tikkeley a'melge asi'ri'li'wi' xali'q ha'kimiyati'ni'n' joqarg'i' ko'rinisi boli'p tabi'ladi'. Wa'killikli demokratiyada puqaralar wa'killikli uyi'mlarg'a demokratiyali'q saylawlar joli' menen saylang'an deputatlar arqali' ma'mleketlik islerge qatnasadi'.

Qaraqalpaqstanda ma'mleketlik ha'kimiyat tek Konstituciya tiykari'nda ha'm woni'n' tiykari'nda qabi'l yetilgen ni'zamlar negizinde a'melge asi'ri'ladi'. Ni'zamlardi' tek g'ana xali'q wa'killik bergen ha'kimiyat uyi'mi' — Joqarg'i' Ken'es qabi'l yetedi. Ma'mleketlik uyi'mlar tek ni'zam menen belgilengen wa'killikler sheklerinde ha'reket yetedi. Ha'kimiyatti'n' Konstituciyag'a, ni'zamlarg'a bag'i'ni'wi' ha'm wo'zlerinin' wa'killiklerin ni'zam tiykari'nda a'melge asi'ri'wi' huquqi'y ma'mlekettin' a'hmiyetli belgisi boli'p tabi'ladi'.

Bul statya ma'mleketlik ha'kimiyat wa'killiklerin wo'zlestiriw, ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' jumi'si'n Konstituciyag'a qarsi' ta'rtipte irkiw yamasa toqtatqanli'q ushi'n yuridikali'q juwapkershilikti belgileydi.

**8-statya. Qaraqalpaqstan aymag'i'nda jasawshi' O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqaralari'n quraydi'.**

2014-ji'li' 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' on besinshi sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q, usi' 8-statyag'a wo'zgerisler kirgizildi. Wog'an muwapi'q «xalqi' milletine qaramastan» degen so'zler aymag'i'nda jasawshi' O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' degen soz'ler menen almasti'ri'di.

Usi' statyag'a muwapi'q Qaraqalpaqstan aymag'i'nda jasawshi' O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' milletine, rasasi'na ha'm socialli'q shi'g'i'si'na, diniy ha'm basqa da isenimlerine, sonday-aq basqa wo'zgesheliklerine qaramastan Qaraqalpaqstan puqaralari' quraydi'.

Ha'zirgi waqi'tta Respublikada qaraqalpaqlar menen bir qatarda ko'plegen xali'q wa'killeri jasaydi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nda jasawshi' barli'q milletlerdin' ten' huquqli'li'g'i' principi milletler arali'q kelisimnin' ti'ni'shli'q ha'm siyasiy turaqli'li'qti'n' huquqi'y kepili boli'p tabi'ladi'.

**9-statya. Ja'miyetlik ha'm ma'mleketlik turmi'sti'n' anag'urli'm a'hmiyetli ma'seleleri xali'qti'n' dodalawi'na shi'g'ari'ladi', xali'qli'q dawi'sqa (referendumg'a) qoyi'ladi'. Referendumdi' wo'tkeriw ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.**

Referendum — tikkeley demokratiyani'n' yen' a'hmiyetli instituti'. Referendum ja'miyetlik ha'm ma'mleketlik turmi'sti'n' anag'urli'm a'hmiyetli ma'selelerin saylawshi'lardi'n' tikkeley dawi's beriw joli' menen sheshiwdi an'latadi'.

Ma'selen, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 1-statyasi'ni'n' u'shinshi bo'limi Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' uluwma referendumi' tiykari'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'nan shi'g'i'w huquqi'na iye yekenligin na'zerde tutadi'.

Referendumni'n' saylawlardan ayi'rmashi'li'g'i' sonda, saylawlar — bul shaxslardi' saylaw bolsa, referendum — ma'selelerdi sheshiw boli'p tabi'ladi'. Referendumda sheshilgen ma'seleler yuridikali'q ku'shke iye boli'p, qanday da bir tasti'yi'qlani'wdi' talap yetpeydi.

Referendum wo'tkeriw ta'rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' 1996-ji'li' qabi'l yetilgen «Referendum haqqi'nda»g'i' Ni'zami'nda toli'q bayan yetilgen.

**10-statya. Qaraqalpaqstan xalqi' ati'nan tek g'ana wol saylag'an respublikani'n' Joqarg'i' Ken'esi ha'reket yete aladi'.**

**Ja'miyettin' heshbir bo'legi, siyasiy partiya, ja'miyetlik birlespe, ha'reket yamasa ayi'ri'm adam Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' ati'nan ha'reket yete almaydi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi — ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' joqarg'i' wa'killikli uyi'mi' boli'p tabi'ladi'. Woni' xali'q g'alaba, ten', tikkeley ha'm jasi'ri'n dawi's beriw joli' menen saylaydi'. Usi' uyi'mnan basqa ja'miyettin' heshqanday bo'legi, siyasiy partiya, ja'miyetlik birlespe, yamasa ayi'ri'm adam Qaraqalpaqstan xalqi'ni'n' ati'nan ha'reket yete almaydi'. Bul Konstituciyag'a qarsi' ha'reket dep ta'n ali'nadi'.

**11-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik ha'kimiyat sistemasi' — ha'kimiyatti'n' ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud ha'kimiyatlari'na bo'liniw principine tiykarlanadi'.**

Bul statya Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'n sho'lkemlestiriwdin' ha'm ha'kimshilikti a'melge asi'ri'w principin bekitedi.

Ha'kimiyatlardi' bo'liw – demokratiyali'q, huquqi'y ma'mlekettin' a'hmiyetli belgisi. AQSHti'n' 1787-ji'lg'i' Konstituciyasi'nda bul princip birinshi ret yuridikali'q jol menen bekitilgen, al XVII a'sirdin' woyshi'l ilimpazlari' Djon Lokk ha'm Sharl Lui Monteskye wog'an teoriyali'q jaqtan ani'qlama bergen.

Ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud uyi'mlari' ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' birden-bir sistemasi'n quraydi', wo'ytkeni xali'q woni'n' birden-bir deregi boli'p tabi'ladi'. Ma'mleketlik ha'kimiyat tiykari'nan ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud ha'kimiyatlari'na bo'linedi. Ha'kimiyatti'n' ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud ha'kimiyatlari'na bo'liniwi ma'mleketlik uyi'mlardi'n' ten' salmaqli'li'g'i'n, ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm atqari'wshi' ha'kimiyatlardi'n' bir-birine juwapkerliligin, sud ha'kimiyati'ni'n g'a'rezsizligin ha'm soni'n' menen birge ni'zam u'stinligin ta'miyinleydi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyat Joqarg'i' Ken'es ta'repinen, atqari'wshi' ha'kimiyat Ministrler Ken'esi ta'repinen, al sud ha'kimiyati' — Joqarg'i' Sudlar ha'm Xojali'q Sudlari' ta'repinen, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' birden-bir sud sistemasi'n quraytug'i'n rayonli'q ha'm qalali'q sudlar ta'repinen a'melge asi'ri'lmaqta.

**12-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ja'miyetlik turmi's siyasiy institutlardi'n', ideologiyalardi'n' ha'm pikirlerdin' ko'p tu'rliligi tiykari'nda rawajlanadi'.**

**Heshqanday ideologiya ma'mleketlik ra'smiy ideologiya si'pati'nda belgilene almaydi'.**

Qaraqalpaqstanda ja'miyetlik turmi's ideologiyali'q ha'm siyasiy ko'p tu'rlilik (ideologiyali'q ha'm siyasiy plyuralizm) tiykari'nda, sonday-aq pikirlerdin' ko'p tu'rliligi tiykari'nda rawajlani'p ati'r. Heshqanday ideologiya minnetli yamasa ma'mleketlik ideologiya boli'p belgilene almaydi'.

Usi’ statyani’n’ payda boli’wi’ ha’m Konstituciyada bekitiliwi qanday da bir ideologiyani’n’ ja’miyette u’stemliginin’ aldi’n aladi’ ha’m ko’p pikirlilikti (plyuralizmdi) ta’miyinleydi.

Ha’zirgi waqi’tta Qaraqalpaqstanni’n’ siyasiy maydani’nda O’zbekistan Respublikasi’ni’n 4 partiyasi’: «A’dalat» social-demokratiyali’q partiyasi’, «Milliy tikleniw» partiyasi’, «O’zbekistan xali’q-demokratiyali’q» partiyasi’, «Liberal-demokratiyali’q» partiyalar ha’reket yetpekte.

Respublikada ko’plegen ja’miyetlik birlespeler, ka’siplik awqamlar, ja’miyetlik fondlar, ja’miyetler, awqamlar, federaciyalar, associaciyalar h.t.b. ha’reket yetpekte.

Plyuralizm — woy-pikir ha’m so’z yerkinligi, hu’jdan yerkinligi, birigiw huquqlari’ si’yaqli’ adam ha’m puqarani’n’ konstituciyali’q huquqlari’ni’n’ ha’m yerkinliklerinin’ ni’zamli’ na’tiyjesi boli’p tabi’ladi’.

**13-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda demokratiya uluwma adamgershilik principlerine tiykarlanadi’, bularg’a muwapi’q insan, woni’n’ turmi’si’, yerkinligi, ar-nami’si’, qa’dir-qi’mbati’ ha’m basqa da aji’ralmas huquqlari’ yen’ joqari’ bayli’q boli’p tabi’ladi’.**

**Demokratiyali’q huquqlar ha’m yerkinlikler Konstituciya ha’m ni’zamlar menen qorg’aladi’.**

Bizin’ yelimizdin’ demokratiyali’q huquqi’y rawajlani’w deregi xalqi’mi’zdi’n’ uluwma insani’y bayli’qlarg’a umti’li’wi’ boli’p tabi’ladi’. A’dillik, ten’lik, tati’w qon’si’li’q, insani’yli’q ideallari’n abaylap saqlang’an ha’m Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ tariyxi’ndag’i’ awi’r jollardi’ basi’p wo’tip usi’ ku’nlerge jetip kelgen.

Bul statya Konstituciyani’n’ bas rejelerinin’ biri bolg’an adam, woni’n’ wo’miri, yerkinligi, ar-nami’si’, adamgershiligi ha’m basqa da aji’ralmas huquqlari’n joqari’ bayli’q si’pati’nda bekitedi. Adam huquqlari’ni’n’ aji’ralmas ha’m basli’ ideyasi’ yekenligi Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda birinshi ret konstituciyali’q da’rejede bekitildi. Qaraqalpaqstan Konstituciyasi’nda adam huquqlari’ni’n’ u’stinliginin’ ja’riyalani’wi’n bizin’ yelimizdin’ demokratiyali’q rawajlani’wi’nda ulli’ wo’zgeris ha’m jetiskenlik dep bahalaw mu’mkin.

Statya demokratiyali’q huquqlardi’n’ ha’m yerkinliklerdin’ Konstituciya ha’m ni’zamlar menen qorg’ali’wi’n belgileydi. Wolardi’ qorg’aw ushi’n ma’mleket arnawli’ uyi’mlar du’zgen (sudlar, prokuratura, miliciya). Ma’mlekettin’ adam huquqlari’n ha’m yerkinliklerin qorg’aw minneti ma’mlekettin’ yen’ a’hmiyetli wazi’ypalari’ni’n’ birine jatadi’, bul Konstituciyani’n’ mazmuni’nda wo’z sa’wleleniwin tapti’.

**14-statya. Ma’mleket wo’zinin’ jumi’si’n insanni’n’ ha’m ja’miyettin’ abadanli’g’i’ ma’plerin go’zlep, socialli’q a’dillik ha’m ni’zamli’li’q principlerinde quradi’.**

Usi' statyada: adam — ja'miyet — ma'mleket qatnasi'qlari'nda adam —insanni'n' ni'zamli' ma'pleri ha'm huquqlari' u'stinliligi ta'n ali'ng'an. Ma'mleket adamg'a ha'm ja'miyetke xi'zmet yetedi, wo'zinin' islerin socialli'q a'dillik ha'm ni'zamli'li'q principlerinde quradi'. Sonli'qtan, bul norma xali'q ha'kimiyati'ni'n' yen' tiykarg'i' principi boli'p tabi'ladi'.

Qaraqalpaqstan — socialli'q a'dillik ma'mleketi. Usi'g'an muwapi'q ma'mleket miynetke jaramsi'z puqaralardi', mayi'plardi', ko'p balali' shan'araqlardi', jetimlerdi bari'nsha qollap-quwatlaydi'. Qaraqalpaqstan Konstituciyasi'ni'n' IX babi'nda puqaralardi'n' socialli'q huquqlari'ni'n' ken' dizimi bekitilgen.

## *III bap*

### KONSTITUCIYANI'N' HA'M NI'ZAMNI'N' U'STINLIGI

**15-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda O'zbekistan Respublikasi' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyalari'ni'n' ha'm ni'zamlari'ni'n' so'zsiz u'stinligi moyi'nlanadi'.**

**Ma'mleket, woni'n' uyi'mlari', lawazi'mli' adamlar, ja'miyetlik birlespeler, puqaralar Konstituciyag'a ha'm ni'zamlarg'a muwapi'q ha'reket yetedi.**

Insan ha'm de ma'mleket puqarasi'ni'n' huquq ha'm minnetlemeleri, sonday-aq, tiykarg'i' institutlar ha'm principler bekkemlengen ra'smiy hu'jjet — Konstituciya ha'rqanday demokratiyali'q ja'miyet, ma'mleket ha'm basqari'wi'ni'n' tiykari' boli'p yesaplanadi'.

Ha'r ji'li' ma'mleketimizde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' qabi'l yetilgen qutli' sa'nesi 9-aprel xalqi'mi'z ta'repinen ken'nen belgilenedi. «A'ne usi' wo'tken da'wir dawami'nda xalqi'mi'z siyasiy woy-wo'risi Konstituciyami'zdi'n' turmi'sli'q tiykari' qanshelli bekkem yekenligine, wol bizin' milliy qa'diriyati'mi'z ha'm sol waqi'tta uluwma insani'y talaplarg'a ha'r ta'repleme sa'ykes keliwine ta'kirar ha'm ta'kirar isenim payda yettik»[1].

Konstituciya ha'm ni'zamni'n' u'stinligi huquqi'y ma'mlekettin' tiykarg'i' principlerinen biri. Bul statyani'n' a'hmiyeti Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' 1-statyasi'ni'n' mazmuni' jag'i'nan ti'g'i'z baylani'sli' boli'p yesaplanadi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' – O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'na kiretug'i'n suverenli demokratiyali'q respublika. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'ni'n' XVII babi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' suvereniteti O'zbekistan Respublikasi' ta'repinen qorg'alatug'i'nli'g'i' ko'rsetilgen.

Yen' da'slep, O'zbekistan g'a'rezsizlikke yeriskennen keyin huquqi'y ma'mleket quri'w ha'm puqarali'q ja'miyetti qa'liplestiriwdi wo'z aldi'na

---

[1] Karimov I.A. Inson, uning huquq va erkinliklari, manfaatlari — oliy qadriyat. — T.: O'zbekiston, 2005. — 4-bet.

maqset yetip qoydi'. Wonda ni'zam hu'kimran yesaplani'p, socialli'q turmi's tiykarlari' ha'm rawajlani'w talaplari' ni'zam tiykari'nda payda boladi'. Ma'mleketimiz Prezidenti I.A. Karimov aytqani'nday «Ni'zamni'n' u'stinligi — huquqi'y ma'mlekettin' tiykarg'i' principi. Wol wo'mirdin' barli'q tarawlari'nda ni'zamni'n' qatan' hu'kimranli'g'i'n na'zerde tutadi'. Heshbir ma'mleketlik uyi'm, heshbir xojali'q ju'ritiwshi subyekt, social-siyasiy sho'lkem, heshbir lawazi'mli' shaxs, heshbir insan ni'zamg'a boysi'ni'w minnetinen ayi'ri'li'wi' mu'mkin yemes»[1].

U'stinlik, hu'kimranli'q ha'm joqari' statusqa iye bolg'an Konstituciya ha'm ni'zamlar ma'mleketshiliktin' za'ru'r belgileri yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da, huquqi'y ma'mleket quri'w ma'mlekettin' xali'q aldi'nda juwapkershiligin belgilewshi ni'zamshi'li'qti'n' huquqi'y tiykarlari'n, insan ha'm puqaralar huquqlari'ni'n' u'stinligine a'mel yetiw mexanizmlerin payda yetiwden baslanadi'.

Prezidentimiz bul haqqi'nda so'z yetip, mi'naday degen yedi: «Ni'zam u'stinligin ta'miyinlew, shaxs, shan'araq, ja'miyet ha'm ma'mlekettin' huquq ha'm ma'plerin qorg'awi'n ku'sheyttiriw, xali'qti'n' huquqi'y ma'deniyati' ha'm huquqi'y sawati'n asi'ri'w, puqaralardi' ni'zamg'a boysi'ndi'ri'w ha'm hu'rmet ruwxi'nda ta'rbiyalaw bul rawajlang'an bazar ekonomikasi'na tiykarlang'an demokratiyali'q huquqi'y ma'mleket ha'm yerkin puqarali'q ja'miyetti quri'wdi'n' tek g'ana maqseti yemes, ba'lkim woni'n' qurali', yen' za'ru'r sha'rti yesaplanadi'»[2].

Ni'zamshi'li'qti'n' mazmuni'n tek g'ana bar ni'zamlar yemes, ba'lkim huquqi'y principler, uluwma insani'yli'q joqari' ideyalar ha'm qa'diriyatlar, insanni'n' za'ru'r mu'ta'jlikleri ha'm ma'pleri, socialli'q rawajlani'wdi'n' obyektiv bag'darlari'n wo'zinde sa'wlelendirgen ni'zamlar quraydi'.

Soni' da ayti'p wo'tiw kerek, birinshi shaqi'ri'q O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlistin' to'rtinshi sessiyasi'nda Prezidentimiz ni'zamshi'li'q, huquq ha'm ta'rtipti bekkemlew ma'selelerine itibari'n qarati'p, to'mendegilerdi ayri'qsha atap wo'tken yedi: «Biz Konstituciyag'a ha'm de ma'deniyatli' ja'ne demokratiyali'q ja'miyette qabi'l yetilgen ni'zamlar, a'dep-ikramli'li'q normalari'na a'mel yetiwge tiykarlang'an huquqi'y ma'mleket quri'p ati'rmi'z, degen ga'plerge ko'nligip te qaldi'q.

A'lbette, bul wo'lshemler buzi'latug'i'n ma'mleket huquqi'y ma'mleket bola almaydi'. A'lbette, puqaralari' ni'zamdi' yesapqa almaytug'i'n ma'mleket huquqi'y ma'mleket bola almaydi'. Biraq, men bu'gin huquqi'y ma'mlekettin' yen' tiykarg'i' talabi' — ma'mleketimizde ni'zamlardi' a'melge asi'ri'wg'a, ni'zamshi'li'qti' ta'miyinlewge isenim bildirgen

[1] K a r i m o v I . A . O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. 1-tom. – T.: O'zbekiston, 1996. — 321-bet.

[2] K a r i m o v I . A . Adolat qonun ustuvorligida// Karimov I.A. Xavfsizlik va tinchlik uchun kurashmoq kerak. 10-tom.— T.: O'zbekiston, 2002. — 28-bet.

insanlardi'n' wolardi' ani'q ha'm bulji'tpay wori'nlawi'n talap yetiw haqqi'nda ayri'qsha aytpaqshi'man. Men ha'kimiyat du'zilisleri, huquqti' qorg'aw, sud ha'm qadag'alaw uyi'mlari'n na'zerde tuti'p ati'rman»[1].

Ni'zamshi'li'q lawazi'mli' shaxslar ni'zam talaplari'n toli'q wori'nlawi', ni'zam buzi'wshi'li'qlardi' ani'qlawi', wolarg'a buzi'lg'an huquqlardi' tiklewi ha'm ayi'pkerdi huquqi'y juwapkershilikke tarti'wi'n na'zerde tutadi'. Sol sebepli, a'lbette, ni'zamshi'li'q ma'mleket ni'zamlari' a'mel yetiwin qorg'aw, puqaralar, basqa huquq subyektlerinin' huquqlari' ha'm ni'zamli' ma'plerin qorg'awdi'n' na'tiyjeli mexanizmi barli'g'i' menen si'patlani'wi' tiyis.

**16-statya. Usi' Konstituciyadag'i' rejelerdin' bir de birewi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' huquqlari'na ha'm ma'plerine za'lel keletug'i'nday yetip tu'sindirilmeydi.**

**Bir de ni'zam yamasa basqa da normativlik huquq akti Konstituciyani'n' normalari'na ha'm principlerine qayshi' keliwi mu'mkin yemes.**

Ha'rqanday ma'mlekettin' konstituciyasi' ha'm ni'zamlari' wonda jasaytug'i'n xali'qlardi'n' qa'lewleri, u'mitleri ha'm ruwxi'yati'n ko'zde tuti'wi' tiyis. Konstituciya wo'z mazmuni' menen, demokratiya, yerkinlik ha'm a'dillik principlerin, huquqi'y ma'mleket ideyalari'n, xali'q arali'q normalarda bekkemlengen insan ha'm de puqarani'n' huquq ha'm yerkinliklerin ko'rsetip beriwi kerek.

Bul statyani'n' mazmuni' konstituciyani'n' birinshi bo'liminin' basqa da statyalari' menen ti'g'i'z baylani'sli'. Qaraqalpaqstan Respublikasi'— O'zbekistan qurami'ndag'i' suverenli demokratiyali'q respublika. Wol xali'qti'n' yerkin bildiredi, woni'n' ma'plerine xi'zmet yetedi, wo'zinin' jumi'si'n insan ha'm ja'miyettin' iygiligi ushi'n, socialli'q a'dillik ha'm ni'zamli'li'q principlerinde ali'p baradi'. Uluwma alg'anda, bul statyani'n' mazmuni'n yele de ken'irek ashi'wda Prezidentimizdin' mi'na pikirin keltirip wo'tiw wori'nli'. «Ni'zam ha'mme na'rseden u'stin boli'wi' kerek. Bizlerdi uzaq waqi't dawami'nda ni'zamlar bar, biraq wolarg'a a'mel yetiw sha'rt yemes, degen ruwxta ta'rbiyalap keldi. Men ushi'n yen' a'hmiyetlisi — ni'zamshi'li'qti' hu'rmet yetiw»[2], — degen so'zlerinde u'lken haqi'yqatli'q wo'z ko'rinisin tapqan.

Ma'mleketimizde ni'zamlar turaqli'li'g'i'na ha'm izshilligine yerisiw, barli'q huquqi'y ma'mleketler qatari'na ni'zam tiykari'nda jasawg'a u'yreniw yen' za'ru'r ha'm a'hmiyetli ma'selelerden yesaplanadi'. Usi' waqi'tta ni'zamshi'li'q tiykarlari'ni'n' payda boli'wi' ja'miyetti wo'zgertiw

---

[1] K a r i m o v I. A. Bunyodkorlik — farovon hayot asosi. 4-tom. — T.: O'zbekiston, 1996. — 184-bet.

[2] K a r i m o v I. A. O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. 1-tom. — T.: O'zbekiston, 1996. — 1996. — 141—142-betler.

ha'm reformalaw procesinde a'hmiyetli yesaplanadi'. A'sirese, yelimizde huquqi'y ma'mleket ha'm puqarali'q ja'miyetti qa'liplestirer yeken, barli'q insanlardi'n' ni'zamg'a boysi'ni'wlari' yen' za'ru'r princip yesaplanadi'.

Konstituciya principleri ha'm normalari'ni'n' joqari' yuridikali'q ku'shke iye yekenligi puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin qorg'awda wog'ada u'lken a'hmiyetke iye. Konstituciyami'zdi'n' 15- ha'm 16-statyalari'na muwapi'q, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q ni'zamlari' ha'm ma'mleket uyi'mlari'ni'n' basqa hu'jjetleri Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi' tiykari'nda ha'm wog'an muwapi'q ta'rizde qabi'llanadi'. Konstituciyag'a qayshi' bolg'an ni'zamlar ha'm ni'zam akti hu'jjetleri yuridikali'q ku'shke iye bolmaydi'.

Ani'g'i'raq aytqanda, konstituciyali'q qag'i'ydalarg'a, ni'zam normalari'na qayshi' basqarmali'q hu'jjetler (buyri'qlar, instrukciyalar, reje ha'm basqalar) di qabi'l yetiw ni'zamshi'li'qti' buzi'wg'a kiredi. Sol sebepli, barli'q ma'mleketlik uyi'mlardi'n' huquqti' qorg'aw a'meliyati' Konstituciyag'a muwapi'q boli'wi' tiyis. Barli'q lawazi'mli' shaxslar, wolardi'n' da'rejesi ha'm statusi'na qaramastan, Konstituciya principleri ha'm normalari'n buzg'anli'g'i' ushi'n juwapker boladi'.

Konstituciya normalari'n qorg'aw ushi'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw Komiteti sho'lkemlestirilgen. (Konstituciyani'n' 110 ha'm 111-statyalari').

Konstituciyami'z rawajlani'wi'ni'n' za'ru'rli faktori' yesaplang'an pu'tkil huquq sistemasi', Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamshi'li'g'i' qa'liplesiwinin' tiykari' boldi' desek, hesh aljaspag'an bolami'z.

Tiykarg'i' Ni'zami'mi'z qag'i'ydalari' sud sistemasi', referendum, wa'killik uyi'mlari'na saylawlar, puqaralar saylawlari'ni'n' kepillikleri, jergilikli wo'zin-wo'zi basqari'w tiykarlari' haqqi'ndag'i' ni'zamlarda ha'm de xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i'ni'n' ayi'ri'm institutlari' ha'm formalari'n bekkemlewshi basqa ni'zam hu'jjetlerinde, a'sirese, aktiv a'melge asi'ri'lmaqta. Bul ni'zamlar ja'miyet wo'mirin demokratiyalasti'ri'wda, konstituciyani'n' u'stinligin ta'miyinlewde wog'ada za'ru'r a'hmiyetke iye yesaplanadi'.

## *IV bap*

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' XALI'Q ARALI'Q HA'M SI'RTQI' EKONOMIKALI'Q QATNASI'QLARI'

**17-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' xali'q arali'q ilimiy, ma'deniy ha'm si'rtqi' ekonomikali'q qatnasi'qlari' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na muwapi'q a'melge asi'ri'ladi'.**

O'zbekistan Respublikasi' qurami'ndag'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' da ilimiy, ma'deniy ha'm si'rtqi' ekonomikali'q qatnasi'qlari'n ali'p bari'wda xali'q arali'q huquqti'n' ta'n ali'ng'an barli'q principlerine boysi'nadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' xalqi'ni'n' yerki boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi'ni'n' qurami'na kiriwi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n'

ma'mleketlik suvereniteti haqqi'ndag'i' 1990-ji'li' 14-dekabrdegi deklaraciyasi' menen, sonday-aq, usi' Konstituciya ha'm O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi' menen bekitilgen. Usi'g'an baylani'sli' Qaraqalpaqstanni'n' xali'q arali'q, ilimiy, ma'deniy ha'm si'rtqi' ekonomikali'q qatnasi'qlari' yeki ma'mlekettin' ni'zamshi'li'g'i'na muwapi'q a'melge asi'ri'ladi'.

Bu'gingi ku'nde O'zbekistandi' du'nyani'n' barli'q ma'mleketleri ta'n aldi'. Ju'zden arti'q ma'mleketler menen diplomatiyali'q qatnasi'qlar wornati'ldi'. Bul ma'mleketler menen siyasiy, ekonomikali'q, ilimiy, texnikali'q ha'm basqa tarawlarda baylani'slar rawajlanbaqta.

## YEKINSHI TARAW

## ADAMNI'N' HA'M PUQARANI'N' TIYKARG'I' HUQUQLARI', YERKINLIKLERI HA'M MINNETLERI

## *V bap*

## ULUWMA REJELER

**18-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q puqaralari' birdey huquqlarg'a ja'ne yerkinliklerge iye boli'p, ji'ni'si'ni'n', rasasi'ni'n', milletinin', tilinin', dininin', socialli'q shi'g'i'si'ni'n', isenimlerinin', jeke ha'm ja'miyetlik awhali'ni'n' ayi'rmashi'li'g'i'na qaramastan ni'zam aldi'nda ten'.**

**Jen'illikler tek ni'zam menen belgileniwi mu'mkin ha'm socialli'q a'dillik principlerine sa'ykes keliwi tiyis.**

Insan ha'm puqaralardi'n' huquqlari' ishinde puqaralardi'n' ten'ligi principi ayri'qsha wori'n tutadi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q puqaralari'ni'n' ten'dey huquqlarg'a ja'ne yerkinliklerge iye boli'wi' Insan huquqlari'ni'n' du'nya ju'zilik deklaraciyasi'na sa'ykes keledi ha'm demokratiyali'q ma'mlekettin' ayri'qsha ko'rsetkishi boli'p tabi'ladi'. Haqi'yqati'nda da, konstituciyali'q huquq yeldin' barli'q puqaralari'ni'n' dosli'q qatnasi'qlari' tiykari'nda insan huquqlari'n qorg'awi' sha'rt.

Puqaralardi'n' ten'ligi principi xalqi'mi'zdi'n' mentalitetine, woni'n' insani'yli'q pazi'yletlerine, diniy qa'diriyatlari'na da say keledi.

Konstituciyami'zdi'n' 18-statyasi'nda insanni'n', xalqi'mi'zdi'n' a'sirler dawami'nda umti'li'p kelgen a'zeliy qa'diriyati' — yag'ni'y puqaralardi'n' ten'ligi bekkemlengen.

Adamlardi'n' ni'zam aldi'nda ten'ligi principi — wolardi'n' ten' huquq ha'm minnetleri iyesi yekenligin bildiredi. Puqaralardi'n' ten'ligi—demokratiyani'n' yen' tiykarg'i' elementi ha'm de du'nya konstituciyalari' rawajlani'wi'ni'n' yen' a'hmiyetli principi yesaplanadi'. Bul ten'lik puqaralardi'n' ma'mleket, ni'zam ha'm sud aldi'nda ra'smiy tu'rde ta'n ali'ng'anli'g'i' boli'p, wol ma'mlekettegi ha'rbir puqarani'n'

ji'ni'si', rasasi', milleti, tili, socialli'q shi'g'i'si', iyelep turg'an lawazi'mi', diniy isenimi, ja'miyetlik sho'lkemlerge ag'za yekenligi, jeke ha'm ja'miyetlik awhali' ha'm basqa da ayi'rmashi'li'g'i'na qaramastan ten' huquq, yerkinlik ha'm minnetlerge iye yekenligin an'latadi'.

Huqui'y ten'lik, bul, a'lbette, formal ten yesaplanadi', yag'ni'y ra'smiy ta'repten ten' huquq ha'm minnetlerge iye boli'wdi' bildiredi. Soni' da ayti'p wo'tiw kerek, ten' huquqli'li'q, tek g'ana huquq ha'm yerkinlikler iyesi boli'wdi' g'ana an'latpay, al ten' minnetlerdi de wori'nlawdi' talap yetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q puqaralari', shet yel puqaralari' ha'm puqarali'g'i' joq shaxslar (apatridlar) Qaraqalpaqstanda ha'rkimge kepillengen huquq ha'm yerkinliklerden paydalanadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q puqaralari'ni'n' ten' huquqli'li'g'i'n ta'miyinlewdin' yen' tiykarg'i' huqui'y qurali' — ten' huquqli'li'qti' buzg'anli'q ushi'n ji'nayi'y juwapkershiliktin' ma'jbu'riyligi. O'zbekistan Respublikasi' a'meldegi Ji'nayat Kodeksinin' «Puqaralardi'n' ten' huquqli'li'g'i'n buzi'w» 141-statyasi'na muwapi'q, «Ji'ni'si', rasasi', milleti, tili, dini, socialli'q shi'g'i'si', isenimi, jeke yaki ja'miyettegi tutqan worni'na qaramastan puqaralardi'n' huquqlari'n tikkeley yaki tikkeley yemes tu'rde buzi'w yaki sheklew yamasa puqaralarg'a tikkeley yaki tikkeley yemes halda abzalli'qlar beriw» ji'nayi'y ha'reket dep tabi'li'p, bunday ha'reketlerdi a'melge asi'rg'anli'g'i' ushi'n yen' kem ayli'q is haqi'ni'n' yeliw yesesine shekem mug'darda ja'riyma yaki u'sh ji'lg'a shekem belgili huquqtan ayi'ri'w yamasa yeki ji'lg'a shekem miynet penen du'zetiw isleri menen jazalanadi'[1].

Joqari'dag'i'lardan ko'rinip turg'ani'nday, tiykarg'i' ni'zami'mi'zda belgilep qoyi'lg'an puqaralardi'n' ten'ligi principin buzg'anli'q ushi'n wog'ada awi'r juwapkershilik sharalari', atap aytqanda, ji'nayi'y juwapkershilik te ko'rsetilgen. Bul bolsa puqaralardi'n' ten'ligi principin a'melge asi'ri'wdi'n' na'tiyjeli ni'zamli' kepilligi yesaplanadi'.

Bizge belgili bolg'ani'nday, bilim ali'w huqui' puqaralardi'n' yen' tiykarg'i' huquqlari'nan biri yesaplanadi'. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Bilimlendiriw haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n' 4-statyasi'nda «Ji'ni'si', rasasi', milleti, tili, dini, socialli'q shi'g'i'si', isenimi, jeke yaki ja'miyettegi tutqan worni', xi'zmet tu'ri, jasaw worni', O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda qansha waqi'ttan beri jasap ati'rg'anli'g'i'na qaramastan, ha'rkimge bilim ali'wda ten' huquqlar menen kepillenedi» dep, belgilep qoyi'lg'an[2].

---

[1] O'zbekiston Respublikasining Jinoyat kodeksi. T.: «Adolat» 2013 y. 141-modda.

[2] O'zbekiston Respublikasining «Ta'lim to'g'risida»gi Qonuni.//O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi, 1997 yil, 9-son, 225-modda.

Buni'n' ma'nisi, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q puqaralari' ha'm de wolar menen bir qatarda si'rt yel puqaralari', sonday-aq puqarali'g'i' joq shaxslar da a'meldegi ni'zamshi'li'qqa ha'm xali'q arali'q normalarg'a muwapi'q Qaraqalpaqstan aymag'i'nda bilim ali'w huquqi'na iye yekenligin an'latadi'.

Qaraqalpaqstanda puqaralar ta'lim-ta'rbiya ali'wda til tan'law huquqi'na iye boli'p, basqa millet wa'killerinin' wo'z ana tilinde, ma'selen, qazaq, rus, tu'rkmen tillerinde bilim ali'wi' kepillengen. O'zbekistan Respublikasi' Ha'kimshilik juwapkershilik haqqi'ndag'i' Kodekstin' 42-statyasi'nda puqaralardi'n' ta'lim-ta'rbiya ali'wi'nda tildi yerkin tan'lawdan ibarat huquqlari'n buzi'w, wo'z ana tilinen paydalani'wi'na tosqi'nli'q yetiw yaki sheklew si'yaqli' ha'reketler ushi'n ha'kimshilik-huquqi'y juwapkershilik belgilengen[1].

Joqari'dag'i'lardan ko'rinip turg'ani'nday, Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda puqaralardi'n' tu'rli huquqlari'n a'melge asi'ri'wda ten'ligin ta'miyinlewdin' toli'q huquqi'y tiykarlari' bar.

Soni'n' menen bir qatarda ha'rbir ma'mlekette ayi'ri'm shaxslar jen'illiklerge iye boli'wi' mu'mkin (ma'selen, pensionerler, nuraniylar, diplomatiyali'q xi'zmetkerler, ekonomika ha'm siyasat tarawi'nda ko'p ji'llar dawami'nda pidayi' miynet yetken adamlar). Bul jen'illikler socialli'q a'dillik principlerine sa'ykes keliwi tiyis.

**19-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarasi' ha'm ma'mleket wo'z ara huquqlar ha'm wo'z ara juwapkershilik penen baylani'sadi'. Puqaralardi'n' Konstituciyada ha'm ni'zamlarda bekitilgen huquqlari' menen yerkinliklerine qol qati'lmaydi' ha'm sudti'n' sheshimisiz bulardan ayi'ri'wg'a yamasa sheklewge heshkimnin' haqi'si' joq.**

Ma'mleket ha'm shaxs wortasi'ndag'i' qatnasi'qlar ma'selesi de insaniyat tariyxi'nda ma'mleket payda bolg'an waqi'ttan berli bar. Ha'rqanday ma'mlekette de woni'n' wo'zinin' puqarasi'na bolg'an qatnas ma'selesi aktual boli'p kelgen.

Puqaralar ha'm ma'mleket bir-biri menen wo'z ara baylani'sli' degen ideyani'n' mazmuni' millet, xali'qlar ma'mleket awqami'na birlespesten ti'ni'sh jasaw mu'mkin yemes degennen kelip shi'g'adi'. Tek ma'mleket awqami'na birlesken yerkin puqaralar ti'ni'sh tati'w wo'mir su'riwi mu'mkin. Jan Jak Russoni'n' pikiri boyi'nsha, puqaralar socialli'q kelisim tiykari'nda ma'mleket du'zedi ha'm wo'zlerinin' bir belgili huquqlari'n, yerkinliklerin ma'mleket i'qti'yari'na tapsi'radi'. Ma'mleket bolsa, wo'z na'wbetinde ni'zamlar tiykari'nda bul siyasiy sho'lkemdi basqaradi'. Demek, puqaralar ha'm ma'mleket wortasi'ndag'i' baylani's ta'biyiy boli'p, wolar

[1] O'zbekiston Respublikasining Ma'muriy javobgarlik haqidagi Kodeksi.// O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi. 1995.№3, 6-modda.

wortasi'ndag'i' huquqi'y qatnasi'q qansha ilimiy, duri's, a'dil boli'wi'na qarap, ma'mlekette ti'ni'shli'q, abadanshi'li'q isleri rawaj tabadi'.

Evropada XVII—XVIII a'sirlerde ju'z bergen burjuaziyali'q revolyuciyalari' na'tiyjesinde qa'liplesken insan huquqlari' haqqi'ndag'i' ko'zqaraslar sistemasi' ma'mleket ha'm individ arasi'ndag'i' qatnasi'qlar ma'selesinde tu'pkilikli buri'li'sqa ali'p keldi.

Ma'mlekettin' ma'nisi ha'm woni'n' insan huquqlari'n qa'nshelik da'rejede qorg'awi' yaki qorg'ay ali'wi' da'rejesine baylani'sli' halda belgilenedi. Bunday ko'zqaraslar Grociy, Djon Lokk, Monteskьe ha'm Spinozalardi'n' shi'g'armalari'nda wo'zinin' ko'rinisin tapqan ha'm g'a'rezsizlik Deklaraciyasi' (AQSH), Huquqlar haqqi'ndag'i' Bill (Angliya), Insan ha'm puqaralardi'n' huquqlari' Deklaraciyasi' (Franciya) si'yaqli' hu'jjetler mazmuni'na aylang'an. Bul hu'jjetler ma'mleket ha'm puqara arasi'ndag'i' qatnasi'qlardi' pu'tkilley jan'a ma'nide tu'siniwge, yag'ni'y «ma'mleket penen puqara wo'z ara huquq ha'm minnetler arqali' baylani'sqan boli'p, wo'z ara minnetli» degen qag'i'ydag'a tiykarlanadi'.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti I.A.Karimovti'n' aytqani'nday: insan huquqlari' ha'm yerkinliklerinin' ta'miyinlengenligi da'rejesi ma'mlekettegi siyasiy du'zimnin' xarakterin, ma'mlekettin' qa'nshelli demokratiyali'g'i'n ko'rsetedi. «Insan huquqi'n ni'zamda ha'm a'melde ta'miyinley almag'an, buni'n' ushi'n jeterli kepillikler jarati'p bere almag'an ja'miyet demokratiyali'q ja'miyet yemes»[1]. Insandi' ha'm woni'n' huquqlari'n hu'rmet yetiw a'zelden xalqi'mi'zdi'n' ta'biyati'na ta'n bolg'an si'pat boli'p tabi'ladi'. Konstituciyani'n' 14-statyasi'nda «Ma'mleket wo'zinin' jumi'si'n insanni'n' ha'm ja'miyettin' abadanli' ma'plerin go'zlep, socialli'q a'dillik ha'm ni'zamli'li'q principlerinde quradi'» delingen.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqarasi'na da belgili minnetler ju'kletilgen ha'm bul minnetlerdin' wori'nlani'wi'n ma'mleket talap yetedi, za'ru'r jag'daylarda wori'nlani'wi' da ta'miyinlenedi.

Konstituciyami'zdi'n' 19-statyasi' yekinshi bo'liminde puqaralardi'n' Konstituciya ha'm ni'zamlarda bekitilgen huquqlari' ha'm yerkinliklerine qol qati'lmaydi' ha'm sudti'n' sheshimisiz bulardan ayi'ri'wg'a yamasa sheklewge heshkimnin' haqi'si' joq yekenligi belgilep qoyi'lg'an. 20-statyada bolsa puqarani'n' wo'z huquqlari'n a'melge asi'ri'wi'nda basqa adamlardi'n', ma'mlekettin' ha'm ja'miyettin' ni'zamli' ma'plerin, yerkinliklerin buzbawi' sha'rt yekenligi belgilengen.

O'zbekistan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyalari'nda ha'm a'meldegi ni'zamshi'li'g'i'nda huquq ha'm yerkinliklerdi sheklew jag'daylari' ha'm tiykarlari' ko'rsetilgen boli'p, bunda

[1] I.A. Karimov «Buyuk kelajagimizning huquqiy kafolati».-T., «Sharq», 1993-ji'l,27-b.

insani'yli'q, a'dalat ha'm de yerkinliktin' shegarasi' ha'm wo'lshemi jag'i'nan ayi'ri'm jag'daylarda huquq ha'm yerkinlikler shekleniwi ko'rsetilgen.

Bunday sheklewlerdin' tiykarlari' insan huquqlari' boyi'nsha joqari'da keltirip wo'tilgen xali'q arali'q huquqi'y hu'jjetlerde da belgilep qoyi'lg'an. Mi'sal ushi'n, so'z, pikirlew yerkinligi tek g'ana ma'mleket si'ri' ha'm basqa si'rlarg'a tiyisli bolg'an jag'daylarda g'ana ni'zam menen shekleniwi mu'mkin. Puqaralardi'n' wo'z socialli'q aktivligin a'melge asi'ri'wi' tek g'ana qa'wipsizlik jag'i'nan g'ana ha'kimiyat uyi'mlari' ta'repinen toqtati'li'wi' yamasa qadag'an yetiliwi mu'mkin.

Bunnan ti'sqari', ja'miyetlik ti'ni'shli'qti' saqlaw maqsetinde ayri'qsha jag'day sharayati'nda da belgili da'rejede huquqlar ja'miyettin' uluwmali'q ma'plerinen kelip shi'qqan halda shekleniwi mu'mkin.

Juwmaqlasti'ri'p aytqanda, ma'mleket puqaralardi'n' ten'ligin ta'miyinlewde socialli'q a'dalat principine a'mel yetip, belgili kategoriyag'a tiyisli puqaralarg'a jen'illikler beriw ha'm de xali'qti'n' joqari' da'ramatli' qatlami'na tiyisli bo'legine stavkali' sali'w ha'm jalpi' socialli'q da'ramatti' a'dalatli' qayta bo'listiriw arqali' ja'miyette socialli'q ten'likke yerisiledi.

Heshkim ha'm heshqanday sho'lkem Konstituciyada ko'rsetilgen qag'i'ydalardi' ha'm ni'zamlardi' buzi'wg'a haqi'si' joq. Wolarg'a qol qati'lmasli'q ni'zam menen qorg'aladi'. Konstituciyag'a muwapi'q, tek sud uyi'mlari' g'ana puqaralardi'n' huquqlari'n qayta tiklewi yamasa wolardi' yerkinen ayi'ri'wi' mu'mkin.

**20-statya. Puqarani'n' wo'z huquqlari'n ha'm yerkinliklerin a'melge asi'ri'wi' basqa adamlardi'n', ma'mlekettin' ha'm ja'miyettin' ni'zamli' ma'plerin, yerkinliklerin buzbawi' tiyis.**

Shaxs belgili bir ja'miyette jasar yeken, wol sol ja'miyettin' ni'zam-qag'i'ydalari'na boysi'ni'wi', ja'miyettin' basqa ag'zalari'ni'n' huquq ha'm yerkinliklerin ta'n ali'wi' lazi'm.

Huquqi'y ma'mleket wornati'w puqaralardi'n' ma'deniyat ha'm siyasiy sana-sezimi menen tikkeley baylani'sli'. Yeger adamlar ni'zamlardi' jaqsi' bilse, wolardi' bulji'tpay wori'nlasa, joqari' sana-sezimge iye bolsa, wolar ja'miyettin' basqa adamlari'na zi'yan keltirmeydi ha'm wolardi'n' huquq. ha'm yerkinliklerin buzbaydi'. Yeger puqara tek jeke ma'plerin go'zlese yamasa wo'zinin' minnetlerin umi'tsa, bul ni'zamsi'zli'qqa ali'p keledi.

Soni'n' ushi'n da, barli'q puqaralar bir-birine hu'rmet penen qatnas jasawi' tiyis, sonda g'ana ja'miyette ti'ni'shli'q, ten'lik, abadanli'q boladi'.

O'zbekistan Respublikasi' Ji'nayat Kodeksinde (VII bap) puqaralardi'n' konstituciyali'q huquq ha'm yerkinliklerine qarsi' ji'nayatlar ha'm wolardi' islegenlik ushi'n ji'nayi'y jazalar belgilengen. Mi'sali': 142-statyada puqaralardi'n' turaq jayi'na qol qati'lmasli'qti' buzg'anli'q ushi'n, 143-statya bolsa xat jazi'si'wlar, telefonda so'ylesiw, telegraf xabarlari' yaki

basqa xabarlardi'n' si'r saqlani'w ta'rtibin buzg'anli'q ushi'n, 144-statya puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri haqqi'ndag'i' ni'zam hu'jjetlerin buzg'anli'q ushi'n, 145-statya hu'jdan yerkinligin buzg'anli'q ushi'n ha'm basqa ha'reketler ushi'n ji'nayi'y juwapkershilik belgilengen.

Berilgen jen'illikler puqaralardi' pari'qlaw dep tu'sinilmewi ushi'n, wolar, joqari'da ayti'p wo'tilgenindey, socialli'q a'dalat principine say keliwi kerek. O'zbekistan Respublikasi' Miynet Kodeksinin' 6-statyasi' 2-bo'liminde ko'rsetilgenindey: «Miynet tarawi'nda miynettin' belgili tu'rine ta'n bolg'an talaplar yaki ma'mlekettin' joqari'raq socialli'q qorg'awg'a mu'ta'j bolg'an shaxslar (hayallar, yer jetpegenler, mayi'plar ha'm basqalar) haqqi'ndag'i' ayri'qsha g'amxorli'g'i' menen baylani'sli' bolg'an aji'rati'w kemsitiw dep tabi'lmaydi'».

Puqaralardi'n' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'nda belgilep qoyi'lg'an huquq ha'm yerkinliklerinin' qol qati'lmasli'g'i' belgilengen boli'p, bul huquq ha'm yerkinlikler tek g'ana sudti'n' qarari' menen shekleniwi yamasa puqara wolardan ayi'ri'li'wi' mu'mkin.

Jan'a konstituciyami'zdi'n' yen' tiykarg'i' belgisi sonnan ibarat, wonda «Ma'mleketlik uyi'mlar ha'm lawazi'mli' shaxslar ja'miyet ha'm puqaralar aldi'nda juwapker» delingen, yag'ni'y puqaralar ma'plerinin' u'stinligi ni'zamli' tu'rde bekkemlengen ha'm kepillengen.

Huquqi'y ma'mleket ha'm puqarali'q ja'miyeti haqqi'ndag'i' ideyalar sistemasi'nda ma'mleket ha'm puqarani'n' wo'z ara minnetliligi principi ayri'qsha wori'n tutadi'. Huquqi'y ma'mlekettin' tiykarg'i' belgilerinen biri — ma'mleket ha'm puqara arasi'ndag'i' wo'z ara qatnasti'n' huquqi'y formasi'ni'n' bar yekenligi, yag'ni'y ma'mleket ha'm puqarani'n' wo'z ara huquq ha'm minnetler ha'm de wo'z ara juwapkershilikke tiykarlang'an qatnasi'qti'n' bar yekenligi.

Ha'zirgi ku'nde ma'mleket ha'm puqara arasi'ndag'i' wo'z ara juwapkershilik principi demokratiyali'q rawajlani'w joli'nan barati'rg'an barli'q ma'mleketler konstituciyalari'nda belgilengen. Konstituciya ha'm ni'zamlar ma'mleket ha'm puqarani'n' wo'z ara yerkinligi ha'm minnetin belgileydi ha'm kepilligin ta'miyinleydi. Demokratiyali'q sistema sharayati'nda ni'zam tek g'ana puqaralar, ha'kimiyat ushi'n g'ana ma'jbu'riy boli'p qalmay, al ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi', sud ha'kimiyati' ha'm wolardi'n' lawazi'mli' shaxslari' ushi'n da ma'jbu'riy yesaplanadi'.

Konstituciya ha'm ni'zamlarda huquq ha'm yerkinliklerdi qorg'aw mexanizmi de belgilenedi. Mi'sali': puqaralar buzi'lg'an huquqlari'n tiklew maqsetinde sudqa mu'ra'ja'a't yetiw huquqi'na iye. Konstituciyami'zdi'n' 42-statyasi'nda «Ha'rbir adamg'a wo'zinin' huquqlari' menen yerkinliklerin sud arqali' qorg'aw, ma'mleketlik uyi'mlardi'n', lawazi'mli' adamlardi'n', ja'miyetlik birlespelerdin' ni'zamsi'z ha'reketleri jo'ninde sudqa shag'i'm yetiw huquqi'na kepillik beriledi», — dep belgilep qoyi'lg'an. Bul konstituciyali'q qag'i'yda O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Ma'mleket uyi'mlari'

ha'm lawazi'mli' shaxslardi'n' ni'zamsi'z ha'reketleri yaki qarari' u'stinen sudqa mu'ra'ja'a't yetiw haqqi'nda»g'i', «Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri haqqi'nda»g'i', «Puqaralardi'n' huquqlari' ha'm yerkinliklerin buzatug'i'n ha'reketler ushi'n sudqa mu'ra'ja'a't yetiw haqqi'nda»g'i' ha'm de basqa ni'zam hu'jjetleri menen ta'rtipke sali'nadi' ha'm kepillik beriledi.

Bizge belgili, puqaralardi'n' konstituciyali'q huquq ha'm yerkinliklerin shekleytug'i'n ma'jbu'rlew sharalari' u'stinen sud baqlawi'ni'n' isenimli mexanizminin' bar yekenligi insan huquqlari'n ta'miyinlewde ayri'qsha a'hmiyetke iye. Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey, Konstituciyami'zdi'n' 19-statyasi'nda puqaralardi'n' Konstituciya ha'm ni'zamlarda bekitilgen huquqlari' ha'm yerkinliklerine qol qati'lmaydi' ha'm sudti'n' sheshimisiz bulardan ayi'ri'wg'a yamasa sheklewge heshkimnin' haqi'si' joq yekenligi belgilep qoyi'lg'an.

Ma'jbu'riy sharalardi' qollani'wg'a sankciya beriwdin' sudlarg'a wo'tkeriliwi — shaxsti'n' qol qati'lmasli'g'i' huquqi'n ta'miyinlewdi ku'sheyttiriwge, sud ha'kimiyati' xi'zmetinin' arti'wi'na xi'zmet yetedi.

## *VI bap*

## PUQARALI'Q

**21-statya. O'zbekistan Respublikasi'nda birden-bir puqarali'qti'n' belgileniwine muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ha'rbir puqarasi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' puqarasi' boli'p tabi'ladi'.**

**Puqarali'qqa yerisiw ha'm wonnan ayi'ri'li'p qali'w tiykarlari' ha'm ta'rtibi O'zbekistan Respublikasi'ni'n' puqarali'q haqqi'ndag'i' ni'zami' menen belgilenedi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' aymag'i'nda boli'p ati'rg'an si'rt yelli puqaralarg'a ha'm puqarali'qqa iye yemes adamlarg'a xali'q arali'q huquq normalari'na muwapi'q huquqlar menen yerkinlikler ta'miyinlenedi. Wolar Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'nda ha'm ni'zamlari'nda ja'ne O'zbekistan Respublikasi'ni'n' xali'q arali'q sha'rtnamalari'nda belgilengen minnetlerdi atqaradi'.**

Puqarali'q — Konstituciyali'q huquqti'n' a'hmiyetli institutlari'ni'n', biri boli'p, adam menen ma'mlekettin' turaqli' siyasiy-huquqi'y baylani'si' ha'm wolardi'n' wo'z ara huquqlari'ni'n', minnetlerinin' ha'm juwapkershiliklerinin' uluwmali'li'g'i'n bildiredi.

Puqarali'qti'n' huquqi'y tiykarlari'n jarati'wda tiykarg'i' itibar, yen' aldi' menen xali'q arali'q huquqti'n' uluwmali'q ta'n ali'ng'an principlerine qarati'lg'an.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarasi' bir waqi'tta O'zbekistan Respublikasi'ni'n' puqarasi' boli'p tabi'ladi' (O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi', 21-statya). O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n'

ko'pshilik statyalari'nda insan ha'm puqaralardi'n' huquqi'y statusi'n belgilewshi normalardi'n' belgilep qoyi'lg'anli'g'i' da puqarali'q instituti'na ma'mleket ta'repinen ayri'qsha itibar berilgenligin ko'rsetedi. Konstituciyami'zda birden-bir puqarali'q, barli'q puqaralardi'n' ni'zam aldi'nda ten'ligi, ten' huquqli'li'g'i', ma'mleket wo'z puqaralari'ni'n' qorg'awshi'si' yekenligi qusag'an principler wornati'lg'an boli'p, bul wo'z na'wbetinde puqaralardi'n' ma'mleketlik ha'kimiyat penen bolatug'i'n qatnasi'qlari'nda wo'z ara hu'rmet ha'm juwapkershilik penen qarawdi' talap yetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarali'g'i' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Puqarali'q haqqi'nda»g'i' Ni'zami' menen ta'rtiplestiriledi. Bul ni'zamda puqarali'qqa tiyisli ma'selelerge wog'ada ayri'qsha juwapkershilik penen qaralg'anli'g'i' ko'rinedi.

Ni'zamda belgilengenindey, O'zbekistanda ha'rbir adam puqarali'q ali'w huquqi'na iye. Heshkim puqarali'qtan yamasa puqarali'qti' wo'zgerttiriw huquqi'nan ayi'ri'li'p qali'wi' mu'mkin yemes.

Puqarali'q statusi' tiykari'nda ma'mleket ha'm shaxs qatnasi'qlari'ni'n' ma'nisi ashi'p beriledi. Puqarali'q statusi'na iye bolg'an shaxslar ma'mleket penen belgili da'rejede huquq ha'm minnetler arqali', bekkem qatnasi'q wornatar yeken, bul qatnasi'qlarda ha'r yeki ta'rep ushi'n ma'pler sa'ykesligi ta'n ali'nadi'. Bu'gingi ku'nimizde de bul qatnasi'qlar xali'q arali'q ko'lemde wog'ada ken' yen jaymaqta, bug'an mi'sal retinde, ma'mleketten si'rtta da ma'mleketler ta'repinen wo'z puqaralari'ni'n' huquq ha'm ma'plerin qorg'aw menen baylani'sli' ma'selelerdi keltiriwimiz mu'mkin. Solay yeken, puqarali'q instituti'n u'yreniw wo'zinin' aktualli'g'i' ha'm a'hmiyetin jog'altpaydi'.

Puqarali'q—shaxsti'n' belgili bir ma'mleket penen bekkem siyasiy-huquqi'y qatnasi'qlari'n an'lati'wshi' tu'sinik.

Ma'mleketimiz ni'zamshi'li'g'i'na muwapi'q, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' puqarali'g'i' shaxs penen ma'mlekettin' turaqli' siyasiy-huquqi'y baylani'si'n belgileydi ha'm de bul baylani's wolardi' wo'z ara huquqlari' ha'm minnetlerinde sa'wlelendiredi.

Ma'mleket wo'z uyi'mlari' ha'm lawazi'mli' shaxslari' arqali' wo'zinin' puqaralari' aldi'nda, al woni'n' puqarasi' ma'mleket aldi'nda juwapkerli. Ma'mleket wo'z aymag'i'nda ha'm woni'n' ti'sqari'si'nda puqaralari'ni'n' huquqlari', yerkinlikleri ha'm ma'plerin qorg'aydi'. Si'rt yel puqaralari' ha'm puqarali'qqa iye yemes adamlar xali'q arali'q huquq normalari'na muwapi'q huquqlar ha'm yerkinlikler menen ta'miyinlenedi, ni'zamli'li'qta belgilengen minnetlerdi atqaradi'.

Ma'mleket wo'z puqarali'g'i'na iye bolg'an shaxslardi' huquqi'y ta'repten qorg'aw menen birge, puqaralar da wo'z na'wbetinde sol ma'mlekettin' g'a'rezsizligin, aymaqli'q birligin ha'm de milliy ma'plerin qorg'awi' tiyis.

O’zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ ha’m ni’zamlari’nda puqarali’q statusi’ menen birge puqarali’g’i’ bolmag’an shaxslardi’n’ da huquqi’y statusi’ belgilengen.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ha’m O’zbekistan aymag’i’nda puqarali’qqa iye bolmag’an shaxslar, si’rt yel puqarasi’ bolg’an shaxslar da jasap kelmekte. Wolardi’n’ huquqi’y statusi’ da Konstituciya ha’m ni’zamlar menen ta’rtipke sali’ni’p, ma’mleketimiz aymag’i’nda wolar da belgili bir huquq ha’m yerkinliklerden paydalanadi’ ha’m de belgilengen minnetlerdi wori’nlawi’ sha’rt.

O’zbekistan Respublikasi’ puqarali’g’i’na iye boli’w tiykarlari’ ha’rbir insan ushi’n ten’lik tiykari’nda belgilengen.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ha’m O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ barli’q aymag’i’nda birden-bir puqarali’q wornati’lg’an. Birden-bir puqarali’qti’n’ mazmuni’ sonnan ibarat, Qaraqalpaqstan ha’m O’zbekistan puqarali’g’i’na iye shaxslardi’n’ basqa ma’mleketler puqarali’g’i’na iye yekenligi yaki wolardi’n’ yeki yamasa ko’p puqarali’g’i’ ma’mleketimiz ta’repinen ta’n ali’nbaydi’ ha’m sol ma’nistegi huquqi’y aqi’betti keltirip shi’g’armaydi’. Qaraqalpaqstan ha’m O’zbekistan puqarali’g’i’na iye shaxs tek g’ana O’zbekistan puqarasi’ dep yesaplani’p, woni’n’ yeger de basqa ma’mleket puqarali’g’i’na iye bolg’anli’g’i’ ani’qlansa, bul jag’day wog’an qarata O’zbekistan puqarali’g’i’n toqtati’wg’a tiykar boladi’.

Puqarali’q instituti’na tiyisli ja’ne bir tiykarg’i’ qag’i’yda «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqarasi’ bir waqi’tti’n’ wo’zinde O’zbekistan Respublikasi’ puqarasi’ yesaplanadi’» degen mazmundag’i’ princip konstituciyali’q du’zimdi ha’m milletler arali’q dosli’qti’ bekkemlewde ayri’qsha mazmung’a iye.

Woni’n’ mazmuni’nan, birinshiden, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleket suvereniteti, yekinshiden, Qaraqalpaqstan puqarali’g’i’ statusi’ ko’rsetip wo’tilgenligin tu’sinemiz.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «G’a’rezsizlik deklaraciyasi’» ha’m «O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ma’mleket g’a’rezsizligi tiykarlari’ haqqi’nda»g’i’ hu’jjetlerinde Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ suvereniteti, aymaqli’q birligi ha’m g’a’rezsizligi ko’rsetilip, Konstituciyami’zdag’i’ ayri’qsha normalar tiykari’nda bekkemlengen. Bul normalardi’n’ dawami’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqarali’g’i’na tiyisli ni’zamlarda wo’z ko’rinisin tapqan.

«Puqarali’q haqqi’nda»g’i’ ni’zamda O’zbekistan Respublikasi’ puqarali’g’i’na iye boli’w ta’rtibi, O’zbekistan Respublikasi’ puqarali’g’i’ni’n’ toqtati’li’w ta’rtibi, ata-analardi’n’ puqarali’g’i’ wo’zgergende ha’m perzentlikke ali’ng’anda balalardi’n’ puqarali’g’i’ ma’selesi, puqarali’q haqqi’ndag’i’ islerdi ju’rgiziwshi ma’mleket uyi’mlari’ ha’m wolardi’n’ wa’killikleri, puqarali’q ma’selesine tiyisli arzalardi’ ko’rip shi’g’i’w ta’rtibi, sol ma’selege tiyisli qararlardi’n’ wori’nlani’wi’, lawazi’mli’ shaxslardi’n’ puqarali’q ma’selesine tiyisli ni’zamsi’z ha’reketleri u’stinen shag’i’m yetiw ta’rtibi, sonday-aq, ma’mleketimizdin’ puqarali’q ma’selesi boyi’nsha

xali'q arali'q ha'm ma'mleketler sha'rtnamalari'nda na'zerde tuti'lg'an qatnasi'qlar ta'rtipke sali'ng'an[1].

«O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i' haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n' 12-statyasi'nda O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'na iye boli'w tiykarlari' ko'rsetilgen:

— tuwi'lg'anda;

— puqarali'qqa qabi'l yetilgende;

— O'zbekistan Respublikasi'ni'n' xali'q arali'q sha'rtnamalari'nda na'zerde tuti'lg'an tiykarlar boyi'nsha;

— ni'zamda na'zerde tuti'lg'an basqa tiykarlar bolg'anda[2].

Tuwi'lg'an waqti'nda ata-anasi' O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' bolg'an bala, O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nan yamasa wonnan si'rtta tuwi'lg'an boli'wi'na qaramastan, respublikami'z puqarasi' yesaplanadi'.

Ata-anasi'ni'n' puqarali'g'i' ha'r qi'yli' boli'p, wolardan biri bala tuwi'lg'an waqti'nda O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' bolg'an to'mendegi jag'daylarda: birinshiden, yeger wol O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda tuwi'lg'an bolsa; yekinshiden, yeger wol O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nan si'rtta tuwi'lg'an boli'p, ata-anasi' yaki wolardi'n' biri sol waqi'tta O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' jasaw worni'na iye bolsa, bala O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' yesaplanadi'.

Ni'zamni'n' 15-statyasi' puqarali'g'i' bolmag'an shaxslar perzentlerinin' O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'n ali'w ta'rtibi belgilengen. Mi'sali': puqarali'g'i' bolmag'an, O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' jasaw worni'na iye bolg'an shaxslardi'n' O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda tuwi'lg'an perzentleri O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' yesaplanadi'. Ata-anasi' belgisiz bolg'an ha'm O'zbekistan aymag'i'nda jasap ati'rg'an bala O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' yesaplanadi'[3].

O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'ni'n' toqtati'li'w tiykarlari' Ni'zamni'n' 19-statyasi'nda to'mendegi jag'daylarda, yag'ni'y: birinshiden, O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'nan shi'g'i'w aqi'betinde; yekinshiden, O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'n jog'alti'w aqi'betinde; u'shinshiden, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' xali'q arali'q sha'rtnamalari'nda na'zerde tuti'lg'an tiykarlarg'a muwapi'q; to'rtinshiden, ni'zamda na'zerde tuti'lg'an basqa tiykarlarg'a muwapi'q a'melge asi'ri'li'wi' belgilengen.[4] Sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'ni'n' toqtati'li'wi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqarali'g'i'ni'n' toqtati'li'wi'na ali'p keledi.

---

[1] O'zbekiston Respublikasining fuqaroligi to'g'risida»gi Qonun// O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi, 1992 y., № 9.

[2] Sonda.

[3] Sonda.

[4] Sonda

O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'nan shi'g'i'w ha'rkimnin' wo'z yerki yesaplanadi'. O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'nan shi'g'i'w shaxsti'n' iltimasnamasi'na muwapi'q a'melge asi'ri'ladi'.

O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'n jog'alti'w tiykarlari' Ni'zamni'n' 21-statyasi'nda to'mendegishe belgilengen: birinshiden, shaxs shet yel a'skeriy xi'zmetine, qa'wipsizlik xi'zmeti uyi'mlari'na, policiyag'a, a'dillik uyi'mlari'na yaki ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'wi'ni'n' basqa uyi'mlari'na jumi'sqa qabi'l yetiliwi na'tiyjesinde; yekinshiden, yeger shet yelde turaqli' jasawshi' shaxs bes ji'l dawami'nda keshirimli sebepsiz konsulli'q yesapta turmag'an bolsa; u'shinshiden, yeger O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'na jalg'an mag'luwmatlar yaki jalg'an hu'jjetlerdi beriw na'tiyjesinde iye bolg'an bolsa, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' puqarali'g'i'n joyti'wi'na ali'p keledi[1]. Bul jag'day O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' pa'rmani' menen ra'smiylestiriledi ha'm Pa'rman shi'qqan ku'nnen baslap O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'n jog'altqan yesaplanadi'.

A'dette, ata-analardi'n' puqarali'g'i' wo'zgeriwi na'tiyjesinde wolardi'n' ha'r yekewi O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'na wo'tkende yaki ha'r yekewi O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'nan shi'qqanda, wo'z na'wbetinde wolardi'n' 14 jasqa tolmag'an balalari'ni'n' puqarali'g'i' da wo'zgeredi. Yeger balani'n' ata-anasi'nan biri g'ana belgili bolsa, sol ata yaki anani'n' puqarali'g'i' wo'zgergende 14 jasqa tolmag'an balani'n' puqarali'g'i' da tiyisli tu'rde wo'zgeredi.

Perzentlikke ali'ng'an balani'n' O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'n ali'wg'a tiyisli ma'sele ni'zamni'n' 26-statyasi'nda belgilengen[2]. Perzentlikke ali'ng'an jag'dayda, balani'n' O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'ni'n' saqlani'p qali'w qag'i'ydasi' bolsa ni'zamni'n' 27-statyasi'nda belgilengen[3].

## *VII bap*

## JEKE HUQUQLAR HA'M YERKINLIKLER

**22-statya. Jasaw huquqi' ha'rbir adamni'n' aji'ralmas huquqi' boli'p tabi'ladi'. Wog'an qol qati'w yen' awi'r ji'nayat yesaplanadi'.**

Shaxsti'n' jasaw huquqi' — bul insanni'n' tuwi'li'wi' menen ju'zege keletug'i'n, woni'n' biologiyali'q jasawi'n ta'miyinlewshi ha'm de ma'mleket ta'repinen qorg'alatug'i'n huquqi'.

Jasaw huquqi' — adamni'n' yen' a'hmiyetli huquqi', wog'an qasti'yanli'q yetiw yen' awi'r ji'nayat boli'p yesaplanadi'.

Konstituciyada belgilep qoyi'lg'an, kepillengen insan ha'm puqaralardi'n' jasaw huquqi' a'meldegi ni'zamlarda rawajlandi'ri'ladi' ha'm a'meliyatta ma'mleketlik uyi'mlardi'n' iskerligi arqali' ta'miyinlenedi.

---

[1] O'zbekiston Respublikasining fuqaroligi to'g'risida»gi Qonun// O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi, 1992 y., № 9.

[2] Sonda.

[3] Sonda.

Ni'zamli'li'q penen ta'miyinlengen densawli'qti' qorg'awg'a bag'darlang'an social-ekonomikali'q, texnikali'q, sanitariya-gigienali'q ha'm yemlew-profilaktikali'q ilajlar sisteması' jasaw huquqi'ni'n' a'hmiyetli kepilligi boli'p tabi'ladi'.

Ma'mleketimizde anali'q ha'm balali'qti' qorg'awg'a u'lken di'qqat awdari'ladi'. Ji'nayat ni'zamlari' wo'mir su'riw huquqi'n qorg'awda ayri'qsha wori'n tutadi'.

Jasaw huquqi' kepilliklerin ta'miyinlew maqsetinde ma'mleketimiz ta'repinen puqaralardi'n' densawli'g'i'n saqlawg'a ayri'qsha itibar qarati'lmaqta. Puqaralardi'n' densawli'g'i'n saqlaw tarawi'ndag'i' qatnasi'qlar O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 1996-ji'li' 29-avgusttag'i' «Puqaralardi'n' densawli'g'i'n saqlaw haqqi'nda»g'i' Ni'zam[1] menen ta'rtipke sali'nadi'. Sonday-aq, 1997-ji'li' 25-iyunde «Puqaralardi'n' densawli'g'i'n saqlaw haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' qabi'l yetildi. Bul ni'zamg'a keyingi waqi'tlari' tiyisli wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizildi[2]. Kirgizilip ati'rg'an wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar birlemshi medicina hu'jjetlerin ju'rgiziw bari'si'nda, diagnoz qoyi'w ha'm yemlew standartlari'na ma'mleketlik densawli'qti' saqlaw sektori'nda ha'm boysi'ni'w sha'rtligi boyi'nsha medicina ma'kemeleri ha'm medicina xi'zmetkerleri aldi'na birdey professional talaplar qoyi'w belgilendi.

Insanlardi'n' jasaw huquqi'n ta'miyinlew ha'm qorg'awda ji'nayat huquqi' ni'zamshi'li'g'i' da ayri'qsha wori'n tutadi'. Ji'nayat ni'zamshi'li'g'i' insan wo'mirin qorg'awg'a qarati'lg'an ji'nayi'y huquqi'y sharalar sisteması'na iye. Mi'sali': Ji'nayat Kodeksi arnawli' bo'liminin' 1/4 ne jaqi'n normalar tuwri'dan-tuwri' puqaralardi'n' wo'mirine zi'yan jetkizgenlik ushi'n ji'nayi'y juwapkershilik na'zerde tuti'lg'an.[3]

Konstituciya tiykari'nda jarati'lg'an O'zbekistan Respublikasi' Ji'nayat ni'zamshi'li'g'i' insanlardi'n' socialli'q si'patlari'n yaki ha'rqanday biologiyali'q belgilerge iye boli'wi'na qaramastan, wolardi'n' densawli'g'i'n saqlawdi' wo'z aldi'na birlemshi maqset yetip qoyg'an. Ha'rbir insanni'n', wol jas yaki qartayg'an, fizikali'q jetilisken yaki mayi'p yamasa ruwxi'y kesel boli'wi'na qaramastan, wo'miri ha'm densawli'g'i' joqari' qa'diriyat yekenligi konstituciyali'q da'rejede belgilengen.

Ji'nayatlar ishinde yen' qa'wiplisi insandi' jasaw huquqi'nan ayi'ratug'i'n adam wo'ltiriw ji'nayati' yesaplani'p, bul qi'lmi's ni'zamg'a qarsi' bir adamdi' yekinshi adam ta'repinen qastan wo'mirinen ayi'ri'w, dep tu'siniledi.

---

[1] O'zbekiston Respublikasining «Fuqarolarning sog'lig'ini saqlash to'g'risida»gi Qonuni //O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi,-1996.—№ 9.

[2] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' №7 Xabarnamasi',2006-ji'l,62-b.

[3] O'zbekiston Respublikasining Jinoyat Kodeksi.T.: «Adolat» 2013 y.59-b.

**23-statya. Ha’rbir adam yerkinlik ha’m jeke qol qati’lmasli’q huquqi’na iye.**

**Ni’zamg’a tiykarlanbay turi’p heshkim qamaqqa ali’nbaydi’ yamasa qamaqta saqlanbaydi’.**

Yerkinlik ha’m jeke qol qati’lmasli’q huquqi’ bul — ha’rbir insan tuwi’li’wi’ menen iye bolatug’i’n, ha’rkim yerkin, wo’z i’qti’yari’ menen ha’reket yetiwi, wo’zgenin’ jeke huquq ha’m yerkinligine zi’yan keltirmey, ha’reket yetiw imkaniyati’n beriwshi huquq yesaplanadi’.

Bul huquq puqarani’n’ wo’zge shaxslar ta’repinen irkiliwi ha’m saqlani’wi’ menen buzi’li’wi’ mu’mkin. Puqarali’q ha’m siyasiy huquqlar haqqi’ndag’i’ xali’q arali’q Paktti’n’ 9-statyasi’nda bul ko’rsetilgen huquqti’n’ buzi’lmasli’q kepilligi belgilengen: «Ha’rbir ji’nayi’y ayi’plani’w menen qamaqqa ali’ng’an yamasa irkilgen adam tez arada sudyag’a yamasa basqa lawazi’mli’ shaxsqa ali’p kelinedi, al wol ni’zam boyi’nsha sud ha’kimiyati’n a’melge asi’ri’wg’a huquqli’ boli’wi’ tiyis. Aqi’lg’a ug’ras mu’ddet ishinde wol sud talqi’lawi’na yamasa bosati’wg’a huquqli’ boli’wi’ kerek».

Shaxsti’n’ yerkinligi ja’miyettegi moralli’q normalar shen’berinen shi’qpawi’ ha’m ni’zam tiykari’nda boli’wi’ kerek, yag’ni’y shaxs ha’rqanday ha’reketti ni’zam ha’m normativ-huquqi’y hu’jjetlerde qadag’an yetilmegen ha’m huquqi’y ko’rsetpelerge qayshi’ kelmegen jag’dayda a’melge asi’ri’wi’ mu’mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 20-statyasi’na muwapi’q, puqarani’n’ wo’z huquqlari’n ha’m yerkinliklerin amelge asi’ri’wi’ basqa adamlardi’n’, ma’mlekettin’ ha’m ja’miyettin’ ni’zamli’ ma’plerin, yerkinliklerin buzbawi’ tiyis. Bunda, birinshi na’wbette, insan ma’plerinin’ u’stinligi ayti’p wo’tilgenligin ko’remiz. Bunnan basqa, ma’mleketimizdin’ ha’rbir puqarasi’ pu’tkil wo’miri dawami’nda ma’mleket qorg’awi’nda yekenligin jaqsi’ an’lap jetiwi tiyis.

Wo’z na’wbetinde, shaxsti’n’ yerkinligine qol qati’lmaydi’. Shaxsti’n’ yerkinliginin’ qol qati’lmasli’g’i’ ma’mleket ha’m woni’n’ uyi’mlari’ ta’repinen ta’miyinlenetug’i’n shaxs yerkinliginin’ kepilligi si’pati’nda tu’siniwimiz kerek. «Pu’tkil insan, woni’n’ wo’miri, yerkinligi abi’royi’, qa’dir-qi’mbati’ ha’m basqa huquq ha’m yerkinlikleri muqaddes yesaplani’p, ma’mleket qorg’awi’nda boladi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’da puqaralardi’n’ ma’pleri ha’m yerkinliklerin respublika aymag’i’nda ha’m woni’n’ si’rti’nda qorg’aw minnetin wo’z moyni’na aladi’»[1].

Rawajlang’an demokratiyali’q ma’mleketlerde heshbir insan sudti’n’ arnawli’ qarari’si’z yaki prokurordi’n’ ruqsati’si’z tutqi’ng’a ali’ni’wi’ yaki qamaqta saqlani’wi’ mu’mkin yemes. Ji’nayat islegenlikte ayi’plani’p, uslap turi’lg’an yaki qamaqta saqlani’p ati’rg’an shaxslar ayi’ri’m ma’mleketlerde

---

[1] Karimov I.A. Buyuk kelajagimizning huquqiy kafolati.//T.2.—T.: O‘zbekiston,1996.— 95-b.

girew yesesine sud hu'kimine shekem azatli'qta ju'riwi mu'mkin. Bul jag'day da insanni'n' yerkinlik ha'm jeke qol qati'lmasli'g'i'n ta'miyinlewge qarati'lg'an ilajlardi'n' biri yesaplanadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm O'zbekistan Respublikasi'nda da sud-huquq sistemasi'n reformalaw dawami'nda Prezidentimiz ayti'p wo'tkenindey, «sud-huquq sistemasi' du'zilisinin' uluwma jan'adan Koncepciyasi' a'meliyatqa yengizildi» ha'm de «ji'nayi'y ha'm processual ni'zamshi'li'g'i'mi'zdi'n' da'slepki tergew ha'm sudqa shekem bolg'an process u'stinen sud baqlawi'n ku'sheytiw menen baylani'sli' ayi'ri'm qag'i'ydalardi' qayta ko'rip shi'g'i'w za'ru'rligi payda boldi'»[1].

Sud-huquq sistemasi'n liberallasti'ri'w dawami'nda ji'nayat ni'zamshi'li'-g'i'ndag'i' ji'nayatlar kategoriyasi' qayta ko'rip shi'g'i'ldi' ha'm ja'miyetlik qa'wipi wonsha u'lken bolmag'an ji'nayatlar ko'lemi ken'eyttirildi.

Jeke yerkinlik ha'm qol qati'lmasli'q haqqi'ndag'i' konstituciyali'q normalar Ji'nayat-processual kodeksinin' 18-statyasi'nda rawajlandi'ri'lg'an. Ji'nayat-processual uslap turi'wdi'n' tiykarg'i' maqseti ha'm ma'nisi – yerkinlikti sheklewdin' waqi'tsha yekenligi. Ni'zamg'a muwapi'q insan yerkinligin qi'sqa waqi'tqa sheklew, tek g'ana uslang'an shaxsti'n' ji'nayatqa haqi'yqati'nda da baylani'si' bar yekenligi yaki baylani'si' joq yekenligin ani'qlaw maqsetinde a'melge asi'ri'ladi'.

Solay yetip, uslap turi'w tiykarlari'ni'n' ni'zamda ani'q belgileniwi birden-bir maqseti, yag'ni'y shaxsti'n' ni'zamsi'z tu'rde uslani'wi'ni'n' aldi'n ali'wdi' go'zleydi. Sol maqsette JPKnin' 220—235-statyalari'nda uslap turi'wdi'n' ji'nayi'y-processual ta'rtibi belgilengen.[2]

JPK 226-statyasi' 1-punktinde uslap turi'w, uslang'an shaxs miliciyag'a yaki huquq qorg'aw uyi'mlari'ni'n' basqa uyi'mi'na keltirilgen waqi'ttan baslap jetpis yeki saatdan arti'q dawam yetiwi mu'mkin yemesligi belgilengen.

JPK 237-statyasi' mazmuni'na muwapi'q, ji'nayatti' islegenlikte gu'man yetilip ati'rg'an ha'm uslap turi'lg'an shaxsti' heshqanday sha'rtsiz qoyi'p jiberiw ushi'n woni'n' shaxsi'n tasti'yi'qlawshi' hu'jjet tiykar boladi'.

Sudyani'n' aldi'nnan bile tura, a'dalatsi'z hu'kim, hal qi'li'w qarari' yaki uyg'ari'w shi'g'ari'wi' da woni'n' tiyisli juwapkershilikke tarti'li'wi' ushi'n tiykar boladi'.

Uslap turi'w ji'nayi'y jaza yesaplanbay, a'dil sudlawdi' ta'miyinlew ushi'n processual ma'jbu'rlew sharasi' boli'p, wol yen' aqi'rg'i' za'ru'rlikten kelip shi'g'i'p qollani'latug'i'n usi'l yesaplanadi'.

Sud-huquq sistemasi'n ja'ne de liberallasti'ri'w, insanni'n' konstituciyali'q huquq ha'm yerkinliklerin sheklew menen baylani'sli'

[1] Karimov I.A. Bizning bosh maqsadimiz—jamiyatni demokratlashtirish vayangilash,mamlakatni modernizaciyavaisloh etishdir.—T.: O'zbekiston,2005.

[2] O'zbekiston Respublikasining Jinoyat-processual Kodeksi.//O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi, -1995. -№2. -5-м.

processual ma'jbu'rlew sharalari'n qollani'wg'a sankciya beriw huquqi' sudlarg'a basqi'shpa-basqi'sh ha'm izshil wo'tkeriliwin ta'miyinlew maqsetinde, sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' puqaralardi' sud arqali' qorg'aw huquqi'n belgilewshi 19, 25 ha'm 44-statyalari'na muwapi'q, O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2005-ji'li' 8-avgusttag'i' «Qamaqqa ali'wg'a sankciya beriw huquqi'n sudlarg'a wo'tkeriw haqqi'nda»g'i' Pa'rmani'nda[1] ji'nayat islegenlikte gu'man qi'li'ni'p ati'rg'an yaki ayi'plani'p ati'rg'an shaxslardi' qamaqqa ali'wg'a sankciya beriw huquqi' 2008-ji'li' 1-yanvardan baslap sudlar wa'killigine wo'tkeriliwi belgilendi.

Insan yerkinligi ha'm jeke qol qati'lmasli'g'i'ni'n' buzi'li'wi' ha'rbir shaxsti'n' sudqa shag'i'm menen mu'ra'ja'a't yetiw ha'm de buzi'lg'an huquqlari'n tiklew ha'm woni'n' talaplari'n qanaatlandi'ri'w huquqi'n keltirip shi'g'aradi'. Bul huquqti' a'melge asi'ri'w ta'rtipleri O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 1995-ji'li' 30-avgusttag'i' «Puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin buzatug'i'n ha'reketler ha'm qararlar u'stinen sudqa shag'i'm yetiw haqqi'nda»g'i' Ni'zam[2] menen ta'rtipke sali'nadi'.

Ja'miyetimizde insan ma'pleri u'stin yeken, puqaralar haq-huquqi'n tiklew ushi'n sudqa mu'ra'ja'a't yetiw huquqlari'nan paydalani'wlari' lazi'm.

**24-statya. Ji'nayat islewde ayi'plang'an ha'rbir adam ayi'bi' sudta ja'riyali'li'q joli' menen qaralmag'ansha ha'm ni'zamli' ta'rtipte ani'qlanbag'ansha ayi'psi'z yesaplanadi', wonda wog'an wo'zin qorg'awi' ushi'n mu'mkinshilikler jarati'ladi'.**

**Heshkim qi'ynawlarg'a, ku'sh jumsawg'a, basqa da ayawsi'z ha'reketke yamasa adamni'n' ar-nami'si'na tiyetug'i'n qatnasi'qlarg'a duwshar yetiliwi mu'mkin yemes.**

**Wo'zinin' kelisimisiz heshkim medicinali'q yamasa ilimiy ta'jiriybelerge tarti'lmaydi'.**

Bul statyada ko'rsetilegen konstituciyali'q huquqlardi' tu'siniw ushi'n ayi'psi'zli'q prezumpciyasi' (yag'ni'y, ayi'bi' da'lillenbegenshe shaxs ayi'psi'z dep tabi'ladi') ne yekenligin bilip ali'w za'ru'r.

Ayi'psi'zli'q prezumpciyasi' Konstituciyamizdi'n' 24-statyasi'nda belgilengen boli'p, woni'n' mazmuni' to'mendegilerde ko'rinedi:

1) shaxsti'n' ayi'bi' da'lillenbegenshe, wol ayi'psi'z dep tabi'ladi';

2) gu'mandar, ayi'plani'wshi' yaki sudlani'wshi' ayi'bi'n da'lillew tek g'ana wa'killikke iye tiyisli ma'mleketlik uyi'mlar ta'repinen a'melge asi'ri'ladi', yag'ni'y shaxs wo'z ayi'psi'zli'g'i'n da'lillew sha'rt yemes;

---

[1] O'zbekiston Respublikasi Prezidentining «Qamoqqa olishga sankciya berish huquqini sudlargao'tkazish to'g'risida» gi Farmoni//Xalq so'zi.2005,9 avgust.

[2] O'zbekiston Respublikasining «Fuqarolarining huquq vaerkinliklarini buzadigan harakatlar vaqarorlar ustidan sudgashikoyat qilish to'g'risida»gi Qonuni// O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi,-1995.-№9.

3) yeger ba'rshe gu'manlar da'lillenbese, bunda sol gu'mandar, ayi'plani'wshi' yaki sudlani'wshi' paydasi'na sheshiledi;

4) shaxs tek g'ana sudti'n' hu'kimi, qarari'na muwapi'q ayi'pli' dep tabi'ladi' ha'm ni'zamda na'zerde tuti'lg'an juwapkershilikke tarti'ladi'.

Ayi'psi'zli'q prezumpciyasi'ni'n' ji'nayat-processualli'q principleri JPK nin' 23-statyasi'nda ko'rsetilgen[1]. Bul principtin' ma'nisi sonnan ibarat, gu'mandar, ayi'plani'wshi' yaki sudlani'wshi'ni'n' ayi'bi'n da'liyllew procesinde ni'zamda wornati'lg'an ta'rtipte belgili bir ji'nayatti' sol shaxs islegenligin yaki islemegenligin da'lillew ha'm za'ru'r jag'daylarda ma'jbu'rlew sharalari' arqali' wog'an ji'nayi'y jaza sharalari'n qollani'wdan ibarat.

Shaxsti' ji'nayi'y juwapkershilikke tarti'w ushi'n da'lilli tiykari' boli'p shaxs ta'repinen islengen qi'lmi's yesaplanadi'. Qi'lmi's ni'zamda na'zerde tuti'lg'an barli'q belgilerge iye bolg'anda, yag'ni'y wonda ji'nayat qurami' bar bolg'anda ji'nayat dep tabi'ladi'. Demek, ji'nayi'y juwapkershiliktin' huquqi'y tiykari' Ji'nayat Kodeksinde na'zerde tuti'lg'an boli'wi' kerek.

Yeger huquq qorg'aw uyi'mlari' ayi'plaw ushi'n jeterli da'liller toplay almasa, wol jag'dayda shaxs ayi'psi'z dep tabi'li'wi' kerek. Ayi'psi'zli'q prezumpciyasi' principi menen bir qatarda, a'dil sudlawdi' a'melge asi'ri'wda ji'nayat islerin sudta ja'riyali'q principi tiykari'nda ko'riliwi ayri'qsha wori'n tutadi'.

Sud islerin a'shkara ko'riw ha'rqanday shaxsqa sud zali'nda qatnasi'wg'a ha'm sud islerin baqlaw imkaniyati'n beredi, soni'n' menen bir qatarda sudti'n' bari'si'n ha'm na'tiyjelerin g'alaba xabar qurallari' arqali' jari'ti'wg'a sharayat jaratadi'.

Gu'mandar, ayi'plani'wshi' ha'm sudlani'wshi' jeke wo'zi yaki qorg'awshi' (advokat) ja'rdeminde qorg'ani'w huquqi'na iye. Yuridikali'q ja'rdem ko'rsetiw, atap aytqanda, ji'nayat islerinde qorg'awdi' a'melge asi'ri'w ushi'n advokatli'q xi'zmeti yengizilgen. O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 1996-ji'li' 27-dekabrdegi «Advokatura haqqi'nda»g'i' Ni'zami'na muwapi'q advokatlardi'n' huquq ha'm minnetleri ha'm de wolardi'n' wo'z iskerligin a'melge asi'ri'w ta'rtipleri belgilengen.[2]

Konstituciya qi'ynaw, zorli'q isletiw yaki insan qa'dirin kemsitiwshi basqasha tu'rde qi'ynawg'a sali'wdi' qadag'an yetedi. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi' shaxsti'n' i'razi'li'g'i'si'z medicinali'q yaki ilimiy ta'jiriybeler wo'tkeriwdi de shaxsti'n' qa'dirine bolg'an jawi'zli'q dep bahalaydi'. Sol sebepli heshkim de, woni'n' kim boli'wi'na qaramastan

---

[1] O'zbekiston Respublikasining Jinoyat-processual kodeksi//O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi,-1995.-№2.

[2] O'zbekiston Respublikasining «Advokatura to'g'risida»gi Qonuni//O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi,-1997.-№2.-50-m.

heshqanday ilimiy izertlew obyekti si'pati'nda yaki basqa maqsetlerde ta'jiriybeler wo'tkeriwge jol qoyi'lmaydi'.

**25-statya. Ha'rbir adam wo'zinin' ar-nami'si'na ha'm qa'dir-qi'mbati'na qol qati'wdan, wo'zinin' jeke turmi'si'na aralasi'wdan qorg'ani'wg'a haqi'li', wo'zinin' turaq jayi'na qol qati'lmasli'q huquqi'na iye.**

**Ni'zam menen na'zerde tuti'lg'an jag'daydan ha'm ta'rtipten basqa payi'tlarda heshkim turaq jayga kiriwge, wonda tintiw ju'rgiziwge yamasa ko'zden wo'tkeriwge, xat jazi'si'w ha'm telefon arqali' so'ylesiw si'ri'n buzi'wg'a haqi'li' yemes.**

Bul konstituciyali'q norma shaxsti'n' ar-nami'si' ha'm qa'dir-qi'mbati'; jeke mu'lkiy yemes huquqlari'n qorg'aw ha'm hu'rmet yetiw; jeke wo'miri ha'm turaq jayi'na qol qati'lmasli'g'i'n ta'miyinlewge xi'zmet yetedi. Ar-nami's ha'm qa'dir-qi'mbat tek g'ana insang'a ta'n boli'p, wol insanni'n' tuwi'lg'anli'g'i'nan iye bolg'an, aji'ralmas ha'm basqalarg'a wo'tkerip bolmaytug'i'n huquqi' yesaplanadi', yag'ni'y ruwxi'y du'nyasi'n sa'wlelendiriwshi mu'lkiy yemes bayli'g'i' yesaplanadi'.

Ar-nami's ha'm qa'dir-qi'mbatti' qorg'aw huquqi'ni'n' belgilengenligi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' huquq sistemasi' insan huquqlari' tarawi'ndag'i' standartlardi' wo'zinde sa'wlelendirip, «Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'»ni'n' 12-statyasi'nda belgilengen shaxs ar-nami'si' qol qati'lmasli'g'i', sonday-aq, «Puqarali'q ha'm siyasiy huquqlar haqqi'nda»g'i' xali'q arali'q Pakt (1966-ji'l 19-dekabr)tin' 17-statyasi' 1-punktinde «Heshkimnin' jeke ha'm shan'araq wo'mirine wo'zbasi'mshali'q yaki ni'zamsi'z tu'rde aralasi'wi', woni'n' turaq jayi'ni'n' qol qati'lmasli'g'i' yaki xat jazi'si'w si'rlari'ni'n' qol qati'lmasli'g'i'na wo'zbasi'mshali'q yaki ni'zamsi'z tu'rde aralasi'w ha'm woni'n' ar-nami'si'na tiyiw mu'mkin yemes»[1] dep belgilengen.

O'zbekistan Respublikasi' Puqarali'q Kodeksinin' 100-statyasi'na muwapi'q[2], puqara wo'zinin' ar-nami'si', qa'dir-qi'mbati' yaki isshen'lik abi'royi'na zi'yan jetkizetug'i'n mag'luwmatlar boyi'nsha, bunday mag'luwmatlardi' tarqatqan shaxs wolardi'n' haqi'yqatqa tuwra keliwin da'lilley almasa, sud joli' menen biykarlawg'a haqi'li'.

Konstituciyag'a muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda heshkim ni'zamda ko'rsetilmegen jag'daylarda shaxsti'n' ruqsati'si'z turaq jayg'a kiriwi, tintiw ju'rgiziwi yaki ko'zden wo'tkeriwi mu'mkin yemes. Tek g'ana prokurordi'n' ruqsati' menen ji'nayatqa baylani'si' bar dep gu'man qi'li'ni'p ati'rg'an waqi'tta joqari'dag'i' ha'reketlerdi a'melge asi'ri'w mu'mkin.

---

[1] O'zbekiston Respublikasi va inson huquqlari bo'yicha xalqaro shartnomalar/ Mas'ul muharrir A.X.Saidov.-T.: Adolat, 2002.— 61-b.

[2] O'zbekiston Respublikasining Fuqarolik kodeksi//O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi, -1996. 2-ilova.

Puqaralardi'n' jeke baylani's qurallari'nan paydalani'wi'ni'n' qol qati'lmasli'q huquqi'ni'n' ma'nisi sonda, ni'zamda tuwri'dan-tuwri' na'zerde tuti'lg'an jag'daylardan basqa heshkimnin' jeke yerkinligine qarsi' tu'rde woni'n' xat jazi'si'wlari', telefon arqali' so'ylesiw, telegraf mag'luwmatlari' menen tani'si'wg'a haqi'si' joq.

**26-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarasi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' puqarasi' boli'w menen ni'zamda belgilengen sheklerden ti'sqari' jag'daylarda O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda yerkin ju'riwge, O'zbekistan Respublikasi'na kiriwge ha'm wonnan shi'g'i'p ketiwge haqi'li'.**

Usi' statyag'a muwapi'q Qaraqalpaqstanni'n' puqarasi' O'zbekistan aymag'i'nda yerkin ju'riwge, bolatug'i'n ha'm jasaytug'i'n jerin tan'lawg'a, O'zbekistang'a kiriwge ha'm wonnan shi'g'i'p ketiwge huquqli'.

«Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'»ni'n' 13-statyasi'nda ko'rsetiliwinshe:

1. Ha'rbir insan ha'rbir ma'mlekette yerkin ju'riwi ha'm jasaw worni'n tan'law huquqi'na iye.

2. Ha'rbir insan ha'rqanday ma'mleketten, atap aytqanda, wo'z ma'mleketinen shi'g'i'p ketiw ha'm qayti'p keliw huquqi'na iye»,[1] yag'ni'y ha'rbir insanni'n' jasaw worni'n tan'law ha'm ko'ship ketiw huquqi' du'nya ju'zilik ko'leminde ta'n ali'ng'an ta'biyiy huquqlar qatari'na kiredi.

Puqaralardi'n' bir jerden yekinshi bir jerge ko'shiw, keliw ha'm wonnan shi'g'i'p ketiw haqqi'ndag'i' Konstituciyada berilgen statya, absolyut xarakterge iye boli'p, jeke mu'lkiy yemes huquq yesaplanadi'. Usi' huquqqa muwapi'q, ha'rbir shaxs wo'z qa'lewi menen ma'mleketimiz aymag'i'nda bir jerden yekinshi bir jerge ko'ship wo'tiwi, wonnan shi'g'i'p ketiwi ha'm qayti'p keliwi mu'mkin.

O'zbekistan Respublikasi' puqaralari', shegara aymaqlari'na kiriw jag'daylari'nan basqa, ma'mleketimiz aymag'i'nda bir jerden yekinshi bir jerge ko'shiwi mu'mkin.

Puqaralari'mi'zdi'n' shet yelge shi'g'i'w ta'rtibi O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' 1995-ji'l 6-yanvardag'i' «O'zbekistan Respublikasi' puqaralari'ni'n' shet yelge shi'g'i'w ta'rtibi ha'm O'zbekistan Respublikasi' diplomatik pasporti' haqqi'ndag'i' qag'i'ydalardi' tasti'yi'qlaw» haqqi'ndag'i' qarari'nda belgilengen. Puqaralar shet yelge jeke, ja'miyetlik jumi'slari' menen, turaqli' jasawg'a, sayaxatqa, woqi'wg'a, jumi's islewge, yemleniwge ha'm xi'zmet sapari'na shi'g'i'wi' woni'n' yerkin huquqi' yekenligi ko'rsetip wo'tilgen.

---

[1]Inson huquqlari: Oliy o'quv yurtlari uchun o'quv qo'llanmasi. H.B. Boboev, A.X.Saidov, Sh.Sh.Shorahmetov vaboshqalar.-T.: O'zbekiston, 1997. 186-bet.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nan shi'g'i'w hu'jjetleri ma'kan jayi' boyi'nsha ishki isler uyi'mlari' ta'repinen ra'smiylestiriledi.

**27-statya. Ha'rbir adam woy-pikir, so'z ha'm isenim yerkinligine iye.**

**Ha'rbir adam ha'zirgi konstituciyali'q du'zimge qarsi' bag'darlang'an ha'm ni'zam menen na'zerde tuti'lg'an basqa da sheklewlerden ti'sqari' ha'rqanday ma'limlemeni izlestiriwge, ali'wg'a ha'm tarati'wg'a haqi'li'.**

**Pikirler ha'm wolardi' bildiriw yerkinligi ma'mleketlik yamasa basqa da qupi'yalar boyi'nsha ni'zam menen shekleniwi mu'mkin.**

Pikir, so'z ha'm isenim yerkinligi demokratiyali'q ma'mleketke ta'n bolg'an ha'm kepillengen huquq yesaplanadi'.

«Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'»ni'n' 19-statyasi'na muwapi'q, «Ha'rbir insan isenim yerkinligi ha'm woni' bildiriw huquqi'na iye; bul huquq heshbir tosqi'nli'qsi'z wo'z isenimine a'mel yetiw yerkinligin ha'm de xabar ha'm ideyalardi' ha'rqanday jol menen izlew, ali'w ha'm tarqati'w yerkinligin wo'z ishine aladi'».

Demokratiyali'q ja'miyette ha'rkim wo'z isenimine tiykarlang'an halda, ja'miyet, ma'mleket turmi'si' ha'm ja'miyetlik-siyasiy mashqalalarg'a tiyisli pikirlerin yerkin bildiriw huquqi'na iye. Ha'rkim belgili bir ha'diyse ha'm hu'jjetlerge jeke bahasi'n beriwi, ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari', a'piwayi' puqaralar ha'm lawazi'mli' shaxslardi'n' iskerligindegi kemshiliklerin bildiriw huquqi'na iye.

Woy-pikir, so'z ha'm isenim yerkinligi, barli'q mag'luwmatlardi' izlew, ali'w ha'm tarqati'w huquqi'nan paydalang'an puqaralardi'n' ma'mleket ma'kemelerine, ja'miyetlik birlespelerge, ka'rxana, sho'lkemlerge usi'ni's ha'm arza yamasa shag'i'm menen mu'ra'ja'a't yetiw joli' menen ja'ma'a't ha'm ma'mleket jumi'slari'n basqari'wda aktiv qatnasi'w mu'mkinshiligin beredi. Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri haqqi'ndag'i' huquqlardi'n' tiykarg'i' qag'i'ydalari' O'zbekistan Respublikasi' «Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'ti haqqi'nda»g'i' Ni'zamda ko'rsetilgen.

Pikir yerkinligi — bul so'z yerkinligi arqali' a'melge asi'ri'latug'i'n ha'm wo'z pikirin yerkin so'ylew ha'm de sol pikirlerdi basqa adamlarg'a bildiriwi yesaplanadi'.

Insan ha'm puqaralardi'n' pikirlew ha'm isenim yerkinligi huquqi' so'z yerkinligi arqali', yag'ni'y wolardi' ashi'q tu'rde ayti'w ha'm de basqa shaxslarg'a jetkeriw arqali' a'melge asi'ri'ladi'.

Puqaralar g'alaba xabar qurallari'nda, soni'n' ishinde televidenie ha'm radio, baspa so'zde wo'z pikirlerin yerkin bayan yetiwi, so'ylewi mu'mkin.

So'z yerkinligi — jeke adamlarg'a ni'zam joybarlari'n talqi'lawda, referendumlar wo'tkeriwde, O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti ha'm de Oliy Majlisi ha'm jergilikli uyi'mlarg'a saylawda wo'zinin' pikirlerin bayan yetiw ha'm qatnasi'wlari' jedelligin ta'miyinleydi.

**28-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q ma'mleketlik uyi'mlari', ja'miyetlik birlespeleri ha'm lawazi'mli' adamlari' puqaralarg'a wolardi'n' huquqlari'na ja'ne ma'plerine tiyisli bolg'an hu'jjetler, sheshimler ha'm basqa da materiallar menen tani'si'w mu'mkinshiligin ta'miyinlewge minnetli.**

Jeke adamdi' hu'rmetlew, woni'n' huquqlari' menen ma'plerin qorg'aw Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q ma'mleketlik uyi'mlari'ni'n', ma'mleketlik birlespelerinin' ha'm lawazi'mli' shaxslari'ni'n' minneti. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda puqaralardi'n' hu'jjetler menen tani'si'p shi'g'i'w huquqi' Konstituciyani'n' tiyisli statyalari'nan basqa puqarali'q, xojali'q ha'm miynet huquqi' normalari'nda belgilengen.

Respublikami'zda huquq qorg'aw uyi'mlari'ni'n' sistemasi' bar boli'p, wolardi'n' tiykarg'i' wazi'ypasi' puqaralardi'n' huquqlari'n qorg'aw boli'p yesaplanadi'. Konstituciya ha'rbir puqarag'a wolardi'n' wo'mirine, salamatli'g'i'na, jeke yerkinliklerine, ar-nami'si', qa'dir-qi'mbati'na ha'm mal-mu'lkine, ha'r tu'rli topi'li'wlardan sud qorg'awi'n kepillestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri haqqi'nda»g'i' (jan'a redakciyada) Ni'zami' puqaralardi'n' ma'mleket uyi'mlari'na, ja'miyetlik birlespelerge, sho'lkem ha'm birlespelerge mu'ra'ja'a't yetiw huquqi'n ko'rsetiwshi tiykarg'i' qag'i'ydalardi', sonday-aq, puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tlerin ko'rip shi'g'i'w ta'rtibi ha'm mu'ddetlerin belgileydi.

Bul ni'zamni'n' 3, 4-statyalari'na muwapi'q: O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' ma'mleketlik uyi'mlarg'a arzalar, usi'ni'slar ha'm shag'i'mlar menen mu'ra'ja'a't yetiw huquqi'na iye. Si'rt yel ma'mleketlerinin' puqaralari' ha'm puqarali'g'i' bolmag'an shaxslar Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm O'zbekistan Respublikasi' ma'mleketlik uyi'mlari'na usi' ni'zamg'a muwapi'q mu'ra'ja'a't yetiw huquqi'na iye.

Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri, yeger ni'zamlarda wolardi' ko'rip shi'g'i'wdi'n' basqasha ta'rtibi belgilengen bolsa, wonda «Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri haqqi'nda»g'i' Ni'zamg'a muwapi'q ko'rip shi'g'i'lmaydi'.

Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a'tleri awi'zeki yaki jazba formada kiritiledi.

Barli'q islerdi ashi'q sudta qarap shi'g'i'p ati'rg'anda, wo'zleri haqqi'ndag'i' hu'jjetler menen tani'si'w huquqlari' sud ma'jilisinde ashi'q tu'rde wo'tkeriledi.

**29-statya. Ha'mme ushi'n hu'jdan yerkinligine kepillik beriledi, ha'rkim ha'rqanday dinge iseniwge yamasa hesh qaysi'si'na isenbewge haqi'li'. Diniy ko'zqaraslardi' ma'jbu'riy tu'rde tan'i'wg'a jol qoyi'lmaydi'.**

Hu'jdan yerkinligi — insanni'n' aji'ralmas huquqlari'nan biri. «Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'»ni'n' 18- ha'm 19-statyalari'nda hu'jdan yerkinligi ma'selesi wo'z ko'rinisin tapqan.

Hu'jdan yerkinligi adamni'n' dinge qatnasi'g'i'n bildiredi. Adam qanday da bir dinge si'yi'ni'wi' mu'mkin ha'm heshqanday dinge isenbewi mu'mkin.

Dinge iseniw puqarani'n' jeke isi.

— Birinshiden, dindi ha'm diniy birlespelerdi ma'mleketten ha'm mektepti dinnen ha'm diniy birlespelerden bo'liw;

— yekinshiden, dinge qatnasi'g'i'na qaramastan puqaralardi'n' ten' huquqli'g'i';

— u'shinshiden, ni'zam aldi'nda dinler ha'm diniy birlespelerdin' ten'ligi;

— to'rtinshiden, hu'jdan yerkinligi ha'm diniy birlespeler haqqi'nda ni'zamli'li'qti' buzi'w ushi'n juwapkershilikke tarti'li'wi'.

Konstituciyami'zda hu'jdan yerkinligi ma'selesine arnalg'an statyani'n' wori'n ali'wi' ayri'qsha a'hmiyetke iye. Ma'mleketimizde hu'jdan yerkinligi ha'm diniy isenim yerkinligi ma'seleleri Tiykarg'i' ni'zami'mi'z, «Hu'jdan yerkinligi ha'm diniy sho'lkemler haqqi'nda»g'i' (jan'a redakciyada) Ni'zam ha'm basqa ni'zamshi'li'q aktleri menen ta'rtipke sali'nadi'. Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey ni'zamni'n' 3-statyasi'nda belgileniwinshe, hu'jdan yerkinligi — puqaralardi'n' ha'rqanday dinge si'yi'ni'wi' yaki heshbir dinge si'yi'nbawi'nan ibarat kepillengen konstituciyali'q huquqi' yesaplanadi'.

Dinge si'yi'ni'w yaki wo'zgeshe si'yi'ni'wlar yerkinligi milliy qa'wipsizlikti ha'm ja'miyet ta'rtibin, wo'zge puqaralar wo'miri, densawli'g'i', huquq ha'm yerkinligin ta'miyinlew ushi'n za'ru'r da'rejede shekleniwi mu'mkin.

Si'rt yel puqaralari' ha'm puqarali'g'i' bolmag'an shaxslar Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' menen ten' tu'rde hu'jdan yerkinligi ha'm diniy isenim yerkinliginen paydalanadi' ha'm de «Hu'jdan yerkinligi ha'm diniy sho'lkemler haqqi'nda»g'i' Ni'zam hu'jjetlerin buzg'anli'q ushi'n ni'zamda belgilengen ta'rtipte juwapker boladi'.

Demek, ta'biyiy ha'm demokratiyali'q huquqlardan biri yesaplang'an hu'jdan yerkinligi ma'selesi Konstituciya ha'm ni'zamlari'mi'zda wo'z ko'rinisin tapqan ha'm bekkemlengen.

## *VIII bap*

## SIYASIY HUQUQLAR

**30-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqaralari' ja'miyettin' ha'm ma'mlekettin' islerin basqari'wg'a tikkeley, sonday-aq wo'zlerinin' wa'killeri arqali' qatnasi'w huquqi'na iye. Bunday qatnasi'w wo'zin-wo'zi basqari'w, referendumlar wo'tkeriw ha'm ma'mleketlik uyi'mlardi' demokratiyali'q tu'rde qa'liplestiriw, sonday-aq, ma'mleketlik uyi'mlardi'n' jumi'si' u'stinen ja'miyetlik qadag'alawdi' rawajlandi'ri'w ha'm jetilistiriw arqali' a'melge asi'ri'ladi'.**

**Ma'mleketlik uyi'mlardi'n' jumi'si' u'stinen ja'miyetlik qadag'alawdi' a'melge asi'ri'w ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.**

Puqaralardi'n' ja'miyetti ha'm ma'mleketti basqari'w islerine qatnasi'w huquqi' demokratiyali'q huquqi'y ma'mlekettin' yen a'hmiyetli principlerinin' biri boli'p tabi'ladi'. Sebebi, birinshiden, ma'mleket ha'm ja'miyet

islerin basqari'wda qatnasi'w huquqi' siyasiy huquqlar sistemasi'nda ayri'qsha wori'n tutadi'.

Yekinshiden, bul huquqlar puqaralardi'n' ja'miyet ha'm ma'mleket islerin basqari'wdag'i' qatnasi'wi' menen baylani'sli' boladi'.

Konstituciyami'zda puqaralardi'n' ma'mleket ha'm ja'miyet islerin basqari'wda qatnasi'wi'n a'melge asi'ri'w formalari' ko'rsetilgen.

Puqaralardi'n' ma'mleket ha'm ja'miyet islerin basqari'wda tuwri'dan-tuwri' qatnasi'w huquqi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqaralari' ja'miyet ha'm ma'mleket islerin basqari'wda saylaw ha'm referendumlarda tuwri'dan-tuwri' qatnasi'wi' ha'm dawi's beriwinde ko'rinedi.

Puqaralardi'n' ma'mleket ha'm ja'miyet islerin basqari'wda wo'z wa'killeri arqali' qatnasi'w huquqi' bolsa joqari' ha'm jergilikli wa'killik uyi'mlari'na saylaytug'i'n wo'z wa'killeri arqali' ma'mleket ha'm ja'miyet islerin basqari'wda qatnasi'wi'nda ko'rinedi.

Ma'mleketlik uyi'mlardi' demokratiyali'q tu'rde qa'liplestiriw degende ma'mleket basshi'si'n, Parlamentti ha'm de sud ha'kimiyati'n qa'liplestiriwde puqaralardi'n' tuwri'dan-tuwri' yaki wa'kil arqali' qatnasi'wi'n a'melge asi'ri'w tu'siniledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqaralari' saylawlar arqali' wo'z qa'lewi ha'm tileklerin a'melge asi'ri'p, wo'zleri saylag'an wa'killeri arqali' ma'mleket ha'kimiyati'n basqari'wda qatnasadi'.

Demokratiyani'n' tiykarg'i' formalari'nan biri bul — ma'mleket ha'm ja'miyet turmi'si'ni'n' ayri'qsha mashqalalari'n uluwma xali'q dodalawi'nda wo'z sheshimin tabi'wi'—referendum boli'p tabi'ladi'. Woni'n' ha'zirgi ku'ndegi ma'nisi puqaralardi'n' ma'mleket ha'm ja'miyet turmi'si'nda tuwri'dan-tuwri' qatnasi'wi'n bildiredi.

Konstituciya ha'm ni'zamlarda belgilengen qag'i'ydalar tiykari'nda referendum arqali' qabi'l yetilegen qarar xali'qti'n' tilegi yesaplanadi' ha'm woni'n' yuridikali'q a'hmiyeti parlament ta'repinen qabi'l yetilgen ni'zam ha'm qararlardan u'stin turadi'.

Ha'zirgi da'wirde ma'mleketimiz aldi'nda puqarali'q ja'miyetti qa'liplestiriwde puqarali'q ja'miyeti insitutlari' wortasi'nda qadag'alaw mexanizmin payda yetiw ushi'n sharayatlar jarati'w, basqari'w atqari'wshi' ha'kimiyat uyi'mlari' u'stinen ja'miyetlik qadag'alawdi'n' sapali' sistemasi' wornarti'lmaqta.

2014-ji'li' 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won besinshi sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q, usi' statyag'a wo'zgerisler kirgizildi. Wog'an muwapi'q ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' u'stinen ja'miyetlik qadag'alawg'a konstituciyali'q status berildi. Sebebi, ta'jiriybe soni' ko'rsetpekte, ma'mleketlik qadag'alaw menen ja'miyetlik qadag'alaw birgelikte ali'p bari'lg'anda woni'n' sapasi' bu'gingi ku'n rawajlani'w talaplari' da'rejesine ko'teriledi.

**31-statya. Puqaralar wo'zlerinin' ja'miyetlik belsendiligin mitingler, ji'ynali'slar ha'm demonstraciyalar tu'rinde Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na muwapi'q a'melge asi'ri'w huquqi'na iye. Ha'kimiyat uyi'mlari' tek g'ana qa'wipsizlik sebeplerge bola usi' ilajlardi' toqtati'w yamasa wolardi'n' wo'tkeriliwine ti'yi'm sali'w huquqi'na iye.**

Bunday huquqti'n' ha'm yerkinliktin' tiykarg'i' maqseti — ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik uyi'mlarg'a ta'sir jasap, puqaralardi'n' ja'miyetlik turmi'sti' basqari'wg'a qatnasi'wi'na yerisiw.

Miting bul – siyasiy ma'selelerdi dodalaw ushi'n ji'ynalg'an ja'ma'a't ji'ynali'si' yesaplanadi'.

Ji'ynali's bul — jabi'q imaratta yaki bir xanada wo'tkeriletug'i'n belgili bir ma'selelerdi sheshiw ha'm qarar qabi'l yetiw ushi'n ji'ynalg'an shaxslardi'n' ji'ynali'si'.

Demonstraciya bul — socialli'q-siyasiy nari'yzali'qti'n' ashi'q tu'rdegi ko'rinisi boli'p, demonstraciya qatnasi'wshi'lari'ni'n' wol yaki bul ma'sele boyi'nsha g'alabali'q ashi'q tu'rdegi qatnasi'. Demonstraciya miting penen baslanadi' ha'm tamamlanadi'.[1]

Puqaralardi'n', usi' huquqlari'n ta'miyinlew maqsetinde ma'mleket wolarg'a imaratlar, maydanlar, ko'sheler aji'ratadi', sonday-aq, televidenye, radio ha'm basqa da g'alaba xabar qurallari'nan paydalani'w mu'mkinshiligin jaratadi'.

Ha'kimiyat uyi'mlari' mitingler, ji'ynali'slar ha'm demonstraciyalar wo'tkeriw ushi'n worni'n belgileydi ja'ne wolardi'n' baslani'w ha'm tamamlani'w waqti'n qadag'alaydi'.

Ji'ynali'slar, miting yaki demonstraciyalardi' sho'lkemlestiriw yamasa wo'tkeriw ta'rtipleri wolardi'n' sho'lkemlestiriwshileri ta'repinen buzi'lsa, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' a'meldegi ha'kimshilik ha'm ji'nayat ni'zamshi'li'g'i'nda belgilengen juwapkershilikke tarti'ladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' bas maqseti ma'mleketimizde adamgershilikli demokratiyali'q huquqi'y ma'mleket quri'w yesaplanadi'. Ha'rqanday huquqi'y demokratiyali'q ma'mlekettin' tiykarg'i' wazi'ypasi' puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin ta'miyinlewden ibarat. Bul boyi'nsha puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin, atap aytqanda, puqaralardi'n' wo'z socialli'q kepilliklerin O'zbekistan Respublikasi' ni'zamlari'na muwapi'q mitingler, ji'ynali'slar ha'm demonstraciyalar formasi'nda a'melge asi'ri'w huquqlari'n ta'miyinlewde ayri'qsha a'hmiyetke iye.

Ha'rekettegi ni'zamli'li'qta ta'rtipti buzg'ani' ha'm ruqsatsi'z ji'ynali'slar, mitingler yamasa demonstraciyalar wo'tkergeni ushi'n juwapkershilik belgilengen.

---

[1] O'zbekiston Respublikasining Konstituciyaviy huquqi. TDYUI. T., «Moliya», 2002 y. 271-272-betlar.

**32-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqaralari' ka'siplik awqamlarg'a, siyasiy partiyalarg'a ha'm basqa da ja'miyetlik birlespelerge birlesiw, g'alaba ha'reketlerge qatnasi'w huquqi'na iye.**

**Siyasiy partiyalarda, ja'miyetlik birlespelerde, g'alaba ha'reketlerde, sonday-aq ha'kimiyatti'n' wa'killik uyi'mlari'nda oppoziciyali'q azshi'li'qti' quraytug'i'n adamlardi'n' huquqlari'n, yerkinliklerin ha'm qa'dir-qi'mbati'n heshkim kemsite almaydi'.**

Puqarani'n' bul huquqi' respublikami'zdi'n' basqa da puqaralari' menen birlikte qa'legen birlespeni du'ziw joli' menen siyasiy partiyalar, ja'miyetlik uyi'mlar, diniy birlespeler, kommerciyali'q ha'm wo'ndiris sho'lkemlerin du'ziw arqali' iske asi'ri'ladi'.

Bul konstituciyali'q huquq puqaralardi'n' siyasiy huquqlari'nan biri yesaplani'p, wolar a'meldegi ni'zamlarda da wo'z ko'rinisin tapqan.

Ka'siplik awqam ja'miyetlik sho'lkem boli'p, ha'm islep shi'g'ari'w, ha'm islep shi'g'ari'wg'a qarati'lmag'an tarawlardag'i' iskerlik tu'rine qarap, wo'z ag'zalari'ni'n' miynet ha'm social-ekonomikali'q huquqlari' ha'm ma'plerin qorg'aw ushi'n uluwmali'q ma'pler tiykari'nda baylani'sqan miynetkeshlerdi birlestiredi.[1] Sol ma'niste wolar wo'z iskerligin ma'mleketlik uyi'mlardan, siyasiy ha'm basqa ja'miyetlik sho'lkemlerden g'a'rezsiz yesaplanadi'. Ka'siplik awqamlardi'n' huquqlari'n shekleytug'i'n yaki sol huquqlari'n a'melge asi'ri'wi'na tosqi'nli'q yetetug'i'n ha'rqanday aralasi'w qadag'an yetiledi.

Siyasiy partiyalar O'zbekistan Respublikasi' puqaralari'ni'n' ko'z-qaraslari', ma'pleri ha'm maqsetleri birligi tiykari'nda du'zilgen, ma'mleket ha'kimiyati' uyi'mlari'n qa'liplestiriwde ja'miyettin' belgili bir bo'leginin' siyasiy tilegin a'melge asi'ri'wg'a umti'li'wshi' ha'm de wo'z ja'miyetlik islerin basqari'wda qatnasi'wshi' ko'n'illiler birlespesi[2]. Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' bir waqi'tti'n' wo'zinde tek g'ana bir siyasiy partiyani'n' ag'zasi' boli'wi' mu'mkin. Partiyag'a ag'za boli'w puqaralardi'n' huquqlari'n sheklewge yaki wolarg'a belgili bir jen'illikler yamasa u'stinlikler beriwge sebep bolmaydi'. Sudyalar, prokurorlar ha'm prokuratura tergewshileri, ishki isler uyi'mlari', milliy qa'wipsizlik xi'zmeti xi'zmetkerleri, a'skeriy xi'zmetkerler, si'rt yel puqaralari' ha'm puqarali'g'i' bolmag'an shaxslar siyasiy partiyalarg'a ag'za bola almaydi'.

**33-statya. Ha'rbir adam wo'z aldi'na, sonday-aq basqa adamlar menen birlesip, tiyisli ma'mleketlik uyi'mlarg'a, ma'kemelerge yamasa xali'q**

---

[1] O'zbekiston Respublikasining «Kasaba uyushmalari, ularning huquqlari va faoliyatining kafolatlari to'g'risida»gi Qonuni.//O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi, 1992 yil, 9-son.

[2] O'zbekiston Respublikasining «Siyosiy partiyalar to'g'risida»gi Qonuni.// O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi, 1997 yil, 2-son.

**wa'killerine arzalar beriw, usi'ni'slar ko'rsetiw ha'm shag'i'mlar yetiw huquqi'na iye.**

**Arzalar, usi'ni'slar yamasa shag'i'mlar ni'zam menen belgilengen ta'rtipte ha'm mu'ddetlerde qarap shi'g'i'li'wi' tiyis.**

Ma'mleketlik uyi'mlarg'a, ma'kemelerge yamasa xali'q wa'killerine arzalar beriw, usi'ni'slar ko'rsetiw ha'm shag'i'mlar yetiw puqaralardi'n' ja'miyetti ha'm ma'mleketti basqari'w isine qatnasi'wi'ni'n' bir ko'rinisi.

Bul statyada belgilengen norma puqaralar siyasiy huquqlari'ni'n' bir bo'legi boli'p shaxslardi'n' ma'mleketlik uyi'mlarg'a, ma'kemelerge yaki xali'q wa'killerine mu'ra'ja'a't yetiw qag'i'ydalari'n belgileydi. Wog'an muwapi'q, ha'rbir shaxs wo'zin qi'zi'qti'rg'an yaki ma'pdar bolg'an ma'selelerde jeke wo'zi yaki ko'pshilik boli'p wa'killikli ma'mleketlik uyi'mlarg'a, ma'kemelerge xali'q wa'killerine arzalar beriw, usi'ni'slar ko'rsetiw ha'm shag'i'mlar yetiwge haqi'li'.

Puqaralardi'n' mu'ra'ja'a't yetiw subyektiv huquqlari'n a'melge asi'ri'wdi' da ma'mleket wo'z ni'zam hu'jjetlerinde bekkemlep qoyg'an. Bul tarawdi' ta'rtipke sali'wshi' arnawli' hu'jjet—«Fizikali'q ha'm yuridikali'q shaxslardi'n' mu'ra'ja'a'tleri' haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' 2015-ji'li' 2-martta jan'a redakciyada qabi'l yetildi..

Konstituciyani'n' bul normasi'nan O'zbekistanda jasawshi' barli'q puqaralar—O'zbekistan Respublikasi' puqaralari', si'rt yel puqaralari' ha'm puqarali'g'i' bolmag'an shaxslar da paydalani'wi' mu'mkin. Puqaralardi'n' bul huquqlari'n a'melge asi'ri'wda wo'zge shaxslardi'n', ma'mleket ha'm ja'miyettin' ni'zamli' ma'pleri, huquqlari' ha'm yerkinliklerine zi'yan keltirmewi tiyis.

Mu'ra'ja'a'tlerde puqarani'n' familiyasi', ati', a'kesinin' ati', jasaw worni', arza, usi'ni's yaki shag'i'mlardi'n' mazmuni' ko'rsetilgen, jazba formadag'i' mu'ra'ja'a'tlerde shaxsti'n' imzasi' menen tasti'yi'qlang'an boli'wi' tiyis. Yeger bul mag'luwmatlar ko'rsetilmese yaki jalg'an bolsa, qol qoyi'lmag'an bolsa, bunday mu'ra'ja'a'tler anonim yesaplanadi' ha'm wolar ko'rip shi'g'i'lmaydi'. Puqaralardi'n' joqari'dag'i' talaplarg'a juwap beriwshi mu'ra'ja'a'tleri a'lbette qabi'l yetiliwi ha'm ko'rip shi'g'i'li'wi' tiyis.

Puqaralar mu'ra'ja'a'tleri haqqi'ndag'i' ni'zamda: «Arzalar, usi'ni'slar yamasa shag'i'mlar ni'zam menen belgilengen ta'rtipte ha'm mu'ddetlerde qarap shi'g'i'li'wi' sha'rt» dep ayti'lg'an. Ni'zamg'a muwapi'q, puqaralardi'n' usi'ni'slari' kelip tu'sken ku'nnen baslap bir ay mu'ddet ishinde ko'rip shi'g'i'ladi'. Arza yaki shag'i'mlar ma'seleni mazmuni' boyi'nsha sheshiw sha'rt bolg'an ma'mleketlik uyi'mg'a kelip tu'sken ku'nnen baslap bir ay mu'ddet ishinde, qosi'msha u'yreniwdi ha'm tekseriwdi talap yetpeytug'i'n arza ha'm shag'i'mlar bolsa won bes ku'nnen keshiktirmey ko'rip shi'g'i'ladi'. Arza yaki shag'i'mlardi' ko'rip shi'g'i'w ushi'n tekseriw,

qosi'msha mag'luwmatlar talap yetip ali'w yaki basqa da ilajlardi' a'melge asi'ri'w ushi'n za'ru'r bolg'an jag'dayda, arza ha'm shag'i'mdi' ko'rip shi'g'i'w mu'ddeti tiyisli ma'mleketlik uyi'mi' basshi'si' ta'repinen uzag'i' menen bir ayg'a uzaytti'ri'li'wi' mu'mkin ha'm bul haqqi'nda arza shag'i'm bergen shaxs xabarlandi'ri'ladi'.

Ni'zam boyi'nsha ha'rbir puqara ma'mleketlik uyi'mlar, ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, ja'ma'a't birlespeleri, puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' yamasa lawazi'mli' shaxslardi'n' ni'zamsi'z is-ha'reketleri (qararlari') na'tiyjesinde wo'z huquqlari' yamasa yerkinlikleri buzi'lg'an dep yesaplaytug'i'n bolsa, wonda shag'i'm menen sudqa yamasa organ jaylasqan jerdegi yamasa is ha'reketi (qarari') u'stinen shag'i'm yetilip ati'rg'an lawazi'mli' shaxsti'n' jumi's worni'ndag'i' sudqa beriledi. Shag'i'm sud ta'repinen puqarali'q sudlaw islerin ali'p bari'w qa'deleri tiykari'nda ko'rip shi'g'i'ladi'. Shag'i'mdi' ko'rip shi'g'i'w na'tiyjelerine qarap sud biylik shi'g'aradi'.

# *IX bap*

## EKONOMIKALI'Q HA'M SOCIALLI'Q HUQUQLAR

**34-statya. Ha'rbir adam menshik huquqi'na iye. Bank amanatlari'ni'n' si'r saqlani'wi'na ha'm miyrasli'li'q huquqi'na ni'zam menen kepillik beriledi.**

Ja'miyettin' ekonomikali'q tiykari' wondag'i' menshik ekonomikali'q negizi wondag'i' mu'likshilik qatnasi'qlari'na tiykarlanadi'. Sol sebepli menshik tek g'ana yuridikali'q mazmung'a yemes, al ekonomikali'q mazmung'a da iye.

Insan ha'm puqaralardi'n' menshik iyesi boli'wi', menshikke iyelik yetiwi, wonnan paydalani'w ha'm qaramag'i'na ali'w Puqarali'q Kodeks ha'm Menshik haqqi'ndag'i' Ni'zamda bayan yetilgen ha'm «Menshik huquqi'ni'n' kepilligi ha'm qorg'ali'wi'» bo'liminde tasti'yi'qlang'an. Usi' ni'zam belgilengen menshik qatnaslari'ni'n' turaqli'li'g'i'na kepillik beredi.

Menshik huquqi'ni'n' ma'nisi adamni'n' wo'zine tiyisli bolg'an menshikliginen materialli'q ha'm materialli'q yemes payda ali'w, wo'zinin', uluwma ja'miyettin' talaplari'n qanaatlandi'ri'w boli'p yesaplanadi'. Menshikke woni'n' iyesinin' toli'q iyelik yetiw, woni' ekonomikali'q, keyninen ruwxi'y azat ha'm biyg'a'rez yetedi. Soni'n' ushi'n da, jeke menshikti puqarani'n' huquqi'y jag'dayi'ni'n' ekonomikali'q tiykari' dep qaraw kerek.

Menshik boyi'nsha da'slepki huquqi'y reformalar 1990-ji'li' 31-oktyabrdegi O'zbekistan Respublikasi' «Menshik haqqi'nda»g'i' Ni'zami'

qabi'l yetiliwi na'tiyjesinde baslang'an bolsa da, O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' qabi'l yetiliwi ha'm wonda mu'likdarlardi'n' huquqlari' Tiykarg'i' Ni'zam da'rejesinde kepilleniwi tariyxi'y waqi'ya boldi'.

Bul statyada ha'rbir shaxs mulikdar boli'wg'a haqi'li' yekenligi na'zerde tuti'lg'an. Ha'rbir shaxs tu'sinigi menshik huquqi'ni'n' subyektlerin wo'zinde sa'wlelendiredi.

O'zbekistan Respublikasi' Puqarali'q Kodeksinin' 168-statyasi'na muwapi'q puqaralar, yuridikali'q shaxslar ha'm ma'mleket menshik huquqi'ni'n' subyektleri yesaplanadi'.

Mu'lik menshik huquqi' tiykari'nda bir shaxsqa yaki yeki ha'm wonnan da arti'q shaxsqa tiyisli boli'wi' mu'mkin.

Mu'lik puqara, yuridikali'q shaxslar ha'm ma'mlekettin' menshigi boli'wi'na qarap menshik huquqi'n, mu'likke iyelik yetiw, wonnan paydalani'w ha'm de biylik yetiw huquqi'n payda yetiw ha'm biykar yetiw tiykarlari' ni'zam hu'jjetlerinde belgilep qoyi'ladi'.

Menshik huquqi'na qol qati'lmaydi' ha'm ni'zam menen qorg'aladi'.

Mu'lik iyesinin' mu'lkin ali'p qoyi'wg'a, sonday-aq, woni'n' huquqlari'n sheklewge tek g'ana ni'zamda na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda jol qoyi'ladi'.

O'zbekistan Respublikasi' Puqarali'q Kodeksinin' 167-statyasi'nda menshiktin' yeki formasi'—jeke ha'm g'alabali'q formalari' bar yekenligi ko'rsetilgen.

Ma'mleket barli'q menshik iyelerine menshik huquqlari'n qorg'awda ten' jag'daylar menen ta'miyinleydi. Menshik huquqi'n qorg'awdi' puqarali'q yamasa xojali'q sudi' iske asi'radi'.

Ekonomikali'q huquqlar arasi'nda banklarda amanatlarg'a iye boli'w huquqi' ayri'qsha a'hmiyetke iye. Bu'gingi ku'nde bul tarawda puqaralarg'a ken' imkaniyatlar berilgen. Puqarani'n' bankqa amanat qoyi'w menen baylani'sli' mu'na'sibetler «bank amanati' sha'rtnamasi'» menen ta'rtipke sali'nadi'.

Puqaralardi'n' ekonomikali'q huquqlari'nan ja'ne biri—bul miyras huquqi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ha'rbir insan miyras qaldi'ri'w huquqi'na iye yekenligi O'zbekistan Konstituciyasi' ta'repinen kepillenedi. Miyras huquqi'na tiyisli puqaralardi'n' mu'lkiy qatnasi'qlari' puqarali'q ni'zamshi'li'g'i' normalari' menen ta'rtipke sali'nadi'.

O'zbekistan Respublikasi' Puqarali'q Kodeksine muwapi'q, miyras qaldi'ri'wshi'ni'n' wo'limine shekem miyras qaldi'ri'w huquqi' saqlani'p qaladi'. Miyras puqarani'n' wo'limi yaki woni'n' sud ta'repinen wo'lgen dep tabi'li'wi' na'tiyjesinde ashi'ladi'. Miyras qaldi'ri'wshi'ni'n' aqi'rg'i' jasaw worni' miyrasti' ashi'w worni' yesaplanadi'. Miyras ni'zam yaki wa'siyat yetiw arqali' qaldi'ri'ladi'. Ha'rbir shaxs wo'zinin' wa'siyatnamasi' ha'rqanday waqi'tta wo'zgertiwi yaki biykar yetiwi mu'mkin.

Wa'siyatnamani' wo'zgertiw yaki biykar yetiw jag'daylari', bul haqqi'nda ne ushi'n wo'zgerttirilgenligi yaki biykar yetilgenligi ko'rsetiliwi sha'rt yemes. Ma'mleket ni'zam boyi'nsha miyras ali'w huquqi'na kepillik beredi.

**35-statya. Ha'rbir adam miynet yetiw, jumi'sti' yerkin tan'lap ali'w, a'dil miynet jag'daylari'nda islew ha'm ni'zamda ko'rsetilgen ta'rtipte jumi'ssi'zli'qtan qorg'ani'w huquqi'na iye.**

**Sudti'n' hu'kimi menen tayi'nlang'an jazani' wo'tew ta'rtibinen yamasa ni'zamda ko'rsetilgen ta'rtipten basqa jag'daylarda ma'jbu'riy miynet qadag'an yetiledi.**

Respublikami'zdag'i' barli'q puqaralar miynet huquqlari'na iye boli'wi' ha'm wolardan paydalani'wi'na arnawli' ni'zamlarda «Miynetti qorg'aw haqqi'nda»g'i', «Ken' xali'q qatlami'n jumi's penen ta'miyinlew haqqi'nda»g'i' ni'zamlari'nda ha'm Miynet Kodeksinde kepillikler beilgen.

Miynet Kodeksinin' 58-statyasi'na muwapi'q ma'mleket ha'rbir adamg'a;

—jumi's tu'rin saylap ali'wg'a;

—ni'zamsi'z jumi'sqa qabi'llamaw ha'm miynet sha'rtnamasi'n buzi'wdan qorg'awg'a;

—tiyisli jumi'sqa pulsi'z wornalasti'ri'wg'a;

—jan'a ka'siplerdi pulsi'z u'yreniwge kepillik beredi.

Ha'rbir xi'zmetker miynet qorg'awi' huquqi'na iye.

Ni'zamg'a muwapi'q, ka'rxanalardag'i', ha'rbir jumi's worni'ndag'i' miynet sharayati' miynetti qorg'aw standartlari', qag'i'yda ha'm normalari' talaplari'na muwapi'q boli'wi' lazi'm.

Miynet Kodeksinin' 9-statyasi' miynet tarawi'ndag'i' ma'mleketlik basqari'w, miynet haqqi'ndag'i' ni'zam hu'jjetlerine a'mel yetiliwin tekseriw ha'm baqlawg'a arnalg'an boli'p, wog'an muwapi'q, miynet tarawi'ndag'i' ma'mleket basqari'wi'n O'zbekistan Respublikasi' miynet ha'm xali'qti' socialli'q qorg'aw ministrligi ha'm woni'n' aymaqli'q uyi'mlari' a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nda miynet haqqi'ndag'i' ni'zamlardi'n' ani'q ha'm bir tu'rde wori'nlani'wi' u'stinen baqlaw ali'p bari'w Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' ha'm wog'an boysi'ni'wshi' prokurorlar ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

Respublikami'zda ha'rbir adam ni'zamli' ta'rtipte toli'q ekonomikali'q yerkinlik penen ta'miyinlengen.

**36-statya. Jallani'p islewshi adamlar haqi' to'lenetug'i'n demali's huquqi'na iye boladi'. Jumi's waqti'ni'n', haqi' to'lenetug'i'n miynet demali'si'ni'n' mu'ddeti ni'zam menen belgilenedi.**

Ha'rbir xi'zmetkerge ha'r ji'li' haqi' to'lenetug'i'n miynet demali'slari' beriledi, wol won bes jumi's ku'ninen kem bolmawi' tiyis. Yekshembi ha'm bayram ku'nleri demali's waqti'n belgilegende yesapqa ali'nbaydi'.

1-ha'm 2-topardag'i' mayi'plarg'a woti'z demali's ku'ni belgilenedi. Miynet haqqi'nda ni'zamli'li'qta ju'kli hayallarg'a, woqi'w ha'm do'retiwshilik jumi'slarg'a baylani'sli' arnawli' demali'slar belgilengen.

Bul norma Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'ni'n' 24-statyasi', Ekonomikali'q, socialli'q ha'm ma'deniy huquqlar haqqi'ndag'i' 1966-ji'lg'i' xali'q arali'q Paktti'n' 7-statyasi' qag'i'ydalari'na toli'q say keledi. Atap aytqanda, ma'mleketimizde de jumi's waqti'ni'n' qi'ri'q saatdan aspaw kerekligi belgilengen. Ni'zamlari'mi'zda alti' ku'nlik jumi's ha'ptesinde ha'r ku'ngi jumi's waqti'—jeti saattan, bes ku'nlik jumi's ha'ptesinde—segiz saattan aspawi' kerekligi belgilengen. Sonday-aq, won segiz jasqa tolmag'anlar ushi'n—ha'ptesine woti'z alti' saatli'q (16—18 jastag'i'larg'a), jigirma to'rt saatli'q (15—16 jastag'i'larg'a), 1 ha'p 2 topar mayi'plar ushi'n—ha'ptesine woti'z alti' saatli'q, to'men miynet sharayati'ndag'i' jumi'slarda islewshiler ushi'n—ha'ptesine woti'z alti' saattan aspaytug'i'n is waqti'ni'n' qi'sqarti'lg'an mu'ddetleri de belgilengen.

Xi'zmetkerdin' i'razi'li'g'i' menen woni' is waqti'nan ti'sqari' jumi's-larg'a da tarti'w mu'mkin. Is waqti'nan ti'sqari' jumi'sti'n' mu'ddeti ha'rbir xi'zmetker ushi'n yeki ku'n dawami'nda to'rt saattan ji'li'na bir ju'z jigirma saattan aspawi' kerek.

Barli'q jallani'p islewshiler dem ali'w huquqi'na iye. Dem ali'w huquqi' xi'zmetker miynet wazi'ypalari'n wori'nlawdan basqa waqi'tlari' ha'm wonnan wo'z i'qti'yari'na muwapi'q paydalani'w mu'mkin bolg'an waqi't penen belgilenedi.

Demali's ku'nlerinde isletiw qadag'an yetiledi. Jumi's beriwshinin' bi-yligi menen ayi'ri'm xi'zmetkerlerdi demali's ku'nleri jumi'sqa biriktiriwge ayi'ri'm jag'daylarda g'ana, ja'ma'a't sha'rtnamasi'nda, yeger wol du'zilmegen bolsa, jumi's beriwshi ta'repinen ka'siplik awqami' yaki xi'zmetkerlerdin' bas wa'killik uyi'mi' menen kelisip belgilengen tiykarlar boyi'nsha ha'm ta'rtipte jol qoyi'ladi' ha'm de demali's ku'nlerinde wori'nlang'an jumi's ushi'n kompensaciya ha'm haqi' to'lew a'melge asi'ri'ladi'.

**37-statya. Ha'rbir adam qartayg'anda, miynet yetiw uqi'bi'nan ayi'ri'lg'anda, sonday-aq asi'rawshi'si'nan ayi'ri'lg'anda ha'm ni'zam menen na'zerde tuti'lg'an basqa da jag'daylarda socialli'q jaqtan ta'miyinleniw huquqi'na iye.**

**Pensiyalar, napaqalar, socialli'q ja'rdemnin' basqa da tu'rleri ra'smiy tu'rde belgilengen ku'neltiw za'ru'rliginin' yen' kem mug'dari'nan az boli'wi' mu'mkin yemes.**

Ma'mleketimizde xali'qti'n' socialli'q jaqtan to'men qatlamlari' ma'plerin qorg'awg'a ayri'qsha itibar qarati'lmaqta. Socialli'q jaqtan ta'miyinleniw huquqi' dep ayi'ri'm topardag'i' puqaralarg'a ma'mleket ta'repinen beriletug'i'n pensiyalar, napaqalar ha'm ni'zam menen belgilen-gen mug'dardag'i' basqa da ja'rdemler tu'siniledi.

Konstituciyani'n' bul normasi' Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'ni'n' 25-statyasi' normalari'na say keledi. 25-statyasi'nda, ha'rbir insan wo'zi ha'm shan'arag'i'ni'n' salamatli'g'i'n ha'm pa'rawanli'g'i'n saqlaw ushi'n za'ru'r bolg'an turmi's da'rejesine, atap aytqanda, azi'q-awqat, kiyim-kenshek, turaq jay, medicinali'q ha'm socialli'q xi'zmet huqqi'nan ha'm de jumi'ssi'z qalg'anda, qartayg'anda yaki wo'zine baylani'sli' bolmag'an jag'daylarg'a muwapi'q tirishilik ushi'n qa'rejeti bolmay qalg'anda ta'miyinleniw huquqi'na iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqaralari'ni'n' konstituciyali'q huquqlari' ha'm yerkinliklerinin' tiykarg'i' bag'darlari'nan biri yerjetpegenler, balali'qtan mayi'plar, miynetke jaramsi'zlar, pensiya jasi'ndag'i'lardi'n' huquqlari' ma'mleket qorg'awi'nda. Bul wazi'ypani' a'melge asi'ri'w tiyisli ni'zamlar, Prezident Pa'rmanlari', Hu'kimet qararlari'nda belgilengen.

Konstituciyani'n' bul normasi' O'zbekistan Respublikasi' Miynet Kodeksinde, «Puqaralardi'n' ma'mleketlik pensiya ta'miynati' haqqi'nda»[1] g'i', «Puqaralardi'n' jamg'ari'li'p bari'latug'i'n pensiya ta'miynati' haqqi'nda»[2]g'i' Ni'zamlari'nda ha'm basqa normativ huquqi'y hu'jjetlerinde belgilengen. Wog'an muwapi'q, O'zbekistan Respublikasi'nda ha'rkim qartayg'anda, miynet yetiw uqi'bi'nan ayi'ri'lg'anda, asi'rawshi'si'nan ayi'ri'lg'anda ha'm ni'zamda na'zerde tuti'lg'an basqa jag'daylarda socialli'q jaqtan ta'miyinleniw huquqi'na iye.

Soni' da ayti'p wo'tiw kerek, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'nda birinshi ret puqaralardi'n' socialli'q ta'miynat ali'w tarawi'ndag'i' huquqlari' ko'rsetilgen. Aldi'ng'i' Konstituciyalarda puqaralardi'n' tek g'ana materialli'q ta'miynat ali'w huquqi' — pensiyalar ha'm napaqalar menen ta'miyinleniw huquqi' g'ana ko'rsetip wo'tilgen yedi. Jan'a Konstituciyada bolsa pensiyalar, napaqalar menen birge, socialli'q ta'miynatti'n' basqa tu'rleri de na'zerde tuti'lg'an.

«Puqaralardi'n' ma'mleketlik pensiya ta'miynati' haqqi'nda»g'i' Ni'zamg'a muwapi'q to'lenetug'i'n pensiyalardan sali'q ali'nbaydi'.

**38-statya. Ha'rbir adam qa'nigeli medicinali'q xi'zmetten paydalani'w huquqi'na iye.**

O'zbekistan Respublikasi'nda densawli'qti' saqlawdi'n' ma'mleketlik, jeke ham basqa sistemalari' ji'yi'ndi'si'nan ibarat birden-bir densawli'qti' saqlaw sistemasi' a'mel yetedi.

Ma'mleket densawli'qti' saqlaw sistemasi'ni'n' yemlew-profilaktika uyi'mlari' xali'qqa ma'mleket ta'repinen kepillengen biypul medicinali'q ja'rdem ko'rsetedi. Biypul medicinali'q ja'rdem ko'rsetiw ko'lemi ha'm ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.

---

[1] O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi, 1993 yil, 9-son.
[2] O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisining Axborotnomasi, 2004 yil, 12-son.

Ma'mleket ta'repinen kepillengen medicinali'q ja'rdem ko'rsetiw ko'leminin' belgilengeninen arti'q medicinali'q ha'm basqa xi'zmetler ko'rsetiw qosi'msha xi'zmet tu'ri sanali'p, wolar ushi'n xali'q ta'repinen belgilengen ta'rtipte haqi' to'lenedi.

Qa'nigeli medicinali'q xi'zmetten paydalani'w huquqi' to'mendegi jag'daylardi':

— ma'mleketlik yemlew ha'm sanatoriy-kurortli'q ma'kemelerdin' ken' sistemasi'n du'ziwdi;

— ma'mleketlik yemes ha'm vedomstvoli'q medicinali'q ma'kemelerdin' shaqablari'n du'ziwdi;

— ken' ko'lemde dispanserizaciya wo'tkeriwdi;

— medicinali'q qa'nigelerdi tayarlawdi' ha'm qayta tayarlawdi' ta'miyinlewdi;

— qamsi'zlandi'ri'w medicina sistemasi'n du'ziwdi;

— medicinali'q jaqtan xi'zmet ko'rsetiwdin' biypul boli'wi'n ta'miyinlewdi;

— medicinali'q ma'kemelerdi ha'zirgi zaman u'skeneleri menen ta'miyinlewdi;

— tez medicinali'q ja'rdem ko'rsetiwshi medicinali'q ma'kemeler sistemasi'n du'ziwdi yesapqa aladi'.

«Densawli'qti' saqlaw sistemasi'n reformalawdi'n' ma'mleketlik bag'darlamasi' haqqi'nda»g'i' O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 1998- ji'l 10-noyabrdegi PP-2107-sanli' Pa'rmani' tiykari'nda densawli'qti' saqlaw salasi'nda reformalar iske asi'ri'li'p, xalqi'mi'zg'a ko'rsetilip ati'rg'an medicinali'q xi'zmet sapasi'ni'n' ha'm salamatli'q ko'rsetkishlerinin' jaqsi'lani'wi'na yerisilip, tarawda unamli' wo'zgerislerdin' boli'p ati'rg'ani' ayqi'n ko'rinbekte. Tashkent pediatriya medicina instituti' No'kis filiali' respublikami'zda medicina tarawi'nda joqari' mag'luwmatli' jetik qa'nigeler tayarlaytug'i'n birden-bir joqari' woqi'w worni' boli'p, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Densawli'qti' saqlaw ministrliginin' tiykarg'i' partnyori' boli'p yesaplanadi'.

Prezident Islam Karimov 2011-ji'li' 26-noyabrde «O'zbekistanda anali'q ha'm balali'qti' qorg'awdi'n' «Salamat ana – salamat bala» milliy modeli atamasi'ndag'i' xali'q arali'q simpoziumi'nda[1] ma'mleketimizde g'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nan baslap salamat ha'm ka'mil a'wladti' kamalg'a keltiriw, wolardi'n' ni'zamli' huquq ha'm de ma'plerin ta'miyinlew, qa'lbinde Watang'a muhabbat ha'm sadi'qli'q, milliy u'rpa'det ha'm de qa'diriyatlari'mi'zg'a hu'rmet sezimlerin qa'liplestiriwge ayri'qsha itibar qarati'lg'ani'n ayti'p wo'tedi.

[1]Yerkin Qaraqalpaqstan 2011-ji'l 28-noyabr.

Ma'mleket jasi', ji'ni'si', rasasi', milleti, tili, dini, socialli'q kelip shi'g'i'wi', isenimi, jeke ha'm socialli'q kelip shi'g'i'wi'na qaramastan puqaralardi'n' densawli'g'i'n saqlawdi' ta'miyinleydi.

Huquqlari' buzi'lg'an jag'dayda nawqas yaki woni'n' ni'zamli' wa'kili tikkeley yemlew-profilaktika ma'kemesinin' basshi'si' yaki basqa lawazi'mli' shaxsqa, joqari' basqari'w uyi'mi'na yaki sudqa shag'i'm menen mu'ra'ja'a't yetiwi mu'mkin.

A'meldegi ni'zamlari'mi'z puqaralardi'n' densawli'g'i'na tiygizilgen zi'yandi' qaplawdi' da huquqi'y ta'rtipke saladi'. Puqaralardi'n' densawli'g'i'na zi'yan tiygizilgen jag'dayda ayi'pkerler ja'birleniwshiler ko'rgen zi'yanni'n' worni'n ni'zam hu'jjetlerde belgilengen ko'lemde ha'm ta'rtipte qaplawi' sha'rt.

Medicina ha'm farmacevtika xi'zmetkerleri wo'z ka'siplik wazi'ypalari'n toli'q wori'nlamawi' aqi'betinde puqaralardi'n' wo'miri ha'm densawli'g'i'na zi'yan tiygizilgen jag'dayda ni'zam hu'jjetlerde belgilengen ko'lemde ha'm ta'rtipte qaplanadi'.

**39-statya. Ha'rbir adam bilim ali'w huquqi'na iye. Biypul uluwma bilim ali'wg'a ma'mleket ta'repinen kepillik beriledi. Mektep isi ma'mlekettin' baqlawi'nda boladi'.**

Kadrlar tayarlaw milliy bag'darlamasi' bul tarawda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi'n' jan'a basqi'shi'n baslap berdi. Bu'gingi ku'nde milliy bag'darlama talaplari'n toli'q a'melge asi'ri'w tiykarg'i' wazi'ypa yetip belgilengen.

Ma'mleketimiz ta'repinen puqaralardi'n' bilim ali'w huquqlari'n a'melge asi'ri'w ushi'n jeterli sharayatlar jarati'p kelmekte. Zamanago'y, ilimiy-pedagogikali'q woqi'ti'w usi'llari' ta'limnin' sapasi'n bayi'tpaqta. Kadrlar bilimin asi'ri'w ha'm wolardi' qayta tayarlaw ka'siplik bilimleri ha'm ko'nlikpelerin teren'lestiriwde da birqansha ilajlar a'melge asi'ri'lmaqta. Kadrlar bilimin asi'ri'w ha'm wolardi' qayta tayarlaw ta'rtibi Ministrler Kabineti ta'repinen belgilenedi.

Bilimlendiriwdin' birden-bir sistemasi' mektepke shekem, uluwma, mektepten ti's, ka'siplik, worta arnawli' ha'm joqari' bilimlendiriw tarawlari'n, ilimiy ha'm pedagogikali'q kadrlardi' tayarlawdi', wolardi'n' qa'nigeligin jetilistiriwdi wo'z ishine qamti'ydi'.

Bilim ali'w huquqi':

— bilim ali'w ushi'n za'ru'rli social-ekonomikali'q sharayatlar du'ziliwi;

— ma'mleketlik ha'm ma'mleketlik yemes bilimlendiriw ma'kemelerinin' rawajlani'wi';

— ma'mleketlik bilimlendiriw standarti' shen'berinde bilimlendiriwdin' ha'mmege qolayli'li'g'i';

— ma'mleketlik ma'kemelerde bilimlendiriwdin' biypulli'g'i'; uluwma bilimlendiriwdin' minnetligi menen a'melge asi'ri'ladi'.

Bir so'z benen aytqanda, ma'mleketimiz puqaralardi'n' bilim ali'w huquqi'ni'n' mazmuni'n a'melge asi'ri'w, realizaciya yetiw ushi'n barli'q sharayatlardi' jaratqan.

2012-ji'ldi'n' 17-fevrali'nda Tashkentte Prezidentimiz I.A.Karimov baslamasi' menen «Joqari' bilimli ha'm intellektual rawajlang'an a'wladti' ta'rbiyalaw — ma'mleketti turaqli' rawajlandi'ri'w ha'm modernizaciyalawdi'n' yen' a'hmiyetli sha'rti»[1] atamasi' boyi'nsha xali'q arali'q konferenciya sho'lkemlestirildi.

Konferenciyada Prezidentimiz «Kadrlardi' tayarlawdi'n' milliy bag'darlamasi'»na muwapi'q usi' tarawda basqi'shpa-basqi'sh a'melge asi'ri'lg'an ilajlardi' ha'm birqansha jetiskenliklerdi ayti'p wo'tedi. Bul xali'q arali'q konferenciya qatnasi'wshi'lari' O'zbekistandag'i' qatar uluwma bilimlendiriw mektepleri, ka'sip-wo'ner kolledjleri ha'm akademiyali'q liceyler, joqari' bilimlendiriw ma'kemelerinde boli'p, wolardi'n' xi'zmeti menen tani'sti'.

Wolar yelimizde Prezidentimiz basshi'li'g'i'nda jas a'wladti' ha'r ta'repleme ba'rkamal tu'rde ka'malg'a keltiriw joli'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an ken' ko'lemli reformalar ha'm wolardi'n' na'tiyjesine joqari' baha berdi. Mektep bilimlendiriwi 7 tilde: wo'zbek, qaraqalpaq, rus, qazaq, qi'rg'i'z, tu'rkmen ha'm ta'jik tillerinde ali'p bari'lmaqta. Yelimizde 1500 den aslam jan'a ka'sip-wo'ner kolledjleri ha'm akademiyali'q liceyler quri'ldi'. Ha'zirgi ku'nde yelimizde barli'q bilimlendiriw, ilim, ma'deniyat ha'm ag'arti'w ma'kemeleri Bilimlendiriw portali' ja'ne internetke jalg'ang'an. Bul bolsa bilimlendiriw procesine arali'qtan turi'p woqi'ti'w usi'llari'n, woqi'wshi' jaslar ushi'n ma'limleme-kommunikaciya xi'zmetlerinin' ken' kompleksin yengiziw imkani'n bermekte. Bilimlendiriw procesin reformalaw ha'm miynet bazari'nda talap yetiletug'i'n joqari' maman kadrlar tayarlawda joqari' woqi'w wori'nlari' a'hmiyetli wori'n iyelemekte. Ha'zirgi waqi'tta si'rt yeldegi joqari' woqi'w wori'nlari'nda jerleslerimizden ju'zlep talantli' jaslar ta'lim almaqta ha'm wo'zinin' mamanli'g'i'n artti'rmaqta.

**40-statya. Ha'rbir adamg'a ilimiy ha'm texnikali'q do'retiwshilik yerkinligi, ma'deniyatti'n' jetiskenliklerinen paydalani'w huquqi'na kepillik beriledi.**

**Ma'mleket ja'miyettin' ma'deniy, ilimiy ha'm texnikali'q rawajlani'wi'na g'amxorli'q yetedi.**

Bul statya Insan huquqlari' du'nya ju'zilik Deklaraciyasi'ni'n' 25-statyasi' normalari'na say keledi. Wonda ha'rbir insanni'n' ja'miyettin' ma'deniy turmi'si'nda yerkin qatnasi'w, ilimiy ha'm texnikali'q

---

[1] Yerkin Qaraqalpaqstan, 21-fevral.

rawajlani'wda qatnasi'w ha'm woni'n' jetiskenliklerinen paydalani'w huquqi'na iye yekenligi, ha'rbir insanni'n' avtori' bolg'an ilimiy, a'debiy ha'm basqa da shi'g'armalari' boyi'nsha ruwxi'y-ma'deniy ma'plerin qorg'aw huquqi'na iye yekenligi ayti'p wo'tilgen.

Qaraqalpaqstan ju'da' bay ma'deniy miyrasqa iye. Ma'deniyat — ju'da' teren' tu'sinik. Wog'an ilim de, ko'rkem wo'ner de, bilimlendiriw de kiredi. A'debiy ha'm muzi'kali'q shi'g'arma, xudojniktin' su'wreti ha'm xali'q da'stani', ilimiy teoriya ha'm qol wo'neri — bulardi'n' barli'g'i' ma'deniy bayli'qlardi' quraydi'. Ma'deniyat jetiskenliklerin saqlawda ha'm u'git-na'siyatlawda «Ruwxi'yli'q ha'm ag'arti'wshi'li'q» ja'miyetlik worayi', O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstanni'n' jan'a tariyxi'n izertlew worayi' u'lken jumi's ali'p barmaqta.

Respublikami'zdi'n' Tiykarg'i' ni'zami' ha'rbir adamg'a ma'deniyat miyraslari'nan paydalani'w huquqi'na kepillik beredi.

Konstituciyada belgilengen do'retiwshilik yerkinligi ha'r ta'repleme kepillengen. Ha'rkim wo'zi qa'legen atama boyi'nsha shi'g'arma do'retiwi, bul shi'g'armalari'n baspadan shi'g'ari'w huquqi'na iye. Do'retiwshi wo'z shi'g'armalari'n qarata jeke ha'm mu'lkiy huquqlarg'a iye ha'm bul huquqlar ni'zamda belgilengen. Wo'zgenin' shi'g'armasi'n wo'zlestiriw, wonnan ruqsatsi'z paydalani'w, baspadan shi'g'arg'anli'q ushi'n ni'zamlarda ji'nayi'y, ha'kimshilik, puqarali'q-huquqi'y juwapkershilik belgilengen.

Ma'mleketimizde kitapxanalar, teatrlar, muzeyler, radio ha'm televidenienin' ken' tarmaqlari' xi'zmet ko'rsetpekte. Bul bolsa ha'rbir puqarani' ilim-pa'n, a'debiyat, ko'rkem-wo'ner jetiskenliklerinen paydalani'w imkaniyati'n beredi.

## *X bap*

## ADAM HUQUQLARI'NI'N' HA'M YERKINLIKLERININ' KEPILLIKLERI

**41-statya. Ma'mleket puqaralardi'n' Konstituciya ha'm ni'zamlar menen bekitilgen huquqlari'n ja'ne yerkinliklerin ta'miyinleydi.**

Konstituciyada ma'mleket puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin qadag'alawdi'n' a'hmiyetli kepili si'pati'nda moyi'nladi'. Haqi'yqati'nda da, tek demokratiyali'q ma'mleket ja'miyet ag'zalari'ni'n' huquq ha'm yerkinliklerin qorg'aw ha'm ta'miyinlew mu'mkinshiligine iye.

Puqaralardi'n' Konstituciya ha'm ni'zamlarda belgilengen huquq ha'm yerkinliklerin a'melge asi'ri'wdi' ma'mleket ta'repinen ta'miyinlewge ja'rdem beretug'i'n qurallar, usi'llar ha'm sha'rt-sharayatlar ji'yi'ndi'si' kepillik tu'sinigin beredi. Kepillik beriwdin' tiykarg'i' maqseti, puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin a'melge asi'ri'w procesinde payda bolatug'i'n tosi'qlardi' saplasti'ri'w menen baylani'sli' ma'jbu'riyatlardi'n'

wori'nlani'wi'n ta'miyinleydi. Uluwma ali'p qarag'ani'mi'zda, «kepillik» so'zinin' ma'nisi bul — juwapkershilikti wo'z moyni'na alg'an halda isendiriw, ta'miyinlewdi bildiredi.

Yuridikali'q kepillik puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin ni'zamlar tiykari'nda huquqi'y ta'repten kepillik beriwden ibarat. Yuridikali'q kepilliklerdi real a'melge asi'ri'w tek g'ana demokratiyali'q rejim sharayati'nda ko'zge taslanadi'.

Yuridikali'q kepillikler to'mendegilerdi wo'z ishine aladi':

— Puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin buzi'w mu'mkin bolg'an ha'reketlerdi qadag'an yetiw ha'm shegaralawdi'n' yuridikali'q normalari'n belgilew;

— Puqaralardi'n' wo'z huquq ha'm yerkinliklerin heshqanday tosqi'nli'qsi'z a'melge asi'ri'wi'nda ma'mleketlik uyi'mlar ha'm lawazi'mli' shaxslar juwapkershiligin belgilew;

— Huquqti' buzg'anli'q ushi'n yuridikali'q juwapkershiliktin' belgileniwi (mu'lkiy, intizami'y, ha'kimshilik, ji'nayi'y);

Qaraqalpaqstan ha'm O'zbekistan Respublikasi'nda puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin arnawli' kepillew Konstituciya tiykari'nda qabi'l yetilgen ni'zamlar arqali' da a'melge asi'ri'ladi'. Bul ni'zamlarg'a: «Ma'limleme ali'w kepillikleri ha'm yerkinligi haqqi'nda»g'i', «Ma'limleme ali'w yerkinligi principleri ha'm yerkinligi haqqi'nda»g'i', «Advokatli'q xi'zmetinin' kepillikleri ha'm advokatlardi'n' socialli'q qorg'awi' haqqi'nda»g'i', «Puqaralar saylaw huquqlari' kepillikleri haqqi'nda»g'i', «Si'rt yel investorlar huquqlari'ni'n' kepillikleri haqqi'nda»g'i', «Ka'siplik awqamlar, wolardi'n' huquqlari' ha'm xi'zmetinin' kepillikleri haqqi'nda»g'i', «Puqaralardi'n' banklerdegi amanatlari'n qorg'aw kepillikleri haqqi'nda»g'i', «Isbilermenlik ha'm isbilermenler xi'zmetinin' kepillikleri haqqi'nda»g'i', «Si'rt yel investorlari' huquqlari'ni'n' kepillikleri ha'm wolardi' qorg'aw ilajlari' haqqi'nda»[1]g'i', «Ma'mleketlik yemes kommerciyali'q yemes sho'lkemlerdin' jumi'si'ni'n' kepillikleri haqqi'nda»[2]g'i' ha'm tag'i' basqa da qabi'l yetilgen Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'n mi'sal retinde ko'rsetiwge boladi'.

**42-statya. Ha'rbir adamg'a wo'zinin' huquqlari' menen yerkinliklerin sud arqali' qorg'aw, ma'mleketlik uyi'mlardi'n', lawazi'mli' adamlardi'n', ja'miyetlik birlespelerdin' ni'zamsi'z ha'reketleri jo'ninde sudqa shag'i'm yetiw huquqi'na kepillik beriledi.**

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' № 8 Xabarnamasi',2009-ji'l,102-b.

[2] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' № 8 Xabarnamasi',2009-ji'l,38-b.

Puqaralardi'n' huquqlari'n, yerkinliklerin ha'm ni'zamli' ma'plerin hesh tiykarsi'z, sebepsiz buzi'li'wlardan qorg'aw sudti'n tiykarg'i' maqseti boli'p tabi'ladi'. Sonli'qtan bul tu'siniktin' mazmuni' ha'rbir adamni'n', uyi'mni'n' ha'm lawazi'mli' shaxsti'n' sheshimine yamasa ha'reketine sudqa narazi'li'q arza beriw huquqi'nan ibarat.

Bul konstituciyali'q huquqi'y norma O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 1995-ji'l 30-avgusttag'i' «Puqaralardi'n' huquqlari' ha'm yerkinlik-lerin buzatug'i'n ha'reketler ha'm qararlar u'stinen sudqa shag'i'm yetiw haqqi'nda»g'i' Ni'zamda ani'qlasti'ri'lg'an.

Ha'rbir puqara ma'mleket uyi'mlari', ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, ja'miyetlik birlespeler, puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' yaki lawazi'mli' shaxslardi'n' ni'zamsi'z ha'reketleri (qararlari') menen wo'z huquqlari' yaki yerkinliklerin buzi'lg'an dep tapsa, shag'i'm menen sudqa mu'ra'ja'a't yetiwge haqi'li'.

O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan g'a'rezsizlik alg'annan keyin, ma'mlekette sud ha'kimiyati' ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm atqari'wshi' ha'kimiyatlardan, siyasiy partiyalardan basqa ja'miyetlik birlespelerden biyg'a'rez jumi's ali'p baradi', degen a'hmiyetli reje qabi'l yetildi.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 2000-ji'l 14-dekabrdegi «Sudlar haq-qi'nda»g'i' (jan'a redakciyada) ni'zami'na muwapi'q, puqaralar huquq ha'm yerkinlikleri ha'm de ma'plerin ha'rqanday ha'reketlerden qorg'aw sud uyi'mlari'ni'n' wazi'ypasi' yetip belgilengen. Sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Prokuratura haqqi'nda»g'i' (jan'a redakciyada) Ni'zami'ni'n' 4-statyasi'na muwapi'q, prokuratura organlari' iskerliginin' tiykarg'i' bag'darlari'nan biri puqarani'n' huquq ha'm de yerkinliklerin ta'miyinlewge qarati'lg'an ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen baqlaw, dep ko'rsetip wo'tilgen.

Ni'zamsi'z ha'reketler degende, puqaralardi'n' huquqlari', yerkinlikleri ha'm ni'zamli' ma'plerine zi'yan jetkizetug'i'n ha'reketler tu'siniledi.

Shag'i'm degende, puqaralardi'n' buzi'lg'an huquqlari', yerkinlik-leri ha'm ni'zamli' ma'plerin tiklew haqqi'ndag'i' talabi' ko'rsetilgen mu'ra'ja'a'tlerin tu'sinemiz.

Sudqa shag'i'm yetiw huquqi' — puqaralar ta'repinen wolardi'n' buzi'lg'an huquqlari', yerkinlikleri ha'm ni'zamli' ma'plerin sud ta'rtibinde tiklewdi talap yetiw huquqi'.

Puqara wo'z huquq ha'm yerkinliklerin buzatug'i'n ha'reketler (qararlar) u'stinen shag'i'm menen tuwri'dan-tuwri' sudqa yaki boysi'ni'w ta'rtibinde joqari' turi'wshi' uyi'mg'a yamasa lawazi'mli' shaxsqa mu'ra'ja'a't yetiw huquqi'na iye.

**43-statya. Jas wo'spirimlerdin', miynetke jaramsi'z ha'm jalg'i'z basli' qartayg'an adamlardi'n' huquqlari' ma'mleket ta'repinen qorg'aladi'.**

Respublikami'z jan'a ekonomikali'q rawajlani'w basqi'shlari'na wo'tiwi menen xali'qti' socialli'q jaqtan qorg'aw ma'selesi birinshi wori'ng'a shi'qti'.

Bas reformator si'pati'nda ma'mleket socialli'q qorg'aw mexanizmin rawajlandi'ri'wg'a u'lken di'qqat awdaradi'. Bul konstituciyali'q kepilliktin' ma'nisi woni'n' ja'miyetke, uluwma siyasiy sistemag'a teren' gumanistlik ta'sirinen ibarat.

Kem ta'miyinlengen ja'miyet qatlamlari'n qorg'aw wazi'ypasi'n ma'mleketke ju'klep, Konstituciya adam huquqlari'n ta'miyinlewdin' huquqi'y kepilliklerin belgileydi.

Respublika xalqi'ni'n' kem ta'miyinlengen ha'm socialli'q qorg'awg'a mu'ta'j bo'legin ma'mleket wo'z qorg'awi'na alg'an. Bul bolsa socialli'q bag'darlang'an bazar ekonomikasi'n qa'liplestiriw ha'm de huquqi'y ma'mleket quri'w qusag'an strategiyali'q maqsetlerdi a'melge asi'ri'wdi'n' salmaqli' tiykari' boli'p tabi'ladi'.

Jas wo'spirimler — bul Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nda jasawshi' won segiz jasqa tolmag'an fizikali'q shaxslar boli'p, wolar jasi'na muwapi'q, ha'reketke uqi'psi'z yaki uqi'pli' boli'wi' mu'mkin.

Miynetke jaramsi'z — fizikali'q kemshilikleri sebepli miynet yetiw qa'biletin joytqan fizikali'q shaxslar kiredi.

Jalg'i'z basli' qartayg'anlar degende, wo'zgeler g'amxorli'g'i'na mu'ta'j, miynet yetiw qa'biletin toli'q yaki bir bo'legin joytqan halda wo'z bag'i'wshi'si'na iye bolmag'an shaxslar tu'siniledi.

Bul tarawda qabi'l yetilgen bir qatar normativ hu'jjetlerdi hu'kimetimiz socialli'q tarawda ali'p bari'p ati'rg'an a'dil siyasati'ni'n' jemisi si'pati'nda bahalawi'mi'z kerek. Ma'selen, O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2002-ji'l 25-yanvarda «Xali'qti'n' socialli'q qorg'awg'a mu'ta'j qatlamlari'n ani'q bag'darlang'an tu'rde qollap-quwatlawdi' ku'sheytiw haqqi'nda»g'i' Pa'rmani' qabi'l yetildi[1].

Sonday-aq, 16 jasqa shi'qpag'an perzentleri bolg'an ha'm uluwma bilim beriw mekteplerinde, akademiyali'q liceylerde ha'm ka'sip-wo'ner kolledjlerinde woqi'p ati'rg'an 16 jastan 18 jasqa shekemgi perzentleri bolg'an shan'araqlarg'a napaqa tayi'nlaw ha'm to'lew haqqi'nda»g'i' reje islep shi'g'i'ldi'[2].

Sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi' Semya Kodeksine muwapi'q, ata-ana qayti's bolg'anda, wolar ata-anali'q huquqi'nan ayi'ri'lg'anda, wolardi'n' ata-anali'q huquqi' sheklengende, ata-ana ha'reketke uqi'psi'z dep tabi'lg'anda, ata-ana uzaq mu'ddet bolmag'anda, ata-ana balalari'n ta'rbiyalaw yaki wolardi'n' huquq ha'm ma'plerin qorg'awdan moyi'n tawlag'anda, sonday-aq, ata-ana ta'rbiyalaw, yemlew ma'kemelerinde ha'm xali'qti' socialli'q qorg'aw uyi'mi' yaki sog'an uqsas basqa ma'kemelerdegi wo'zinin' balasi'n ali'wdan bas tartqanda, balalar ata-ana qaramag'i'nan ayi'ri'lg'an basqa jag'daylarda, sonday-aq, yerjetpegen, sud ta'repinen

[1] O'zbekiston Respublikasi qonunlar to'plami.2002,№ 2

[2] O'zbekiston Respublikasi qonunlar to'plami.2002,№ 2

ha'reketke uqi'psi'z yaki ha'reket uqi'pli'li'g'i' sheklengen dep tabi'lg'an shaxslarg'a wolardi' ta'miyinlew, ta'rbiyalaw wolardi' woqi'ti'w maqsetinde, sonday-aq, wolardi'n' jeke ha'm mu'lkiy huquqlari' ha'm ma'plerin qorg'aw ushi'n qa'wender yaki g'amxor tayi'nlanadi'.

**44-statya. Hayal-qi'zlar ha'm yer adamlar ten'dey huquqlarg'a iye.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda hayal-qi'zlar ha'm yer adamlar ten'dey huquqlarg'a iye. wolar arasi'ndag'i' huquqlardi'n' tenligi respublikami'zda qabi'l yetilgen ha'rbir ni'zamda wo'z ko'rinisin tapqan.

Hayal-qi'zlar ha'm yer adamlar ten'ligi – demokratiyani'n' tiykarg'i' elementi yesaplanadi'. Bul ten'lik puqaralardi'n' ma'mleket, ni'zam ha'm sud aldi'nda ra'smiy ta'n ali'natug'i'n huquqi'y ten'ligi boli'p, wol ha'rbir puqarani'n' qaysi' ji'ni'sqa tiyisliligine qaramastan ten' huquq ha'm yerkinlikke iye yekenligin an'latadi'.

Hayal-qi'zlar ha'm yer adamlar ten'ligin ta'miyinlew ushi'n ma'mleket ko'leminde ken' tu'rde qosi'msha ilajlar a'melge asi'ri'lmaqta. Ma'mleket hayal-qi'zlarg'a bilim ali'w, yerkin ka'sip iyesi boli'w, miynet yetiw, siyasiy turmi'sta belsendi qatnasi'w ushi'n yerkekler menen ten'dey imkaniyatlar jarati'w menen birge, hayallardi'n' shan'araqtag'i' worni', fizikali'q imkaniyatlari'n yesapqa ali'p, wolarg'a miynet yetiwde, densawli'g'i'n bekkemlewde jaqsi' sharayatlar ha'm jen'illikler jarati'p beriw za'ru'r. Sebebi, ten' imkaniyat ha'm qosi'msha sharayat, jen'illikler beriw menen g'ana hayal-qi'zlardi'n' ten' huquqli'li'g'i'n ta'miyinlew mu'mkin. Soni'n' ushi'n da, ma'mleket hayal-qi'zlar menen yerkeklerdin' ten'ligin ja'riyalar yeken, buni' ta'miyinlew ushi'n hayal-qi'zlardi' qosi'msha tu'rde materialli'q ha'm ruwxi'y xoshametlew ilajlari'n ko'rmekte».[1]

O'zbekistan Respublikasi'nda hayal-qi'zlarg'a beriletug'i'n itibar milliy ni'zamshi'li'g'i'mi'zda da wo'z ko'rinisin tapqan. Atap aytqanda, «O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisine saylaw haqqi'nda» g'i' (jan'a redakciyada) 2003-ji'l 29-avgustta qabi'l yetilgen, «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda» Ni'zamlardi'n' 22-statyalari'nda siyasiy partiyalar ta'repinen deputatli'qqa qoyi'latug'i'n talabanlardi'n' 30 procenti hayallardan boli'wi' ko'rsetilgen.

Bunnan basqa, O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2004-ji'l 25-mayda «O'zbekistan hayal-qi'zlar komiteti xi'zmetin qollap-quwatlaw bari'si'ndag'i' qosi'msha ilajlar haqqi'nda»[2]g'i', 1999-ji'l 17-martta «Hayal-qi'zlardi'n' socialli'q jaqtan qorg'ali'wi'n ku'sheytiwge tiyisli qosi'msha ilajlar haqqi'nda»g'i' h.t.b. birqansha Pa'rmanlari'[3] qabi'l yetildi. Wolardi'n'

---

[1] Q a y u m o v . R. O'zbekiston Respublikasining Konstituciyaviy huquqi'.T.: «Adolat»,1998.181-b.

[2] Vesti Karakalpakstana29-maya 2004 g.

[3] Onalik va bolalikni himoya qilish masalalari bo'yicha qonun hujjatlari to'plami.T.: 2004 yil,656-b.

tiykarg'i' maqseti hayal-qi'zlardi'n' yer adamlar menen ten' huquqli'li'g'i'n, qala berse ma'mleket ha'm ja'miyet islerinde wolardi'n' belsendi qatnasi'wi'n ta'miyinleydi. Mine, biz joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey bizin' respublikami'zdi'n' barli'q ni'zamli'li'qlari' xali'q arali'q huquqi'y-normativ hu'jjetlerge say ha'm demokratiyali'q principlerge su'yengen halda qabi'l yetilgen.

## *XI bap*

## PUQARALARDI'N' MINNETLERI

**45-statya. Barli'q puqaralar wo'zlerine Konstituciyada bekitilgen minnetlerdi atqaradi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda jasawshi' barli'q puqaralardi'n' Konstituciya ha'm basqa ni'zamlarda belgilep qoyi'lg'an ha'm a'melge asi'ri'li'wi' za'ru'r bolg'an minnetleri tu'rli usi'llar menen baqlap bari'ladi'.

Puqaralardi'n' tiykarg'i' minnetleri Konstituciyada ha'm basqa da ni'zamlarda ko'rsetilgen boli'p, wolarda puqaralardi'n' Konstituciyag'a tiykarlani'wi' menen birge wondag'i' ha'rqanday qag'i'ydalari'ni'n' buzi'li'wi'ni'n' aldi'n ali'w, basqa puqaralardi'n' qa'dir-qi'mbati'n hu'rmet yetiwge ma'jbu'r yekenligi bekitilgen.

Bizge belgili bolg'ani'nday, huquq shaxsqa ta'biyat, ja'miyet, ma'mleket ta'repinen beriletug'i'n wo'z ha'reketinin' tu'ri yaki shegarasi'n tan'lap ali'w shegarasi' bolsa, minnet ja'miyet ha'm ma'mleket ta'repinen belgilengen ha'm huquqi'y normalarda wo'z ko'rinisin tapqan talaplardi' wori'nlaw za'ru'rligi yesaplanadi'. Bunnan basqa da, minnettin' wo'zine ta'n ta'repleri bar boli'p, wolar to'mendegilerde ko'rinedi. Minnet, tiykari'nan qag'i'ydalardan, moralli'q normalardan kelip shi'g'adi', ma'jbu'riyat bolsa ko'pshilik jag'daylarda sha'rtnama ha'm pitimlerden kelip shi'g'adi'; minnet shaxs tuwi'lg'ani'nan wo'mirinin' aqi'ri'na shekem dawam yetedi, ma'jbu'riyat bolsa sha'rtnamani'n' a'mel yetiw da'wirine shekem boladi'; sonday-aq, minnet ma'mleket ha'm ja'miyet ta'repinen belgilenip, woni'n' wori'nlani'wi'n talap yetedi. Minnet wori'nlanbag'anda huquqi'y ta'sir sharalari' ko'riledi.

Minnet ma'mleket ta'repinen belgilenip, Konstituciyada belgilengen ha'rbir puqara wori'nlawi' sha'rt bolg'an, woni' wori'nlamaw bolsa juwapkershilikke ali'p keletug'i'n ha'reketler ha'm jasaw qag'i'ydalari'nan ibarat tu'sinik. Minnet socialli'q za'ru'rlik boli'p, wolardi'n' wori'nlani'wi' pu'tkil ja'miyet ma'pleri ushi'n za'ru'r yesaplanadi'.

Puqaralar Konstituciya ha'm ni'zamlarg'a a'mel yetiwi, wo'zge insanlardi'n' huquqlari', yerkinlikleri, abi'royi' ha'm qa'dirin hu'rmet yetiwge, xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'y, ruwxi'y ha'm ma'deniy miyrasi'n asi'rawi', ni'zam menen belgilengen sali'qlar ha'm ji'yi'mlardi' to'lewi, watandi' qorg'aw qusag'an minnetlerdi wori'nlawi' ma'jbu'riy yesaplanadi'.

Ha’rbir puqara wo’zlerine ju’kletilgen minnetlerin a’melge asi’ri’w waqti’nda ni’zam qag’i’ydalari’n ha’m ruwxi’y qa’diriyatlari’n hu’rmet yetiwi kerek.

**46-statya. Puqaralar Konstituciyani’ ha’m ni’zamlardi’ saqlawg’a, basqa adamlardi’n’ huquqlari’n, yerkinliklerin, ar-nami’si’n ha’m qa’dir-qi’mbati’n hu’rmetlewge minnetli.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’ tiykarg’i’ huquqlar menen bir qatarda puqaralardi’n’ minnetlerin de retlestiredi.

Konstituciyani’n’ 19-statyasi’na muwapi’q, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqarasi’ ha’m ma’mleket wo’z ara huquqlar ha’m wo’z ara juwapkershilik penen baylani’sadi’. Ha’rbir puqara basqa puqarani’n’ yerkinligin ha’m ar-nami’si’n si’ylawi’ kerek.

Ha’mme puqaralar ni’zam aldi’nda ten’ juwapkershilikke iye, wolar basqa puqarani’n’ milletin, tilin, dinin, isenimlerin hu’rmetlewi tiyis.

**47-statya. Puqaralar Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ tariyxi’y, ruwxi’y ha’m ma’deniy miyraslari’n saqlawg’a minnetli.**

**Ma’deniyat yestelikleri ma’mleket ta’repinen qorg’aladi’.**

Qaraqalpaqstan xalqi’ni’n’ tariyxi’n, ruwxi’y ha’m ma’deniy miyraslari’n saqlaw—konstituciyali’q minnetlerdin’ biri boli’p tabi’ladi’.

Xalqi’mi’z suverenitetke yeriskeninin’ na’tiyjesinde wo’z tariyxi’n tiklewi, umi’ti’li’p barati’rg’an tariyxi’y waqi’yalardi’ izertlewi za’ru’r. Soni’n’ menen birge, g’a’rezsizliktin’ arqasi’nda ruwxi’y ha’m ma’deniy miyraslari’n saqlap qali’p, woni’ a’wladtan-a’wladqa jetkerip beriwge de minnetli. Wo’z tariyxi’nan, ruwxi’y ha’m ma’deniy miyraslari’nan ayi’ri’lg’an xali’qti’n’ millet boli’p qali’wi’ mu’mkin yemes.

Ni’zamlar pu’tkil ja’miyettegi socialli’q qatnasi’qlardi’ ta’rtipke saladi’ ha’m xali’qti’n’ ma’pin sa’wlelendiredi, tu’rli siyasiy ku’shler, socialli’q qatlamlar, toparlar ma’plerininin’ wo’z ara kelisimin ta’miyinleydi. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ puqaralari’nan basqa shaxslardi’n’ huquqlari’n ha’m ma’plerin hu’rmet yetiw, ja’miyet ma’plerine qarsi’ ha’reketlerdi islemew, ja’miyet ta’rtibin saqlaw talap yetiledi.

Konstituciya ha’m ni’zamlarg’a boysi’nbaw ma’mleket ta’repinen belgilengen qag’i’ydalardi’n’ huquqi’y normalari’ni’n’ buzi’li’wi’na ali’p keledi.

Wo’zge shaxslardi’n’ huquqlari’n, yerkinliklerin, ar-nami’si’n ha’m qa’dir-qi’mbati’n kemsitiw, woni’n’ abi’royi’na zi’yan tiygizetug’i’n ni’zamsi’z ha’reketler ushi’n yuridikali’q sharalar belgilengen, bul ma’selelerdin’ sud arqali’ sheshiliwi ko’rsetilgen.

**48-statya. Puqaralar qorshap turg’an ta’biyiy wortali’qqa itiyatli’ qatnas jasawg’a minnetli.**

Puqaralardi’n’ qorshap turg’an ta’biyiy wortali’qqa itiyatli’ qatnas jasawg’a minneti to’mendegiler menen belgilenedi:

— adamlardi'n' densawli'g'i' ushi'n qolayli' sharayatlar du'ziw, ekonomikali'q ten' salmaqli'li'qti' saqlap qali'w;

— janli' ta'biyatti'n' tu'rlerinin' ra'nba'ra'nligin ha'm genetikali'q qordi' saqlap qali'w;

— ekologiyali'q sistemali'q, landshaftlardi'n' ha'm siyrek ushi'rasatug'i'n ta'biyiy obyektlerdin' ko'p tu'rliligin saqlap qali'w;

— ekologiyali'q qa'wipsizlikti ta'miyinlew;

— ta'biyiy obyektler menen baylani'sli' ma'deniy miyrasti' saqlap qali'w.

Prezidentimiz I.A.Karimov «Ekologiya ha'zirgi da'wirdin' ken' ko'lemli keskin socialli'q mashqalalari'ni'n', woni'n' sheshimin tabi'w barli'q xali'qlar ma'plerine say boli'p, civilizaciyani'n' ha'zirgi ku'ni ha'm keleshegi ko'p ta'repleme sol mashqalani'n' sheshimine baylani'sli'» dep ayti'p wo'tken yedi. Sebebi, ja'miyetimiz barli'q ag'zalari'ni'n' tiykarg'i' juwapkershiliklerinin' biri — bul ta'biyat bayli'qlari'n saqlaw ha'm wolardan aqi'lli'li'q penen paydalani'w, ta'biyatti' qorg'aw wazi'ypasi' yesaplanadi'.

Qaraqalpaqstan ha'm O'zbekistan Respublikalari' Konstituciyalari' tiykari'nda ta'biyiy qorshag'an wortali'qti' saqlaw, ta'biyiy resurslardan aqi'lli'li'q penen paydalani'w ha'm xali'qti'n' ekologiyali'q qa'wipsizligin ta'miyinlewge qarati'lg'an bir qatar ni'zamlar qabi'l yetildi, ma'mleketimiz xali'q arali'q konvenciya, sha'rtnama ha'm pitimlerge qosi'ldi'.

O'zbekistan hu'kimeti bul tarawda tek g'ana teoriyali'q yemes, al a'meliy ilajlardi' a'melge asi'rdi'. Araldi' qutqari'w ushi'n Qaraqalpaqstanda ha'm pu'tkil O'zbekistanda ekologiyali'q sharayatti' salamatlasti'ri'wg'a qarati'lg'an arnawli' ma'mleketlik komissiyasi', Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ta'biyatti' qorg'aw komitetinde ekologiyali'q ekspertiza wo'tkeriw basqarmasi' ha'm woni'n' qasi'nda turaqli' jumi's islewshi ilimiy ken'es jumi's ali'p barmaqta.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ha'kimshilik juwapkershilik haqqi'ndag'i' kodekstin' bir babi' (8-bap) Ta'biyiy qorshag'an wortali'qti' qorg'aw ha'm ta'biyattan paydalani'w tarawi'ndag'i' huquqbuzarli'q ushi'n ha'kimshilik juwapkershilik, dep ataladi'.

Ekologiyani' qorg'awda Ji'nayat Kodeksinin' worni' ha'm a'hmiyeti ayri'qsha. Bul kodekstin' Arnawli' bo'liminin' to'rtinshi tarawi' «Ekologiya tarawi'ndag'i' ji'nayatlar» dep ataladi'.

**49-statya. Puqaralar ni'zam menen belgilengen sali'qlardi' ha'm jergilikli ji'yi'mlardi' to'lewge minnetli.**

Puqaralardi'n' konstituciyali'q minnetlerinen biri wolardi'n' ni'zam menen belgilengen sali'qlar ha'm jergilikli ji'yi'mlardi' to'lew minneti.

Sali'qlar ha'm jergilikli ji'yi'mlar — bul ma'mleketlik ha'kimiyatti' (armiyani', miliciyani', shegarashi'lardi', ma'mleket apparatlari'n) saqlaw, sonday-aq, adamlardi'n' jaqsi'raq ta'miyinlengenlerinen to'menirek ta'miyinlengen adamlarg'a qayta bo'listiriw mexanizmi. Sonli'qtan bul

minnettin' wori'nlani'wi' tek ma'mleket apparati'n saqlap qali'w g'ana bolmastan, uluwma ja'miyet ma'pin ta'miyinlewge bag'darlang'an.

Sali'qlar O'zbekistan Respublikasi' ni'zamshi'li'g'i' ha'm ma'mleket ha'kimiyati'ni'n' jergilikli uyi'mlari' ta'repinen belgilengen, aymaqti'n' social-ekonomikali'q rawajlani'wi'na xi'zmet yetiwshi ji'yi'mlardan ibarat. Sali'q penen baylani'sli' huquqi'y qatnasi'qlar 1991-ji'li' 15-fevralda qabi'l yetilgen «O'zbekistan Respublikasi' puqaralari', puqarali'g'i' bolmag'an ha'm si'rt yel puqaralari'nan ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i' haqqi'nda»g'i', 1993-ji'l 7-mayda qabi'l yetilgen «Jergilikli sali'q ha'm ji'yi'mlar haqqi'nda»g'i', 1997-ji'ldi'n' aprelinde qabi'l yetilgen, 1998-ji'li' 1-yanvardan ku'shke kirgen O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Sali'q Kodeksi menen ta'rtipke sali'nadi'.

Sali'q to'lew deregi shaxslardi'n' pul yaki natura tu'rinde ali'ng'an da'ramatlari' yesaplanadi'. Bul sali'qlar is haqi' to'lemleri, si'yli'qlar ha'm basqa da'ramatlardan, puqaralardi'n' diyqan xojali'g'i'n ju'ritiwden alg'an da'ramatlari'nan, O'zbekistan Respublikasi'nda turaqli' jasaw worni'na iye bolmag'an shaxslardi'n' O'zbekistandag'i' dereklerinen ali'natug'i'n da'ramatlardi' quraydi'.

Ma'mleket toplang'an sali'qlardi' ma'mlekettin' qorg'ani'wi'n, puqaralardi'n' qa'wipsizligin ta'miyinlewge, ekonomikani', bilimlendiriw, ilim-pa'n, densawli'qti' saqlawdi' rawajlandari'wg'a, anali'q ha'm balali'qti', xali'qti'n' ja'rdemge mu'ta'j qatlamlari'n socialli'q ta'miyinlewge, kompleks socialli'q da'stu'rlerdi pu'tkil ja'miyet ma'pleri joli'nda a'melge asi'ri'wg'a sarplaydi'.

Sali'q ha'm ji'yi'mlardi' wo'ndiriw ma'mleketlik uyi'mlar — Qaraqalpaqstan Ma'mleketlik sali'q inspekciyasi', Finans ministrligi ta'repinen, sonday-aq, puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

Sali'qlardi' wo'z waqti'nda to'lemegen, to'lewden bas tartqan, da'ramati'n jasi'rg'an ha'm sali'q haqqi'ndag'i' ni'zamlardi' buzg'an shaxslar ushi'n finansli'q (ja'riyma to'lew, jasi'rg'an yaki kemeyttirip ko'rsetken da'ramati'n wo'ndiriw), ha'kimshilik ha'm ni'zamda belgilengen jag'daylarda ji'nayi'y juwapkershilik belgilengen.

**50-statya. O'zbekistan Respublikasi'n ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'n qorg'aw — Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ha'rbir puqarasi'ni'n' minneti. Puqaralar ni'zamda belgilengen ta'rtipte a'skeriy yamasa alternativali' xi'zmetti wo'tewge minnetli.**

Watandi' qorg'aw ha'rbir puqarani'n' a'diwli wazi'ypasi'. Bunda na'zerde tuti'lg'an tiykarg'i' maqset — ma'mleket g'a'rezsizligin, woni'n' aymaqli'q birligin, xali'qti'n' ti'ni'sh wo'mir su'riwin ta'miyinlewge qarati'lg'an ilajlardi' a'melge asi'ri'wdan ibarat.

Paraxatshi'li'q da'wirde a'skeriy xi'zmetke jasi' won segizge tolg'an, densawli'g'i' boyi'nsha jaramli' O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan puqaralari' — yer adamlar shaqi'ri'ladi'.

Ayi'ri'm keshirimli sebeplerge muwapi'q, yag'ni'y semyali'q jag'daylarg'a baylani'sli', densawli'g'i'ni'n' to'menlew yaki woqi'wdi' dawam yettiriw jag'daylari'nda a'skerlikke shaqi'ri'li'wshi'ni' shaqi'ri'w mu'ddeti («Uluwmali'q a'skeriy minnet ha'm a'skeriy xi'zmet haqqi'nda»g'i' ni'zamni'n' 17-statyasi'n muwapi'q) uzaytti'ri'ladi'.

Uluwmali'q a'skeriy minnet puqaralardi'n' O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'n qorg'awg'a qarati'lg'an ma'jbu'riy a'skeriy tayarli'qlardan ibarat boladi' ha'm de O'zbekistan Respublikasi' Qouralli' Ku'shleri qurami'n tolti'ri'wdi' ha'm wolardi'n' rezervin tayarlawdi' ta'miyinlew maqsetinde yengiziledi.

A'skeriy xi'zmet O'zbekistan Respublikasi' puqaralari'ni'n' Quralli' Ku'shleri qurami'nda uluwmali'q a'skeriy minnetlerin wori'nlaw salasi'ndag'i' ma'mleket xi'zmetinin' ayi'ri'm tu'ri yesaplanadi'.

Ti'ni'shli'q da'wirinde mu'ddetli a'skeriy xi'zmetke, sonday-aq, g'alabali'q shaqi'ri'w rezervindegi xi'zmetke won segiz jastan jigirma jeti jasqa shekem bolg'an, densawli'g'i'na muwapi'q Quralli' Ku'shleri qurami'nda a'skeriy xi'zmetti wo'tewge jaramli' yerkek puqaralar shaqi'ri'ladi'.

## U'SHINSHI TARAW

## JA'MIYET HA'M ADAM

## *XII bap*

## JA'MIYETTIN' EKONOMIKALI'Q TIYKARLARI'

**51-statya. Bazar qatnasi'qlari'n rawajlandi'ri'wg'a bag'darlang'an Qaraqalpaqstan ekonomikasi'ni'n' tiykari'n menshiktin' ha'r qi'yli' tu'rleri quraydi'. Ma'mleket tuti'ni'wshi' huquqlari'ni'n' arti'qmashi'li'g'i'n yesapqa ali'p, ekonomikali'q xi'zmetke, isbilermenlikke, miynet yerkinligine, menshiktin' barli'q tu'rlerinin' ten' huquqli'li'g'i'na ja'ne wolardi'n' huquqi'y jaqtan qorg'ali'wi'na kepillik beredi.**

**Basqa da menshik tu'rleri menen bir qatarda jeke menshikke qol qati'lmaydi' ha'm woni' ma'mleket qorg'aydi'. Menshik iyesi wonnan tek ni'zamda na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda ha'm ta'rtipte g'ana ayi'ri'li'wi' mu'mkin.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda menshikke qol qati'lmaytug'i'n boli'p tabi'ladi'. Ha'rbir adamni'n' menshik huquqi' bar.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ekonomikani'n' na'tiyjeli ha'reket yetiwine ha'm xali'qti'n' abadanshi'li'g'i'ni'n' rawajlani'wi'na ja'rdem yetiwshi menshiktin' qa'legen tu'rine jol qoyi'ladi' ha'm menshiktin' ha'rbir tu'rinin' rawajlani'wi'na ten'dey sharayatlar du'ziliwi 1996-ji'li'

14-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' birinshi shaqi'ri'q tog'i'zi'nshi' sessiyasi'nda qabi'l yetilgen «Menshik haqqi'nda»g'i' Ni'zam menen kepillenedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' menshik iyesine woni'n' mu'lkinin' saqlani'wi' ha'm ko'beyiwin ta'miyinlew ushi'n barli'q za'ru'rli sharayatlardi' du'zip beredi. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda menshik huquqi' Ni'zam ta'repinen moyi'nlanadi' ha'm qorg'aladi'.

Menshik iyesi wog'an tiyisli bolg'an mu'likke wo'z i'qti'yari' menen iyelik yetedi, paydalanadi' ha'm biylik yetedi. Menshik iyesi wo'z mu'lkine ni'zamg'a qayshi' kelmeytug'i'n qa'legen ha'reketin islewi mu'mkin. Wol wo'z mu'lkin ni'zam aktleri menen qadag'an yetilmegen qa'legen xojali'q yamasa basqa da jumi'si'n a'melge asi'ri'w ushi'n paydalani'wi' mu'mkin.

Menshik iyesi wo'zine tiyisli mu'likke iyelik yetiw, biylik yetiw, paydalani'w huquqi'n basqa adamlarg'a beriwge haqi'li'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'nda na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda, sha'rtlerde ha'm sheklerde menshik iyesine woni'n' mu'lkinen basqa adamlardi'n' sheklewli paydalani'wi'na jol qoyi'w minneti ju'kleniwi mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda menshik to'mendegi tu'rlerde boli'wi' mu'mkin:

jeke menshik;

wo'z ishine semyali'q, ma'kanli'q, kooperativlik menshikti alatug'i'n shirketler (ja'ma'a'tlik) menshik ijarali'q, ja'ma'a'tlik ka'rxanalardi'n' menshigi, ma'mleketlik ka'rxanalardi'n' ja'miyetlik ha'm diniy sho'lkemlerdin' yuridikali'q ta'rep boli'p tabi'latug'i'n ha'rqi'yli' xojali'q ja'miyetleri ha'm sherikliklerinin', associaciyalardi'n' ja'ma'a'tlerinin' menshigi;

wo'z ishine ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilmelerdin' menshigin alatug'i'n ma'mleketlik menshik (kommunalli'q);

ma'mleketlik menshikti ha'm qospa ka'rxanalardi'n' menshigin wo'z ishine alatug'i'n menshiktin' aralas tu'ri;

basqa ma'mleketlik ha'm xali'q arali'q sho'lkemlerdin' yuridikali'q ha'm fizikali'q ta'replerinin' menshigi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' menshiktin' barli'q tu'rinin' ten'ligine ha'm huquqi'y qorg'ali'wi'na kepillik beredi.

Jeke menshik puqaralardi'n' jallanba jumi'si'nan, isbilermenlik jumi's penen shug'i'llani'wi'nan tu'sken da'ramati'ni'n', kreditlik ma'kemelerge, akciyalarg'a ha'm basqa da bahali' qag'azlarg'a aji'ratqan qarji'lari'nan tu'sken da'ramati'ni'n', miyras boyi'nsha ha'm ha'reket yetiwshi ni'zamlar menen qadag'an yetilmegen basqa da tiykarlar boyi'nsha mu'lik ali'w yesabi'nan du'ziledi ha'm ko'beyedi. Puqaralardi'n' jeke menshigi wolardi'n' ma'mleketlik mu'likti menshiklestiriwge qatnasi'wi' yesabi'nan du'ziliwine jol qoyi'ladi'.

Jeke menshik menshiktin’ basqa tu’rleri si’yaqli’ qol qati’lmaytug’i’n boli’p tabi’ladi’ ha’m ma’mleket ta’repinen qorg’aladi’. Menshik iyesi wonnan tek ni’zam ta’repinen na’zerde tuti’lg’an jag’daylarda ha’m ta’rtipte g’ana ayri’li’wi’ mu’mkin.

**52-statya. Menshik iyesi wo’zine tiyisli mu’likke wo’z qa’lewinshe iyelik yetedi, paydalanadi’ ha’m biylik yetedi. Mu’likti paydalani’w ekologiyali’q wortali’qqa zi’yan keltirmewi, puqaralardi’n’, yuridikali’q ta’replerdin’ ha’m ma’mlekettin’ huquqlari’n ja’ne ni’zam menen qorg’alatug’i’n ma’plerin buzbawi’ tiyis.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ menshik huquqi’n iske asi’ri’wg’a kepillik beredi, menshik iyesinin’ konstituciyali’q huquqlari’n ta’miyinleydi. Ni’zamlarda na’zerde tuti’lg’an jag’daylardan basqa waqi’tta mu’liktin’ ko’beyiwin sheklewge ha’m woni’ ma’jbu’riy tu’rde ali’wg’a jol qoyi’lmaydi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ha’m basqa da ma’mleketlerdin’ yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’replerine menshik huquqi’n qorg’awda ten’dey jag’daylardi’ ta’miyinleydi.

Menshik iyesi O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ puqarali’q ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q, wo’z mu’lkin basqa birew ni’zamsi’z tu’rde iyelik yetken jag’dayda talap yetip ali’w huquqi’na iye boladi’. Menshik iyesi wo’zinin’ huquqlari’n ha’rqanday buzi’wlar, woni’ mu’likke iyelik yetiwden ayi’ri’w menen baylani’sli’ bolmasa da bul huquq buzi’wlardi’ saplasti’ri’wdi’ talap yetiwi mu’mkin. Menshik huquqi’n qorg’aw Sud yamasa Xojali’q Sudi’ ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

Menshik iyesine tiyisli bolg’an u’y-jay, basqa da quri’li’slar, ko’galli’qlar jaylasqan jer qi’ytag’i’n ali’w haqqi’ndag’i’ sheshimge yamasa menshik iyesinin’ tikkeley mu’lkin ali’wg’a qarati’lmag’an ma’mleketlik uyi’mni’n’ basqa da sheshimine baylani’sli’ menshik huquqi’ni’n’ toqtati’li’wi’na tek O’zbekistan Respublikasi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zam aktlerinde belgilengen jag’daylar ha’m ta’rtipte g’ana menshik iyesine menshik huquqi’ni’n’ toqtati’li’wi’nan keltirilgen za’lellerdi toli’q ko’lemde wo’tiw menen jol qoyi’ladi’.

Ma’mlekettin’ menshik iyesinen mu’likti ali’wi’na tek O’zbekistan Respublikasi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam aktlerinde na’zerde tuti’lg’an jag’daylar ha’m ta’rtipte usi’ mu’likke menshik iyesinin’ minnetlemeleri boyi’nsha wo’ndirip ali’w talabi’ qoyi’lg’anda, sonday-aq, rekviziciya ha’m konfiskaciyalaw ta’rtibinde g’ana jol qoyi’ladi’.

Ta’biyiy apatshi’li’qlar, avariyalar, epidemiyalar, epizootiyalar jag’daylari’nda ha’m ayri’qsha ja’miyet ma’plerinde ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ sheshimi boyi’nsha mu’lik menshik iyesinen, wog’an mu’liktin’ bahasi’n to’lew menen (rekviziciya) ni’zamlarda belgilengen ta’rtipte ha’m sha’rtlerde ali’ni’wi’ mu’mkin.

O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' ni'zam aktlerinde na'zerde tuti'lg'an jag'daylarda mu'lik menshik iyesinen sudti'n' yamasa xojali'q sudi'ni'n' sheshimi boyi'nsha ali'ni'wi' mu'mkin.

Yeger ma'mleketlik basqari'w uyi'mi'ni'n' yamasa jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mi'ni'n' ni'zamg'a muwapi'q kelmeytug'i'n akt shi'g'ari'wi' na'tiyjesinde menshik iyesinin' ha'm wo'zlerine tiyisli mu'likke iyelik yetiwshi, wonnan paydalani'wshi' ha'm woni' jumsawshi' basqa da adamlardi'n' huquqlari' buzi'lsa, bunday akt menshik iyesinin' yamasa huquqlari' buzi'lg'an adamni'n' dawi'si' boyi'nsha sud ta'rtibinde haqi'yqi'y yemes dep tabi'ladi'.

Usi' ko'rsetilgen aktlerdi shi'g'ari'w na'tiyjesinde puqaralarg'a, sho'lkemlerge ha'm basqa da adamlarg'a keltirilgen za'leller tiyisli ha'kimiyat yamasa basqari'w uyi'mi'ni'n' qarami'nda bolg'an qarji'lardi'n' yesabi'nan toli'q ko'leminde tiyis boladi'.

**53-statya. Jer, woni'n' qazi'lma bayli'qlari', suwlar, wo'simlik ha'm haywanat du'nyasi' ja'ne basqa da ta'biyiy qorlar uluwma milliy bayli'q boli'p tabi'ladi', wolardan aqi'lg'a ug'ras paydalani'w tiyis ha'm wolar ma'mleket ta'repinen qorg'aladi'.**

2005-ji'l 29-avgustta Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' u'shinshi shaqi'ri'q yekinshi sessiyasi'nda qabi'l yetilgen «Qorg'alatug'i'n ta'biyiy aymaqlar haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' maqseti qorg'alatug'i'n ta'biyiy aymaqlardi' sho'lkemlestiriw, qorg'aw ha'm wolardan paydalani'w salasi'ndag'i' qatnasi'qlardi' ta'rtiplestiriwden ibarat.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ta'biyatti' qorg'aw ha'm ta'biyiy resurslardan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w salasi'ndag'i' qatnasi'qlar 2006-ji'li' 3-martta Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' u'shinshi shaqi'ri'q to'rtinshi sessiyasi'nda qabi'l yetilgen «Ta'biyatti' qorg'aw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' menen, sonday-aq, jer, suw, tog'ay, jer asti' bayli'qlari' haqqi'nda, atmosfera hawasi'n, wo'simlikler ha'm haywanatlar du'nyasi'n qorg'aw ha'm wolardan paydalani'w haqqi'ndag'i' ni'zamlar ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' basqa da ni'zam hu'jjetleri menen ta'rtiplestiriledi.

Jer uluwma milliy bayli'q boli'p tabi'ladi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' xalqi'ni'n' tirishiligi, ha'reket yetiwi ha'm pa'rawanli'g'i'ni'n' tiykari' si'pati'nda wonnan aqi'lg'a muwapi'q paydalani'w za'ru'r ha'm wol ma'mleket ta'repinen qorg'aladi'.

2006-ji'li' 26-avgustta Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' u'shinshi shaqi'ri'q besinshi sessiyasi'nda «Jer haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' qabi'l yetilgen.

Jer haqqi'ndag'i' ni'zam hu'jjetlerinin' tiykarg'i' wazi'ypalari' ha'zirgi ha'm keleshek a'wladlardi'n' ma'plerin go'zlep jerden ilimiy tiykarlang'an

ta'rizde, aqi'lg'a ug'ras paydalani'w ha'm woni' qorg'awdi', topi'raq wo'nimdarli'g'i'n tiklew ha'm artti'ri'wdi', ta'biyiy wortali'qti' saqlaw ha'm jaqsi'lawdi', xojali'q ju'rgiziwdin' barli'q formalari'n ten' huquqli'li'q tiykari'nda rawajlandi'ri'w ushi'n sharayat jarati'wdi', yuridikali'q ha'm fizikali'q shaxslardi'n' jer uchastkalari'na bolg'an huquqlari'n qorg'awdi' ta'miyinlew maqsetinde jer qatnasi'qlari'n retlestiriwden, sonday-aq bul salada ni'zamli'li'qti' bekkemlewden ibarat boli'p tabi'ladi'.

# *XIII bap*

## JA'MIYETLIK BIRLESPELER

**54-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ni'zam menen belgilengen ta'rtipte dizimge ali'ng'an ka'siplik awqamlar, siyasiy partiyalar, ilimpazlar ja'miyetleri, hayal-qi'zlar sho'lkemleri, veteranlar ha'm jaslar sho'lkemleri, do'retiwshi awqamlar, g'alabali'q ha'reketler ha'm puqaralardi'n' basqa da birlespeleri ja'miyetlik birlespeler dep tani'ladi'.**

Siyasat, ekonomika, socialli'q rawajlani'w, ilim, ma'deniyat, ekologiya salasi'nda turmi'sti'n' basqa da tarawlari'nda wo'z huquqlari'n, yerkinliklerin ha'm ni'zamli' ma'plerin birlikte a'melge asi'ri'w ushi'n birlesken puqaralardi'n' yerkin yerk bildiriwinin' na'tiyjesinde payda bolg'an i'qti'yarli' du'zilme ja'miyetlik birlespe boli'p tabi'ladi'.

Siyasiy partiyalar, massali'q ha'reketler, ka'siplik awqamlar, hayal-qi'zlar, jaslar ha'm balalar sho'lkemleri, ilimiy, texnikali'q, ma'deniy-ag'arti'w, fizkultura-sport ha'm basqa da i'qti'yarli' ja'miyetler, do'retiwshilik awqamlari', jerlesler sho'lkemleri, associaciyalar ha'm puqaralardi'n' basqa da birlespeleri ja'miyetlik birlespeler dep tani'ladi'.

Ja'miyetlik birlespeler ag'zalari'ni'n' (qatnasi'wshi'lari'ni'n') i'qti'yarli'li'g'i', ten' huquqli'li'g'i', wo'zin-wo'zi basqari'w, ni'zamli'li'q ha'm ja'riyali'li'q tiykari'nda du'ziledi ha'm ha'reket yetedi.

Barli'q ja'miyetlik birlespeler wo'z ustavlari'nda, basqa da hu'jjetlerde na'zerde tuti'lg'an wazi'ypalardi' wori'nlawda, O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari' Konstituciyalari', O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari' ni'zamlari' sheginde ha'reket yetedi.

Ja'miyetlik birlespeler yen' keminde won puqarani'n' baslamasi' boyi'nsha du'ziledi. Ja'miyetlik birlespeni du'ziw baslamasi'n ko'teriwshiler sho'lkemlestiriw syezdin (konferenciyasi'n) yamasa uluwma ji'ynali'sti' shaqi'radi', wonda Ustav (reje, basqa da tiykarli' akt) qabi'l yetiledi, basshi' uyi'mlar du'ziledi.

Ja'miyetlik birlespeler xi'zmetin huquqi'y ta'rtipke sali'wda 1991-ji'li' 29-iyunda qabi'l yetilgen «Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ja'miyetlik birlespeler haqqi'nda»g'i' Ni'zami' birinshi ma'rtebe Qaraqalpaqstan

Respublikasi'nda ja'miyetlik birlespeler (sho'lkemler) instituti'na huquqi'y tu'sinik beriw menen birge, woni' sho'lkemlestiriw maqseti, xi'zmeti principleri ha'm de huquq ha'm minnetlemeler shen'berin belgilep berdi. Usi' ni'zamg'a ma'mleketimizde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an izbe-iz reformalar tiykari'nda 1995-ji'li' 15-avgustta, 1997-ji'li' 26-iyunda, 2004-ji'li' 9-oktyabrde, 2005-ji'li' 29-avgustta ha'm 2010-ji'li' 22-may ku'ni wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgizildi. Mine, usi'ni'n' tiykari'nda ja'miyetlik birlespelerdin' huquq ha'm minnetlemeleri de ken'eyip barmaqta. Ni'zamg'a muwapi'q wolar wo'zlerinin' ishki sistemasi'n, maqsetin, ali'p bari'w formasi' ha'm usi'llari'n tan'lawda, ja'ne de ustavlari'n qabi'l yetiwde g'a'rezsiz yekenlikleri belgilep qoyi'lg'an.

**55-statya. Konstituciyali'q du'zimdi ku'sh penen wo'zgertiwdi maqset yetip qoyg'an, Respublikani'n' suverenitetine, pu'tinligine ha'm qa'wipsizligine, woni'n' puqaralari'ni'n' konstituciyali'q huquqlari'na ha'm yerkinliklerine qarsi' ha'reket yetetug'i'n, uri'sti', socialli'q, milliy, rasali'q ha'm diniy wo'shpenlilikti na'siyatlaytug'i'n, xali'qti'n' densawli'g'i'na ha'm a'dep-ikramli'li'g'i'na qol qatatug'i'n siyasiy partiyalar, basqa da ja'miyetlik birlespeler, sonday-aq a'skeriylestirilgen birlespeler, milliy ha'm diniy belgileri boyi'nsha siyasiy partiyalar du'ziw ha'm wolardi'n' jumi's islewi qadag'an yetiledi.**

**Asti'rti'n ja'miyetler ha'm birlespeler du'ziw qadag'an yetiledi.**

Ja'miyetlik birlespeler puqarali'q, siyasiy, ekonomikali'q, socialli'q, ma'deniy huquqlardi' ha'm yerkinliklerdi a'melge asi'ri'w, puqaralardi'n' belsendiligin ha'm iskerligin rawajlandi'ri'w, ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik islerdi basqari'wda wolardi' qatnasti'ri'w, ka'siplik ha'm qi'zi'g'i'wshi'li'q ma'plerin qanaatlandi'ri'w, ilimiy, texnikali'q ha'm ko'rkem do'retpeni rawajlandi'ri'w, xali'qti'n' densawli'g'i'n qorg'aw, qayi'rqomli'q jumi'si'na qatnasi'w, ma'deniy-ag'arti'w, fizkultura-salamatli'q ha'm sport jumi'si'n ju'rgiziw, ta'biyatti', tariyx ha'm ma'deniyat yesteliklerin qorg'aw, patriotli'q ha'm adamgershilikli ruwxta ta'rbiyalaw, respublika ha'm xali'q arali'q baylani'slardi' ken'eytiw, xali'qlar arasi'nda dosli'qti' ha'm paraxatshi'li'qti' bekkemlew, ni'zam menen qadag'an yetilmegen basqa da jumi'sti' a'melge asi'ri'w maqsetinde du'ziledi.

«Ja'miyettin' a'dep-ikramli'li'q tiykarlari'n, uluwma adamgershilikli, insani'yli'q qa'diriyatlardi' i'di'rati'wg'a bag'darlang'an, sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi'ni'n', Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyali'q du'zimin ni'zamsi'z jol menen wo'zgertiw yamasa aymag'i'ni'n' pu'tinligin buzi'w, uri'sti', zorli'qti' ha'm jawi'zli'qti' u'git na'siyatlaw, ja'miyettin' i'di'rawi'na ali'p keletug'i'n socialli'q, soni'n' ishinde rasali'q, milliy ha'm diniy wo'shpenlilikti tutandi'ri'w, ni'zam menen qadag'an yetilgen basqa da ji'nayatlardi' islew maqsetine iye ja'miyetlik birlespelerdi du'ziwge jol qoyi'lmaydi'».

**56-statya. Ma'mleket ja'miyetlik birlespelerdin' huquqlari' menen ni'zamli' ma'plerinin' saqlani'wi'n ta'miyinleydi, wolardi'n' ja'miyetlik turmi'sqa qatnasi'wi' ushi'n ten'dey huquq mu'mkinshiliklerin du'zedi.**

**Ma'mleketlik uyi'mlardi'n' ha'm lawazi'mli' adamlardi'n' jumi'si'na ja'miyetlik birlespelerdin' aralasi'wi'na, sonday-aq ja'miyetlik birlespelerdin' jumi'si'na ma'mleketlik uyi'mlardi'n' ha'm lawazi'mli' adamlardi'n' aralasi'wi'na da jol qoyi'lmaydi'.**

Ma'mleket puqaralardi'n' Konstituciya menen bekitilgen huquqlari' ha'm yerkinliklerin ta'miyinleydi. Puqaralardi'n' birlespeler du'ziw huquqi' ma'mleket ta'repinen materialli'q ha'm finans jag'i'nan qollap-quwatlaw ha'm tiyisli sali'q siyasati' arqali' ta'miyinlenedi.

Ma'mleket ha'm woni'n' uyi'mlari' ja'miyetlik birlespelerdin' jumi'si'na aralaspaydi'. Ja'miyetlik birlespeler wo'zinin' ishki du'zilisin, maqsetlerin, jumi's formalari'n ha'm usi'llari'n yerkin belgilep aladi'. Soni'n' menen birge, ma'mleket ja'miyetlik birlespelerdin' jumi'si'n qadag'alaydi', atap aytqanda:

— finans uyi'mlari' ja'miyetlik birlespelerdi qarji'landi'ri'wdi'n' dereklerin ha'm da'ramatlardi' qadag'alaydi',

— usi' sho'lkemlerdin' ni'zamlardi' wori'nlawi'n qadag'alaydi',

— ustavi'ni'n' saqlawi'na baylani'sli' ma'seleler boyi'nsha ja'miyetlik birlespelerdin' ag'zalari'nan tu'sinikler aladi',

— wo'tkerilip ati'rg'an ilajlarg'a qatnasi'w ushi'n ma'mleketlik uyi'mlardi'n' wa'killiklerin jiberedi.

Ja'miyetlik sho'lkemler, wo'z ta'repinen, ma'mleketlik uyi'mlardi'n' jumi'si'na aralaspaydi', yesap beriwdi talap yete almaydi', ma'mleketlik uyi'mlardi'n' jumi'si'n qadag'alay almaydi'.

**57-statya. Ka'siplik awqamlar xi'zmetkerlerdin' socialli'q-ekonomikali'q huquqlari'n ha'm ma'plerin go'zleydi ja'ne qorg'aydi'. Ka'siplik sho'lkemlerge ag'zali'q i'qti'yarli' boladi'.**

Ka'siplik awqamlar — bizin' ja'miyetimizdin' siyasiy sistemasi'ni'n' a'hmiyetli quramali' bo'legi, wolar ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik basqari'wg'a qatnasadi'.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Ka'siplik awqamlar, wolardi'n' huquqlari' ha'm jumi's kepillikleri haqqi'nda»g'i' Ni'zami'na muwapi'q wolar xali'qti'n' ku'ta' ken' qatlamlari'ni'n' g'alaba ja'miyetlik sho'lkemi boli'p tabi'ladi', wolar miynetkesh adamni'n' ekonomikali'q, socialli'q ha'm ma'deniy talaplari'n qorg'aydi'. Ka'siplik awqamlar wo'z jumi'si'nda ma'mleketlik basqari'w, xojali'q uyi'mlari'nan ha'm basqa da sho'lkemlerden yerkin ha'reket yetedi, ni'zam shi'g'ari'w aktleri menen na'zerde tuti'lg'an jag'daylardan basqa wolarg'a yesap bermeydi ha'm wolar ta'repinen qadag'alanbaydi'.

Ka'siplik awqamlar wo'zinin' ustavlari'n wo'z betinshe islep shi'g'adi' ha'm tasti'yi'qlaydi', du'zilisin belgilep aladi', basshi' uyi'mlardi' saylaydi', wo'zinin' jumi'slari'n sho'lkemlestiredi. Ka'siplik awqamlarg'a tiyisli belgisi boyi'nsha puqaralardi'n' huquqlari'n sheklewge bolmaydi'.

Ka'siplik awqamlar ha'm wolardi'n' uyi'mlari' yuridikali'q ta'repler boli'p tabi'ladi'. Wolar wo'zlerinin' ustavlari'na muwapi'q ha'reket yetedi. Ka'siplik awqamlardi'n' jumi'si'na ma'mleket ta'repinen kepillik beriledi.

**58-statya. Siyasiy partiyalar ha'r qi'yli' socialli'q qatlamlardi'n' ha'm toparlardi'n' siyasiy yerkin bildiredi ja'ne wo'zlerinin' demokratiyali'q jol menen saylang'an wa'killeri arqali' ma'mleketlik ha'kimiyatti' du'ziwge qatnasadi'. Siyasiy partiyalar wo'z jumi'si'n qarji' menen ta'miyinlew da'rekleri haqqi'nda belgilengen ta'rtipte Joqarg'i' Ken'eske yamasa wol wa'killik bergen uyi'mg'a ashi'q yesap beriwi sha'rt.**

Bul statya Qaraqalpakstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 12-ha'm 32-statyalari' menen aji'ralmas tu'rde baylani'sqan, bular Qaraqalpaqstanda siyasiy ha'm ideologiyali'q ha'rqi'yli'li'qti' sonday-aq, puqaralardi'n' siyasiy partiyalarg'a birlesiw huquqi'n belgileydi. Siyasiy partiyalar ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' barli'q buwi'nlari'na wo'z wa'killerin usi'ni'wg'a, saylaw aldi' u'git-na'siyat jumi'slari'n ju'rgiziwge haqi'li'.

Siyasiy partiya — bul ja'miyetlik birlespe, woni'n' maqseti siyasiy turmi'sqa ha'm ma'mleketlik ha'kimiyatti' a'melge asi'ri'wg'a qatnasi'wdan ibarat. Siyasiy sistemani'n' a'hmiyetli komponenti siyasiy partiyalar puqaralardi'n' siyasiy yerkin qa'liplestiriwge, saylaw procesine ha'm sho'lkemlestiriwge wo'z ta'sirin jasaydi'.

Siyasiy partiyalar — puqaralardi'n' siyasiy huquqlari'n a'melge asi'ri'wdi'n' ayqi'n ko'rinisi. Siyasiy partiya ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'n qa'liplestiriwde ja'miyet qanday da bir bo'liminin' qa'lewin bildiredi ha'm de ma'mleket ha'm ja'miyet islerin basqari'wda wo'z wa'killeri arqali' qatnasadi'.

Siyasiy turmi'sta tikkeley qatnasi'w arqali' wo'z ma'plerin bildiriwi menen siyasiy partiyalar basqa ja'miyetlik sho'lkemlerden ayi'rmashi'li'qqa iye.

Siyasiy partiyalar wo'zlerinin', da'stu'rleri, ustavlari'na iye ha'm wolar g'alaba mag'luwmat ushi'n ja'riyalanadi'. Siyasiy partiyalar g'alaba mag'luwmat ushi'n wo'zinin' byudjetlerin ha'r ji'li' ja'riyalap turi'wg'a minnetli.

Siyasiy partiyalar haqqi'nda 1996-ji'li' 26-dekabrde qabi'l yetilgen ni'zamda ko'p partiyali'li'qti'n' huquqi'y tiykarlari' haqqi'nda ayti'ladi'.

Ha'zirgi waqi'tta 4 siyasiy partiya ha'reket yetedi.

O'zbekistan Xali'q demokratiyali'q partiyasi' (XDP) 1991-ji'li' 1-noyabrde du'zilgen. O'zbekistan Xali'q demokratiyali'q partiyasi' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ja'miyetlik a'dillik ha'm de socialli'q qollap-quwatlawg'a,

ja'rdemge mu'ta'j puqaralardi' wo'z elektorati' dep biledi ha'm wolardi'n' ma'plerin go'zlep ma'mleket ta'repinen socialli'q bag'darlani'lg'an siyasatti'n' izshil ju'ritiliwine yerisiw ushi'n ha'reket yetedi.

O'zbekistan Liberal-demokratiyali'q partiyasi' (O'zLiDep) 2003-ji'li' 15-noyabrde du'zilgen. O'zbekistan Liberal-demokratiyali'q partiyasi' uluwma milliy siyasiy sho'lkem si'pati'nda mu'lkdarlar qatlami', kishi ha'm worta biznes wa'killeri, isbilermenler, fermer ha'm diyqan xojali'q wa'killeri, do'retiwshiler, ilimpazlar ha'm islep shi'g'ari'wdi'n' joqari' qa'nigeleri ha'm basqari'w xi'zmetkerleri ma'plerin bildiredi ha'm de qorg'aydi'.

Adolat social-demokratiyali'q partiyasi' 1995-ji'li' 18-fevralda du'zilgen.

Partiyani'n' maqseti insan ma'pleri joqari' qa'diriyat yekenligi ha'm O'zbekistan Respublikasi'nda barli'q millet ha'm yelatlardi'n' uluwma ma'pine say keletug'i'n siyasiy, ekonomikali'q ha'm socialli'q ta'repten jetik demokratiyali'q principlerge tiykarlang'an a'dil puqarali'q ja'miyetin quri'wda belsendi tu'rde qatnasi'w boli'p tabi'ladi'. Xali'qti'n' kem ta'miyinlengen qatlamlari'n socialli'q qorg'awg'a ko'meklesedi, socialli'q a'dillik principlerine qatan' a'mel yetip, wolardi'n' ma'plerin, huquqlari'n qorg'aydi'.

Milliy tikleniw demokratiyali'q partiyasi' 1995-ji'li' 3-iyunde du'zilgen. Fidokorlar partiyasi' 1999-ji'li' du'zilgen yedi. 2008-ji'li' 20-iyunde O'zbekistan Fidokorlar milliy demokratiyali'q partiyasi' menen «Milliy tikleniw» demokratiyali'q partiyasi' birlesti ha'm «Milliy tikleniw» demokratiyali'q partiyasi' dep ataldi'. Partiyani'n' maqsetli da'stu'riy wazi'ypalari'ni'n' ma'nisine qaray birdey—milliy tikleniw ha'm watanpa'rwarli'q ideyasi'n ju'zege shi'g'ari'w, milliy u'rp-a'det da'stu'rler ha'm qa'diriyatlari'mi'zdi' qorg'aw, asi'rap-abaylaw ha'm de rawajlandi'ri'w boli'p yesaplanadi'.

**59-statya. Diniy sho'lkemler ha'm birlespeler ma'mleketten aji'rati'lg'an ha'm ni'zam aldi'nda ten'. Ma'mleket diniy birlespelerdin' jumi'si'na aralaspaydi'.**

Bul statya ma'mlekettin' ha'm dinnin' wo'z ara qatnasi'qlari' ushi'n konstituciyali'q huquqi'y tiykar boli'p tabi'ladi'. Dinler ha'm diniy sho'lkemler ma'mleketten aji'rati'lg'an.

Dinnin' ma'mleketten aji'rati'li'w ma'nisi sonnan ibarat, ma'mleket diniy sho'lkemlerge qanday da bir ma'mleketlik wazi'ypalardi' ju'kley almaydi', diniy sho'lkemlerdin' jumi'si'na aralaspaydi' ha'm wolardi' qarji'landi'rmaydi'.

Barli'q diniy sho'lkemlerge ha'm diniy isenimlerge ten' huquqlar belgilenedi ha'm bir dinge yekinshi din u'stinen arti'qmashi'li'q berilmeydi ha'm sheklenbeydi. Diniy sho'lkemler siyasiy partiyalardi'n' jumi'si'na

qatnasa almaydi' ha'm wolarg'a aqshalay ja'rdem bermeydi. Diniy konfessiyalar tiykari'nda partiya du'ziwge, dinnin' ma'mleket turmi'si'na aralasi'wi'na jol qoyi'lmaydi'.

«Du'nyali'q ma'mleket» degen termin ma'mlekette din ha'm diniy sho'lkemlerdin' ma'mleketten izbe-iz bo'linip ati'rg'ani' wonda qanday da bir minnetli din yamasa ateizm joqli'g'i'n an'latadi'. Bunday ma'mlekette diniy qag'i'ydalar ma'mleketlik uyi'mlardi'n' jumi'si'na, ma'mleketlik du'zim sistemasi'na ta'sir tiygize almaydi'.

**60-statya. Ja'miyetlik birlespelerdi tarqati'w, wolardi'n' jumi'si'na ti'yi'm sali'w yamasa sheklew tek sudti'n' sheshimi tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'.**

Ja'miyetlik birlespelerdin' jumi'si'n toqtati'wi' tek g'ana qayta sho'lkemlestiriw yamasa saplasti'ri'w joli' menen wo'zlerinin' syezdlerinin', konferenciyalari'ni'n' yamasa uluwma ji'ynali'si'ni'n' sheshimi boyi'nsha a'melge asi'ri'ladi'.

Ma'mleket ta'repinen ja'miyetlik birlespeler tek sudti'n' sheshimi boyi'nsha saplasti'ri'ladi'.

Ja'miyetlik birlespeler wo'zlerinin' ustavi' menen belgilengen maqsetler ha'm wazi'ypalar ko'leminen shi'g'i'p ketetug'i'n yamasa ni'zamdi' buzatug'i'n ha'reket islegen jag'dayda usi' ja'miyetlik birlespenin' basshi' uyi'mi'na ja'miyetlik birlespenin' ustavi'n dizimge alg'an uyi'm yamasa prokuror, yeger usi' ha'reketler bir ji'l ishinde ta'kirarlani'p islense, wonda jazba yeskertiw beriledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ja'miyetlik birlespelerin saplasti'ri'wdi' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' a'melge asi'radi'. Xali'q arali'q ja'miyetlik birlespeni, woni'n' bo'limin, filiali'n saplasti'ri'w O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ni'zamshi'li'g'i'na muwapi'q a'melge asi'ri'ladi'.

A'skeriylestirilgen birlespeleri ha'm a'skeriylestirilgen du'zilisleri bar ja'miyetlik sho'lkemlerge, diniy si'pattag'i' partiyalarg'a, wolardi'n' filiallari'na ha'm ja'miyiettin' a'dep-ikramli'q tiykarlari'n buzi'wg'a bag'darlang'an basqa da strukturali'q bo'limshelerge ti'yi'm sali'nadi'.

## *XIV bap*

## SHAN'ARAQ

**61-statya. Shan'araq ja'miyettin' tiykarg'i' buwi'ni' boli'p tabi'ladi' ha'm ja'miyet ja'ne ma'mleket ta'repinen qorg'ali'w huquqi'na iye.**

**Neke ta'replerdin' yerkin kelisimine ha'm ten' huquqli'g'i'na tiykarlang'an.**

Shan'araq ja'miyettin' yen' bir a'hmiyetli tirenishi boli'p yesaplanadi'. Bizin' xalqi'mi'zdi'n' shan'arag'i' ushi'n ko'p balali'q ta'n, sonli'qtan

xali'qti'n' tiykarg'i' bo'legin balalar ha'm jaslar quraytug'i'n bolg'anli'qtan wol yelimizdin' demografiyali'q wo'zgesheligin quraydi'. Shan'araqti'n' ja'miyet qorg'awi' asti'nda turg'anli'g'i' wog'an ja'miyetlik sho'lkemler ha'm fondlar ta'repinen materialli'q ha'm moralli'q ja'rdem ko'rsetilip ati'rg'anli'g'i'n an'latadi'. Shan'araqti' ha'r ta'repleme qollap-quwatlaw da insani'y demokratiyali'q ma'mlekettin' ku'ta' a'hmiyetli wazi'ypalari'ni'n' biri boli'p tabi'ladi'. Respublikada «Shan'araq» ha'm «Ana ha'm bala» degen arnawli' ma'mleketlik bag'darlamalar a'melge asi'ri'li'p ati'r. Kem ta'miyinlengen shan'araqlarg'a, jeke basli' analarg'a, balalarg'a adresli ja'rdem ko'rsetilmekte. Ku'shli socialli'q siyasat bizin' ma'mleketimizdin' reformalasti'ri'w principlerinin' biri.

Yer menen hayaldi'n' awqami' — turmi's penen belgilengen ta'biyiy process. Neke du'ziwdin' i'qti'yarli'li'g'i', ta'replerdin' ten'ligi bul nekege qoyi'latug'i'n ni'zamni'n yen' a'hmiyetli talabi'.

Ta'replerdin' nekede ten' huquqli'li'g'i' ha'm i'qti'yarli' kelisimliligi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'nda 44-statyada ja'riyalang'an hayal-qi'zlar ha'm yer adamlardi'n' ten'ligi principi menen ti'g'i'z baylani'sqan.

**62-statya. Ata-analar balalari'n yerjetiwge deyin saqlawg'a, ta'rbiyalaw-g'a minnetli.**

**Ma'mleket ha'm ja'miyet jetim balalardi'n' ha'm ata-analardi'n' qa'wenderliginen ayi'ri'lg'an balalardi'n' saqlani'wi'n, ta'rbiyalani'wi'n ha'm wolardi'n' bilim ali'wi'n ta'miyinleydi, wolar jo'ninde qayi'rqomli'q jumi'slari'n xoshametleydi.**

Bul statya balalardi'n' huquqlari'n qorg'awg'a bag'darlang'an. Sonday-aq, ata-analardi'n' wo'z balalari'n yerjetkenshe bag'i'p saqlawg'a ha'm ta'rbiyalawg'a minnetli yekenligin an'latadi'. Ma'mleket jetim balalardi' ha'm ata-anasi'ni'n' qa'wenderliginen ayi'ri'lg'an balalardi' saqlaw ha'm ta'rbiyalaw, sonday-aq, bilim beriwdi wo'z wazi'ypasi' dep ta'n aladi'.

Insan huquqlari' du'nya ju'zilik deklaraciyasi'ni'n' 16-statyasi'ni'n' 3-puktine muwapi'q: Shan'araq ja'miyettin' ta'biyiy ha'm tiykarg'i' bo'legi boli'p yesaplanadi'. Sonday-aq, shan'araq ja'miyet ha'm ma'mleket ta'repinen qorg'ali'w huquqi'na iye[1] — delingen. Usi' xali'q arali'q norma bizin' milliy ni'zamshi'li'g'i'mi'zda da wo'z ko'rinisin tapqan.

O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstanda ha'rbir shan'araq ha'rbir insanni'n' turmi's abadanli'g'i', puqarali'q tati'wli'qqa tiykarlani'p is ali'p bari'lmaqta. Prezident I.A.Karimov bul boyi'nsha wazi'ypalar haqqi'nda ayti'p; «Yen' a'wele shan'araq wo'mirdin' abadanshi'li'g'i'n, a'wladlardi'n' dawamli'li'g'i'n ta'miyinleytug'i'n, muqaddes u'rp-a'detlerimizdi

---

[1] G.Yuldasheva, A.B.Gulimov. Insan huquqlari' du'nya ju'zilik deklaraciyasi'natu'sindirme.T.: TMYUI.,53-b.

saqlaytug'i'n, soni'n' menen birge, keleshek a'wladlari'mi'z qanday insan boli'p jetilisiwine tikkeley ta'rbiya ko'rsetetug'i'n ta'rbiya woshag'i' yekenin ta'n ali'wi'mi'z da'rkar»,[1] — degen yedi. Haqi'yqati'nda da, insan shan'araqta du'nyag'a keledi, ka'mal tabadi', shan'araq bekkem, ti'ni'sh bolsa, ja'miyet rawajlanadi', perzentler ha'r ta'repleme ka'mal tabi'wi'na imkaniyat jarati'ladi'.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Shan'araq Kodeksi ata-analardi'n' balalari'n saqlaw ha'm ta'rbiyalaw boyi'nsha huquqlari'n ha'm minnetlerin toli'q retlestirip ko'rsetken. Ata da, ana da ten' huquqlarg'a iye ha'm wo'z balalari' jo'ninde ten'dey minnetlerge iye. Ata-analar, sonday-aq, ja'rdemge mu'ta'j, miynetke jaramsi'z yerjetken balalari'n da saqlawg'a minnetli.

Shan'araq ni'zamshi'li'g'i'nda, sonday-aq, bala asi'rap ali'w, qa'wenderlik yetiw ma'seleleri toli'q bayan yetilgen. Son'g'i' ji'llarda ata-anasi'ni'n' qa'wenderliginen ayi'ri'lg'an balalardi' basqa shan'araqlarg'a beriw ken'nen qollani'li'p ati'r. Bul xalqi'mi'zdi'n' da'stu'rlerine ha'm insani'yli'q qa'diriyatlarg'a say keledi.

**63-statya. Balalar ata-analari'ni'n' shi'g'i'si'na ha'm puqarali'q halati'na qaramastan ni'zam aldi'nda ten'.**

**Anali'q ha'm balali'q ma'mleket ta'repinen qorg'aladi'.**

Balalardi'n' shi'g'i'si' ha'm puqarali'q halati' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Shan'araq Kodeksi, sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Puqarali'q haqqi'nda»g'i' Ni'zami' menen retlestiriledi.

Ana menen bala arasi'ndag'i' huquqi'y qatnasi'qlar ata-analari'ni'n' nekede turg'anli'g'i'na yaki turmag'anli'g'i'na qaramastan balani'n' tuwi'li'w faktine tiykarlanadi'.

Balani'n' a'keligi ni'zamshi'li'q penen belgilengen jag'daylar menen tasti'yi'qlanadi'.

PXAJ bergen gu'wali'q haqi'yqi'y ata-analardan tuwi'lg'anli'g'i'n tasti'yi'qlaytug'i'n hu'jjet boli'p tabi'ladi'. Balalar shi'g'i'si'na ha'm ata-analari'ni'n' puqarali'q halati'na qaramastan ni'zam aldi'nda ten'.

Respublikada anali'qti' ha'm balali'qti' qorg'awg'a wog'ada u'lken di'qqat bo'linip ati'r. Shan'araqti'n' ma'mleket qorg'awi'nda yekenligi ma'mleketimiz Prezidentinin' qatar pa'rmanlari'nda wo'z sa'wleleniwin tapqan. Prezidenttin' bul tarawdag'i' birinshi pa'rmani' 1990-ji'li' 3-mayda qabi'l yetilgen boli'p, wol «Ko'p balali' analarg'a napaqa mug'dari'n ko'beyttiriw haqqi'nda» dep atalg'an. 1994-ji'ldi'n' 23-avgusti'nda O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' «Kem ta'miyinlengen shan'araqlardi' socialli'q qorg'awdi' ku'sheyttiriwge baylani'sli' ilajlar

[1] K a r i m o v I. A. O'zbekiston: milliy istiqlol, iqtisod, siyosat, mafkura. — T.: «O'zbekiston», 1993 yil, 14-bet.

haqqi'nda»g'i' Parmani'[1] qabi'l yetildi. Usi'g'an muwapi'q, kem ta'miyinlengen shan'araqlarg'a ha'r ayda materialli'q ja'rdem tayi'nlaw ha'm woni'n' mug'dari'n belgilew haqqi'ndag'i' sheshim puqaralar ji'yi'nlari', ji'yi'n wo'tkeriw imkaniyati' bolmag'anda wa'killer ji'yi'ni' ta'repinen qabi'l yetiletug'i'n boldi'.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2008-ji'li' 1-mayda qabi'l yetilgen «Insan huquqlari'ni'n' du'nya ju'zilik deklaraciyasi' qabi'l yetilgeninin' 60 ji'lli'g'i'na bag'i'shlang'an ilajlar bag'darlamasi' haqqi'nda»g'i' Pa'rmani'nda atap ko'rsetilgenindey, «bazar reformalari'n izbe-iz a'melge asi'ri'w, iri ma'mleketlik socialli'q bag'darlamalardi', soni'n' ishinde «Salamat a'wlad», «Ana ha'm bala», «Salamatli'q ji'li'», «Socialli'q qorg'aw ji'li'», «Jaslar ji'li'», «Bekkem shan'araq ji'li'», «Abat turmi's ji'li'», «Salamat bala ji'li'» ha'm basqa da bag'darlamalardi' turmi'sqa asi'ri'w arqali' yelimizde insanni'n', ba'rinen buri'n, balalardi'n', hayal-qi'zlardi'n', jaslardi'n' socialli'q, ekonomikali'q huquqlari'n bari'nsha toli'q qorg'awdi' ta'miyinlew, wolardi'n' ha'r ta'repleme ba'rkamal rawajlani'wi' ushi'n barli'q za'ru'rli sharayatlar jarati'ldi'.

Ana ha'm bala salamatli'g'i'n qorg'aw, ha'r ta'repleme salamat a'wladti' kamalg'a keltiriw ma'selesi ma'mleketimiz siyasati'ni'n' a'hmiyetli wazi'ypalari'nan biri yetip belgilengen. Wo'mir dawam yetiwinin' tiykari' bolg'an hayaldi', na'silimizdin' dawam yetiwshisi bolg'an perzentlerimizdin' salamatli'g'i'n saqlaw — bul milletti, xali'qti' saqlaw degen so'z. A'melge asi'ri'li'p ati'rg'an izbe-iz reformalar bari'si'nda bul bag'dardag'i' jaqsi' da'stu'r ha'm u'rp-a'detlerimiz jan'asha ma'nis ha'm mazmun menen bayi'p barmaqta.

**64-statya. Yerjetken, miynetke jaramli' balalar wo'zlerinin' ata-analari'na g'amxorli'q ko'rsetiwge minnetli.**

Ata-analar haqqi'nda g'amxorli'q barli'q waqi'tta balalardi'n' a'dep-ikramli'q minneti boli'p tabi'ladi'. Jan'a Konstituciya woni' konstituciyali'q minnet dep bekitti. Balalar ata-analari' qartayg'an shag'i'nda, kesellengende ata-analari'na ja'rdemlesiwi, wolardi'n' barli'q itiyajlari'n qanaatlandi'ri'wi' tiyis. Yerjetken balalardi'n' ata-analari' haqqi'nda g'amxorli'g'i' alimentlik minnetlemesinin' boli'w-bolmawi'na qaramastan a'melge asi'ri'ladi'. Yeger balalar wo'zlerinin' miynetke jaramsi'z ata-analari'na g'amxorli'q ko'rsetpese, wonda ata-analar aliment wo'ndiriw haqqi'nda sudqa arza beriwge haqi'li'.

---

[1] Onalik va bolalikni himoya qilish masalalari bo'yicha qonun hujjatlari to'plami. T.: 2004 yil,108-b.

# *XV bap*

## G’ALABA XABAR QURALLARI’

**65-statya. G’alaba xabar qurallari’ yerkin ha’m ni’zamg’a muwapi’q ha’reket yetedi. Wolar ma’limlemenin’ duri’sli’g’i’ ushi’n belgilengen ta’rtipte juwap beredi.**

**Cenzurag’a jol qoyi’lmaydi’.**

Ma’limlemeni yerkin izlestirmesten ha’m almastan turi’p, yerkin demokratiyali’q baspaso’z bolmastan yerkin demokratiyali’q ja’miyettin’ boli’wi’ mu’mkin yemes. Joqari’da atap wo’tilgen g’alaba xabar qurallari’na baylani’sli’ konstituciyali’q normalar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ «G’alaba xabar qurallari’ haqqi’nda» ni’zami’nda ko’rsetilgen. Bul ni’zam 1992-ji’ldi’n’ 9-yanvari’nda qabi’llandi’[1].

Son’ 2007-ji’li’ bul ni’zam, yag’ni’y «G’alaba xabar qurallari’ haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’ (jan’a redakciyada) qabi’l yetildi[2]. Bul ni’zamni’n’ qabi’l yetiliwine sebep XXI a’sir ja’miyet turmi’si’na ma’limleme a’siri si’pati’nda kirip keldi. Zamanago’y ma’limleme ha’m baylani’s texnologiyalari’ni’n’ turmi’si’mi’zdi’n’ barli’q tarawlari’nda ken’ qollani’li’wi’ ma’limlemeni ja’miyettin’ rawajlani’wi’na ta’sir wo’tkiziwshiler tu’rlerinin’ birine aylandi’ri’ldi’. Bunday jag’dayda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ xi’zmetinde payda bolatug’i’n ja’miyetlik qatnasi’qlardi’ ta’rtipke sali’wshi’ ni’zamshi’li’q sistemasi’n ja’ne de jetilistiriw za’ru’rligi payda boldi’.

Ma’mleketimizde wo’tken ji’llar dawami’nda g’alaba xabar qurallari’ni’n’ rawajlani’wi’n ta’miyinleytug’i’n, demokratiyali’q talaplarg’a ha’m standartlarg’a tuwri’ keletug’i’n bekkem ni’zamshi’li’q bazasi’ payda boldi’. Usi’ da’wirde g’alaba xabar qurallari’n yerkin ha’m tez rawajlandi’ri’wg’a, ma’limleme tarawi’ni’n’ sapali’ xi’zmet ko’rsetiwin ta’miyinlewge qarati’lg’an birneshe ni’zam hu’jjetleri qabi’l yetildi. Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda jan’a redakciyada G’alaba xabar qurallari’ni’n’ derekleri bolg’an ni’zamlar qabi’l yetildi, wolar: «G’alaba xabar qurallari’ haqqi’nda»g’i’, «Pochta baylani’si’ haqqi’nda»g’i’, «Jurnalistika xi’zmetin qorg’aw haqqi’nda»g’i’, «Telekommunikaciyalar haqqi’nda»g’i’, «Ma’limleme yerkinligi principleri ha’m kepillikleri haqqi’nda» g’i’, «Ma’limlestiriw haqqi’nda»g’i’, «Jurnalistika xi’zmetin qorg’aw haqqi’nda», «Avtorli’q huquqi’ ha’m tu’rles huquqlar haqqi’nda»[3]g’i’, «Reklama haqqi’nda»g’i’ h.t.b. ni’zamlar qabi’l yetilgen.

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zamlar ji’ynag’i’, 6-kitap. N.: «Qaraqalpaqstan», 1992-j 78-b.

[2] Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ «Xabarnamasi’», №5, 2007-ji’l, 141-b.

[3] Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ «Xabarnamasi’» №5, 2007-ji’l, 141-b., 2010-ji’l, №1, 74-84-b., №5, 2007-ji’l, 45-b.

Konstituciya g'alaba xabar qurallari'ni'n' yerkinlik principlerin ja'riyalay woti'ri'p, huquqi'y talaplardi' buzg'ani', ma'limlemenin' naduri'sli'g'i' ushi'n yuridikali'q juwapkershilikti belgileydi.

## T O ' R T I N S H I   T A R A W

## HA'KIMSHILIK-AYMAQLI'Q DU'ZILIS

## *XVI bap*

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' HA'KIMSHILIK-AYMAQLI'Q DU'ZILISI

**66-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' — rayonlardan, qalalardan, posyolkalardan, awi'llardan ibarat.**

Ma'mlekettin' ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilisi ma'mleket penen bolg'an ishki bo'limleri wortasi'nda payda bolatug'i'n socialli'q qatnasi'qlardi' ha'm de usi' bo'limler ha'rbirinin' huquqi'y statusi'na tiyisli ma'selelerdi qamti'p aladi'. Ha'rbir suveren ma'mlekettin' jer ken'liklerin ha'kimshilik-aymaqli'q ta'repinen ma'lim bir bo'limlerge aji'rati'p ali'w ju'da' u'lken siyasiy, socialli'q, ekonomikali'q, ruwxiy ha'm de huquqi'y a'hmiyetke iye boladi'. Ha'rbir ma'mlekettin' maydani', xali'qti'n' sani', milliy-etnikali'q qurami', siyasiy, socialli'q ha'm ekonomikali'q rawajlani'wi' si'yaqli' faktorlarg'a ko're woni'n' jerinin' ken'likleri belgili bir bo'limlerge aji'rati'ladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' XVI babi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'kimiyati'ni'n' — aymaqli'q jaqtan bo'liniwinin' tiykarg'i' buwi'nlari' ko'rsetilgen. Bularg'a rayonlar, qalalar, awi'l ha'm yelatlar kiredi.

Rayon bul sistemada tiykarg'i' buwi'n boli'p tabi'ladi'. Wolar ma'mleketlik, xojali'q socialli'q-ma'deniy quri'li'sqa basshi'li'q yetiwdin' woraylari'.

Qala — bul siyasat, ma'deniyat ha'm ilim worayi'. Wolar xali'qti'n' sani', ekonomikali'q ha'm sanaatli'q potenciali' boyi'nsha respublikali'q bag'i'ni'wdag'i' ha'm rayonli'q bag'i'ni'wdag'i' qalalarg'a bo'linedi. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' paytaxti'n belgilew ha'm ko'shiriw O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisinin' kelisimi menen Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

Qalalardi' respublikali'q bag'i'ni'wdag'i' qalalar kategoriyasi'na kirgiziw, wolardi' qayta du'ziw boyi'nsha Ministrler Ken'esinin' usi'ni'si' Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'. «Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilis, toponimikali'q obyektlerge atamalar beriw ha'm wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zgertiw ma'selelerin sheshiw ta'rtibi haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zamni'n' 9-statyasi'na muwapi'q, rayonli'q bag'i'ni'wdag'i' qalalardi'n' kategoriyasi'na, a'dette, xalqi'ni'n' sani' jeti mi'n' adamnan kem

bolmag'an, sanaat ka'rxanalari'na ha'm rawajlang'an infrastrukturag'a iye qalali'q posyolkalar, yelatli' punktler kirgiziliwi mu'mkin. Usi' joqari'da ko'rsetilgen Ni'zamni'n' 1-statyasi'na muwapi'q qalali'q posyolkalar kategoriyasi'na, a'dette, xalqi'ni'n' sani' keminde yeki mi'n' adam bolg'an sanaat ka'rxanalari', quri'li'slar, temir jol stanciyalari' ha'm basqa da a'hmiyetli obyektler jani'nda jaylasqan yelatli' punktler kirgiziliwi mu'mkin. Yelatli' punktlerdi qalali'q posyolkalar kategoriyasi'na kirgiziw tiyisli rayonlar ha'kimlerinin' wo'tinishleri tiykari'nda Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'[1] — dep ko'rsetilgen.

Rayonlarg'a, qalalarg'a atamalar beriw ha'm wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zlestiriw rayonlar, qalalar ha'kimlerinin' usi'ni'si'na muwapi'q Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'. Posyolkalarg'a, awi'llarg'a, yelatli' punktlerge atamalar beriw ha'm wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zlestiriw tiyisli rayonlar ha'kimlerinin' usi'ni'si' menen Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

Ma'kan jaylarg'a, ko'shelerge, maydanlarg'a, skverlerge, bag'larg'a, yelatli' punktlerdin' basqa da quram bo'leklerine atamalar beriw ha'm wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zlestiriw puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari'ni'n' usi'ni'si'na muwapi'q xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli rayonli'q, qalali'q Ken'esi ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

**67-statya. Rayonlardi' ha'm qalalardi' du'ziw ha'm saplasti'ri'w, sonday-aq wolardi'n' shegaralari'n wo'zgertiw Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.**

«Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilis, toponimikali'q obyektlerge atamalar beriw ha'm wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zgertiw ma'selelerin sheshiw ta'rtibi haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' rayonlardi', qalalardi', qalali'q posyolkalardi', awi'llardi' du'ziw, tarqati'w, wolardi'n' shegaralari'n wo'zgertiw, ha'kimshilik woraylari'n ko'shiriw, yelatli' punktlerdi qalalar, qalali'q posyolkalar kategoriyasi'na kirgiziw, ha'kimshilik-aymaqli'q birliklerge, yelatli' punktlerge ha'm wolardi'n' quram bo'leklerine, sonday-aq ka'rxanalarg'a, ma'kemelerge, sho'lkemlerge, fizikali'q-geografiyali'q, geologiyali'q ha'm basqa da obyektlerge atamalar beriw, wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zgertiw ta'rtibin belgilep beredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' shegarasi' tek woni'n' kelisimi menen Joqarg'i' Ken'estin' sheshimi tiykari'nda Oliy Majlis ta'repinen wo'zgertiliwi mu'mkin. Rayonlardi'n' shegaralari'n wo'zgertiw tiyisli rayonlar ha'kimlerinin' usi'ni'si' tiykari'nda Ministrler Ken'esinin' usi'ni'si' boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'. Al,

---

[1] «Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilis, toponimikali'q obyektlerge atamalar beriw ha'm wolardi'n' atamalari'n qayta wo'zgertiw ma'selelerin sheshiw ta'rtibi haqqi'nda»g'i' Ni'zam. 1996-ji'l 14-dekabr.

awi'llardi'n' shegaralari'n wo'zgertiw, yelatli' punktlerdi biriktiriw tiyisli rayonlar ha'kimlerinin' usi'ni'si' tiykari'nda Joqarg'i' Ken'es ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilisi ma'selelerin wo'zinshe sheshedi, ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari'ni'n' sistemasi'n belgileydi, O'zbekistan Respublikasi' siyasati'na u'ylesimli siyasatti' ju'rgizedi. Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'na ha'm shegarasi'na qol qati'lmaydi', wo'zgertiliwi ha'm bo'liniwi mu'mkin yemes.

# BESINSHI TARAW

# MA'MLEKETLIK HA'KIMIYATTI' SHO'LKEMLESTIRIW

## *XVII bap*

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' JOQARG'I' KEN'ESI

**68-statya. Ni'zam shi'g'ari'w ha'kimiyati'n a'melge asi'ratug'i'n Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi joqari' ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mi' boli'p tabi'ladi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' ma'mleketlik suverenitetin qolg'a kiritip, jan'adan Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'n qabi'l yetip, wonda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi sho'lkemlestiriliwine huquqi'y tiykarlar jaratti'.

1993-ji'lg'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n 11-statyasi'nda ha'kimiyatlar bo'liniw principi ko'rsetilgen boli'p, wonda ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud ha'kimiyatlari'ni'n' wo'z ara qatnasi'ni'n' huquqi'y tiykarlari' jari'ti'lg'an. Respublika Konstituciyasi' ha'm «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi haqqi'nda»g'i' Ni'zamg'a muwapi'q Joqarg'i' Ken'es joqarg'i' wa'killik uyi'mi' boli'p ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'kimiyatti' atqaradi' ha'm woni'n' qurami' 86 deputattan ibarat boli'p wolar ko'p partiyali'q tiykarda aymaqli'q saylaw okruglerinen saylanadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi aldi'ng'i' joqarg'i' wa'killik uyi'mnan u'lken ayi'rmashi'li'qqa iye. Qaraqalpaqstan ASSRni'n' 1978-ji'lg'i' Konstituciyasi' boyi'nsha Joqargi' Sovet ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm qadag'alaw funkciyalari'n wo'z jumi'si'nda ja'mlep, respublika wa'killigine kiretug'i'n barli'q ma'selelerin ko'rip shi'g'i'wg'a huquqli' yedi. Al, Joqarg'i' Ken'es ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' a'hmiyetli uyi'mi' bola turi'p, ha'kimiyatlar bo'liniw principin buzi'p, basqa ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' islerine aralasalpaydi'.[1] Soni'n' menen birge, bul

---

[1] Ниетулаев С.Д. Государственное строительство в Республике Каракалпакстан.– Нукус,Каракалпакстан: 1993.74 б.

woni'n' siyasiy sistemadag'i' rolinin' kemsitiliwine ali'p kelmeydi. Joqarg'i' Ken'es respublika xalqi'ni'n' ati'nan is ko'redi ha'm uluwma xali'qli'q, tuwri'dan-tuwri', tikkeley saylawlar tiykari'nda sho'lkemlestiriledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'nda Joqarg'i' Ken'estin' tiykarg'i' funkciyasi' ni'zam shi'g'ari'w dep belgilengen. Wonnan basqa heshbir uyi'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda ni'zam shi'g'ari'w huqi'qi'na iye yemes. Ni'zamlar joqari' ku'shke iye boli'p, pu'tkil respublika aymag'i'nda ha'reket yetedi.

Konstituciyada Joqarg'i' Ken'eske birqansha wa'killikler berilgen boli'p, soni'n' arasi'nda woni'n' qadag'alaw funkciyasi', yag'ni'y hu'kimettin' Joqarg'i' Ken'es aldi'ndag'i' juwapkershiligi, ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'n sho'lkemlestiriwine qatnasi'wi', ma'mleketlik byudjettin' wori'nlani'wi' u'stinen qadag'alaw ju'rgiziw h.t.b. Joqarg'i' Ken'estin' qadag'alaw funkciyasi' haqqi'nda so'z yetilgende, sog'an itibar beriw kerek, qadag'alawdi' tek Joqarg'i' Ken'estin' wo'zi a'melge asi'radi', woni'n' jeke deputatlari' yemes.[1] Konstituciya ha'rbir deputatqa basqa ma'mleketlik uyi'mlari'ni'n' iskerligi u'stinen qadag'alaw ju'rgiziw huquqi'n bermeydi.

Respublika Joqarg'i' Ken'esi wo'zinin' iskerligin kollektivlik ha'm kollegialli'q, ni'zamli'li'q, ja'riyali'li'q, ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' joqarg'i' wa'killikli uyi'mi'ni'n' jumi'si'na puqaralardi'n' ken' qatnasi'n ta'miyinlew si'yaqli' principler tiykari'nda sho'lkemlestiredi.

**69-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi — aymaqli'q saylaw okruglerinen ko'p partiyali'q tiykari'nda 5 ji'lli'q mu'ddetke saylanatug'i'n 65 deputattan ibarat.**

**Saylaw ku'nine 25 jasqa tolg'an O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylani'w huquqi'na iye.**

**Deputatli'qqa kandidatlarg'a qoyi'latug'i'n talaplar ni'zam menen belgilenedi.**

Puqaralardi'n' saylaw ha'm ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'na saylani'w konstituciyali'q huquqi' wolarg'a tek g'ana Joqarg'i' Ken'esti saylawg'a qatnasi'wi'n yemes, al wolardi'n' Joqarg'i' Ken'es deputati' retinde saylani'p, tikkeley ma'mleketlik ha'kimiyatti' a'melge asi'ri'w imkaniyati'n beredi.

2014-ji'li' 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won besinshi sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q, usi' statyag'a wo'zgerisler kirgizildi. Wog'an muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi 65 deputattan ibarat yekenligi belgilendi. Yag'ni'y, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi g'alaba saylaw huquqi'

---

[1] Туманов В.А. Конституция Российской Федерации. Комментарий. — М.: Юридическая литература, 1994, 436-437б.

tiykari'nda 5 ji'l mu'ddetke saylanadi'. Joqarg'i' Ken'es bir mandatli'q saylaw okruglerinen ko'p partiyali'q tiykari'nda saylanatug'i'n 65 deputattan ibarat.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputati' boli'p saylani'w ushi'n talabanlar Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarasi' boli'wi' kerek ha'm saylaw ku'nine deyin 25 jasqa toli'wi' kerek.

— Qastan ji'nayat ushi'n buri'n sudlang'an puqaralar;

— saylaw tayi'nlang'an ku'nge deyin song'i' bes ji'l dawami'nda O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nda turaqli' jasamag'an puqaralar;

—O'zbekistan Respublikasi' Quralli' Ku'shlerinin' a'skeriy xi'zmetkerleri;

—Milliy qa'wipsizlik xi'zmeti.

Ishki isler ministrligi ha'm basqa a'skeriylestirilgen bo'limlerdin' xi'zmetkerleri;

— diniy sho'lkemler ha'm birlespelerdin' maman qa'nigeli xi'zmetkerleri deputatli'qqa talaban yetip dizimge ali'nbaydi' («Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda» g'i' Ni'zami'ni'n' 25 st.).

**70-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' ayri'qsha wa'killiklerine to'mendegiler tiyisli:**

**1) Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'n qabi'l yetiw, wog'an wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw;**

**2) Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'n qabi'l yetiw, wolarg'a wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'na tu'sinik beriw;**

**3) ekonomikali'q ha'm socialli'q rawajlani'wdi'n' ma'mleketlik strategiyali'q bag'darlamalari'n qabi'l yetiw;**

**4) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' ha'm woni'n' wori'nbasari'n saylaw;**

**5) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi'n du'ziw;**

**6) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'wi' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;**

**7) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' ag'zalari'n lawazi'mi'na tayi'nlaw ha'm bosati'w, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ministrliklerin, ma'mleketlik komitetlerin ha'm basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'n du'ziw ha'm saplasti'ri'w;**

**8) Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyali'q baqlaw komitetin, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudi'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isleri boyi'nsha**

**Joqarg'i' sudi'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q sudi'n saylaw;**

**9) puqarali'q ha'm ji'nayat isleri boyi'nsha rayonlar arali'q, rayonli'q, qalali'q sudlari'ni'n' sudyalari'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;**

**10) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' usi'ni'si' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' kelisimi menen, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;**

**11) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ta'biyatti' qorg'aw boyi'nsha ma'mleketlik komitetinin' basli'g'i'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;**

**12) xali'q deputatlari' jergilikli Ken'eslerinin' sheshimlerin toqtati'p qoyi'w ha'm biykarlaw;**

**13) ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilis ma'selelerin ni'zamlar menen retlestiriw;**

**14) respublikali'q ha'm jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' sistemasi'n ha'm wa'killiklerin belgilew;**

**15) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' usi'ni'si' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik byudjetin tasti'yi'qlaw ha'm woni'n' wori'nlani'wi' boyi'nsha yesaplari'n tasti'yi'qlaw;**

**16) Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'n ha'm hu'rmetli ataqlari'n sho'lkemlestiriw;**

**17) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine ha'm jergilikli wa'killikli uyi'mlarg'a saylawlar belgilew. Worayli'q saylaw komissiyasi'n du'ziw;**

**18) O'zbekistan Respublikasi'ni'n' joqari' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' aktlerinin' O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'na muwapi'qli'g'i' haqqi'nda O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyali'q sudi'na usi'ni'slar beriw;**

**19) parlament qadag'alawi'n ha'm usi' Konstituciyada na'zerde tuti'lg'an basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'ri'w.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' jumi'si'nda ni'zamli'li'qti' ta'miyinlew talaplari'ni'n' biri tiyisli wa'killiklerdi, yag'ni'y woni'n' islewi za'ru'r bolg'an bir qatar ma'selelerdi belgilew. Usi'nday ma'seleler Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'ni'n' 70-statyasi'nda belgilengen.

Joqarg'i' Ken'es jumi'si'ni'n' mazmuni' ha'm bag'dari' woni'n' minnetlerinde a'dewir toli'q ko'rinedi. Joqarg'i' Ken'es wo'zinin' jumi'si'n birneshe bag'dar boyi'nsha ali'p baradi'. Birinshiden, ni'zam shi'g'ari'w ha'm basqa da ni'zam do'retiwshilik jumi'si'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Konstituciya ha'm ni'zamlardi' qabi'llaydi', wolarg'a wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizedi. Soni'n' menen bir qatarda, Joqarg'i' ni'zam shi'g'ari'wshi' uyi'm si'pati'nda ni'zamlarg'a tu'sinik beredi. (p.1.2). Yekinshiden, qadag'alaw ha'm baylani'sti'ri'w jumi'si'n ali'p baradi'. Bul jumi'sti'n' bari'si'nda Joqarg'i' Ken'es wo'zine yesap

beretug'i'n ha'm jumi'si'n sho'lkemlestiretug'i'n uyi'mlardi' du'zedi: Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'n saylaydi', Prezidium, komitetler ha'm komissiyalardi' du'zedi.

Joqarg'i' Ken'estin' wa'killiklerine ja'ne to'mendegiler tiyisli:

1) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'wi' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;

2) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' ag'zalari' lawazi'mi'na tayi'nlaw ha'm bosati'w, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ministrliklerin, ma'mleketlik komitetlerin ha'm basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'n du'ziw ha'm saplasti'ri'w;

3) Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyali'q baqlaw komitetin, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ji'nayat ha'm puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudlari'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q Sudi'n saylaw;

4) puqarali'q ha'm ji'nayat isleri boyi'nsha rayonlar arali'q, rayonli'q, qalali'q sudlari'ni'n' sudyalari'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;

5) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' usi'ni'si' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' kelisimi menen, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w;

6) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ta'biyatti' qorg'aw boyi'nsha ma'mleketlik komitetinin' basli'g'i'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w.

Joqarg'i' Ken'es jergilikli ken'eslerdin' jumi'slari'n baylani'sti'radi', wolardi'n' sheshimlerin toqtati'p qoyadi' ha'm biykarlaydi'.

Ha'kimshilik-aymaqli'q ma'seleleri ni'zam menen ta'rtiplestiriledi. Joqarg'i' Ken'estin' bul wa'killigi ayri'qsha wa'killikler qatari'na kiredi.

Joqarg'i' Ken'estin' ayi'ri'm wa'killikleri saylawlar wo'tkeriw menen baylani'sli'. Usi' statyani'n' 17-punktine muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine ha'm jergilikli wa'killikli uyi'mlarg'a saylawlar belgilew, Worayli'q saylaw komissiyasi'n du'ziw Joqarg'i' Ken'estin' wa'killigine kiredi. Won segizinshi punktte bekitilgen Joqarg'i' Ken'estin' wa'killikleri ayri'qsha a'hmiyetke iye. Wonda Joqarg'i' Ken'estin' O'zbekistan Respublikasi' joqarg'i' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' aktlerinin' O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'na muwapi'qli'g'i' haqqi'nda O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyali'q Sudi'na usi'ni'slar beriw huquqi' bekitilgen. Bul huquq tek Qaraqalpaqstan Respublikasi' ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' joqarg'i' wa'killik uyi'mi'na berilgen.

**71-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' jumi'si' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'nda ha'm Joqarg'i' Ken'esinin' Reglamentinde belgilengen ta'rtipte a'melge asi'ri'ladi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' tiykari'nda Joqarg'i' Ken'estin' jumi'si'n sho'lkemlestiriwine arnalg'an arnawli' ni'zamlar qabi'l yetildi. Soni'n' ishinde «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi haqqi'nda»g'i' Ni'zam (29-yanvar 1998-ji'li' jan'a redakciyasi'nda qabi'l yetildi) ha'm «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Reglamenti»(2006-j).

**72-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ma'jilisinin' jumi'si'na barli'q deputatlardi'n' uluwma sani'n'i'n keminde u'shten yekisi qatnassa toli'q huquqli' boli'p tabi'ladi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na ha'm «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'estin' sessiyalari' Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qarari' menen ji'li'na keminde yeki ma'rte shaqi'ri'ladi'.

Joqarg'i' Ken'es sessiyasi' woni'n' ma'jilislerinde ashi'ladi' ha'm jabi'ladi'. Joqarg'i' Ken'estin' jumi's ta'rtibi, Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'ni'n' ma'jilislerinen, sessiyalari' arali'g'i'nda wo'tkeriletug'i'n Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi', komitet ha'm komissiyalari'ni'n', basqa da Joqarg'i' Ken'es uyi'mlari'ni'n' ma'jilislerinen ibarat.

Joqarg'i' Ken'estin' saylawdan keyingi birinshi sessiyasi' Worayli'q saylaw komissiyasi' ta'repinen saylawdan keyin yeki aydan keshiktirilmey shaqi'ri'ladi'.

Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'n shaqi'ri'w, woni'n' qarap shi'g'i'wi'na usi'ni'latug'i'n ma'seleler haqqi'ndag'i' Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qarari' aldi'n ala Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' ha'm ja'miyetshiliktin' di'qqati'na jetkeriledi.

«Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'es haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' 14-statyasi'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'na sessiya shaqi'ri'w haqqi'ndag'i' ma'seleni qarap shi'g'i'w ushi'n usi'ni'wg'a huquqli'. Bunday jag'dayda sessiya keminde jeti ku'n buri'n Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qarari' menen shaqi'ri'ladi'.

Joqarg'i' Ken'estin' qarap shi'g'i'wi'na usi'ni'latug'i'n ni'zamlardi'n', qararlardi'n' ha'm basqa da hu'jjetlerdin' joybarlari' Joqarg'i' Ken'estin' deputatlari'na aldi'n ala tarqati'ladi'.

Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'n wo'tkeriw, deputatlardi' dizimge ali'w worni' ha'm waqti' haqqi'nda ma'limlemeler sessiyani'n' ashi'li'wi'na deyin u'sh ku'nnen keshiktirilmey respublikali'q baspaso'zde ja'riyalanadi', televidenie ha'm radio arqali' xabarlandi'ri'ladi'. Sessiya ma'jilislerine qatnasi'w mu'mkinshiligi bolmag'an deputat bul haqqi'nda sessiyani'n' ashi'li'wi'na deyin Joqarg'i' Ken'es basshi'li'g'i'na xabarlaydi'.

Joqarg'i' Ken'estin' gezeksiz sessiyalari' Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' yamasa Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' keminde u'shten birinin' usi'ni'si'

boyi'nsha shaqi'ri'ladi'. Gezeksiz sessiyasi'n shaqi'ri'w haqqi'nda usi'ni'slar Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'na jazba tu'rde beriledi. Bul Joqarg'i' Ken'estin' gezeksiz sessiyasi'n shaqi'ri'w haqqi'nda Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qarari'n shi'g'ari'wg'a tiykar boladi'.

Sessiya ma'jilisi aldi'nan Joqarg'i' Ken'estin' deputatlari' dizimnen wo'tkeriledi. Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'na Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' keminde u'shten yekisi qatnassa toli'q huquqli' boli'p yesaplanadi'.

**73-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' ha'm woni'n' uyi'mlari'ni'n' ma'jilislerine Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' ha'm woni'n' wori'nbasarlari', ministrler, ma'mleketlik komitetlerdin' basli'qlari', basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'ni'n' basshi'lari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudi'ni'n' basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' sudi'ni'n' basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q sudi'ni'n' basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' qatnasi'wi' mu'mkin.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 73-statyasi'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'es ma'jilislerine Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' ha'm woni'n' wori'nbasarlari', Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ministrleri, ma'mleketlik komitetlerinin' basli'qlari', basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'ni'n' basshi'lari' ha'm Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i', wori'nbasari' ha'm ag'zalari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q Sudi'ni'n' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' qatnasi'wi' mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'estin' jabi'q ma'jilisleri wo'tkeriliwi mumkin. Wolarg'a O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti, O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisi palatalari'ni'n' basshi'lari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' aymag'i'nan saylang'an Senat ag'zalari' (senatorlar), Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' qatnasi'wg'a huquqli'.

Joqarg'i' Ken'es ma'jilislerine Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' ta'repinen shaqi'ri'lg'an ma'mleketlik ha'm basqa da uyi'mlar menen sho'lkemler, miynet ja'ma'a'tleri, ilimiy ma'kemeler, g'alaba xabar qurallari' wa'killeri ha'm basqa da lawazi'mli' shaxslar qatnasi'wi' mu'mkin. Shaqi'ri'lg'an shaxslar Joqarg'i' Ken'estin' jumi'si'na aralasi'w huquqi'na iye yemes. Wolar ta'rtipti saqlawi' ha'm basqari'wshi'ni'n' talaplari'na boysi'ni'wi' sha'rt. Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'na shaqi'ri'lg'an shaxslar ushi'n arnawli' wori'nlar aji'rati'ladi'.

**74-statya. Wo'zinin' wa'killik mu'ddeti pitkennen keyin, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi jan'a shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' jumi'si' baslang'ang'a shekem wo'z jumi'si'n dawam yettiredi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' saylawlardan keyingi birinshi ma'jilisi Worayli'q saylaw komissiyasi' ta'repinen saylawlardan keyin yeki aydan keshiktirilmey shaqi'ri'ladi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi bes ji'l mu'ddetke saylanadi' ha'm usi' mu'ddet pitkennen keyin jan'a shaqi'ri'q respublika Joqarg'i' Ken'esinin' jumi'si' baslang'ang'a shekem dawam yetedi.

Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' saylang'ang'a shekem jan'a shaqi'ri'q Respublika Joqarg'i' Ken'esinin' birinshi ma'jilisin Worayli'q saylaw komissiyasi'ni'n' Basli'g'i' ali'p baradi'.

**75-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esinde ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' deputatlari'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esine, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetine, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' sudi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q sudi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'na tiyisli.**

Ni'zam shi'g'ari'w funkciyasi'n' a'melge asi'ri'w Joqarg'i' Ken'estin' tiykarg'i' wazi'ypasi' yesaplanadi'.

Ni'zam do'retiwshiligi iskerliginin' tiykarlari'n belgileytug'i'n a'hmiyetli qag'i'ydalar, ba'rinen buri'n, Konstituciyada, arnawli' ni'zamlarda bek-kemlenedi, ni'zam shi'g'ari'w procesinin' basqi'shlari' Joqarg'i' Ken'estin' Reglamentinde teren'irek ta'rtipke sali'nadi'.

Ni'zam shi'g'ari'w procesi basqi'shlari'na to'mendegiler kiredi:

1. Ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w;
2. Ni'zam joybari'n dodalaw;
3. Ni'zamdi' qabi'l yetiw;
4. Ni'zamg'a imza qoyi'w ha'm ja'riyalaw.

Ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w bul huquq subyektleri ta'repinen kiritilgen ni'zam joybari' Joqarg'i' Ken'es ta'repinen ko'rip shi'g'i'li'wi' sha'rtligin bildiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'nda ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' subyektlerinin' shegi belgilep qoyi'lg'an. Konstituciyani'n' 75-statyasi'na muwapi'q, ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' deputatlari'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esine, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetine, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha

Joqarg'i' Sudi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q Sudi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'na berilgen.

Bul ma'sele to'mendegishe sheshiledi: ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' jan'a ni'zamlar joybarlari'n, a'meldegi ni'zamlarg'a wo'zgerisler kiritiw haqqi'ndag'i' ni'zamlar joybarlari'n, jan'a ni'zamlardi' qabi'l yetiw yaki a'meldegi ni'zamlarg'a wo'zgerisler kirgiziw haqqi'ndag'i' usi'ni'slardi' (ni'zam shi'g'ari'w haqqi'ndag'i' usi'ni'slardi') kirgiziw formasi'nda a'melge asi'ri'ladi'.

Usi'ni'lg'an ni'zam joybari' Joqarg'i' Ken'es ta'repinen minnetli tu'rde qarap shi'g'i'li'wi' tiyis.

**76-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ni'zamlar, qararlar ha'm basqa da aktler qabi'l yetedi. Ni'zamdi' qabi'l yetiw ushi'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' barli'q deputatlari'ni'n' ko'pshilik dawi'si' talap yetiledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'n ha'm Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da normativlik aktlerin baspaso'zde ja'riyalaw wolardi' qollani'wdi'n' minnetli sha'rti boli'p tabi'ladi'.**

«Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' 9-statyasi'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'es Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'n, ni'zamlardi', qararlardi' ha'm basqa da aktlerdi qabi'l yetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 75-statyasi'nda belgilengen ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huquqi'na iye bolg'an uyi'mlar ha'm deputatlardi'n' usi'ni'slari' tiykari'nda, Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri menen komissiyalari' Joqarg'i' Ken'es ha'm woni'n' Basli'g'i'ni'n' tapsi'ri'wi' boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zam joybarlari'n islep shi'g'adi'. Al, ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huquqi'na iye bolmag'an ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik uyi'mlardan yamasa ayi'ri'm puqaralardan kelip tu'sken Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' joybarlari' yamasa ni'zam shi'g'ari'w usi'ni'slari' ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huquqi'na iye bolg'an uyi'mlar ha'm deputatlar arqali' Joqarg'i' Ken'eske usi'ni'li'wi' mu'mkin.

Ni'zamlardi'n' joybarlari' ha'm ni'zam shi'g'ari'w usi'ni'slari' za'ru'rligine tiykarlani'p, ni'zamlardi'n' maqsetleri, wazi'ypalari' ha'm tiykarg'i' rejelerinin' ken' si'patlamalari', wolardi'n' ha'rekettegi ni'zamlar sistemasi'ndag'i' worni', sonday-aq, wolardi' qollani'wdi'n' social-ekonomikali'q ha'm basqa da na'tiyjeleri menen birge qarap shi'g'i'wg'a usi'ni'ladi'. Joybardi' usi'ng'anda woni' iske asi'ri'w menen baylani'sli' bolg'an materialli'q ha'm basqa da shi'g'i'nlardi' talap yetetug'i'n finansli'q-ekonomikali'q tiykarlari' qosa tigiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' joybarlari'n ha'm ni'zam shi'g'ari'w usi'ni'slari'n ra'smiylestirgende, «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zam aktlerin tayarlaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan

Respublikasi' Ni'zami' menen belgilengen basqa da talaplar yesapqa ali'ni'wi' tiyis.

Ni'zam joybarlari' ha'm ni'zam shi'g'ari'w usi'ni'slari' Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'na yamasa Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'na usi'ni'ladi' ha'm Joqarg'i' Ken'estin' Sekretariati'nda dizimge ali'nadi'.

Ni'zam joybari' yamasa ni'zam shi'g'ari'w usi'ni'si' «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zam aktlerin tayarlaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami' talaplari'na juwap bermese, bunday joybar yamasa usi'ni's Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' yamasa Joqarg'i' Ken'es ta'repinen qaytari'li'wi' mu'mkin.

Dizimge ali'ng'an ni'zam joybari' yamasa ni'zam shi'g'ari'w usi'ni'si'n aldi'n ala qarap shi'g'i'w ha'm wolardi'n' u'stinde bunnan bi'lay islew ta'rtibi haqqi'nda usi'ni'slar tayarlaw ushi'n Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' ta'repinen Joqarg'i' Ken'estin' tiyisli komitetleri menen komissiyalari'na jiberiledi. Ayi'ri'm jag'daylarda Joqarg'i' Ken'es yamasa woni'n' Basli'g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zami'ni'n' joybari'n tayarlaw yaki woni' aldi'n ala qarap shi'g'i'w ushi'n arnawli' komissiya du'ziwi mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' joybarlari' aldi'n ala Joqarg'i' Ken'es deputatlari'na jiberiledi. Deputatlardan kelip tu'sken pikirler ha'm usi'ni'slar yesapqa ali'nadi'.

Dodalawdi'n' na'tiyjeleri boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es ni'zam joybari'ni'n' tiykarg'i' rejelerin maqullaydi' yamasa woni' qaytaradi'. Qarap shi'g'i'lg'an ni'zam joybari' boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' ko'pshiligi dawi's berse, ni'zam qabi'l yetilgen boli'p yesaplanadi' ha'm Joqarg'i' Ken'estin' qarari' menen ra'smiylestiriledi.

Joqarg'i' Ken'estin' qarari' boyi'nsha yen' a'hmiyetli ni'zam joybarlari' uluwma xali'qli'q dawi's beriwge (referendumg'a) qoyi'li'wi' mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'n wo'zgertetug'i'n yamasa toli'qti'ratug'i'n ni'zamlar, Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' uluwma sani'ni'n' u'shten yeki bo'leginen kem bolmag'an ko'pshiligi ta'repinen qabi'l yetiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' qabi'l yetilgen ni'zamlari'na Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' qol qoyadi', keyin ala ni'zamni'n' teksti ja'riyalaw ushi'n jiberiledi.

**77-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ni'zam joybarlari'n tayarlaw jumi'si'n ju'rgiziw, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' talqi'lawi'na usi'ni'latug'i'n ma'selelerdi aldi'n ala qarap shi'g'i'w ha'm tayarlaw, ni'zamlardi'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da sheshimlerinin' wori'nlani'wi'n qadag'alaw ushi'n deputatlar arasi'nan komitetler ha'm komissiyalar saylaydi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi za'ru'r jag'daylarda turaqli' yamasa waqi'tsha deputatli'q tekseriw ha'm basqa da komissiyalar du'zedi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' wa'killikleri ha'm jumi's ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' komitetleri ha'm komissiyalari' Joqarg'i' Ken'es jumi'si'nda a'hmiyetli rol woynaydi'. Komitetler ha'm komissiyalar—jumi'sti'n' yen' a'hmiyetli sho'lkemlestiriwshilik-huquqi'y formalari'ni'n' biri boli'p yesaplanadi', wolardi'n' ja'rdeminde Joqarg'i' Ken'es ma'selelerin a'melge asi'ri'wda deputatlardi'n' qatnasi'wi', respublikani'n' joqarg'i' ni'zam shi'g'ari'wshi' uyi'mlari'ni'n' ku'ndelikli ha'reketi ta'miyinlenedi. 1993-ji'li' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi' Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' sho'lkemlestiriliwi ha'm jumi'slari'ni'n' tiykarlari'n bekkemlep berdi.

Komitetler ha'm komissiyalardi'n' huquqlari' ha'm wazi'ypalari', wolardi'n' jumi's ta'rtibi 1998-ji'li' 29-yanvarda Joqarg'i' Ken'estin' birinshi shaqi'ri'q won to'rtinshi sessiyasi'nda jan'a redakciyada qabi'l yetilgen «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Reglamenti» ha'm «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi komitetleri ha'm komissiyalari' haqqi'nda»g'i' Ni'zam menen retlestiriledi.[1]

Komitetler ha'm komissiyalar — bul Joqarg'i' Ken'estin' g'alaba deputatli'q uyi'mlari' «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' komitetleri ha'm komissiyalari' haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n' 2-statyasi'na muwapi'q wolardi'n' tiykarg'i' wazi'ypalari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zam joybarlari'n ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da sheshimlerin islep shi'g'i'w; Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' qarawi'na tiyisli bolg'an ma'selelerdi aldi'n ala qarap shi'g'i'w ha'm tayarlaw; respublika ni'zamlari'ni'n' ha'm Joqarg'i' Ken'estin' basqa da sheshimlerinin' wori'nlani'wi'n qadag'alaw; ma'mleketlik turmi'sti'n' a'hmiyetli ma'seleleri boyi'nsha sheshimlerdi islep shi'g'i'w ha'm juwmaqlar menen usi'ni'slardi' tayarlaw, wolardi'n' iske asi'wi'n qadag'alawdan ibarat.

Komitetler ha'm komissiyalardi'n' ha'rekettegi sistemasi' tiykari'nan tarawli'q principte quri'lg'an. A'lbette, barli'q komitetler ha'm komissiyalar tarawli'q boli'p yesaplanbaydi', sebebi ma'mleketlik, xojali'q, socialli'q ha'm ma'deniy quri'li'sti'n' tiykarg'i' tarawlari' menen bir qatarda Joqarg'i' Ken'este xali'q xojali'g'i'ni'n' kompleksli mashqalalar, ni'zamshi'li'q, huquq ta'rtibi ha'm t.b. menen shug'i'llanatug'i'n komissiyalar da jumi's ali'p baradi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde 6 komitet du'zilgen: ni'zamshi'li'q, huquq ta'rtibi ha'm parlamentler arali'q baylani'slar ma'seleleri boyi'nsha; ma'mleketlik uyi'mlar ha'm puqaralardi'n' wo'zin-

---

[1] Yerkin Qaraqalpaqstan,1998,14-fevral.

wo'zi basqari'w uyi'mlari' ma'seleleri boyi'nsha; sanaat, quri'li's, transport, baylani's ha'm puqaralarg'a xi'zmet ko'rsetiw ma'seleleri boyi'nsha; ilim, bilimlendiriw, ma'deniyat, socialli'q rawajlandi'ri'w ha'm jaslar menen islesiw ma'seleleri boyi'nsha; ekonomikali'q reformalar ha'm byudjet siyasati' ma'seleleri boyi'nsha; agrosanaat ha'm ekologiya ma'seleleri boyi'nsha.

Bu'gingi ku'nge shekem respublikani'n' heshbir ha'rekettegi ni'zami', soni'n' ishinde, «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi komitetleri ha'm komissiyalari' haqqi'nda»g'i' Ni'zami'nda komitetler ha'm komissiyalardi'n' uluwma sani' ha'm tu'rleri ko'rsetilmegen. Pikirimizshe, Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' dizimin usi' Ni'zamg'a kirgiziliwi maqsetke muwapi'q boladi'.

E.X. Xalilov ayti'wi' boyi'nsha, Oliy Majlis palatalari'ni'n' komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' uluwma wa'killikleri tiyisli Rejede ko'rsetilgen bolsa da, wolardi'n' predmetlik kompetenciyasi' ni'zam menen bekitilmegen.[1] Bunday a'meliyat bizin' respublikami'zda da wori'n alg'an. Respublikani'n' Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari' haqqi'ndag'i' Ni'zam ha'rbir komitet yamasa komissiyani'n' wa'killigine kiretug'i'n ma'selelerin ayi'ri'p ko'rsetpeydi. Sonli'qtan, ni'zam da'rejesinde ha'rbir komitet ha'm komissiyani'n' wazi'ypalari'n ani'q belgilep beriw lazi'm.

Joqarg'i' Ken'es komitetlerin ha'm komissiyalari'n saylaw woni'n' ayri'qsha kompetenciyasi'na kiredi. Komitetler Joqarg'i' Ken'es ta'repinen komitet basli'g'i' ha'm woni'n' ag'zalari' qurami'nda saylanadi'. Komitet basli'qlari'ni'n' wori'nbasarlari' ha'm xatkerleri tiyisli komitetler ag'zalari' arasi'nan saylanadi'. Komitetlerdi du'ziwde xali'q deputatlari'ni'n' iskerlik si'patlari'n, ka'siplik uqi'pli'li'qlari'n ha'm ma'plerin, sonday-aq, wol yaki bul komitette islew tilegin yesapqa ali'w ju'da' a'hmiyetli. A'lbette, komitetler ha'm komissiyalar tek g'ana qa'nigelerden qurali'wi' mu'mkin yemes. Wolardi'n' qurami'nda taraw qa'nigeleri ha'm qa'nige yemes deputatlardi'n', Joqarg'i' Ken'estegi jumi's ta'jiriybesine iye ha'm birinshi ret saylang'an deputatlardi'n', ha'r qi'yli' socialli'q qatlam, ha'r qi'yli' jastag'i' toparlar wa'killerinin' qatnasi'wi' ta'miyinlenedi.

Joqarg'i' Ken'es deputati' tek g'ana bir komitettin' yamasa komissiyani'n' ag'zasi' boli'wi' mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Reglamenti haqqi'ndag'i' Ni'zamni'n' 49-statyasi'na muwapi'q: «Komitetlerdin' ha'm komis-

---

[1] Халилов Э.Х. Становление и развитие высшего законодательного органа государственной власти. Республики Узбекистан. 12.00.01.-Теория и история государства и права; история политических и правовых учений. Автореферат диссертации на соискание ученой степени доктора юридических наук.- Т: 2000,с.27

siyalardi'n' qurami'na Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i', woni'n' wori'nbasari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' saylani'wi' mu'mkin yemes»[1] — dep ko'rsetilgen.

Komitetler ha'm komissiyalar Joqarg'i' Ken'este woni'n' wa'killik mu'ddetine du'ziledi. Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari' wo'z jumi'si'n ni'zamli'li'q, kollegialli'q, ma'selelerdi yerkin dodalaw ha'm ja'riyali'li'q tiykari'nda a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 77-statyasi'na muwapi'q, ni'zamlar ha'm Joqarg'i' Ken'estin' basqa da sheshimleri, a'dette, Joqarg'i' Ken'esinin' tiyisli komitetleri ha'm komissiyalari' ta'repinen joybarlari' aldi'n ala dodalang'annan son' qabi'l yetiledi.

Komitetler ha'm komissiyalar ma'mleketlik, xojali'q, socialli'q ha'm ma'deniy quri'li'sti'n' tiyisli tarawlari'ni'n' jag'dayi' ha'm de rawajlani'wi' haqqi'nda ma'selelerdi aldi'n ala qarap shi'g'adi' ha'm tayarlaydi', usi' ma'seleler boyi'nsha usi'ni'slar islep shi'g'adi'.

Sessiyag'a tayarli'q waqti'nda komitetler ha'm komissiyalar tekseriwler wo'tkeredi, bayanatlar, qosi'msha bayanatlar, mag'luwmatlar, sheshim joybarlari' ha'm yesabatlar tayarlaydi'. Bul ilajlar Joqarg'i' Ken'estin', woni'n' Prezidiumi'ni'n', Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' tapsi'rmasi' yamasa wo'z baslamasi' menen wo'tkeriliwi mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri ha'm komissiyalari' tayarli'q jumi'slari' menen bir qatarda, respublika Konstituciyasi'n, ni'zamlardi' ha'm Joqarg'i' Ken'estin', Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' ha'm Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' basqa da sheshimlerin turmi'sqa yengiziw boyi'nsha ministrlikler ha'm vedomstvolardi'n', basqa da uyi'm ha'm sho'lkemlerdin' jumi'slari'n qadag'alawdi' a'melge asi'radi'.

«Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi komitetleri ha'm komissiyalari' haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n' 60-statyasi'na muwapi'q[2] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin', Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n', sonday-aq Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' tapsi'rmasi' menen komitetler ha'm komissiyalar Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi sessiyalari'nda Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' bildirgen usi'ni'slari'ni'n', kritikali'q yeskertiwler ha'm talapnamalari'ni'n' wori'nlani'wi'n qadag'alaydi'.

Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari' Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'na Respublika Ministrler Ken'esi jumi'si'ni'n' ayi'ri'm ma'sele-

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi xabarnamasi'. №4, 2006-ji'l, Iyul-Dekabr.

[2] «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi komitetleri ha'm komissiyalari' waqti'ndag'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'. 1998-ji'l, 29-yanvar, 327/1.

leri boyi'nsha yesap beriwin Joqarg'i' Ken'este ti'n'law haqqi'nda usi'ni's yetiwi mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari' jumi'si'ni'n' tiykarg'i' sho'lkemlestiriwshilik formasi' wolardi'n' ma'jilisi yesaplanadi'. Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' ma'jilisleri za'ru'rligine qaray shaqi'ri'ladi' ha'm Joqarg'i' Ken'estin' ma'jilisleri arasi'nda da, sessiyalardi'n' arasi'ndag'i' da'wirde de wo'tkeriliwi mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'es ma'jilisi wog'an komitetler ha'm komissiyalar qurami'ni'n' yari'mi'nan ko'bi qatnasqan jag'dayda g'ana toli'q huquqli' yesaplanadi'.

Komitetler ha'm komissiyalar qarali'p ati'rg'an ma'sele boyi'nsha sheshim ha'm juwmaq qabi'l yetedi.

**78-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' deputatli'q jumi'si' menen baylani'sli' qa'rejetleri belgilengen ta'rtipte wo'teledi. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde ha'm woni'n' uyi'mlari'nda turaqli' tiykarda isleytug'i'n deputatlar wo'z wa'killikleri da'wirinde haqi' to'lenetug'i'n basqa bir lawazi'mdi' iyelewi, isbilermenlik jumi's penen shug'i'llani'wi' mu'mkin yemes.**

Deputat Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esine saylang'an ha'm «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi saylaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi' ta'repinen dizimge ali'ng'an puqara yesaplanadi'.

Deputat wo'z jumi'si'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi', «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi haqqi'nda»[1]g'i' Ni'zam, «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi Reglamenti haqqi'nda»[2]g'i' Ni'zam «Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda xali'q deputati'ni'n' huquqi'y statusi'» haqqi'ndag'i' Ni'zamg'a muwapi'q a'melge asi'radi'.

Deputat Joqarg'i' Ken'es wa'killikleri mu'ddetine saylanadi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' deputati'ni'n' wa'killikleri to'mendegi jag'daylarda mu'ddetinen buri'n toqtati'ladi':

— wol wo'z wa'killiklerin toqtati'w haqqi'nda jazba arza bergen jag'dayda;

— wol ni'zamg'a muwapi'q deputatti'n' wa'killiklerin a'melge asi'ri'wg'a sa'ykes kelmeytug'i'n lawazi'mg'a saylang'an yamasa tayi'nlang'an jag'dayda;

---

[1] «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi waqti'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' (jan'a redakciyada) Ni'zami'. 1998-ji'l, 29-yanvar, №322\1

[2] Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esinin' Reglamenti haqqi'nda» g'i' ni'zam 2006-ji'l 27-dekabr. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Xabarnamasi'. №4, 2006-ji'l, Iyul-Dekabr.

—woni’n’ qarsi’si’na sudti’n’ ayi’plani’w hu’kimi ni’zamli’ ku’shine kirgen jag’dayda:

—wol shaqi’rti’p ali’ng’an jag’dayda;

—wol sud ta’repinen qatnasi’qlarg’a uqi’psi’z dep tabi’lg’an jag’dayda;

—wol sudti’n’ ni’zamli’ ku’shine kirgen qarari’ tiykari’nda dereksiz jog’alg’an dep tabi’lg’an yamasa qayti’s bolg’an dep ja’riyalang’an jag’dayda;

—wol O’zbekistan Respublikasi’ puqarali’g’i’n joytqan jag’dayda;

—wol qayti’s bolg’an jag’dayda.

Deputatti’n’ wa’killiklerin basqa shaxsqa tapsi’ri’w mu’mkin yemes.

Deputatta Worayli’q saylaw komissiyasi’ ta’repinen beriletug’i’n tiyisli gu’wali’q ha’m ko’kirek ni’shani’ boladi’. Wol gu’wali’q ha’m ko’kirek ni’shani’nan wo’z wa’killikleri mu’ddeti da’wirinde paydalanadi’. Yeger deputat Joqarg’i’ Ken’este turaqli’ tiykarda isleytug’i’n bolsa, wonda wol wo’z wa’killikleri da’wirinde basqa to’lemli ma’mleketlik xi’zmetti atqari’wg’a ha’m isbilermenlik jumi’s penen shug’i’llani’wg’a huquqli’ yemes.

Joqarg’i’ Ken’es deputati’ni’n’ huquqlari’, minnetleri ha’m jumi’si’ni’n’ kepillikleri jan’a redakciyada 1998-ji’li’ qabi’l yetilgen «Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda xali’q deputati’ni’n’ huquqi’y statusi’» haqqi’ndag’i’ Ni’zami’ menen belgilenedi.

**79-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ deputati’ qol qati’lmasli’q huquqi’nan paydalanadi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ kelisimisiz wol ji’nayi’y juwapkershilikke tarti’li’wi’, qamaqqa ali’ni’wi’ yamasa wog’an sud ta’rtibinde beriletug’i’n ha’kimshilik jaza sharalari’ qollani’li’wi’ mu’mkin yemes.**

Deputat wo’z wa’killikleri mu’ddetetinde lawazi’mi’na qol qati’lmasli’q huquqi’na iye boladi’.

Joqarg’i’ Ken’estin’ kelisimisiz deputat ji’nayatli’ juwapkershilikke tarti’li’wi’, irkiwge ali’ni’wi’, qamaqqa ali’ni’wi’ yamasa sud ta’rtibinde beriletug’i’n ha’kimshilik jazag’a tarti’li’wi’ mu’mkin yemes.

Deputatti’ qol qati’lmasli’q huquqi’nan ayi’ri’w haqqi’ndag’i’ ma’sele O’zbekistan Respublikasi’ Bas Prokurori’ni’n’ yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Prokurori’ni’n’ usi’ni’si’na muwapi’q Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen won ku’n ishinde sheshiledi. Senator yetip saylang’an deputatti’ qol qati’lmasli’q huquqi’nan ayi’ri’w ma’selesi «O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Majlisi Ni’zamshi’li’q palatasi’ deputati’ni’n’ ha’m Senati’ ag’zasi’ni’n’ statusi’ haqqi’nda»g’i’ O’zbekistan Respublikasi’ Ni’zami’na belgilengen ta’rtipte sheshiledi.

O’zbekistan Respublikasi’ Bas Prokurori’ni’n’ yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Prokurori’ni’n’ deputatti’ ji’nayi’y juwapkershilikke tarti’w, irkiwge ali’w, qamaqqa ali’w yamasa sud ta’rtibinde beriletug’i’n

ha’kimshilik jazani’ qollani’wg’a kelisim ali’w haqqi’ndag’i’ usi’ni’si’ Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen qarap shi’g’i’ladi’, Joqarg’i’ Ken’es sessiyalari’ arali’g’i’ndag’i’ da’wirde woni’n’ Prezidiumi’ ta’repinen qarap shi’g’i’li’p, Prezidiumni’n’ usi’ ma’selege tiyisli qarari’ keyin ala Joqarg’i’ Ken’es sessiyasi’nda tasti’yi’qlanadi’.

Joqarg’i’ Ken’estin’ yamasa woni’n’ Prezidiumi’ni’n’ deputatti’ qol qati’lmasli’q huquqi’nan ayi’ri’wg’a kelisim beriw ma’selesine baylani’sli’ qarari’ da’rhal O’zbekistan Respublikasi’ Bas Prokurori’na yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Prokurori’na jiberiledi.

Deputatti’ qol qati’lmasli’q huquqi’nan ayi’ri’wg’a kelisim alg’an O’zbekistan Respublikasi’ Bas Prokurori’ yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Prokurori’ is ju’rgiziw tamamlang’an ku’nnen baslap u’sh ku’n mu’ddet ishinde Joqarg’i’ Ken’eske isti tergew, sudta qarap shi’g’i’w na’tiyjeleri haqqi’nda xabar yetiwi sha’rt.

Joqarg’i’ Ken’estin’ deputatti’ qol qati’lmasli’q huquqi’nan ayi’ri’wg’a kelisim beriwden bas tarti’wi’ wog’an baylani’sli’ ji’nayi’y isti ju’rgiziwdi yamasa sud ta’rtibinde beriletug’i’n ha’kimshilik jazani’ na’zerde tutatug’i’n ha’kimshilik huquq buzarli’q haqqi’nda isti ju’rgiziwge jol qoyi’lmaytug’i’n ha’m bunday islerdi toqtati’wg’a sebep bolatug’i’n jag’day yesaplanadi’. Tiyisli isti toqtati’w haqqi’ndag’i’ qarar tek g’ana jan’adan ani’qlang’an jag’daylar bar bolsa g’ana biykar yetiliwi mu’mkin.

Deputatti’ ma’jbu’rlep ali’p keliwge, sonday-aq woni’n’ turaq jayi’, xi’zmet xanasi’, ju’gin, jeke ha’m xi’zmet transport qurallari’n, jazi’lmalari’n, wol paydalani’p ati’rg’an baylani’s qurallari’n, sonday-aq wog’an tiyisli hu’jjetlerdi ko’zden wo’tkeriwge jol qoyi’lmaydi’.

Deputat Joqarg’i’ Ken’este dawi’s beriw payi’ti’nda pikir bildirgenligi yamasa ko’zqarasi’n bayan yetkenligi ushi’n ha’m wo’z wa’killiklerin a’melge asi’ri’wi’ menen baylani’sli’ basqa ha’reketleri ushi’n juwapkershilikke tarti’li’wi’ mu’mkin yemes.

## *XVIII bap*

### QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARG’I’ KEN’ESININ’ BASLI’G’I’

**80-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Basshi’si’ ha’m yen’ joqari’ lawazi’mli’ shaxs boli’p tabi’ladi’.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi’**

**Joqarg'i' Ken'esinin' deputatlari'ni'n' arasi'nan jasi'ri'n dawi's beriw joli' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' wa'killigi mu'ddetine saylanadi'.**

1978-ji'li' qabi'l yetilgen Qaraqalpaqstan Konstituciyasi'ni'n' 94-statyasi'nda «Joqarg'i' Ken'es Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'n ha'm woni'n' yeki wori'nbasari'n saylaydi'. Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'estin' ma'jilislerin basqari'p baradi' ha'm woni'n' ishki is ta'rtibine basshi'li'q yetedi», — delingen. Usi'ni'n' menen Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wa'killikleri sheklengen yedi. Haqi'yqati'nda da, sol waqi'ttag'i' (1989-ji'lg'a shekem) Joqarg'i' Ken'es jumi'si'ni'n' a'meliyati' soni' ko'rsetedi, Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' lawazi'mi' ra'smiy a'hmiyetke iye yedi ha'm woni'n' wa'killikleri tek sessiya ma'jilislerine basshi'li'q yetiw menen sheklengen yedi. Sessiya jumi'si'n juwmaqlag'annan keyin Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i' wo'zinin' jumi'si'n a'meliy jaqtan tamamlaytug'i'n yedi. Respublika Joqarg'i' Ken'esinin' turaqli' jumi's islewin ta'miyinlew maqsetinde Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi' saylanatug'i'n yedi. Wol Prezidium Basli'g'i', woni'n' yeki wori'nbasari', Prezidium xatkeri ha'm 9 ag'zadan ibarat yedi.

Siyasiy-huquqi'y ha'm ekonomikali'q reformalar sharayati'nda ha'm de Qaraqalpaqstanni'n' ma'mleketlik-huqi'qi'y statusi'ni'n' ken'eyiwi ha'm bekkemleniwi menen, Joqarg'i' Ken'estin' buri'ng'i' du'zilisi wo'zin aqlamadi'. Na'tiyjede, 1989-ji'l 25-oktyabrde 11-shaqi'ri'q Joqarg'i' Ken'estin' gezeksiz yekinshi sessiyasi'nda Konstituciyani'n' 102-statyasi'na wo'zgeris kirgizildi ha'm wol to'mendegi redakciyada bayan yetildi: «Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' lawazi'mli' shaxs yesaplani'p SSSRdi'n' ishinde ha'm xali'q arali'q qatnasi'qlarda QQASSRdi'n wa'killi boli'p tabi'ladi'». Wol xali'q deputatlari'nan ibarat Joqarg'i' Ken'es ta'repinen jasi'ri'n dawi's penen bes ji'l (qatara yeki mu'ddetten ko'p bolmag'an) mu'ddetke saylanadi'. Wol qa'legen waqi'tta Joqarg'i' Ken'es ta'repinen jasi'ri'n dawi's penen shaqi'ri'li'wi' mu'mkin ha'm Joqarg'i' Ken'es aldi'nda yesap beriwge minnetli yesaplanadi'».

Konstituciyadan keltirilgen joqari'dag'i' qag'i'yda (1989-ji'l 25-oktyabrdegi redakciyasi') 1978-ji'lg'i' respublika Tiykarg'i' Ni'zami'na yengizilgen jan'ali'q boldi'. Wol a'hmiyetli yuridikali'q fakt—wo'z a'hmiyeti boyi'nsha pu'tkilley jan'asha bolg'an instituti', yag'ni'y Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'n' lawazi'mi'n yengiziw ha'm Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' Basli'g'i' lawazi'mi'n saplasti'ri'w haqqi'nda gu'wali'q beredi.

1989-ji'li' 25-oktyabrde «Konstituciyag'a (Tiykarg'i' Ni'zamg'a) wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' qabi'l yetilgen Ni'zamni'n' 103-statyasi'nda Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' wa'killikleri ani'q ko'rsetip berilgen. Usi' konstituciyali'q norma boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' Joqargi' Ken'es, woni'n' Prezidiumi' wa'killigine

kiretug'i'n ma'selelerdi sheshiwge uluwma basshi'li'q yetedi, Joqarg'i' Ken'estin' ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' ma'jilislerin basqaradi', Joqarg'i' Ken'es ha'm woni'n' Prezidiumi' qabi'l yetken ni'zam ha'm basqa da aktlerdi tasti'yi'qlaydi', Joqarg'i' Ken'este respublikadag'i' jag'day ha'm basqa da a'hmiyetli ma'seleler haqqi'nda bayanatlar isleydi, sonday-aq Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' birinshi wori'nbasari' lawazi'mi'na talabanlardi' saylawg'a usi'nadi', Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' jeke qurami' boyi'nsha usi'ni'slar kiritedi, Ministrler Ken'esi, Mandat komissiyasi', Joqarg'i' Ken'es komitetleri, Joqarg'i' ha'm Arbitraj sudlari', Ta'biyatti' qorg'aw komitetinin' basli'qlari', respublika prokurori' lawazi'mi'na talabanlardi' usi'nadi', ko'rsetilgen lawazi'mli' shaxslardi' lawazi'mi'nan azat yetiw haqqi'nda Joqarg'i' Ken'eske usi'ni's kirgizedi.

Joqari'dag'i' konstituciyali'q normani'n' mazmuni' Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' huqi'qi'y statusi'n bekkemlew, Qaraqalpaqstandag'i' iri siyasiy ha'm ekonomikali'q wazi'ypalar menen baylani'sli' a'hmiyetli ma'mleketlik ma'selelerdi sheshiwde woni'n' rolin artti'ri'w haqqi'nda gu'wali'q beredi.

Ha'zirgi suverenli Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' statusi' 1993-ji'l 9-aprelde qabi'l yetilgen woni'n' Konstituciyasi' menen belgilengen. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' ma'mleketlik hakimiyatti'n' joqarg'i' uyi'mi'ni'n' jumi'si'n sho'lkemlestiriwde a'hmiyetli wori'n tutadi'. Wol respublikani'n' joqarg'i' lawazi'mli' shaxsi' boli'p yesaplanadi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 80-statyasi'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'estin' deputatlari' arasi'nan jasi'ri'n tu'rde ko'pshilik dawi's beriw joli' menen Joqarg'i' Ken'estin' wa'killigi mu'ddetine saylanadi'.

Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' lawazi'mi'na saylaw ushi'n kandidatura Joqarg'i' Ken'es deputatlari' wa'killerinin' ji'ynali'si'nda aldi'n ala dodalanadi' ha'm wa'killer ji'ynali'si' ati'nan usi'ni'ladi'.

Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' lawazi'mi'na usi'ni'lg'an kandidaturalar Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'nda aldag'i' jumi's bag'darlamasi' menen shi'g'i'p so'yleydi. Joqarg'i' Ken'estin' deputatlari' kandidaturalarg'a sorawlar beriw, wol haqqi'nda wo'z pikirlerin bildiriw huquqi'na iye.

Kandidaturalardi' dodalaw Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' ko'pshilik dawi'si' menen qabi'l yetilgen qarar tiykari'nda toqtati'ladi'. Joqarg'i' Ken'es Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'n saylaw boyi'nsha jasi'ri'n dawi's beriw byulletenine kirgiziw ushi'n kandidaturalardi'n' dizimin tasti'yi'qlaydi'.

Jasi'ri'n dawi's beriwdin' na'tiyjesinde Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' ko'pshilik dawi'si'n alg'an kandidatura Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' lawazi'mi'na saylang'an boli'p yesaplanadi'.

Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' lawazi'mi'na kandidaturalar sani' yekewden ko'p bolsa ha'm wolar saylani'w ushi'n talap yetiletug'i'n dawi'slar sani'n ala almasa, ko'birek dawi's alg'an yeki kandidatura boyi'nsha qayta

dawi’s beriw wo’tkeriledi. Yeger saylawlarda yeki talabanni’n’ heshqaysi’si’ da Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ ko’pshilik dawi’si’n ala almasa, kandidaturalar jan’adan usi’ni’li’p, qayta saylawlar wo’tkeriledi.

1997-ji’li’ 15-dekabrde qabi’l yetilgen «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na wo’zgerisler ha’m qosi’mshalar kirgiziw haqqi’nda»g’i’ Ni’zami’ menen Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ huquqi’y statusi’na birqansha wo’zgerisler yengizildi. Konstituciyani’n’ jan’a redakciyasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’na arnalg’an 81-statyasi’nda Joqarg’i’ Ken’es iskerliginde kollegialli’q baslamani’ ku’sheytiw haqqi’nda qag’i’yda bayan yetilgen. Wog’an muwapi’q, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ joqari’ ni’zam shi’g’ari’wshi’ ha’m atqari’wshi’ ha’kimiyati’ uyi’mlari’ni’n’ wo’z ara baylani’sli’ ha’reket yetiwin ta’miyinlew boyi’nsha a’hmiyetli wa’killikler Joqarg’i’ Ken’estin’ Basli’g’i’na ju’klenedi.

2014-ji’li’ 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ won besinshi sessiyasi’nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’na wo’zgerisler ha’m qosi’mshalar kirgiziw haqqi’nda»g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ni’zami’na muwapi’q usi’ statyag’a wo’zgerisler kirgizildi. Wog’an muwapi’q Qaraaqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi basli’g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Basshi’si’, sonday-aq O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti kelisimi menen Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ arasi’nan jasi’ri’n dawi’s beriw joli’ menen Joqarg’i’ Ken’estin’ wa’killik mu’ddetine saylanadi’ dep ko’rsetildi.

**81-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’:**

**1) Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ joqari’ ni’zam shi’g’ari’w ha’m atqari’w ha’kimiyati’ uyi’mlari’ni’n’ wo’z ara baylani’sli’ ha’reket yetiwin ta’miyinleydi;**

**2) Respublikadag’i’ jag’day haqqi’nda ha’m basqa da a’hmiyetli ma’seleler boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esine bayanatlar usi’nadi’;**

**3) O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ni’zamlari’n ha’m Oliy Majlisinin’ basqa da sheshimlerin, O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ pa’rmanlari’n ha’m basqa da aktlerin turmi’sqa asi’ri’wdi’ sho’lkemlestiredi; Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m Joqarg’i’ Ken’es qararlari’ni’n’ wori’nlani’wi’n qadag’alawdi’ sho’lkemlestiredi;**

**4) Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ wori’nbasari’n, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ basli’qlari’n saylaw ushi’n kandidaturalar usi’nadi’;**

**5) O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ Basli’g’i’ lawazi’mi’na kandidatura usi’nadi’;**

**6) Rayon, qala ha'kimlerin ha'm wolardi'n' wori'nbasarlari'n, keyin ala tiyisli xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' tasti'yi'qlawi' menen tayi'nlaydi' ha'm lawazi'mi'nan bosatadi';**

**7) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i' ha'm ag'zalari' lawazi'mi'na kandidaturalardi' usi'nadi';**

**8) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudi'ni'n' basli'g'i' ha'm sudyalari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' sudi'ni'n' basli'g'i' ha'm sudyalari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q sudi'ni'n' basli'g'i' ha'm sudyalari', sonday-aq puqarali'q ha'm ji'nayat isleri boyi'nsha raylonlararali'q, rayonli'q ha'm qalali'q sudlardi'n' sudyalari' lawazi'mlari'na kandidaturalar usi'nadi';**

**9) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ta'biyatti' qorg'aw boyi'nsha ma'mleketlik komitetinin' basli'g'i' lawazi'mi'na kandidatura usi'nadi';**

**10) Joqarg'i' Ken'estin' qarap shi'g'i'wi'na usi'ni'latug'i'n ma'selelerdi tayarlawg'a uluwma basshi'li'qti' a'melge asi'radi'. Joqarg'i' Ken'estin' ma'jilisin shaqi'radi', komitetler ha'm komissiyalar basli'qlari' menen birlikte woni'n' ku'n ta'rtibine usi'ni'slar qa'liplestiredi;**

**11) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' jumi'si'n sho'lkemlestiredi, woni'n' ma'jilislerine basshi'li'q yetedi, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi ha'm woni'n' Prezidiumi' ta'repinen qabi'l yetilgen Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari' ha'm basqa da aktlerine qol qoyadi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' jumi'si'n bag'darlaydi' ha'm baylani'sti'radi';**

**12) Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'na ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'na usi'nadi';**

**13) sudlang'an puqaralardi' a'piw yetiw haqqi'nda ma'sele qozg'aydi';**

**14) ni'zam joybarlari'ni'n' ha'm ma'mleketlik turmi'sti'n' basqa da a'hmiyetli ma'selelerinin' xali'qli'q dodalani'wi'n sho'lkemlestiredi;**

**15) ha'rekettegi ni'zamlar menen na'zerde tuti'lg'an basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' wo'z wa'killiklerine tiyisli ma'selelerdi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qarap shi'g'i'wi'na usi'ni'w huquqi'na iye.**

1997-ji'l 15-dekabrde «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshi'lar kirgiziw haqqi'nda» Ni'zam

qabi'l yetildi ha'm Konstituciyani'n' 81-statyasi' jan'a redakciyada bayan yetildi. Usi' statyag'a muwapi'q Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'na ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' sistemasi'nda a'hmiyetli wazi'ypa ju'klengen, wol joqarg'i' ni'zam shi'g'ari'wshi' ha'm atqari'wshi' ha'kimiyati' uyi'mlari'ni'n' wo'z ara baylani'sli' ha'reket yetiwin ta'miyinleydi.

2014-ji'l 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won besinshi sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q usi' statyani'n' 6-ba'ntine tek g'ana rayon ha'm qala ha'kimi yemes, al woni'n' wori'nbasarlari'n, keyin ala tiyisli xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' tasti'yi'qlawi' menen tayi'nlanadi' ha'm lawazi'mi'nan bosati'latug'i'ni' kirgizildi.

Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' ayi'ri'm wa'killikleri sho'lkemlestiriw ma'seleleri menen baylani'sli'. Wol:

— Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari' lawazi'mi'na, Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari' basli'qlari'ni'n' lawazi'mi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' baqlaw komitetinin' Basli'g'i' ha'm ag'zalari' lawazi'mi'na, O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i' ha'm sudyalari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i' ha'm sudyalari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q Sudi'ni'n' Basli'g'i' ha'm sudyalari', sonday-aq puqarali'q ha'm ji'nayat isleri boyi'nsha raylonlar arali'q, rayonli'q ha'm qalali'q sudlardi'n' sudyalari' lawazi'mlari'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' ta'biyatti' qorg'aw boyi'nsha ma'mleketlik komitetinin' basli'g'i' lawazi'mi'na kandidaturalardi' usi'nadi';

— Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'wi' menen rayonli'q ha'm qalali'q ha'kimlerdi, keyin ala tiyisli xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' tasti'yi'qlawi' menen tayi'nlaydi' ha'm lawazi'mi'nan bosatadi'.

Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' usi' ni'zam menen bekitilgen wa'killikleri arasi'nda respublikani'n' joqarg'i' ni'zam shi'g'ari'wshi' uyi'mi'ni'n' jumi'si'n sho'lkemlestiriwi boyi'nsha bir qatar wa'killikleri bar. Wol Joqarg'i' Ken'estin' ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' jumi'slari'n sho'lkemlestiredi, woni'n' ma'jilislerin basqari'p baradi', Joqarg'i' Ken'es ha'm woni'n' Prezidiumi' qabi'l yetken ni'zam ha'm basqa da aktlerdi tasti'yi'qlaydi', Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi' jumi'slari'n bag'darlaydi' ha'm muwapi'qlasti'radi'.

Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'estin' sessiyasi'na qoyi'latug'i'n ma'selelerdin' tayarlani'wi'na uluwma basshi'li'q yetedi,

Joqarg'i' Ken'es ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' ma'jilislerin shaqi'radi', komitet ha'm komissiyalardi'n' basli'qlari' menen birlikte sessiya ku'n ta'rtibi boyi'nsha usi'ni'slar tayarlaydi'.

Respublika joqarg'i' ni'zamshi'li'q uyi'mi'ni'n' basshi'si' retinde Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'estin' qarari' tiykari'nda ni'zamlardi' ha'm ma'mleketlik turmi'sti'n' basqa a'hmiyetli ma'selelerin uluwma xali'qli'q dodalawi'n sho'lkemlestiredi.

**82-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' wo'z wa'killiklerine tiyisli ma'seleler boyi'nsha biylik qabi'l yetedi.**

Bul statyada huquqi'y aktlerdi qabi'llaw boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' wa'killigi ko'rsetilgen. Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' wo'z wa'killigine tiyisli ma'seleler boyi'nsha biylikler qabi'l yetedi.

Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' biylikleri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' ha'm ni'zamlari'na qayshi' kelmewi kerek.

Joqarg'i' Ken'es, Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' deklaraciyalar, u'ndewler, bildiriwler qabi'l yetiwi mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'es ta'repinen deklaraciyalar, u'ndewler ha'm bildiriwler qabi'l yetiw haqqi'nda ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huquqi'na iye bolg'an uyi'mlar ha'm deputatlar usi'ni's beriwi mu'mkin.

Za'ru'r bolg'an jag'daylarda, deklaraciyalar, u'ndewler ha'm bildiriwlerdin' joybarlari' Joqarg'i' Ken'estin' ha'm woni'n' Basli'g'i'ni'n' sheshimi boyi'nsha aldi'n ala qarap shi'g'i'w ushi'n Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri menen komissiyalari'na jiberiliwi mu'mkin.

**83-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'n ha'm ni'zamlari'n buzg'an jag'dayda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen shaqi'rti'p ali'ni'wi' mu'mkin. Shaqi'rti'p ali'w haqqi'ndag'i' sheshim Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' juwmag'i'n yesapqa ali'p, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' u'shten bir bo'leginin' baslamasi' boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' uluwma sani'ni'n' keminde u'shten yekisinin' ko'pshilik dawi'si' menen qabi'l yetiledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' wo'z wa'killigin jeke arzasi' boyi'nsha, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi du'zgen Ma'mleketlik medicinali'q komissiyasi'ni'n' juwmag'i' menen tasti'yi'qlang'an densawli'g'i'ni'n' jag'dayi' boyi'nsha wo'z minnetlerin wori'nlay almasa, toqtati'wi' mu'mkin. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wa'killigin**

**toqtati'w haqqi'ndag'i' sheshim Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' uluwma sani'ni'n' ko'pshilik dawi'si' menen qabi'llanadi'.**

**Bunday jag'daylarda 10 ku'n ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' jan'a Basli'g'i'n saylaw wo'tkeriledi.**

Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' wa'killikleri mu'ddetinen buri'n toqtati'li'wi' mu'mkin. Birinshiden, Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' Qaraqalpaqstan Konstituciyasi'n ha'm ni'zamlari'n buzg'an jag'dayda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen shaqi'rti'p ali'w mu'mkin. Bunday sheshim Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' juwmag'i'n yesapqa ali'p, Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' u'shten bir bo'leginin' baslamasi' boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' uluwma sani'n'i'n' yen' keminde u'shten yekisinin' ko'pshilik dawi'si' menen qabi'l yetedi. Yekinshiden, Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' wa'killikleri woni'n' densawli'g'i'na baylani'sli' jeke arzasi' boyi'nsha toqtali'wi' mu'mkin. Bunday sheshim Ma'mleketlik medicinali'q komissiyani'n' juwmag'i'na tiykarlanadi'.

Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' wa'killigin toqtati'w haqqi'ndag'i' qarar ashi'q dawi'sqa qoyi'li'p, Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' uluwma sani'-ni'n' ko'pshilik dawi'si' menen qabi'l yetiledi.

Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' shaqi'rti'p ali'ng'an yamasa wa'killiklerin mu'ddetinen buri'n toqtatqan jag'dayda Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'n saylaw won ku'nlik mu'ddette Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Reglamenttin' 54—56-statyalari'nda belgilengen ta'rtipte wo'tkeriledi.

## *XIX bap*

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI' JOQARG'I' KEN'ESININ' PREZIDIUMI'

**84-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' jumi'si'n sho'lkemlestiriw ha'm basqa da wa'killiklerin a'melge asi'ri'w ushi'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' du'ziledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qurami'na Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i', woni'n' wori'nbasari', Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' basli'qlari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esindegi partiyali'q toparlardi'n' basshi'lari' kiredi.**

Joqarg'i' Ken'estin' sessiyalar arali'g'i'nda jumi'si'n sho'lkemlestiriw ha'm basqa da wa'killiklerin a'melge asi'ri'w ushi'n Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'nda Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' du'ziledi ha'm tasti'yi'q-lanadi'. Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qurami'na Joqarg'i' Ken'estin'

Basli’g’i’, woni’n’ wori’nbasari’, Joqarg’i’ Ken’estin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ basli’qlari’, Joqarg’i’ Ken’estegi partiyali’q toparlardi’n’ basshi’lari’ kiredi.

Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’ wa’killigi Joqarg’i’ Ken’es wa’killiginin’ mu’ddetine ten’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’ jumi’si’n sho’lkemlestiredi, woni’n’ ma’jilislerine basshi’li’q yetedi, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ ta’repinen qabi’l yetilgen sheshimlerge qol qoyadi’.

Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’ ma’jilisleri Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ ta’repinen za’ru’rligine qaray ayi’na bir ret shaqi’ri’ladi’. Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’ ma’jilisleri Prezidium ag’zalari’ni’n’ u’shten yekisi qatnassa toli’q huquqli’ boladi’.

Prezidium ag’zalari’ ma’jilislerde ten’dey huquqqa iye. Barli’q ma’seleler boyi’nsha sheshimler Prezidium ag’zalari’ni’n’ ko’pshilik dawi’si’ menen qabi’l yetiledi. Ayi’ri’m jag’daylarda sheshimler Prezidium ag’zalari’ni’n’ jeke kelisimi menen de qabi’l yetiliwi mu’mkin.

Prezidium Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi aldi’nda juwapkerli ha’m wog’an yesap beredi.

Prezidiumni’n’ jumi’si’na woni’n’ qurami’na saylanbag’an Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ ma’sla’ha’t dawi’si’ menen qatnasi’wg’a huquqli’.

Joqarg’i’ Ken’estin’ Prezidiumi’ ag’zalari’na ha’m basqa da ma’jilis qatnasi’wshi’lari’na qaralatug’i’n ma’seleler haqqi’nda aldi’n ala xabarlandi’ri’ladi’ ha’m tiyisli materiallar beriledi.

**85-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Prezidiumi’:**

**1) Joqarg’i’ Ken’es sessiyasi’ni’n’ ku’n ta’rtibi ha’m jumi’s ta’rtibi boyi’nsha usi’ni’slar tayarlaydi’;**

**2) Joqarg’i’ Ken’es komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ ju’rgizip ati’rg’an jumi’si’ haqqi’nda bildiriwlerin ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m Joqarg’i’ Ken’estin’ sheshimlerinin’ wori’nlani’wi’ boyi’nsha ma’limlemelerin ti’n’laydi’;**

**3) ni’zam joybarlari’ boyi’nsha jumi’sti’n’ jobalasti’ri’li’wi’n sho’lkemlestiredi;**

**4) Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ni’n’ usi’ni’si’ menen ni’zam joybarlari’n ha’m basqa da hu’jjetlerdi aldi’n ala qarap shi’g’adi’;**

**5) Joqarg’i’ Ken’estin’ sessiyasi’nda deputatlardi’n’ bildirgen usi’ni’s ha’m pikirlerin talqi’laydi’ ha’m wolar boyi’nsha tiyisli sheshimler qabi’l yetedi;**

**6) Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ menen si’yli’qlaydi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ hu’rmetli ataqlari’n beredi;**

**7) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' sessiyalari' arali'g'i'ndag'i' da'wirde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'wi' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari'n ja'ne Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' ag'zalari'n tayi'nlaydi' ha'm lawazi'mi'nan bosatadi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' ministrliklerin, ma'mleketlik komitetlerin ha'm basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'n du'zedi ha'm saplasti'radi', keyin ala bul ma'seleler boyi'nsha qarardi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' tasti'yi'qlawi'na usi'nadi';**

**8) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Prokurori' lawazi'mi'na kandidatura usi'nadi';**

**9) sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde Joqarg'i' Ken'es deputati'n ni'zam menen belgilengen jag'dayda ha'm ta'rtipte juwapkershilikke tarti'wg'a, sonday-aq jumi's beriwshinin' baslamasi' boyi'nsha woni'n' menen miynet sha'rtnamasi'n toqtati'wg'a kelisim beredi;**

**10) Joqarg'i' Ken'estin' jumi'si'na ha'm deputatlardi'n' wo'z wa'killiklerin na'tiyjeli a'melge asi'ri'wi'na baylani'sli' basqa da ma'selelerdi qaraydi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' wo'z wa'killiklerine tiyisli ma'seleler boyi'nsha qararlar shi'g'aradi', wolar belgilengen ta'rtipte baspaso'zde ja'riyalanadi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' 1993-ji'lg'i' Konstituciyasi'na muwapi'q, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' — ma'mleketlik ha'kimiyati' joqarg'i' uyi'mi'ni'n' Konstituciyada na'zerde tuti'lg'an funkciyalari' ko'leminde, sessiyalar arali'g'i'ndag'i' wo'zinin' barli'q a'melge asi'ratug'i'n jumi'slari' boyi'nsha yesap beretug'i'n woni'n' turaqli' ha'reket yetiwshi uyi'mi' boli'p tabi'ladi'. Joqari'da keltirilgen konstituciyali'q normani'n' mazmuni' Prezidiumni'n' jumi'si' tek g'ana Joqarg'i' Ken'estin' funkciyalari'n a'melge asi'ri'wda qatnasi'w menen sheklenbeytug'i'ni'n bildiredi.

Wol Konstituciya ha'm respublikani'n' ni'zamlari' menen belgilep berilgen basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'. Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' sessiya waqti'nda ha'm sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' joqarg'i' uyi'mi', woni'n' komitetleri ha'm deputatlar wo'z funkciyalari'n toli'q ha'm u'zliksiz a'melge asi'ri'wi' ushi'n sho'lkemlestiriwshilik jumi'slari'ni'n' ta'miyinleniwin wori'nlaydi'. Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' wo'zinin' konstituciyali'q-huquqi'y statusi'na sa'ykes Joqarg'i' Ken'estin', woni'n' komitetlerinin' ha'm deputatlardi'n' jumi'slari'ni'n' sho'lkemlestiriliwin ta'miyinlew boyi'nsha:

— sessiyani'n' ku'n ta'rtibi ha'm jumi's ta'rtibi boyi'nsha usi'ni'slar tayarlaydi';

— ni'zam joybarlari'n ha'm basqa da hu'jjetlerdi aldi'n ala qarap shi'g'adi';

— sessiyada deputatlardi'n' bildirgen usi'ni'slari'n talqi'laydi' ha'm wolar boyi'nsha sheshimler qabi'l yetedi;

— ni'zamlardi'n' joybarlari' boyi'nsha jumi'slardi'n' jobalasti'ri'li'wi'n sho'lkemlestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' 1997-ji'li' 15-dekabrdegi «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Ni'zami'na muwapi'q Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi'na buri'n Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'na tiyisli bolg'an bir qatar wa'killikler wo'tti. Mi'sali', Konstituciyani'n' 85-statyasi'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde Hu'kimet ag'zalari'n ( Ministrler Ken'esi Basli'g'i'nan ti'sqari') tayi'nlaydi' ha'm lawazi'mi'nan bosatadi', ministrliklerdi, ma'mleketlik komitetlerdi ha'm basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'n du'zedi ha'm saplasti'radi', keyin ala bul ma'seleler boyi'nsha qarardi' Joqarg'i' Ken'estin' tasti'yi'qlawi'na usi'nadi'; Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Prokurori' lawazi'mi'na kandidatura usi'nadi'.

Prezidiumni'n' wa'killikleri arasi'nda woni'n', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen a'melge asi'ratug'i'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen si'yli'qlaw ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'n beriw boyi'nsha toli'q huquqi' bar yekenin atap wo'tiw kerek.

Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde Joqarg'i' Ken'es deputati'n ni'zam menen belgilengen jag'dayda ha'm ta'rtipte huquqi'y juwapkershilikke, sonday-aq jumi's beriwshinin' baslamasi' boyi'nsha woni'n' menen miynet sha'rtnamasi'n toqtati'wg'a kelisim beredi.

Prezidiumni'n' minnetleri woni'n' reglamentinde ani'q belgilep berilgen, sog'an muwapi'q Prezidium: sessiyani'n' ku'n ta'rtibinin' joybari'n tayarlaydi' ha'm woni'n' jumi's ta'rtibin qarap shi'g'adi', sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde kelip tu'sken hu'jjet ha'm materiallardi'n' tayarlani'wi'n ha'm Joqarg'i' Ken'eske usi'ni'li'wi'n ta'miyinleydi, basqa da sho'lkemlestiriwshilik ma'selelerin sheshedi.

Prezidium Konstituciyada na'zerde tuti'lg'an Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n' jumi'slari'n muwapi'qlasti'ri'w huquqi'n a'melge asi'ra woti'ri'p, wolardi'n' kelisimli ha'm birgelikte jumi's islewin sho'lkemlestiriw boyi'nsha za'ru'rli ilajlardi' qabi'l yetedi, xali'q deputatlari'n, ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik uyi'mlardi'n' wa'killerin

wolardi'n' ma'jilisleri haqqi'nda xabarlandi'ri'li'wi'n ta'miyinleydi, komitetlerge qarap shi'g'i'p ati'rg'an ma'seleleri boyi'nsha materiallar ha'm hu'jjetler menen wo'z waqti'nda ta'miyinleniwine ja'rdem beredi, wolardi'n' jumi'si'na huquqi'y, sho'lkemlestiriwshilik, materialli'q-texnikali'q ha'm basqa da za'ru'rli ja'rdemler ko'rsetedi.

Xali'q deputatlari'ni'n' statusi' haqqi'ndag'i' Ni'zamda deputatlarg'a wo'zlerinin' wa'killiklerin na'tiyjeli a'melge asi'ri'wda wolar barli'q za'ru'rli sharayatlar menen ta'miyinlengen boli'wi' ushi'n tiyisli huquqlar berilgen. Bul ma'selelerdi sheshiwde wolarg'a ja'rdem ko'rsetiw de tikkeley Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' wazi'ypasi'na kiredi. Mi'sali', Joqarg'i' Ken'estin' Reglamentine muwapi'q Prezidium Joqarg'i' Ken'estin' sessiyalari'nda deputatlardi'n' usi'ni's ha'm yeskertiwlerin ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik uyi'mlar, lawazi'mli' shaxslar ta'repinen wo'z waqti'nda qarap shi'g'i'li'wi'n ha'm wori'nlani'wi'n, xali'q deputatlari'ni'n' talapnamalari' boyi'nsha qabi'l yetilgen qararlardi'n' wori'nlani'wi'n qadag'alawdi' a'melge asi'radi', bul haqqi'nda xali'q deputatlari'n xabarlandi'radi'.

Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi' jumi'si'ni'n' a'hmiyetli formasi' woni'n' ma'jilisi boli'p yesaplanadi'. Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qarawi'na tiyisli barli'q ma'seleler woni'n' ma'jilislerinde kollegialli'q ta'rtipte sheshiledi.

Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' ma'jilisi za'ru'rligine qaray ayi'na bir ret shaqi'ri'ladi' ha'm woni'n' qurami'ni'n' u'shten yeki bo'leginen kem bolmag'anda toli'q huquqli' yesaplanadi'. Ma'jilisti Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i', yeger wol bolmasa, Basli'qti'n' wori'nbasari' shaqi'radi' ha'm ali'p baradi'. Prezidiumni'n' sheshimleri, a'dette, woni'n' ma'jilisinde Prezidium qurami'ni'n' ko'pshilik dawi'si' menen qabi'l yetiledi.

Prezidiumni'n' ma'jilisinde Prezidium ag'zasi' bolmag'an Joqarg'i' Ken'es deputati' ma'sla'ha't dawi'si' menen qatnasi'w huquqi'na iye. Sonday-aq, Prezidium ma'jilisinde za'ru'r jag'daylarda respublika Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i', Ji'nayi'y isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i', Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i', Xojali'q Sudi'ni'n' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' qatnasi'wi' mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qurami'na kiretug'i'n shaxslarg'a, sonday-aq woni'n' ma'jilislerinde qatnasatug'i'n basqa shaxslarg'a ma'jiliste qarawg'a usi'ni'latug'i'n ma'sele haqqi'nda aldi'n ala xabarlandi'ri'ladi' ha'm za'ru'rli materiallar beriledi.

## *XX bap*

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’ MINISTRLER KEN’ESI

**86-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi — Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Hu’kimeti — Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik ha’kimiyati’ni’n’ joqari’ atqari’wshi’ — basqari’wshi’ uyi’mi’ boli’p tabi’ladi’.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi — Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Hu’kimeti boli’p tabi’ladi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ekonomika, socialli’q ha’m ruwxi’y tarawdi’n’ na’tiyjeli isleniwine basshi’li’q yetiwshi, O’zbekistan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Ma’jlisinin’ sheshimlerin, O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti pa’rmanlari’n ha’m basqa da sheshimlerin, O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ qararlari’ni’n’ ha’m biyliklerinin’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ ha’m woni’n’ Prezidiumi’ni’n’ qararlari’ni’n’, basqa da sheshimlerinin’ wori’nlani’wi’n ta’miyinleytug’i’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik ha’kimiyati’ni’n’ joqari’ atqari’wshi’ — basqari’wshi’ uyi’mi’ boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ma’mleketlik basqari’w uyi’mlari’ ha’m wo’zi du’zgen xojali’q basqari’w uyi’mlari’ sistemasi’n, sonday-aq respublikani’n’ aymag’i’nda jaylasqan respublikali’q bag’i’ni’wdag’i’ (O’zbekistan Respublikasi’) sho’lkemlerdi basqaradi’ ha’m wolardi’n’ baylani’sli’ xi’zmetin ta’miyinleydi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ni’zam shi’g’ari’w baslamasi’ huquqi’na iye.

**87-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen du’ziledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi ekonomikani’n’ na’tiyjeli islewine, socialli’q ha’m ruwxi’y tarawlarg’a basshi’li’q yetiwdi, O’zbekistan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Majlisinin’ basqa da sheshimlerinin’, O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti pa’rmanlari’ni’n’, qararlari’ni’n’ ha’m biyliklerinin’, O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabineti qararlari’ni’n’ ha’m biyliklerinin’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ basqa da sheshimlerinin’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ qararlari’ni’n’ wori’nlani’wi’n ta’miyinleydi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik basqari’w uyi’mlari’ni’n’, sonday-aq rayonlar ha’m qalalar ha’kimlerinin’ aktlerin toqtatadi’, biykarlaydi’.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ministrler Ken'esi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen du'ziledi. Ministrler Ken'esinin' qurami'na Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', woni'n' birinshi wori'nbasarlari' ha'm wori'nbasarlari', ministrler, ma'mleketlik komitetlerinin' basli'qlari', basqa da ma'mleketlik ha'm xojali'q uyi'mlari'ni'n' basshi'lari' kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti menen kelisip alg'an usi'ni'si' boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm lawazi'mi'nan bosati'ladi'.

Respublika Hu'kimetinin' du'ziliwi Joqarg'i' Ken'estin' 2006-ji'l 27-dekabr ku'ni qabi'llang'an jan'a redakciyadag'i' Joqarg'i' Ken'es Reglamentinde belgilengen.[1] Woni'n' 69-statyasi'na muwapi'q: Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Joqarg'i' Ken'es ta'repinen woni'n' birinshi sessiyasi'nda du'ziledi, — dep ko'rsetilgen.

Joqarg'i' Ken'es Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' jan'adan saylang'an Joqarg'i' Ken'esi aldi'nda wo'z wa'killiklerin toqtati'w haqqi'ndag'i' arzasi'n mag'luwmat ushi'n qabi'l yetkennen keyin, Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'eske Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'n tayi'nlaw ushi'n O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidenti menen kelisilgen kandidaturani' usi'nadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mi'na kandidatura aldag'i' jumi's bag'darlamasi' menen Joqarg'i' Ken'es sessiyasi'nda shi'g'i'p so'yleydi.

Joqarg'i' Ken'estin' deputatlari' Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i'na, kandidaturag'a sorawlar beriwge, usi'ni'lg'an kandidatura boyi'nsha wo'z pikirin ayti'wg'a huquqli'.

Joqarg'i' Ken'es basqasha ta'rtip belgilemese, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mi'na tayi'nlaw haqqi'ndag'i' ma'sele ashi'q dawi's beriw joli' menen sheshiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i'n tayi'nlaw haqqi'nda Joqarg'i' Ken'es qarar qabi'l yetedi.

Yeger Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mi'na usi'ni'lg'an kandidatura deputatlardi'n' qollap-quwatlawi'na iye bolmasa, wonda usi' lawazi'mg'a Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' ta'repinen basqa kandidatura usi'ni'ladi', wol boyi'nsha jan'adan dodalaw ha'm dawi's beriw wo'tkeriledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mg'a tayi'nlang'annan keyin, Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi'na

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Xabarnamasi'. №4, 2006-ji'l, Iyul-Dekabr.

Ministrler Ken'esinin' qurami'na kiretug'i'n lawazi'mlarg'a tayi'nlaw ushi'n kandidaturalar usi'nadi'.

«Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ministrler Ken'esi haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qurami'na Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', woni'n' wori'nbasarlari', ministrler, ma'mleketlik komitetlerdin' basli'qlari', basqa da ma'mleketlik ha'm xojali'q basqari'w uyi'mlari'ni'n' basshi'lari' kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' ta'repinen Ministrler Ken'esinin' qurami'na kiretug'i'n lawazi'mlarg'a usi'ni'lg'an kandidaturalardi' tayi'nlawdan aldi'n Joqarg'i' Ken'estin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'estin' komitetleri menen komissiyalari'na usi'ni'lg'an kandidaturalardi' dodalaw ha'm wolar boyi'nsha wo'zlerinin' juwmaqlari'n shi'g'ari'wdi' tapsi'ri'wi' mu'mkin.

Yeger usi'ni'lg'an kandidaturalar komitetler ha'm komissiyalar ta'repinen Ministrler Ken'esinin' qurami'ndag'i' tiyisli lawazi'mg'a usi'ni's yetilmese, komitettin' yamasa komissiyani'n' qabi'l yetken sheshimi tiykarlang'an boli'wi' tiyis.

Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' talap yetiwi boyi'nsha, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qurami'na tasti'yi'qlanatug'i'n kandidatura aldag'i' jumi'si'ni'n' qi'sqa bag'darlamasi' menen Joqarg'i' Ken'es aldi'nda shi'g'i'p so'yleydi.

Joqarg'i' Ken'es deputatlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qurami'na usi'ni'lg'an kandidatura boyi'nsha Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i'na, kandidaturag'a sorawlar beriwge, tasti'yi'qlanatug'i'n kandidatura boyi'nsha pikirlerin ayti'wg'a huqu qli'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na muwapi'q, Joqarg'i' Ken'es sessiyalari' arali'g'i'ndag'i' da'wirde Joqarg'i' Ken'estin' Prezidiumi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' boyi'nsha Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari'n ha'm Ministrler Ken'esinin' ag'zalari'n lawazi'mg'a tayi'nlaydi' ha'm lawazi'mnan bosatadi'.

Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ag'zalari'n lawazi'mg'a tayi'nlaw ha'm lawazi'mnan bosati'w haqqi'ndag'i' qararlari' Joqarg'i' Ken'es ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.

Yeger Ministrler Ken'esinin' qurami'ndag'i' lawazi'mg'a tayi'nlaw yamasa lawazi'mnan bosati'w haqqi'ndag'i' Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' qarari' Joqarg'i' Ken'este qollap-quwatlawg'a iye bolmag'an jag'dayda, Joqarg'i' Ken'es bul ma'sele boyi'nsha Joqarg'i' Ken'es Prezidiumi'ni'n' basqa usi'ni'slari'n qarap shi'g'adi'.

**88-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esin Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'wi'**

**boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' kelisimi menen Joqarg'i' Ken'es ta'repinen tayi'nlanatug'i'n Basli'q basqaradi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' lawazi'mi' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' qurami'na kiredi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i':**

**1) hu'kimettin' jumi'si'na basshi'li'q yetedi ha'm woni'n' wo'z wa'killiklerin na'tiyjeli a'melge asi'ri'w ushi'n ilajlar qabi'l yetedi;**

**2) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine, al sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi'na Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari'n ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' ag'zalari'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w haqqi'nda kandidaturalar usi'nadi';**

**3) Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' wori'nbasarlari' arasi'nda wa-zi'ypalardi' bo'listiredi ha'm keyin ala woni' Ministrler Ken'esinin' Prezidiumi'nda tasti'yi'qlatadi';**

**4) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine, al sessiyalar arali'g'i'ndag'i' da'wirde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi'na Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ministrlik-lerin, ma'mleketlik komitetlerin ha'm basqa da ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari'n du'ziw ha'm saplasti'ri'w haqqi'nda usi'ni'slar beredi;**

**5) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i'na rayonlar, qalalar ha'kimlerin ha'm wolardi'n' wori'nbasarlari'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w haqqi'nda kandidaturalar usi'nadi';**

**6) Ministrler Ken'esi ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' ma'jilislerine basshi'li'q yetedi;**

**7) Ministrler Ken'esinin' jumi'si'nda kollegiyalli'qti' ta'miyinleydi;**

**8) Ministrler Ken'esi ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' ma'jilisinde qarali'wdi' talap yetpeytug'i'n, ma'mleketlik ha'm xojali'q basqari'wi'ni'n' ayi'ri'm ma'seleleri boyi'nsha sheshimler qabi'l yetedi;**

**9) wo'z wa'killigi sheginde ni'zam ta'repinen belgilengen basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'.**

Respublika Hu'kimetinin' du'ziliwi Joqarg'i' Ken'estin' 2006-ji'li' 27-yanvarda qabi'llang'an jan'a redakciyadag'i' Joqarg'i' Ken'es Reglamentinde belgilengen.[1] Ministrler Ken'esinin' wo'z wa'killiklerin toqtati'lg'anli'g'i' haqqi'ndag'i' bildiriw jan'adan saylang'an Joqarg'i' Ken'eske usi'ni'lg'an-nan keyin, Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Xabarnamasi'. №4, 2006-ji'l, Iyul-Dekabr.

menen kelisilgen halda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i' lawazi'mi'na kandidatura usi'nadi'.

Ministrler Ken'esi Basli'g'i' lawazi'mi'na usi'ni'lg'an kandidat Joqarg'i' Ken'es aldi'nda wo'zinin' is ali'p bari'w da'stu'ri haqqi'nda bayanat jasaydi'. Joqarg'i' Ken'es deputatlari' usi'ni'lg'an kandidatqa sorawlar beriwge, kandidatti'n' is ali'p bari'w da'sturine baha beriwge, usi'ni'lg'an kandidatura ushi'n «boladi'» yamasa «qarsi'» yekenligi haqqi'nda u'gitler ju'rgiziwge haqi'li'.

Joqarg'i' Ken'es jan'a ta'rtip belgilese Ministrler Ken'esi Basli'g'i' lawazi'mi'na tayi'nlaw ashi'q dawi's beriw arqali' sheshiledi.

Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' uluwma sani'ni'n' yari'mi'nan ko'bi kandidat ushi'n dawi's berse, Ministrler Ken'esi Basli'g'i' tayi'nlang'an boli'p yesaplanadi'. Joqarg'i' Ken'es Ministrler Ken'esi Basli'g'i'n tayi'nlaw haqqi'nda qarar qabi'llaydi'. Yeger de Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' ta'repinen Ministrler Ken'esi Basli'g'i' lawazi'mi'na usi'ni'lg'an kandidatura Joqarg'i' Ken'es deputatlari' ta'repinen qollap-quwatlanbasa, Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'es deputatlari'na basqa kandidatura usi'nadi' ha'm usi'ni'lg'an kandidatura haqqi'nda jan'adan talqi'law ha'm dawi's beriw wo'tkeriledi.[1]

Ministrler Ken'esi Basli'g'i' hu'kimettin' jumi'si'na basshi'li'q yetedi ha'm woni' sho'lkemlestiredi;

— wo'zinin' wori'nbasarlari' arasi'nda wazi'ypalardi' bo'listiredi ha'm keyin ala woni' Ministrler Ken'esinin' Prezidiumi'nda tasti'yi'qlaydi';

— Ministrler Ken'esi ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' ma'jilislerine basshi'li'q yetedi;

— Ministrler Ken'esinin' jumi'si'nda kollegiyalli'qti' ta'miyinleydi;

— Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'na rayon ha'm qala ha'kimlerin tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w haqqi'nda kandidaturalardi' usi'nadi'.

Xali'q arali'q qatnasi'qlarda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Hu'kimetinin' wa'kili boli'p tabi'ladi' ha'm ma'mleketler arali'q sha'rtnamalar menen kelisimlerge qol qoyadi'.

Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' joqli'g'i'nda Basli'qti'n' wazi'ypalari'n woni'n' tapsi'rmasi' boyi'nsha wori'nbasarlari'ni'n' birewi atqaradi'.

**89-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' aldi'nda juwapkerli ja'ne wog'an yesap beredi.**

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Xabarnamasi'. №4, 2006-ji'l, Iyul-Dekabr.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi wo'z jumi'si' haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' aldi'nda ha'r ji'li' keminde bir ret yesap beredi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi jan'adan saylang'an Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi aldi'nda wo'z wa'killiklerin toqtatadi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Ministrler Ken'esin du'zedi ha'm woni'n huquqi'y jag'dayi'n belgileydi.

Respublika Parlamenti ha'm Ministler Ken'esi ma'mleketlik islerdi basqari'wda bir-birewi menen ti'g'i'z qatnasi'qta boladi'. Yen' tiykari' — bul Hu'kimettin' Parlament aldi'ndag'i' juwapkerligi. Yeger de, Joqarg'i' Ken'es Ministrler Ken'esi is ha'reketlerin qanaatlandi'rarsi'z dep tapsa, «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n' 6-statyasi'na muwapi'q woni'n' qurami'n wo'zgertiw haqqi'nda ma'sele qoyi'wi' mu'mkin.

Hu'kimettin' parlament aldi'ndag'i' juwapkershiligi kollektivlik yaki jeke tu'rde boli'wi' mu'mkin. Za'ru'r jag'daylarda Joqarg'i' Ken'es ha'm woni'n' Prezidiumi' Ministrler Ken'esi ag'zalari'ni'n yesabati'n ti'n'lawi' mu'mkin.

Hu'kimet, wo'z gezeginde, wo'zinin ha'reketlerin parlament ta'repinen qollap-quwatlaw maqsetinde wog'an «arza»menen mu'ra'ja'a't yetiw mu'mkin. Bunday ha'reketlerdi ma'limleme usi'ni'w retinde qarawg'a boladi'.

Joqarg'i' Ken'es ag'zalari' Ministrler Ken'esi ag'zalari'na sorawlar qoyi'wg'a haqi'li' boladi'. Bul si'rt yel ma'mleketleri a'meliyati'nda «interpellyaciya» dep ataladi'. «Interpellyaciya» Ministrler Ken'esi ag'zalari' yamasa Ministrler Ken'esi basli'g'i'na uluwma siyasat ma'seleleri boyi'nsha qoyi'li'wi' mu'mkin.

Joqarg'i' Ken'es deputatlari'ni'n' talapnamalari' awi'zsha yamasa jazba tu'rinde boli'wi' mu'mkin. Wolar ma'limleme ali'w ha'm qadag'alawdi' ta'miyinlew usi'li' retinde qollani'ladi'. Deputatlardi'n' talapnamalari' Joqarg'i' Ken'es ma'jilisinin' ku'n ta'rtibine kirgiziledi ha'm tiyisli qarar qabi'llaw ushi'n talqi'law wo'tkeriliwi mu'mkin. Talapnama tez arada qanday da sankciya qollawdi' talap yetpeydi, woni'n' maqseti — Hu'kimetten tiyisli ma'limleme ali'w, za'ru'r jag'dayda naduri's ha'reketlerdi ani'qlaw ha'm wolardi' saplasti'ri'w boyi'nsha ilajlar ko'riw. Soni'n' menen birge, bunday talapnamalar deputatlarg'a parlamentke usi'ni'lg'an Ni'zam joybarlardi'n' mazmuni'n tu'siniwge ja'rdem beredi.

Ja'ne bir jag'day itibarg'a i'layi'q. Respublika Konstituciyasi', Ministrler Ken'esi haqqi'ndag'i' Ni'zamda Hu'kimet ag'zalari'ni'n' (soni'n ishinde, Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n') qol qati'lmasli'g'i' belgilenbegen. Ministrler Ken'esi ag'zalari' barli'q puqaralar qatari' wo'zleri islegen is-ha'reketleri ushi'n ji'nayi'y ha'm ha'kimshilik juwapkershilikke tarti'ladi'.

Ko'pshilik rawajlang'an yellerde ministr parlamenttin' tiyisli komitetinin' kelisimi boyi'nsha juwapkershilikke tarti'ladi'.[1] Bunday ta'jiriybe ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' a'meliyati'nda qollani'w mu'mkin.

**90-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi O'zbekistan Respublikasi' ni'zamlari' ha'm O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisinin' basqa da sheshimleri, O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' pa'rmanlari', qararlari' ha'm biylikleri, O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' qararlari' ha'm biylikleri, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da sheshimleri, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qararlari' tiykari'nda ja'ne wolardi' wori'nlay woti'ri'p, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' pu'tkil aymag'i'nda wori'nlani'wi' sha'rtli bolg'an qararlar menen biylikler shi'g'aradi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ha'rekettegi ni'zamlar tiykari'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' pu'tkil aymag'i'nda barli'q uyi'mlardi'n', ka'rxanalardi'n', ma'kemelerdin', sho'lkemlerdin', lawazi'mli' shaxslardi'n' ha'm puqaralardi'n' wori'nlawi' ushi'n minnetli bolg'an qararlar qabi'l yetedi ha'm biylikler shi'g'aradi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' normativlik yamasa ayri'qsha a'hmiyetke iye sheshimleri Ministrler Ken'esinin' qararlari' tu'rinde qabi'l yetiledi.

Tez sheshiliwi za'ru'r bolg'an ha'm basqa da ku'ndelikli ma'seleler boyi'nsha sheshimler Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' biylikleri tu'rinde shi'g'ari'ladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qararlari'na ha'm biyliklerine Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', basli'q bolmag'an waqi'tta woni'n' tapsi'rmasi' boyi'nsha wori'nbasarlari'ni'n' birewi qol qoyadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qararlari' ha'm biylikleri, yeger bul aktlerde basqa waqi't na'zerde tuti'lmasa, qol qoyi'lg'an ku'nnen baslap ku'shke kiredi. Ministrler Ken'esi qabi'l yetilgen sheshimlerdin' wori'nlani'wi'n qadag'alawdi' tikkeley wo'zi yamasa ministrlikler, ma'mleketlik komitetler, basqa da ma'mleketlik ha'm xojali'q basqari'w uyi'mlari' arqali' a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' normativlik si'patqa iye bolg'an qararlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' hu'kimetinin' qararlari' ji'ynag'i'nda, al xali'qqa ken' ha'm tez bildiriw za'ru'r bolg'anda g'alaba xabar qurallari' arqali' ha'mmenin' di'qqati'na jetkeriledi.

---

[1] Дмитров Ю., Измайлова Ф. Проблема контроля и ответственности в деятельности органов государственной власти. - Гос. и право, 1996, №4, с. 91.

**91-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' wa'killikleri, woni'n' jumi's ta'rtibi, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' basqa da ma'mleketlik uyi'mlari' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' mu'na'sibetleri Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zami' menen belgilenedi.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' wazi'ypalari', wa'killikleri O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik uyi'mlari' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ha'm basqa da ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' menen qatnasi'qlari' 1998-ji'li' 29-yanvarda jan'a redakciyada qabi'l yetilgen «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi haqqi'nda»g'i' Ni'zam menen belgilenedi.

## *XXI bap*

### JERGILIKLI MA'MLEKETLIK HA'KIMIYATTI'N' TIYKARLARI'

**92-statya. Ha'kimler ta'repinen basqari'latug'i'n xali'q deputatlari'ni'n' Ken'esleri rayonlardag'i' ha'm qalalardag'i' (rayonli'q bag'i'ni'wdag'i' qalalardan basqa) ma'mlekettin' ha'm puqaralardi'n' ma'plerine tiykarlana woti'ri'p, wo'z wa'killigine tiyisli ma'selelerdi sheshetug'i'n wa'killikli ha'kimiyat uyi'mlari' boli'p tabi'ladi'.**

O'zbekistan Respublikasi' g'a'rezsizlikke, al Qaraqalpaqstan Respublikasi' wo'zinin' suverenitetine yeriskennen keyin birqansha wazi'ypalar qatari'nda jergilikli ko'lemdegi wazi'ypalardi' sho'lkemlestiriwdi de aldi'na maqset yetip qoydi'.

1992-ji'li' 4-yanvarda «O'zbekistan Respublikasi'ni'n' jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari'n sho'lkemlestiriw haqqi'nda»g'i' konstituciyali'q ni'zam[1] qabi'l yetildi. Usi' ni'zam jergilikli ko'lemde wa'killikli ha'kimiyat ha'm atqari'wshi' ha'kimiyatti'n' bo'liniwin belgilep, atqari'wshi' ha'kimiyat basli'g'i' si'pati'nda «ha'kim» lawazi'mi'n wornatadi'. Ha'kim jekke basshi'li'q principleri tiykari'nda xi'zmet ko'rseter yeken, al bul degeni wol tek huquq ha'm yerkinliklerge iye boli'p g'ana qalmastan, ku'shli juwapkershilikke de iye boladi'.

1998-ji'li' 29-yanvar ku'ni №330/1 qabi'l yetilgen «Jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na 1999-ji'li' 28-avgust, 2005-ji'li' 29-avgust, 2006-ji'li' 29-

---

[1]«O'zbekiston Respublikasining mahalliy hokimiyati idoralarini qayta tashkil etish to'g'risida»gi konstituciyaviy qonun.//O'zbekiston Respublikasi Oliy Kengashining Axborotnomasi. 1992 yil. 3-son. 146-modda.

avgust, 2006-ji'li' 27-dekabrde ha'm 2008-ji'li' 12-noyabrde wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizildi[1].

Demek, jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' yekige bo'linedi: jergilikli wa'killikli uyi'mlar ha'm jergilikli atqari'wshi' uyi'mlar. Konstituciyani'n' usi' statyasi'na muwapi'q jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killik uyi'mlari' rayonlarda, qalalarda du'ziledi. Rayonli'q, qalali'q ha'kim rayonni'n', qalani'n' yen' joqari' lawazi'mli' shaxsi' boli'p tabi'ladi' ha'm usi'ni'n' menen bir waqi'tta tiyisli aymaqta wa'killikli ha'm atqari'w ha'kimiyati'n basqaradi'. Jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' haqqi'ndag'i' ni'zamg'a muwapi'q xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esleri qararlar qabi'l yetedi. Jergilikli wa'killikli uyi'mlar wo'z xi'zmetin kollegialli'q tiykarda jumi's ali'p baradi'.

Xali'q deputatlari' Ken'esleri ha'm ha'kimler jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' boli'p, wori'nlarda ma'mleketlik ha'kimiyatti' a'melge asi'radi' ha'm jergilikli a'hmiyetke iye ma'selelerdi g'a'rezsiz sheshedi. Jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' haqqi'ndag'i' ni'zamni'n' qabi'l yetiliwi jergilikli wa'killikli ha'm atqari'wshi' ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' sistemasi', du'zilisi, wa'killikleri, wazi'ypalari', sho'lkemlestiriwshilik, ekonomikali'q ha'm finansli'q xi'zmet formalari', wori'nlarda ni'zamli'li'qti' ta'miyinleniwde huquqi'y qatnasi'qlardi' belgilep beredi.

Jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari' haqqi'ndag'i' ni'zamg'a muwapi'q xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' tiykarg'i' jumi's formasi' sessiya boli'p tabi'ladi'. Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esinin' sessiyasi'n ha'kim, woni'n' joqli'g'i'nda wori'nbasarlari'ni'n' birewi ali'p baradi'. Sessiya keminde ji'li'na yeki ret shaqi'ri'ladi'. Sonday-aq, sessiya tiyisli Ken'es deputatlari'ni'n' keminde u'shten yekisinin' baslamasi' boyi'nsha shaqi'ri'li'wi' mu'mkin.

Xali'q deputatlari' Ken'esi sessiyada ko'rip shi'g'i'w ushi'n kirgizilip ati'rg'an aktual ma'selelerdi tayarlaw boyi'nsha tiyisli ha'kim ta'repinen sol tarawdi'n' qa'nigesin ha'm ali'mlardi' qatnasti'rg'an halda isshi topar sho'lkemlestiriwi mu'mkin. Isshi topar sessiyani'n' ku'n ta'rtibin aymaqtag'i' puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' belsendileri, tiyisli ha'kimliktin' basqarmalari', bo'limleri ha'm basqa da du'zilmeleri, sonday-aq ka'rxana, ma'keme ha'm basqa da ma'mleketlik yemes sho'lkemlerdin' pikirlerin yesapqa alg'an halda tayarlaydi'.

**93-statya. Jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' biyligine to'mendegi ma'seleler tiyisli:**

**ni'zamli'li'qti', huquq ta'rtibin ha'm puqaralardi'n' qa'wipsizligin ta'miyinlew;**

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' «Xabarnamasi'», №7, 2008-ji'l,61-b.

**aymaqlardi’ ekonomikali’q, socialli’q ha’m ma’deniy jaqtan rawajlandi’ri’w ma’seleleri;**

**jergilikli byudjetti du’ziw ha’m wori’nlaw, jergilikli sali’qlardi’, ji’yi’mlardi’ belgilew, byudjetten ti’s qorlardi’ du’ziw;**

**jergilikli kommunalli’q xojali’qqa basshi’li’q yetiw;**

**qorshap turg’an wortali’qti’ qorg’aw;**

**puqarali’q halati’ aktlerin dizimge ali’wdi’ ta’miyinlew;**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’na ha’m ni’zamlari’na qayshi’ kelmeytug’i’n normativlik aktlerdi qabi’l yetiw ha’m basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’ri’w.**

Bazar qatnasi’qlari’na basqi’shpa-basqi’sh wo’tiwde, woni’n’ ma’mleket quri’li’si’ ha’m ekonomikani’ reformalaw bag’darlamasi’ni’n’ za’ru’r principlerinen biri ni’zamlardi’n’ u’stinligin ta’miyinlew, ni’zamli’li’q ha’m huquqi’y ta’rtipti bekkemlewden ibarat.

Ni’zamli’li’qti’, huquq ta’rtibin ha’m puqaralardi’n’ qa’wipsizligin ta’miyinlew. Jergilikli ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ Konstituciya, «Jergilikli ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ haqqi’nda»g’i’, «Xali’q deputatlari’ rayon ha’m qala Ken’esi deputati’ni’n’ huquqi’y statusi’ haqqi’nda»g’i’ Ni’zamlari’, «Is ta’rtibi» ha’m basqa normativ-huquqi’y hu’jjetlerine muwapi’q wo’zinin’ jumi’si’n a’melge asi’radi’.

Ha’kimlerdin’ aktleri Ministrler Ken’esi ta’repinen toqtati’ladi’ ha’m biykarlanadi’. Joqarg’i’ ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ wo’z wa’killigi sheginde qabi’l yetken sheshimlerin to’mengi uyi’mlar wori’nlawg’a minnetli. O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikalari’ Konstituciyalari’na ha’m ni’zamlari’na qayshi’ keletug’i’n ha’kimnin’ sheshimlerine prokuror ta’repinen qarsi’li’q keltiriliwi mu’mkin. Prokuror qarsi’li’qlari’ keltirilgen sheshimlerdi ha’kimnin’ wo’zi, al za’ru’r jag’daylarda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi qayta qarap shi’g’adi’. Puqaralar, ja’miyetlik birlespeler, ka’rxanalar, ma’kemeler ha’m sho’lkemler ha’kimnin’ aktleri u’stinen sudqa shag’i’m yetiwi mu’mkin. Jergilikli ha’kimiyat uyi’mlari’ tek g’ana worayli’q ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ hu’jjetlerin g’ana yemes, al soni’n’ menen birge joqari’ turi’wshi’ uyi’mlardi’n’ da hu’jjetlerin wo’z wa’killikleri shen’berinde qabi’l yetilgen qararlari’ menen wori’nlani’wi’ ushi’n ma’jbu’riy boli’p tabi’ladi’.

Jergilikli ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ huquqi’y ta’rtipti ta’miyinlewde, yag’ni’y ni’zamlar ha’m wolarg’a muwapi’q shi’g’ari’lg’an normativ aktlerge boysi’ni’wi’n, wolardi’n’ wori’nlani’wi’n ha’m de qollani’li’wi’n ta’miyinlewde huquq qorg’aw uyi’mlari’ (sud, prokuratura, ishki isler uyi’mlari’, a’dillik uyi’mlari’) menen wo’z ara birge islesiwde jumi’s ali’p baradi’ ha’m wolardi’n’ jumi’slari’n muwapi’qlasti’ri’p turadi’.

Jergilikli ma’mleketlik ha’kimiyat uyi’mlari’ni’n’ aymaqlardi’ ekonomikali’q, socialli’q ha’m ma’deniy rawajlandi’ri’w tarawi’ndag’i’

wazi'ypasi' — xali'q deputatlari' rayon, qala Ken'esi ha'm rayon, qala ha'kimlerinin' ha'kimshilik-aymaqli'q bo'limlerdegi bar bolg'an mu'liklerdi basqari'w, O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' ayri'qsha menshigindegi ma'mleketlik obyektlerge wo'ndirislik ha'm socialli'q obyektlerdin' na'tiyjeli jaylasti'ri'li'wi'n, xali'qti'n' socialli'q jaqtan qorg'ali'wi'n qadag'alawdi' a'melge asi'ri'w wa'killiklerinen kelip shi'g'adi'.

Jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' jergilikli byudjetin sho'lkemlestiriw ha'm woni' wori'nlaw, jergilikli sali'qlar, ji'yi'mlar belgilew, byudjetten ti'sqari' fondlardi' du'ziw wazi'ypasi' aymaqti' ekonomikali'q, socialli'q ha'm ma'deniy jaqtan rawajlandi'ri'w, xali'qti'n' abadanli'g'i'n asi'ri'w, puqaralardi'n' turmi's jag'dayi'n jaqsi'law, xali'q bilimlendiriwi, densawli'qti' saqlaw, socialli'q jaqtan ta'miyinlew, ilim ha'm ma'deniyat tarawlari'n rawajlandi'ri'w ha'm de za'ru'r materialli'q bazani' payda yetiwge qarati'lg'an boladi'.

Jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari' kommunal xojali'qqa xi'zmet ko'rsetiw tarawi'nda Prezident pa'rmanlari'ni'n', ni'zamlardi'n' ha'm basqa da normativ-huquqi'y hu'jjetlerdin' a'melde wori'nlani'wi' u'stinen qadag'alawdi' a'melge asi'radi'. Aymaqta kommunalli'q xi'zmet ko'rsetiw sistemasi'nda ekonomikali'q reformalardi' teren'lestiriw boyi'nsha ma'mleket siyasati'n ha'm hu'kimet ta'repinen qabi'l yetilgen is-ilajlardi' a'melge asi'ri'wg'a; kommunalli'q xi'zmet ko'rsetiw sistemasi'n reformalaw boyi'nsha jumi'slardi' muwapi'qlasti'ri'wg'a; aymaqti'n' xalqi'n ha'm ekonomikali'q tarmaqlardi' ta'biyiy gaz benen u'zliksiz ta'miyinlewdi a'melge asi'ri'wg'a; kanalizaciya, suw menen ta'miyinlew; i'si'ti'w, elektr energiyasi' menen ta'miyinlewge; tarawda si'rt yel investiciyalar ha'm texnologiyalardi', soni'n' ishinde qospa ka'rxanalardi' sho'lkemlestiriwde basshi'li'qti' a'melge asi'radi'.

Qorshap turg'an wortali'qti' qorg'aw ha'm ta'biyiy resurslardan paydalani'wdi'n' ma'mleketlik basqari'wdi' a'melge asi'ri'wshi' uyi'mlari'nan biri — bul jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari' boli'p yesaplanadi'.

**94-statya. Jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'n, O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisinin' basqa da sheshimlerin, O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' pa'rmanlari'n, qararlari'n ha'm biyliklerin, O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' qararlari'n ha'm biyliklerin, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zamlari'n ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da sheshimlerin, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qararlari'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qararlari'n ha'm biyliklerin turmi'sqa asi'radi', respublikali'q ha'm jergilikli a'hmiyettegi ma'selelerdi dodalawg'a qatnasadi'.**

**Joqari' uyi'mlardi'n' wo'z wa'killikleri sheginde qabi'l yetken sheshimleri to'mengi uyi'mlardi'n' wori'nlani'wi' ushi'n minnetli.**

**Xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' ha'm ha'kimlerdin' wa'killik mu'ddeti —5 ji'l.**

Xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q, qalali'q Ken'esleri joqari' ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killikli ha'm atqari'wshi' uyi'mlari'ni'n' aktlerin a'melge asi'radi'.

Xali'q deputatlari' rayonli'q, qalali'q Ken'esi ha'm ha'kim rayondi', qalani' uluwma social-ekonomikali'q rawajlandi'ri'w wazi'ypalari'n a'melge asi'ri'wda O'zbekistan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisi palatalari'ni'n' sheshimlerin, O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti pa'rmanlari'ni'n' ha'm basqa da aktlerinin', O'zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabineti qararlari'ni'n' ha'm biyliklerinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basqa da sheshimlerinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qararlari'ni'n', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qararlari' ha'm biyliklerinin', ha'kimshilik uyi'mlardi'n' sheshimlerinin' wori'nlani'wi'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' menen puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' arasi'nda baylani'sti', qalani', rayondi' basqari'wg'a xali'qti' tarti'wdi' ta'miyinleydi. Demek, jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari' tek g'ana worayli'q ha'kimiyat uyi'mlari' hu'jjetlerin yemes, ba'lkim joqari' turi'wshi' uyi'mlardi'n' da hu'jjetlerinin' wori'nlani'wi' ushi'n juwapker boli'p tabi'ladi'.

**95-statya. Tiyisli aymaqta rayonni'n', qalani'n' ha'kimi wa'killikli ha'm atqari'w ha'kimiyati'n basqaradi'.**

Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi rayonni'n', qalani'n' yen' joqari' lawazi'mli' shaxsi' boli'p tabi'ladi' ha'm usi'ni'n' menen bir waqi'tta tiyisli aymaqta wa'killikli ha'm atqari'w ha'kimiyati'n basqaradi'.

Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' ta'repinen tayi'nlanadi', lawazi'mi'nan bosati'ladi' ha'm xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esi ta'repinen tasti'yi'qlanadi'. Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi a'dette xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esinin' deputatlari'nan tayi'nlanadi' ha'm tasti'yi'qlanadi'. Xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' ha'm ha'kimlerdin' wa'killik mu'ddeti—bes ji'l.

Rayon, qala ha'kimleri Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esine ha'm tiyisli xali'q deputatlari' Ken'esine yesabat beredi, rayon bag'i'ni'wdag'i' qala ha'kimi rayon ha'kimine ha'm tiyisli xali'q deputatlari' Ken'esine yesap beredi.

**96-statya. Rayonlardi'n' ha'm qalalardi'n' ha'kimleri ha'm wolardi'n' wori'nbasarlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i'**

**Ken'esinin' Basli'g'i' ta'repinen tayi'nlanadi', lawazi'mi'nan bosati'ladi' ha'm xali'q deputatlari'ni'n' tiyisli Ken'esleri ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.**

Rayonli'q bag'i'ni'wdag'i' qalalardi'n' ha'kimleri rayonni'n' ha'kimi ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm lawazi'mi'nan bosati'ladi' ha'm xali'q deputatlari'ni'n' rayonli'q Ken'esi ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.

2014-ji'l 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won besinshi sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q, usi' statyag'a wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizildi. Wog'an muwapi'q yendigiden bi'lay Ministrler Ken'esi Basli'g'i' rayon ha'm qalalardi'n' ha'kimleri menen birge wolardi'n' wo'ri'nbasarlari'n da usi'ni'wi' menen Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm lawazi'mi'nan bosatadi'. Xali'q deputatlari' Ken'esinin' ha'm ha'kimlerdi'n' wa'killik mu'ddeti bes ji'l.

Ha'kim, woni'n' wori'nbasarlari' haqi' to'lenetug'i'n basqa da lawazi'mdi' iyelewi mu'mkin yemes.

**97-statya. Rayonni'n' ha'm qalani'n' ha'kimi wo'z wa'killiklerin birden-bir basshi'li'q yetiw principleri tiykari'nda a'melge asi'radi' ja'ne wo'zi basshi'li'q yetetug'i'n uyi'mlardi'n' sheshimleri ha'm ha'reketleri ushi'n jeke juwapkerli boladi'.**

**Rayon ha'm qala ha'kimi tiyisli xali'q deputatlari' Ken'esine rayonni'n', qalani'n' social-ekonomikali'q rawajlani'wi'ni'n' yen' a'hmiyetli ma'seleleri boyi'nsha yesabatlar beredi, wolar boyi'nsha xali'q deputatlari' Ken'esi ta'repinen tiyisli sheshimler qabi'l yetiledi.**

**Ha'kimlerdin' ha'm xali'q deputatlari' jergilikli Ken'eslerinin' jumi'si'n sho'lkemlestiriw, wa'killiklerinin' ko'lemi ha'm xali'q deputatlari' jergilikli Ken'eslerin saylaw ta'rtibi ni'zam menen ta'rtiplestiriledi.**

Qala, rayon ha'kimi wo'zinin' wa'killiklerin jeke juwapkershilik principi tiykari'nda a'melge asi'radi'. Ha'kim bir waqi'tti'n' wo'zinde tiyisli aymaqtag'i' wa'killikli ha'm atqari'w ha'kimiyati'n basqaradi'.

«Jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' 22-statyasi'na muwapi'q rayon ha'm qala ha'kimi:

— O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zamlari'ni'n' ha'm de O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisinin' palatalari', O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti, Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi, Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi' qararlari'ni'n', Ministrler Ken'esi hu'jjetlerinin' ha'm xali'q deputatlari' Ken'esi qararlari'ni'n' wori'nlani'wi'n sho'lkemlestiredi;

— ja'miyetlik ta'rtipti saqlaw, ji'nayatshi'li'qqa qarsi' gu'resiw, ta'biyiy apatshi'li'qlar, epidemiyalar ha'm basqa da ayri'qsha jag'daylarda jumi'slardi' sho'lkemlestiredi;

— rayondi', qalani' ekonomikali'q-socialli'q jaqtan rawajlandi'ri'wdi'n' tiykarg'i' bag'darlari'n, rayonli'q, qalali'q byudjettin' tiykarg'i' ko'rsetkishlerin ha'm wolardi'n' wori'nlani'wi' haqqi'nda yesaplardi' xali'q deputatlari' Ken'esinin' tasti'yi'qlawi'na usi'nadi';

— wo'z wori'nbasarlari'n ha'm atqari'w ha'kimiyati'ni'n' bo'limlerinin' basli'qlari'n tayi'nlaw ha'm lawazi'mi'nan bosati'w haqqi'nda sheshimlerdi xali'q deputatlari' Ken'esinin' tasti'yi'qlawi'na usi'nadi';

— ha'kimlik apparati' bo'limshelerinin' basshi'lari'n tayi'nlaydi' ha'm lawazi'mi'nan bosatadi';

— Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na ha'm ni'zam aktlerine qayshi' kelse, to'mengi ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' sheshimlerin biykarlaydi';

— atqari'wshi' ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' jumi'si'n qadag'alaydi', wolardi'n' yesaplari'n ti'n'laydi', xi'zmetkerlerdi xoshametleydi ha'm intizamli'q sharalar qollanadi';

— puqaralardi' qabi'llawdi' sho'lkemlestiredi, puqaralardi'n' shag'i'mlari'n, arzalari'n ha'm usi'ni'slari'n qaraydi';

— turaq jay menshik iyeleri ha'm wonnan paydalani'wshi'lar kommunalli'q xi'zmet, turaq jaylardan paydalani'w ha'm saqlaw qa'rejetlerin to'lewge baylani'sli' talaplardi' qopal ra'wishte buzg'an jag'daylarda rayonlardi'n', qalalardi'n' (qalani'n' qurami'na kiriwshi rayonlardi'n') ha'kimleri kommunalli'q xi'zmet, turaq jaylardan paydalani'w ha'm saqlaw qa'rejetleri to'lemi boyi'nsha qari'zlardi' wo'ndiriw haqqi'nda kommunalli'q xi'zmet ko'rsetiwshiler yamasa turaq jay menshik iyeleri shirketlerinin' usi'ni'si'na muwapi'q dawalar menen sudqa mu'ra'ja'a't yetedi;

— ha'kim jobalasti'ri'w, byudjet, finans, yesap ju'rgiziw, rayonni'n', qalani'n' menshigin basqari'w, menshiktin' ha'rqi'yli' tu'rindegi ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' menen wo'z ara baylani'sli' ha'reket yetiw, jerden ha'm basqa da ta'biyiy resurslardan paydalani'w, ta'biyatti' qorg'aw, quri'li's, transport, jol quri'li'si' ha'm baylani's, kommunalli'q, sawda, socialli'q-ma'deniy xi'zmet ko'rsetiw, xali'qti' socialli'q qorg'aw, ni'zamli'li'qti', huquq ta'rtibin ha'm qa'wipsizlikti ta'miyinlew, puqaralardi'n' huquqlari'n ha'm yerkinliklerin qorg'aw tarawi'ndag'i' ma'selelerdi ha'm de ni'zamlar menen belgilengen wa'killiklerine tiyisli basqa da ma'selelerdi sheshedi.

**98-statya. Ha'kim wo'zine berilgen wa'killikler sheginde tiyisli aymaqtagi' barli'q ka'rxanalardi'n', ma'kemelerdin', sho'lkemlerdin', birlespelerdin', sonday-aq lawazi'mli' adamlardi'n' ha'm puqaralardi'n' wori'nlawi' ushi'n minnetli bolg'an sheshimler qabi'l yetedi.**

Ha'zirgi waqi'tta xi'zmet ko'rsetip kiyati'rg'an ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killik uyi'mlari' to'mendegi huquqi'y hu'jjetlerdi qabi'l

yetedi: xali'q deputatlari' Ken'esinin' ha'm ha'kimlik apparati'ni'n' jumi's ta'rtibi (reglamenti); xali'q deputatlari' Ken'eslerinin' ja'rdemshi ha'm atqari'wshi' uyi'mlar haqqi'ndag'i' hu'jjetleri (turaqli' komissiyalar haqqi'ndag'i', ha'kimlik apparati'ni'n' bo'limleri, basqarmalari' haqqi'ndag'i' rejeler); ha'kimlik ma'kemesinin' sistemasi' haqqi'ndag'i', lawazi'mli' shaxslardi'n' huquqi'y statusi'n belgilep beriwshi normativ-huquqi'y hu'jjetler, qa'nige bag'darlamalari', bo'lim ha'm basqarmalardi'n' komissiyalari' haqqi'ndag'i', qabi'llawlar haqqi'ndag'i' rejeler h.t.b. Mine, usi'lar ja'rdeminde usi' uyi'mlardi'n' wa'killikleri a'melge asi'ri'ladi'.

Jergilikli Ken'esler wo'z xi'zmeti dawami'nda puqaralardi'n' huquqlari'n ha'm ni'zamli' ma'plerin qorg'aw, social-ekonomikali'q tarawdi'n' rawajlani'wi'n ta'miyinlew, qorshap turg'an wortali'qti' qorg'aw ma'selelerine, sho'lkemlestiriw ma'selelerine, sonday-aq O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan ni'zamlari', Oliy Majlis palatalari'ni'n', Joqarg'i' Ken'estin', O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin', Respublika hu'kimetinin' hu'jjetleri ja'ne de jergilikli Ken'es sessiyalari'nda qabi'l yetilgen qararlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen tiyisli qadag'alawdi' a'melge asi'ri'w ma'selelerine ayri'qsha itibardi' qaratadi'.

Jergilikli Ken'eslerdin' qabi'l yetken qararlari' — bul ha'kimiyat uyi'mi'ni'n' normativlik akti boli'p, wol kimge atap shi'g'ari'lg'an bolsa woni'n' wori'nlani'wi' ma'jbu'riy. Jergilikli Ken'es aymag'i'nda jaylasqan joqarg'a boysi'ni'wshi' ka'rxana, ma'keme, sho'lkemge qarata bolg'an usi'ni's tiyisli basli'qlar ta'repinen ko'rip shi'g'i'li'wi' ha'm na'tiyjesi jergilikli Ken'eske ma'lim yetiliwi kerek. Jergilikli Ken'es wo'z wa'killikleri mu'ddetinde tu'rli turaqli' komissiyalardi'n', bo'lim ha'm basqarmalardi'n' yesabatlari'n yesitedi. Bul yesabatlardi'n' maqseti mine usi' uyi'mlardi'n' jumi'si'n jaqsi'law boli'p qalmastan, deputatlar ha'm ja'ma'a't itibari'n xojali'q ha'm ma'deniy quri'li'sti'n' wol yaki bul salasi'na tarti'w, jumi'sti'n' alg'a ilgerlewdin' formasi' ha'm usi'llari'n yendiriw boli'p yesaplanadi'.

Rayonni'n', qalani'n' ha'kimi sheshimler qabi'l yetedi ha'm biylikler shi'g'aradi'.

Ha'kimnin' aktleri yeger akttin' wo'zinde basqa ta'rtip belgilenbese, qol qoyi'lg'an waqi'ttan baslap wo'z ku'shine yenedi ha'm usi' aymaqta jaylasqan barli'q ka'rxanalar, sho'lkemler, ma'kemeler, lawazi'mli' shaxslar ha'm puqaralar wori'nlawg'a minnetli.

Joqarg'i' ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' wo'z wa'killigi sheginde qabi'l yetken sheshimlerin to'mengi uyi'mlar wori'nlawg'a minnetli.

Puqaralar, ja'miyetlik birlespeler, ka'rxanalar, ma'kemeler ha'm sho'lkemler ha'kimnin' aktleri u'stinen sudqa shag'i'm yetiwi mu'mkin.

**99-statya. Posyolkalarda, awi'llarda, sonday-aq qalalardi'n' ma'kan ken'eslerinde basli'qti' (aqsaqaldi') ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin 2,5 ji'lg'a saylaytug'i'n puqaralar ji'yi'nlari' jergilikli wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' boli'p tabi'ladi'.**

**Jergilikli wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari'n saylaw ta'rtibi, wolardi'n' jumi'si'n sho'lkemlestiriw ha'm wa'killiklerinin' ko'lemi ni'zam menen ta'rtiplestiriledi.**

Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' termini, tu'sinigi O'zbekistan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' yuridika iliminde, birinshisinin', g'a'rezsizlikke, yekinshisinin' suverenlikke yerisiwinin' na'tiyjesinde du'nyag'a keldi.

Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari'ni'n' jumi'si'n sho'lkemlestiriw ma'seleleri ha'm wa'killikleri 5-iyul 2013-ji'li' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won u'shinshi sessiyasi'nda jan'a redakciyada qabi'l yetilgen «Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' haqqi'nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' menen ta'rtiplestiriledi. Bul ni'zam aldi'ng'i' ni'zamnan wo'zinin' zaman talaplari'na juwap beriw principialli'g'i' menen birqansha arti'qmashi'li'qlarg'a iye. Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' haqqi'ndag'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' (jan'a redakciyadag'i') ni'zami'nda puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'wg'a tu'sinik beredi, wolardi'n' huquqi'n ani'qlaydi', wa'killiklerin belgilep beredi, jumi'slari'ni'n' tiykarg'i' principlerin belgileydi, ni'zamli'li'q, insan huquqlari', yerkinlikleri ha'm ni'zamli' ma'plerinin' u'stinligi, demokratizm, ja'riyali'li'q, sociallli'q a'dillik, jergilikli a'hmiyetke iye ma'selelerdi sheshiwde g'a'rezsizlik, ja'miyetlik tiykarda wo'z ara ja'rdem, socialli'q sheriklik, jergilikli u'rp-a'detler ha'm da'stu'rlerdi yesapqa ali'wdan ibaratli'g'i' menen wo'z ko'rinisin tapqan. Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' ta'repinen ja'miyetlik qadag'alaw a'melge asi'ri'ladi', sonday-aq tiyisli aymaqta isbilermenlikti, soni'n' ishinde, shan'araqli'q isbilermenlik ha'm wo'nermentshilik jumi'si'n rawajlandi'ri'wg'a ko'meklesiw maqsetinde ma'sla'ha't woraylari'n sho'lkemlestiriwge haqi'li'. Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari', bir so'z benen aytqanda, ma'ha'lleler joqari'da ati' atalg'an ni'zamda wo'zinin' i'qsham ha'm tu'sinikli sa'wlesin tapqan.

«Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' haqqi'nda»g'i' Ni'zami'ni'n' 3-statyasi'na muwapi'q: «Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'wi' puqaralardi'n' jergilikli a'hmiyetke iye ma'selelerdi wo'z ma'plerinen, rawajlani'wdi'n' tariyxi'y wo'zgesheliklerinen, sonday-aq, milliy ha'm ruwxi'y qa'diriyatlardan, jergilikli u'rp-a'detlerden ha'm da'stu'rlerden kelip shi'qqan ra'wishte sheshiw bari'si'ndag'i' O'zbekistan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyalari' ha'm ni'zamlari' menen kepillenetug'i'n biyg'a'rez jumi'si' boli'p tabi'ladi'»[1] — dep puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'wi'na tu'sinik berilgen.

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi'n'i'n' «Puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari' haqqi'nda»g'i' (jan'aredakciyada) Ni'zami'.5-iyul 2013-ji'l.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw ta'rtibi 5-iyul 2013-ji'li' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won u'shinshi sessiyasi'nda jan'a redakciyada qabi'l yetilgen «Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ni'zami' menen ta'rtiplestiriledi. Bul ni'zam tiykari'nda posyolka, awi'l, sonday-aq qalalardag'i', posyolkalardag'i', awi'llardag'i' ma'kan puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkeriw boyi'nsha qatnasi'qlar ta'rtiplestiriledi.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'm de wo'tkeriw ja'riyali'li'q, alternativlik ha'm ten' saylaw huquqi' principi tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'. Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw huquqi'na won segiz jasqa shi'qqan ha'm tiyisli aymaqta turaqli' tu'rde jasawshi' puqaralar iye. Sud ta'repinen qatnasi'qqa uqi'psi'z dep tabi'lg'an puqaralar saylawda qatnasi'wi' mu'mkin yemes. Saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'm de wo'tkeriw ashi'q ha'm ja'riyali'li'q penen a'melge asi'ri'ladi' ha'm woni'n' bari'si' haqqi'ndag'i' mag'luwmatlar g'alaba xabar qurallari' ta'repinen sa'wlelendirilip bari'ladi'.

«Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw haqqi'nda»g'i' (jan'a redakciyada) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'ni'n' 17-statyasi'na muwapi'q: «Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') lawazi'mi'na talabanlar O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' boli'wi', a'dette, joqarg'i' mag'luwmatqa iye boli'wi', tikkeley saylawg'a deyin keminde bes ji'l tiyisli aymaqta turaqli' tu'rde jasap ati'rg'an boli'wi', sho'lkemlestiriwshilik uqi'bi'na, ma'mleketlik uyi'mlarda yaki ma'mleketlik yemes kommerciyali'q yemes sho'lkemlerde yamasa isbilermenlik ha'm basqa da xojali'q jumi'si' tarawi'nda jumi's ta'jiriybesine, sonday-aq, turmi's ta'jiriybege ha'm xali'q arasi'nda abi'royg'a iye boli'wi' tiyis»[1] — dep ani'q ko'rsetip berilgen.

Bul joqari'da ko'rsetilgen ni'zamlar wo'z waqti'nda qabi'l yetildi. Sebebi, bul jan'a redakciyadag'i' qabi'l yetilgen ni'zamlarda yerten'gi ku'n talaplari'nan kelip shi'qqan halda ma'mleketimizdi reformalaw ha'm modernizaciyalaw joli'nda u'lken a'hmiyetke iye bolg'an puqarali'q ja'miyeti institutlari'nan biri bolg'an wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari'ni'n' wa'killikleri ken'eyttirildi.

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' «Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw waqti'nda»g'i' (jan'a redakciyada) Ni'zami'. 5-iyul 2013-ji'l.

## *XXII bap*

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' SUD HA'KIMIYATI'

**100-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' sud ha'kimiyati' ni'zam shi'g'ari'w ha'm atqari'w ha'kimiyatlari'nan, siyasiy partiyalardan, basqa da ja'miyetlik birlespelerden biyg'a'rez isleydi.**

Ma'mleketimizde demokratiyali'q reformalardi' ja'ne de teren'lestiriw ha'm puqarali'q ja'miyetti rawajlandi'ri'w koncepciyasi'nda ko'rsetilgenindey, yelimizde sud ha'kimiyati'n basqi'shpa-basqi'sh bekkemlep bari'w, sudti'n' yerkinligin ta'miyinlew, woni' buri'ng'i' sistemada bolg'ani' si'yaqli' repressiya qurali' ha'm jazalaw uyi'mi' si'pati'ndag'i' uyi'm yemes, al, insan ha'm puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin isenimli qorg'awg'a xi'zmet yetetug'i'n shi'n ma'nisindegi g'a'rezsiz ma'mleket instituti'na aylandi'ri'wg'a qarati'lg'an ken' ko'lemli sho'lkemlestiriw huquqi'y is-ilajlar a'melge asi'ri'ldi'.

Ha'kimiyatlar bo'liniwine baylani'sli' konstituciyali'q principti izbe-iz a'melge asi'ri'w maqsetinde «Sudlar haqqi'nda»g'i' Ni'zam jan'a redakciyada qabi'l yetildi, sonday-aq bul da'wirde ji'nayat processual, puqarali'q processual ni'zamshi'li'g'i'na tiyisli wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kiritildi. Bul wo'z na'wbetinde sud sistemasi'n atqari'wshi' ha'kimiyat uyi'mlari' qadag'alawi' ha'm ta'sirinen shi'g'ari'w imkani'n bergenin ayri'qsha atap wo'tiw tiyis.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik ha'kimiyat sistemasi' — ha'kimiyatti'n' ni'zam shi'g'ari'wshi', atqari'wshi' ha'm sud ha'kimiyatlari'na bo'liniw principlerine tiykarlanadi'.

Bul konstituciyali'q princip sud ha'kimiyati'ni'n' basqa ha'kimiyat uyi'mlari'nan biyg'a'rez boli'wi'n ta'miyinleydi. Sudlardi'n' biyg'a'rez islewi ni'zam menen retlestiriledi. Sudyalar ha'kimiyatti'n' wa'killik uyi'mlari'ni'n' deputati' bola almaydi'. Wolar, sonday-aq, siyasiy partiyalardi'n' ha'm ha'reketlerdin' ag'zalari' boli'wi' ja'ne haqi' to'lenetug'i'n basqa bir lawazi'mdi' iyelewi mu'mkin yemes. Wolarg'a tek ilimiy, pedagogikali'q ha'm do'retiwshilik jumi's penen shug'i'llani'wg'a ruqsat yetiledi. Bul rejelerdin' barli'g'i' sud ha'kimiyati'ni'n' biyg'a'rez islewine tiykar boladi' ha'm yelimizde demokratiyali'q huquqi'y ma'mleket quri'wdag'i' negizgi principleri bolg'an sudti'n' g'a'rezsizligin ta'miyinleydi.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti jani'ndag'i' sudyalardi' tan'law ha'm lawazi'mlarg'a usi'ni'w boyi'nsha joqari' qa'nigelik komissiyasi'ni'n' du'ziliwi sudyalardi'n' g'a'rezsizligin ja'ne de bekkemledi. Sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi' A'dillik ministrligi jani'nda sud qararlari'n wori'nlaw, sudlar xi'zmetin materialli'q-texnikali'q ha'm qarji'lay ta'miyinlew departamentinin' sho'lkemlestiriliwi sudlardi'n' wolarg'a

ta'n bolmag'an wazi'ypalardi' a'melge asi'rmay, al barli'q di'qqat-itibardi' wo'zlerinin' tiykarg'i' wazi'ypasi' bolg'an a'dil sudlawdi' a'melge asi'ri'w ushi'n qarati'w imkani'n berdi.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2012-ji'li' 2-avgusttag'i' «Sud sistemasi' xi'zmetkerlerin socialli'q qorg'awdi' tu'pten jaqsi'law shara-ilajlari' haqqi'nda»g'i' Pa'rmani'na muwapi'q, sud xi'zmetkerlerinin' ayli'qlari' ko'beytildi, wolar fizikali'q shaxslar tabi'slari'na sali'natug'i'n sali'q to'lewinen azat yetildi, u'y-jay sati'p ali'w ushi'n jen'illetilgen ipoteka krediti beriledi, kirey jayda turi'wshi'larg'a kompensaciya puli' to'lenedi ha'm tag'i' basqa jen'illikler ko'rsetilgen.

Sudyalar wo'z xi'zmet wazi'ypalari'n wori'nlawi' mu'na'sibeti menen ali'ng'an tabi'slari' boyi'nsha fizikali'q shaxslardan ali'natug'i'n payda sali'g'i'nan azat yetiledi.

Wa'killiklerinin' mu'ddeti pitken sudyalardi'n' wortasha ayli'q is haqi' wolardi' jan'a wa'killik mu'ddetine qayta saylaw yaki qayta saylaw ushi'n hu'jjetlerin ko'rip shi'g'i'w waqti'nda yamasa jan'a jumi's worni'na jaylasqang'a shekem, bir ko'bi menen u'sh ayg'a shekem saqlap qali'nadi'.

Sudyalarg'a wolardi'n' wa'killikleri pitkennen keyin wolar sudyali'q lawazi'mi'na saylani'wg'a yaki tayi'nlani'wg'a shekem iyelep turg'an da'slepki jumi'si' (lawazi'mi') beriledi, bunday jumi's (lawazi'm) joq bolg'an jag'dayda, wog'an ten' basqa jumi's (lawazi'm) beriledi.

Sud uyi'mlari'ni'n' g'a'rezsizligin ta'miyinlew basqa da konstituciyali'q normalar ha'm ni'zamlar menen a'melge asi'ri'ladi'. Atap aytqanda, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 104-statyasi'na muwapi'q, a'dil sudlawdi' a'melge asi'ri'w boyi'nsha sudyalardi'n' jumi'si'na ha'rqanday aralasi'wi'na jol qoyi'lmaydi' ha'm bul ha'rekettegi ni'zamlar boyi'nsha juwapkershilikke ali'p keledi.

**101-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' sud sistemasi' 5 ji'lli'q mu'ddetke saylanatug'i'n Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudi'nan, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' sudi'nan, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q sudi'nan, usi' mu'ddetke tayi'nlanatug'i'n puqarali'q ha'm ji'nayat isleri boyi'nsha rayonlararali'q, rayonli'q ha'm qalali'q sudlardan ibarat.**

**Sudlardi'n' jumi's ta'rtibi ha'm wolardi' sho'lkemlestiriw ni'zam menen belgilenedi.**

**Ayri'qsha sudlardi' du'ziwge jol qoyi'lmaydi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' sud sistemasi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi', Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi', Puqarali'q isler boyi'nsha rayonlar arali'q sudlar, ji'nayat isleri boyi'nsha rayonli'q (qalali'q) sudlar ha'm de Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q Sudi' ha'reket yetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi', Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayatli'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' ha'm de Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q Sudi' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' ha'm O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen saylanadi'. Bul ma'sele O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti jani'ndag'i' sudyalardi' tan'law ha'm lawazi'mg'a usi'ni's yetiw boyi'nsha Joqari' qa'nigelik komissiyasi'ni'n' juwmag'i' tiykari'nda O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti menen kelisiw ushi'n kiritiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ndag'i' Puqarali'q isler boyi'nsha rayonlararali'q sudlar, Ji'nayat isleri boyi'nsha rayonli'q (qalali'q) sudlardi'n' sudyalari'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' ha'm O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Prezidentinin' kelisimi menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi tayi'nlaydi'. Barli'q sudlardi'n' saylani'w ha'm tayi'nlaw mu'ddeti 5 ji'l.

Sudyali'qqa talabanlarg'a to'mendegi talaplar qoyi'ladi'. Woti'z jastan kishi bolmag'an, joqari' yuridikali'q mag'luwmatqa iye ha'm huquqi'y qa'nigeligi boyi'nsha birinshi na'wbette, huquq qorg'aw uyi'mlari'nda keminde bes ji'lli'q miynet staji'na iye bolg'an ha'm de qa'nigelik imtixani'n tapsi'rg'an O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' rayonlar arali'q, rayon (qala) sudi', xojali'q sudi' sudyasi' boli'wi' mu'mkin. Joqari' yuridikali'q mag'luwmatqa iye ha'm de huquqi'y tarawda keminde jeti ji'l, soni'n' ishinde sudya boli'p keminde yeki ji'lli'q miynet staji'na iye bolg'an ha'm qa'nigelik imtixani'n tapsi'rg'an O'zbekistan Respublikasi' puqarasi' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sudi' sudyasi' boli'wi' mu'mkin.

Sudyali'q lawazi'mi'na birinshi ma'rte tayi'nlanatug'i'n talabanlar qori'nda turg'an shaxslar belgilengen ta'rtipte woqi'wi' ha'm stajirovkadan wo'tiwi tiyis. Woqi'w ha'm stajirovkani' wo'tiw da'wirinde wolar tiykarg'i' jumi's worni'ndag'i' wortasha ayli'q is haqi' saqlang'an halda wo'z miynet wazi'ypalari'n wori'nlawdan azat yetiledi.

Sudlardi'n' jumi's islew ta'rtibi ha'm wolardi' sho'lkemlestiriw, O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi', O'zbekistan Respublikasi'ni'n' «Sudlar haqqi'ndag'i' ni'zami'», O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q processual kodeksi, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat processual kodeksi, O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Xojali'q processual kodeksi ha'm de basqa ni'zamlar menen ta'rtipke sali'nadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda Ayri'qsha sudlardi' du'ziwge jol qoyi'lmaydi'.

**102-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudi' puqarali'q sud islerin ju'rgiziw salasi'nda joqari' sud**

**ha'kimiyati' uyi'mi' boli'p tabi'ladi' ja'ne puqarali'q isler boyi'nsha rayonlararali'q sudlardi'n' jumi'si'n sud ta'rtibinde baqlaw huquqi'na iye.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' rayonlar arali'q sudlar u'stinen sud baqlawi'n ali'p baradi'. Wolar wo'z wa'killigi sheginde birinshi instanciyada, appellyaciyali'q, kassaciyali'q ha'm baqlaw ta'rtibinde is qaraydi'; sud praktikasi'n juwmaqlasti'radi'; sud a'meliyati' ha'm sud statistikasi'n sistemali' analiz yetedi; sud kadrlari'ni'n' qa'nigeligin jetistiriwdi sho'lkemlestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' basli'q, woni'n' wori'nbasari' ha'm sudyadan ibarat boli'p, sudti'n' prezidiumi' ha'm sud kollegiyalari' qurami'nda ha'reket yetedi.

Barli'q birinshi instanciya sudlari'nda isler sudyani'n' jeke wo'zi ta'repinen ko'riledi. Isti appelyaciya ha'm kassaciya ta'rtibinde ko'riw Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isleri boyi'nsha Joqari' Sudi'nda u'sh sudyadan ibarat quramda, baqlaw ta'rtibinde bolsa Prezidium ag'zalari'ni'n' ko'pshiliginin' qatnasi'nda qaraladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' rayonlar arali'q sudlarg'a tiyisli qa'legen islerdi quramali'li'g'i' ha'm ja'miyetlik a'hmiyetliligin yesapqa ali'p wo'zleri birinshi instanciya ta'rtibinde qaraw huquqi'na iye. Sonday-aq, wol isti bir sudtan yekinshi sudqa ali'p beriwi mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' Prezidiumi' usi' sudti'n' sudyalari'nan ibarat quramda is ali'p baradi' ha'm ha'r ayda keminde yeki ma'rte wo'tkeriledi. Wol wo'z wa'killigi sheginde baqlaw ta'rtibinde is qaraydi'; sud praktikasi'n juwmaqlasti'ri'w na'tiyjelerin ko'rip shi'g'adi'; sudlardi'n' xi'zmeti ha'm ni'zamlardi' qollani'w praktikasi' haqqi'nda rayonlar arali'q sudlardi'n' basli'qlari'ni'n' yesabi'n ti'n'laydi'; ni'zamda belgilengen basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' sud kollegiyasi' wo'z wa'killigi sheginde birinshi instanciya, appelyaciyali'q yamasa kassaciyali'q ta'rtipte is qaraydi', sud praktikasi'n juwmaqlasti'radi', ni'zamda belgilengen basqa da wa'killerdi a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' Basli'g'i' sud xi'zmetine sho'lkemlestiriwshi basshi'li'g'i'n a'melge asi'radi'; sud isleri boyi'nsha shi'g'ari'lg'an biylik, uyg'ari'w ha'm qararlar u'stinen ni'zamda belgilengen shegi ha'm ta'rtibinde protestler keltiredi; islerdi baqlaw ta'rtibinde tekseriw ushi'n talap yetip aladi'; sud prezidiumi'n shaqi'radi' ha'm woni'n' ma'jilislerinde basshi'li'q yetedi; sud prezidiumi'ni'n' qararlari'ni'n' wori'nlani'wi' boyi'nsha qadag'alaw jumi'slari'n sho'lkemlestiredi; Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q

isleri boyi'nsha sudlari'ni'n' sudyalari'n ni'zamli' juwapkershilikke tarti'w haqqi'nda is qozg'atadi'; sudyalar sudti'n' basqa xi'zmetkerlerinin' qa'nigeligin jetilistiriw islerin sho'lkemlestiredi; Sud praktikasi'n juwmaqlasti'ri'w ha'm sud statistikasi'n ju'rgiziw jumi'slari'n sho'lkemlestiredi; puqaralardi' jeke wo'zi qabi'l yetedi, wolardi' qabi'l yetiw, arza, shag'i'mlardi' ko'rip shi'g'ari'wi'n sho'lkemlestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i' O'zbekistan Respublikasi' Joqarg'i' Sudi' Plenumi'ni'n' qurami'na kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Puqarali'q isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'na Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' berilgen.

**103-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' sudi' ji'nayi'y ha'm ha'kimshilik sud islerin ju'rgiziw salasi'nda joqari' sud ha'kimiyati' uyi'mi' boli'p tabi'ladi'. Ja'ne ji'nayat isleri boyi'nsha rayonli'q, qalali'q sudlari'ni'n' jumi'si'n sud ta'rtibinde baqlaw huquqi'na iye.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' rayonli'q (qala) sudlar u'stinen sud baqlawi'n ali'p baradi'. Wolar wo'z wa'killigi sheginde birinshi instanciyada, appellyaciyali'q, kassaciyali'q ha'm baqlaw ta'rtibinde is qaraydi'; sud praktikasi'n juwmaqlasti'radi'; sud a'meliyati' ha'm sud statistikasi'n sistemali' analiz yetedi; sud kadrlari'ni'n' qa'nigeligin jetilistiriwdi sho'lkemlestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' — basli'q, woni'n' wori'nbasari', sudyalar ha'm xali'q ma'sla'ha'tshilerinen ibarat boli'p, sudti'n' prezidiumi' ha'm sud kollegiyalari' qurami'nda ha'reket yetedi.

Ji'nayat isleri kollegial tu'rde ko'riledi. Ji'nayat Kodeksinin' 15-statyasi'ni'n' yekinshi ha'm u'shinshi bo'limlerinde na'zerde tuti'lg'an ja'miyetke qa'wipliligi u'lken bolmag'an ha'm wonsha awi'r bolmag'an ji'nayatlar boyi'nsha islerdi sudya jalg'i'z wo'zi ko'redi. Ji'nayat isi birinshi instanciya sudi' ta'repinen kollegial tu'rde ko'rilgende sudya ha'm yeki xali'q ma'sla'ha'tshisi qatnasadi'. Sud kollegiyasi'nda apellyaciya, kassaciya ha'm baqlaw ta'rtibinde islerdi u'sh sudya qurami'nda ko'redi. Al, prezidiumda bolsa prezidium ag'zalari'ni'n' ko'pshiliginin' qatnasi'nda ko'riledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudlari' rayonli'q (qala) sudlarg'a tiyisli qa'legen islerdi quramali'li'g'i' ha'm ja'miyetlik a'hmiyetliligin yesapqa ali'p wo'zleri birinshi instanciya ta'rtibinde qaraw huquqi'na iye. Sonday-aq, wol isti bir sudtan yekinshi sudqa ali'p beriwi mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' Prezidiumi' usi' sudti'n' sudyalari'nan ibarat quramda is ali'p baradi' ha'm ha'r ayda keminde yeki ma'rte wo'tkeriledi. Wol wo'z wa'killigi sheginde baqlaw ta'rtibinde is qaraydi'; sud praktikasi'n juwmaqlasti'ri'w na'tiyjelerin ko'rip shi'g'adi'; sudlardi'n' xi'zmeti ha'm ni'zamlardi' qollani'w praktikasi' haqqi'nda rayonli'q (qala) sudlardi'n' basli'qlari'ni'n' yesabi'n ti'n'laydi'; ni'zamda belgilengen basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' sud kollegiyalari' wo'z wa'killigi sheginde birinshi instanciya, appelyaciyali'q yamasa kassaciyali'q ta'rtipte is qaraydi', sud praktikasi'n juwmaqlasti'radi', ni'zamda belgilengen basqa da wa'killerdi a'melge asi'radi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi' Basli'g'i' sud xi'zmetine sho'lkemlestiriwshi basshi'li'g'i'n a'melge asi'radi'; sud isleri boyi'nsha shi'g'ari'lg'an hu'kim, uyg'ari'w ha'm qararlar u'stinen ni'zamda belgilengen shegi ha'm ta'rtibinde protestler keltiredi; islerdi baqlaw ta'rtibinde tekseriw ushi'n talap yetip aladi'; sud prezidiumi'n shaqi'radi' ha'm woni'n' ma'jilislerinde basshi'li'q yetedi; sud prezidiumi'ni'n' qararlari'ni'n' wori'nlani'wi' boyi'nsha qadag'alaw jumi'slari'n sho'lkemlestiredi; Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isleri boyi'nsha sudlari'ni'n' sudyalari'n ni'zamli' juwapkershilikke tarti'w haqqi'nda is qozg'atadi'; sudyalar, sudti'n' basqa xi'zmetkerleri ha'm de xali'q ma'sla'ha'tshilerinin' qa'nigeligin jetilistiriw islerin sho'lkemlestiredi; sud praktikasi'n juwmaqlasti'ri'w ha'm sud statistikasi'n ju'rgiziw jumi'slari'n sho'lkemlestiredi; puqaralardi' jeke wo'zi qabi'l yetedi, wolardi' qabi'l yetiw, arza, shag'i'mlardi' ko'rip shi'g'ari'wi'n sho'lkemlestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat isler boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'ni'n' Basli'g'i' O'zbekistan Respublikasi' Joqarg'i' Sudi' Plenumi'ni'n' qurami'na kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayat isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'na Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' berilgen.

**104-statya. Ekonomikali'q tarawda ha'm woni' basqari'wdi'n' bari'si'nda ha'r qi'yli' menshik tu'rlerine tiykarlang'an ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, sonday-aq, isbilermenler arasi'nda ju'z bergen xojali'q dawlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q sudi' ta'repinen woni'n' wa'killikleri sheginde sheshiledi.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q Sudi' Qaraqalpaqstanda xojali'q tarawi'nda sud islerin ju'rgiziwde sud ha'kimiyati'n a'melge asi'radi'. Xojali'q sudlari'ni'n' wazi'ypalari'na ekonomika tarawi'nda ka'rxana, ma'keme, sho'lkemler ha'm puqaralardi'n' buzi'lg'an yaki

dawlardan kelip shi'g'atug'i'n huquqlari'n yamasa ni'zamda ko'rsetilgen ma'plerin qorg'aw, sonday-aq bul tarawda ni'zamshi'li'qti' bekkemlew ha'm huquq buzi'wshi'li'qlardi'n' aldi'n ali'wg'a ja'rdem beriw kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q Sudi' wo'z wa'killigi sheginde birinshi instanciya ha'm apellyaciyali'q ta'rtipte is ko'redi, sonday-aq Sud praktikasi'n juwmaqlasti'radi' ha'm ni'zamg'a muwapi'q basqa da wa'killiklerdi a'melge asi'radi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q Sudi' — basli'q, basli'qti'n' wori'nbasari' ha'm sudyalardan ibarat. Za'ru'rli bolg'an jag'dayda Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Xojali'q Sudi'nda sud kollegiyalari' sho'lkemlestiriliwi mu'mkin. Sud basli'g'i' ni'zamda ko'rsetilgen to'mendegi wa'killiklerge iye: sudqa basshi'li'q yetedi; wori'nbasarlar arasi'nda minnetlerin belgilep beredi; sudyalarg'a islerdi bo'listiredi; sudya ha'm sud xi'zmetkerlerinin' qa'nigeligin jetistiredi; sud praktikasi'n juwmaqlasti'ri'w ha'm sud statistikasi'n ju'rgiziwdi sho'lkemlestiredi; puqaralardi', ka'rxana, ma'keme ha'm sho'lkemlerdin' wa'killerin qabi'l yetedi; arza ha'm shag'i'mlardi' qarawdi' sho'lkemlestiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q Sudi' Basli'g'i' O'zbekistan Respublikasi' Joqarg'i' Xojali'q Sudi' plenumi'ni'n' qurami'na kiredi.

Xojali'q Sudi' to'mendegi islerdi ko'redi:

1. Ekonomika tarawi'nda yuridikali'q ta'repler, basqa da isbilermenlik xi'zmetin a'melge asi'ri'p ati'rg'an ha'm jeke ta'rtipte isbilermenlik statusi'n ni'zamda belgilengen ta'rtipte alg'an puqaralar wortasi'ndag'i' puqarali'q, ha'kimshilik ha'm basqa huquqi'y qatnaslardan kelip shi'g'atug'i'n dawlarg'a tiyisli isler.

2. Ekonomika tarawi'nda sho'lkemler ha'm puqaralardi'n' huquqlari'ni'n' payda boli'wi', wo'zgeriwi yaki biykar boli'wi' ushi'n a'hmiyetke iye bolg'an faktlardi' ani'qlaw haqqi'ndag'i' isler.

3. Sho'lkemler ha'm puqaralardi'n' bankrotli'g'i' haqqi'nda isler.

Xojali'q processual kodeksinin' 24-statyasi'na muwapi'q Xojali'q Sudi' to'mendegi dawalardi' sheshedi: du'ziliwi ni'zamda na'zerde tuti'lg'an sha'rtnama ju'zesinen kelip shi'qqan kelispewshilikler yaki sha'rtnama ju'zesinen kelip shi'qqan boli'p, sheshiliw ushi'n Xojali'q Sudi'na tapsi'ri'w haqqi'nda ta'repler wo'z ara kelisken kelispewshilikler; sha'rtnama sha'rtlerin wo'zgerttiriw yaki sha'rtnamani' biykar yetiw haqqi'ndag'i' dawalar; mu'lik huquqi'n ta'n ali'w haqqi'ndag'i' dawalar; minnetlemeler wori'nlanbag'anli'g'i' yaki tiyisli da'rejede wori'nlanbag'anli'g'i' haqqi'ndag'i' dawalar; mu'likdar yaki mu'liktin' basqa ni'zamli' iyesi ta'repinen mal-mu'likti basqa shaxsti'n' ni'zamsi'z iyeliginen talap yetip ali'w haqqi'ndag'i' dawalar; mu'likdardi'n' yaki mal-mu'liktin' basqa ni'zamli' iyesinin' huquqlari'n iyelik yetiwden ayi'ri'p taslaw menen baylani'sli' bolmag'an halda buzi'lg'anli'g'i' haqqi'ndag'i' dawalar; jetkizilgen zi'yandi' qaplaw haqqi'ndag'i' dawalar; abi'roy, qa'dir-qi'mbat

(bahali'qlar) ha'm iskerlik abi'royi'n qorg'aw haqqi'ndag'i' dawalar; ma'mleketlik uyi'mlari' ha'm puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari'ni'n' ni'zam hu'jjetlerine muwapi'q bolmag'an, sho'lkemler ha'm puqaralardi'n' huquqlari' ha'm ni'zam menen qorg'alatug'i'n ma'plerin buzatug'i'n hu'jjetlerin (toli'q yaki toli'q yemes) haqi'yqi'y yemes dep tabi'w haqqi'ndag'i' dawalar; wo'ndiriwi so'zsiz (akceptsiz) ta'rtipte a'melge asi'ri'latug'i'n wori'nlaw hu'jjetin yaki basqa hu'jjetti wori'nlani'wi' mu'mkin yemes dep tabi'w haqqi'ndag'i' dawalar; ma'mleketlik dizimge ali'wdan bas tartqanli'g'i' yaki belgilengen mu'ddette ma'mleketlik dizimge ali'wdan bas tartqanli'g'i' u'stinen berilgen narazi'li'q; yeger ni'zamda so'zsiz (akceptsiz) ta'rtipte to'lem wo'ndiriliwi na'zerde tuti'lg'an bolsa, tekseriw wazi'ypalari'n a'melge asi'ri'wshi' ma'mleketlik uyi'mlari' ta'repinen sho'lkemler ha'm puqaralardan to'lemler wo'ndiriw haqqi'ndag'i' dawalar; tekseriw wazi'ypalari'n a'melge asi'ri'wshi' uyi'mlar ta'repinen ni'zam hu'jjetlerinin' talaplari'n buzg'an jag'dayda so'zsiz (akceptsiz) ta'rtipte yesaptan shi'g'ari'lg'an pul qarji'lari'n byudjetten qaytari'w haqqi'ndag'i' dawalar.

Xojali'q Sudi' wo'zinin' wa'killik shen'berine kiritilgen basqa dawalardi' da sheshedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q isleri boyi'nsha Joqarg'i' Sudi'na Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde ni'zam shi'g'ari'w baslamasi'n ko'terip shi'g'i'w huquqi' berilgen.

**105-statya. Sudyalar g'a'rezsiz boli'p, ni'zamg'a g'ana bag'i'nadi'. A'dil sudlawdi' a'melge asi'ri'w boyi'nsha sudyalardi'n' jumi'si'na ha'rqanday aralasi'wg'a jol qoyi'lmaydi' ha'm bul ha'reket ni'zam boyi'nsha juwapkershilikke ali'p keledi.**

**Sudyalarg'a qol qati'lmasli'qqa ni'zam menen kepillik beriledi.**

**Sudyalar senator, ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killikli uyi'mlari'ni'n' deputati' boli'wi' mu'mkin yemes.**

**Sudyalar siyasiy partiyalardi'n' ag'zasi' boli'wi', siyasiy ha'reketlerge qatnasi'wi', sonday-aq ilimiy ha'm pedagogikali'q jumi'slari'nan ti'sqari' haqi' to'lenetug'i'n basqa bir de xi'zmet tu'ri menen shug'i'llani'wi' mu'mkin yemes.**

**Wa'killik mu'ddeti pitpesten buri'n sudya ni'zamda ko'rsetilgen tiykarlar boyi'nsha g'ana lawazi'mi'nan bosati'li'wi' mu'mkin.**

A'dil sudti'n' demokratiyali'q tiykarlari'ni'n' ha'm konstituciyali'q principlerinin' biri — sud ha'kimiyati'ni'n' g'a'rezsizligi. Sudyalar tek g'ana ni'zamg'a bag'i'nadi', sol ushi'n da a'dil sudlawdi' a'melge asi'ri'w boyi'nsha wolardi'n' jumi'si'na heshkimnin' aralasi'wi'na haqi'si' joq. O'zbekistan Respublikasi' Ha'kimshilik juwapkershiligi haqqi'ndag'i' kodekstin' 180-statyasi'nda sudqa hu'rmetsizlik qi'lg'anli'q ushi'n juwapkershilik ko'rsetilgen. Al, usi' kodekstin' 182-statyasi'nda lawazi'mli'

shaxsti'n' xali'q ma'sla'ha'tshisin sudqa bari'wg'a tosqi'nli'q yetkenligi ushi'n juwapkershilik ko'rsetilgen. Sonday-aq, O'zbekistan Respublikasi' Ji'nayat kodeksinin' 236-statyasi'nda sud islerin sheshiwge aralasi'w, yag'ni'y a'dalatsi'z hu'kim shi'g'ari'w, biylik, uyg'ari'w yaki qarar shi'g'ari'wg'a yerisiw maqsetinde sudyag'a tu'rli usi'lda ni'zamg'a qi'lap ra'wishte ta'sir yetkenlik ushi'n juwapkershilik ko'rsetilgen.

Sudyalardi'n' g'a'rezsizligi wolardi'n' ni'zam menen belgilengen ta'rtipte saylaw, tayi'nlaw ha'm azat yetiw, wolardi'n' qol qati'lmasli'g'i', a'dil sudti' qatal ta'rtipte a'melge asi'ri'wi', qarar shi'g'ari'wda sudyalardi'n' ma'sla'ha'tinin' si'r tuti'li'wi' ha'm woni' a'shkara yetiwdi talap yetiwin qadag'an yetiwi, sudlarg'a hu'rmetsizlik yaki konkret islerdi sheshiwde aralasi'w yaki sudyalardi'n' qol qati'lmasli'g'i'n buzg'anli'q ushi'n juwapkershiliktin' boli'wi', sudyag'a woni'n' joqari' statusi'na mu'na'sip ra'wishte ma'mleket yesabi'nan materialli'q ha'm socialli'q ta'miynat belgilew arqali' ta'miyinlenedi. G'alaba xabar qurallari' wo'z xabarlari'nda belgili sud isi boyi'nsha sudqa aldi'n ala juwmaq beriwge yaki basqasha tu'rde ta'sir yetiwine haqi'si' joq.

Ma'mleketlik ha'm basqa uyi'mlar, ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, lawazi'mdag'i' shaxslar, puqaralar sudyalardi'n' g'a'rezsizligin hu'rmet yetiwi tiyis. Sudyalarg'a hu'rmetsizlik bildiriw, sonday-aq wog'an ashi'qtan-ashi'q mensinbeslik ha'reketler islew ni'zamg'a tiyisli ra'wishte juwapkershilikke ali'p keledi. Sudyalardi'n' shaxsi'na qol qati'lmaydi'. Sudyag'a qol qati'lmasli'q woni'n' turaq jayi'na, xi'zmet xanasi'na, paydalanatug'i'n transport ha'm baylani's qurallari'na, woni'n' xat-xabarnamalari'na, mu'lki ha'm hu'jjetlerine de tiyisli.

Sudyalardi'n' jeke qa'wipsizligin ta'miyinlew maqsetinde wolarg'a tiyisli dizim menen woq ati'w qurali' beriledi. Za'ru'rli jag'dayda ishki isler uyi'mi' ta'repinen wog'an ha'm woni'n' shan'arag'i' ushi'n quralli' saqshi'lar aji'rati'ladi'.

Sudyag'a qarsi' ji'nayat isi tek g'ana O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Bas prokurori' ta'repinen qozg'ati'li'wi' mu'mkin. Sudya tiyislisinshe O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Sudi' Plenumi'ni'n', O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Xojali'q Sudi' Plenumi'ni'n' ruqsati'si'z ji'nayi'y juwapkershilikke tarti'li'wi', qamaqqa ali'ni'wi' mu'mkin yemes. Sudya tiyisli kvalifikaciyali'q kollegiyani'n' ruqsati'si'z ha'kimshilik juwapkershiligine tarti'lmaydi'.

Sudyani'n' turaq jayi'na yaki xi'zmet xanasi'na, woni'n' paydalanatug'i'n transporti'na kiriw, wolardi' ko'zden wo'tkeriw yaki tintiw, telefondag'i' so'zlerin yesitiw, sudyani' jeke ko'zden wo'tkeriw ha'm jeke tintiw ju'rgiziw, sonday-aq wog'an tiyisli mu'lklerin ha'm hu'jjetlerin, woni'n' xat-xabarlari'n ko'zden wo'tkeriw yaki ali'wg'a Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'ni'n' sankciyasi' yaki sudti'n' qarari' menen ruqsat yetiledi.

Rayonlar arali'q ha'm rayonli'q (qala) sudlardi'n' sudyalari'na qarsi' ji'nayat isi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sudi'nda, al Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sudi'ni'n' sudyasi'na qarsi' ji'nayat isi O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Sudi'nda qaraladi'. Xali'q ma'sla'ha'tshileri sudta wo'z wazi'ypasi'n wori'nlaw da'wirinde sudyalar qol qati'lmasli'g'i'ni'n' barli'q kepilliklerinen paydalanadi'.

Sudyalar ha'kimiyatti'n' wa'killik uyi'mlari'ni'n' deputati' bola almaydi'. Wolar siyasiy partiyalardi'n' ha'm ha'reketlerdin' ag'zalari' boli'wi' ja'ne haqi' to'lenetug'i'n basqa bir lawazi'mdi' iyelewi mu'mkin yemes.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' sudlari'ni'n' sudyalari' ji'nayi'y juwapkershilikke tarti'lg'an jag'dayda woni'n' wa'killigi toqtati'ladi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' sudlari' sudyalari' wa'killikleri O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti jani'ndag'i' sudyalardi' tan'law ha'm lawazi'mlarg'a usi'ni's yetiw boyi'nsha joqari' qa'nigelik komissiyasi'ni'n' usi'ni'si'na muwapi'q sudyalardi'n' Kollegiyalli'q qarari' menen to'mendegi jag'daylarda toqtati'p qoyi'ladi': Sudya wo'z lawazi'mi'na tuwri' kelmeytug'i'n xi'zmet penen shug'i'llanatug'i'n bolsa; sudyag'a medicinali'q ma'jbu'riy sharalari' qollani'lg'an bolsa; sud qarari' menen biyda'rek jog'alg'an dep tabi'lg'an bolsa.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' sudlari'ni'n' sudyalari' wa'killigi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n', O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti jani'ndag'i' sudyalardi' tan'law ha'm lawazi'mlarg'a usi'ni's yetiw boyi'nsha joqari' qa'nigelik komissiyasi'ni'n' juwmag'i'na tiykarlani'p kirgizilgen usi'ni'si'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen to'mendegi jag'daylarda mu'ddetinen buri'n tamam boladi': sudyani'n' anti'n buzg'an jag'dayda; wo'zi arza bergen jag'dayda; sudyalardi'n' qa'nigelik kollegiyasi'ni'n' yeskertiwinen keyin yaki wa'killikleri toqtati'lg'annan keyin wol sudya lawazi'mi'na tuwri' kel-meytug'i'n is penen shug'i'llani'wdi' dawam yettirgen jag'dayda; belgilengen ta'rtipte ha'reket yetiw qa'bileti joq yaki sheklengen dep tabi'lg'an bolsa; O'zbekistan Respublikasi' puqarali'g'i'n jog'altqan jag'dayda; wog'an qarsi' sudti'n' ayi'plaw hu'kimi ni'zam ku'shine kirgen bolsa; sudti'n' qarari' menen wo'lgen dep ja'riya yetilgen jag'dayda; densawli'g'i'na yamasa basqa sebepli jag'daylarg'a baylani'sli' uzaq waqi'tqa shekem sudyali'q wazi'ypasi'n wori'nlawg'a mu'mkinshiligi bolmag'anda.

**106-statya. Barli'q sudlarda islerdi qaraw ashi'q wo'tkeriledi. Islerdi jabi'q ma'jiliste ti'n'lawg'a ni'zamda belgilengen jag'daylarda g'ana jol qoyi'ladi'.**

Sud ma'jilisinin' ashi'q tu'rde ju'rgiziliwi wog'an barli'q puqaralardi'n' qatnasi'w mu'mkinshiligin beredi. Bunday jag'dayda ja'miyetshilik

ta'repinen sud procesi qadag'alanadi' ha'm wol wo'z gezeginde belgili da'rejede sud ma'jilisinin' ni'zamli' tu'rde ali'p bari'li'wi'na sebepshi boladi'.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat processual kodeksinin' 19-statyasi'nda barli'q sudlarda ma'mleketlik si'rlardi' qorg'aw ma'plerine qarsi' keletug'i'n, sonday-aq ji'ni'si'y ji'nayatlarg'a baylani'sli' islerden basqa ji'nayat isleri ashi'q tu'rde ko'riledi delingen. Bunnan basqa won segiz jasqa tolmag'an adamlardi'n' ji'nayatlari' haqqi'ndag'i' islerdi, sonday-aq puqaralardi'n' jeke turmi'si'na tiyisli mag'luwmatlardi' yaki wolardi'n' ar-nami'si' ha'm qa'dir-qi'mbati'n kemsitetug'i'n mag'luwmatlardi' ja'riya yetpeslik maqsetinde ja'birkeshtin', gu'wani'n' yaki iste qatnasi'wshi' basqa adamlardi'n', tap usi'nday wolardi'n' shan'araq ag'zalari' yaki jaqi'n ag'ayinlerinin' qa'wipsizligin ta'miyinlew za'ru'r bolg'an jag'dayda basqa islerdi de sud ta'repinen uyg'ari'w shi'g'ari'w jabi'q sud ma'jilisinde ko'riwge jol qoyi'ladi'.

O'zbekistan Respublikasi' Puqarali'q processual kodeksine muwapi'q, ma'mleketlik si'rlardi' qorg'aw ma'plerine qarsi' keletug'i'n yamasa kommerciyali'q si'r ko'rsetilgen islerden basqa barli'q isler ashi'q tu'rde ko'riledi. Iste qatnasi'wshi'lardi'n' jeke turmi'si'na tiyisli mag'luwmatlardi' ja'riyalamaw maqsetinde, sonday-aq perzentlikke ali'w si'ri'n ha'm xat ali'si'w si'ri'n ta'miyinlew ushi'n da jabi'q tu'rde sud ma'jilisi wo'tkeriliwi mu'mkin.

Barli'q sud qararlari' ashi'q tu'rde ja'riya yetiledi.

**107-statya. Sud ha'kimiyati'ni'n' aktleri barli'q ma'mleketlik uyi'mlar, ja'miyetlik birlespeler, ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, lawazi'mli' adamlar ha'm puqaralar ushi'n minnetli.**

A'dil sudti' a'melge asi'ri'w ni'zam menen tek g'ana sud uyi'mlari' wa'killigine berilgen. Sud wo'z qararlari'n (hu'kim, biylik) O'zbekistan Respublikasi' ati'nan shi'g'aradi'. Sol ushi'n woni'n' sud procesine tiyisli aktleri barli'q ma'mleketlik uyi'mlar, lawazi'mli' shaxslar, ja'miyetlik birlespeler, basqa yuridikali'q ha'm fizikali'q shaxslar ta'repinen wori'nlani'wi' sha'rt. Ji'nayat processual, puqarali'q processual, xojali'q processual ha'm ha'kimshilik juwapkershilik haqqi'ndag'i' kodekslerine tiyisli statyalari'nda sud qararlari'ni'n' wori'nlani'w ta'rtibi ko'rsetilgen.

O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat kodeksinin' 232-statyasi'nda sud qarari'n wori'nlamag'ani' ushi'n ji'nayat juwapkershiligi ko'rsetilgen, al O'zbekistan Respublikasi' ha'kimshilik juwapkershilik haqqi'ndag'i' kodeksinin' 181-statyasi'na muwapi'q lawazi'mli' shaxslarg'a sudti'n' jeke uyg'ari'wi' boyi'nsha sharalar ko'rmegenlik ushi'n ha'kimshilik juwapkershilik ko'rsetilgen.

Sud qararlari'n wori'nlawdan bas tarti'w, woni'n' a'melge asi'ri'li'wi'na tosqi'nli'q yetiw a'dil sudti'n' abi'royi'n tu'siredi, ma'mleket ha'm ja'miyet

ma'plerine zi'yan tiygizedi, adamlardi'n' buzi'lg'an huquq ha'm ni'zamli' ma'plerin tiklewge qarati'lg'an iske unamsi'z ta'sir ko'rsetedi. Sonli'qtan sud qararlari'n wori'nlawdan bas tarti'w menen baylani'sli' ayi'ri'm qi'lmi'slar ushi'n ji'nayat kodeksinde ji'nayat tu'rleri ko'rsetilgen. JK 122-statyasi'nda materialli'q ja'rdemge mu'ta'j bolg'an yerjetpegen yaki miy-netke jaramsi'z adamdi' materialli'q ta'miyinlewden bas tarti'w, yag'ni'y wolardi' materialli'q ta'miyinlew boyi'nsha sudti'n' biyligin u'sh aydan arti'q mu'ddette wori'nlamag'anli'q ushi'n juwapkershilik ko'rsetilgen. JK 123-statyasi'nda ja'rdemge mu'ta'j ata-anag'a materialli'q ja'rdem beriw boyi'nsha sud qarari'n u'sh aydan arti'q mu'ddette wori'nlamag'anli'q ushi'n juwapkershilik ko'rsetilgen. Sonday-aq, JKnin' 148-statyasi'nda bilqastan ni'zamsi'z ra'wishte jumi'stan bosati'w yaki jumi'sqa tiklew haqqi'ndag'i' sud qarari'n wori'nlamag'anli'q ushi'n juwapkershilik ko'rsetilgen.

**108-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda sud isi qaraqalpaq, wo'zbek tillerinde yamasa tiyisli wori'nlardag'i' xali'qti'n' ko'pshiliginin' tilinde ju'rgiziledi. Sud ju'rgizilip ati'rg'an tildi bilmeytug'i'n iske qatnasi'wshi'larg'a dilmash arqali' istin' materiallari' menen toli'q tani'si'w ha'm sud ha'reketlerine qatnasi'w ja'ne sudta ana tilinde so'ylew huquqi' ta'miyinlenedi.**

Qaraqalpaqstanda ma'mleketlik til qaraqalpaq tili ha'm wo'zbek tili boli'p tabi'ladi'. Sol ushi'n sud isi usi' tillerde ali'p bari'ladi'. Ayi'ri'm shegaralas jerlerdegi xali'qti'n' ko'pshiligi basqa tillerde so'ylese, sol tilde sud isi ju'rgiziliwi mu'mkin. Sud procesinin' tiline iske qatnasi'wshi'lar tu'siniwi sha'rt. Sol ushi'n, yeger tu'sinbegen jag'dayda, wolarg'a dilmash beriliwi tiyis. Soni'n' menen birge, iske qatnasi'wshi' qa'legen adam wo'z ana tilinde so'ylewge haqi'li'. Sebebi, wol wo'z pikirin ana tilinde yerkin ha'm ani'q bildiredi, sonday-aq qa'telesiwge jol qoymaydi'. Bul insan huquqlari'n qorg'awg'a tiyisli xali'q arali'q normalarda ko'rsetilgen. Respublikami'zda bul a'dil sudti'n' konstituciyali'q principi boli'p bekitilgen. Ha'tteki, ayi'plani'wshi'g'a, sudlani'wshi'g'a yaki proceste qatnasi'wshi' basqa adamlarg'a beriliw kerek bolg'an tergew ha'm sud hu'jjetleri wolardi'n' ana tiline yaki wolar biletug'i'n basqa tilge awdari'li'wi' tiyis.

Ji'nayat processual kodeksinin' 473-statyasi'ni'n' u'shinshi bo'limine sa'ykes, yeger hu'kim sudlani'wshi' bilmeytug'i'n yaki jetkilikli bilmeytug'i'n tilde bayan yetilgen bolsa, hu'kimnin' qarar bo'limi ja'riya yetilgennen keyin sol bo'lim awdarmashi' ta'repinen sudlani'wshi'ni'n' ana tilinde yaki wol tu'sinetug'i'n basqa tilde woqi'p yesittiriliwi tiyis.

**109-statya. Ayi'plani'wshi'g'a qorg'ani'w huquqi' ta'miyinlenedi.**

**Sud ju'rgiziwdin' ha'rqanday basqi'shi'nda ka'siplik yuridikali'q ja'rdem ali'w huquqi'na kepillik beriledi. Puqaralarg'a, ka'rxanalarg'a, sho'lkem-**

**lerge ha'm ma'kemelerge yuridikali'q ja'rdem ko'rsetiw ushi'n advokatura ha'reket yetedi. Advokaturani' du'ziw ha'm woni'n' jumi's ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.**

Ji'nayat processual kodeksinin' 49-statyasi'na muwapi'q, advokat ji'nayat procesinin' qa'legen statyasi'nda iske qatnasi'wi'na haqi'si' bar, yeger shaxs irkilgen bolsa, wonda woni'n' yerkin ha'reket yetiw huquqi' sheklengen waqti'nan baslap qatnasadi'. «Advokatura haqqi'nda»g'i' Ni'zamni'n' 6-statyasi'na muwapi'q, advokat wo'zine isenim bildirgen shaxs penen qa'legen waqti'nda (sonday-aq, qamaqta jatqan da'wirinde de) ushi'rasi'wi' mu'mkin. Bul ushi'rasi'wlardi'n' sani' ha'm dawam yetiw waqti' sheklenbeydi ha'm Ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte a'melge asi'ri'ladi'. Ji'nayat isine qatnasi'wg'a tayarlang'an advokat puqarani'n' pul to'lew qa'biletsizligi sebepli, wog'an ja'rdem ko'rsetiwden bas tarti'wg'a haqi'si' joq. Bul to'lem ma'mleket yesabi'nan a'melge asi'ri'ladi'.

Advokatura haqqi'ndag'i' ni'zamg'a sa'ykes advokatura puqaralarg'a, shet yel puqaralari'na, puqarali'g'i' joq adamlarg'a, ka'rxanalarg'a, ma'kemelerge ha'm sho'lkemlerge yuridikali'q ja'rdem ko'rsetedi. Advokatli'q xi'zmetin to'mendegi sho'lkemler a'melge asi'radi'. Advokatli'q byuro — bul jeke ta'rtipte advokatli'q xi'zmetti a'melge asi'ri'w ushi'n du'zilgen kommerciyali'q yemes sho'lkem. Advokatli'q firma — bul sheriklikke tiykarlang'an ha'm advokatli'q xi'zmetin a'melge asi'ri'w ushi'n advokatlar ta'repinen sho'lkemlestirilgen, kommerciyali'q yemes sho'lkem. Advokatlar kollegiyasi' — bul ag'zali'qqa tiykarlang'an ha'm advokatli'q xi'zmetin a'melge asi'ri'w ushi'n advokatlar ta'repinen sho'lkemlestirilgen kommerciyali'q yemes sho'lkem. Advokatlar kollegiyasi' qurami'ndag'i' ag'zalar sani' won adamnan kem bolmawi' tiyis. Ayi'ri'm yuridikali'q ja'rdemge mu'ta'j aymaqlarda Advokatlar palatasi' ta'repinen yuridikali'q ma'sla'ha'txanalar ashi'ladi'.

Advokatlar to'mendegi xi'zmetti a'melge asi'radi': huquqi'y ma'seleler boyi'nsha ma'sla'ha'tler ha'm tu'sindirmeler beredi; ni'zamlar boyi'nsha awi'zsha ha'm jazba tu'rde mag'luwmat beredi; huquqi'y xarakterdegi arza, shag'i'm ha'm basqa hu'jjetlerdi du'zedi; puqarali'q isler ha'm de ha'kimshilik huquqbuzarli'q haqqi'ndag'i' isler boyi'nsha sudta, basqa ma'mleketlik uyi'mlarda, fizikali'q ha'm yuridikali'q ta'repler aldi'nda wa'killikti a'melge asi'radi'. Ji'nayi'y isler boyi'nsha da'slepki tergewde ha'm sudta qorg'awshi' ja'birleniwshinin', puqarali'q dawagerdin', puqarali'q juwapkerdin' wa'kili si'pati'nda qatnasadi', isbilermenlik xi'zmetine yuridikali'q ja'rdem ko'rsetedi. Ji'nayat processual kodeksinin' 66-statyasi'nda gu'wani'n' advokattan paydalani'w huquqi' ha'm ta'rtibi ko'rsetilgen.

Advokatli'q xi'zmetin a'melge asi'ri'w ushi'n to'mendegi talaplar ko'rsetilgen:

Joqari' yuridikali'q mag'luwmatqa iye ha'm advokatli'q jumi'si' menen shug'i'llani'wg'a licenziyasi' bar adam advokat boli'p islewi mu'mkin. Advokatlarg'a wo'zinin' tiykarg'i' jumi'si'nan basqa miynet haqi' to'lenetug'i'n tek g'ana ilimiy ha'm pedagogikali'q xi'zmet penen shug'i'llani'wg'a ruqsat yetiledi. Belgilengen ta'rtipte ha'reket yetiw qa'bileti joq yaki sheklengen dep tabi'lg'an, sonday-aq sudlang'anli'q jag'dayi' tamam bolmag'an yaki ali'p taslanbag'an adamlarg'a advokatli'q xi'zmeti menen shug'i'llani'wg'a jol qoyi'lmaydi'.

Advokatli'q licenziya Qaraqalpaqstan Respublikasi' A'dillik ministrligi ta'repinen du'zilgen kvalifikaciyali'q komissiyani'n' qarari' menen beriledi. Kvalifikaciyali'q komissiya qurami'na ten' sanda A'dillik ministrligi ha'm Advokatlar palatasi' wa'killeri kiredi. Shaxs licenziya ali'w ushi'n wo'zinin' yuridikali'q qa'nigeligi boyi'nsha keminde yeki ji'l miynet staji'na iye boli'p, advokatura sistemasi'nda, yag'ni'y advokatli'q byuro, advokatli'q firma, advokatlar kollegiyasi' yaki huquqi'y ma'sla'ha'txanada keminde alti' ay stajirovka wo'tip, kvalifikaciyali'q imtixandi' tapsi'ri'wi' tiyis. Kvalifikaciyali'q imtixandi' tabi'sli' tapsi'rg'an talaban u'sh ay mu'ddet ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasi' A'dillik ministrliginen wo'z licenziyasi'n ali'wi' tiyis. Licenziya alg'an talaban advokatli'q anti'n qabi'l yetedi ha'm advokatura sistemasi'na jumi'sqa kiredi. Talabang'a advokatli'q gu'wahnamasi' jumi'sti' baslag'annan keyin A'dillik uyi'mi' ta'repinen u'sh ku'n ishinde beriledi ha'm de wol Advokatlar palatasi'ni'n' ag'zasi' boladi'.

Advokatlardi'n' ka'siplik huquqi', ar-nami'si' ha'm qa'dir-qi'mbati' ni'zam menen qorg'aladi'. Advokatti'n' ka'siplik xi'zmetin a'melge asi'ri'wg'a tosqi'nli'q ko'rsetilgeni ushi'n O'zbekistan Respublikasi'ni'n' ha'kimshilik juwapkershilik haqqi'ndag'i' kodeksinin' 197-statyasi'nda juwapkershilik belgilengen.

# *XXIII bap*

## SAYLAW SISTEMASI'

**110-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqaralari' wa'killik uyi'mlarg'a saylaw ha'm saylani'w huquqi'na iye. Ha'rbir saylawshi' bir dawi'sqa iye. Dawi's beriw huquqi', ten'lik ha'm yerk-i'qrar bildiriw yerkinligine ni'zam menen kepillik beriledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine, rayonli'q, qalali'q, ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killikli uyi'mlari'na saylawlar tiyislisinshe wolardi'n' konstituciyali'q wa'killik mu'ddeti pitken ji'lda — dekabr ayi'ni'n' u'shinshi won ku'nliginin' birinshi yekshembisinde wo'tkiziledi. Saylawlar uluwma, ten' ha'm tikkeley saylaw huquqi' tiykari'nda jasi'ri'n dawi's beriw joli' menen wo'tkeriledi. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' won segiz jasqa tolg'an puqaralari' saylaw huquqi'na iye.**

**Sud ta'repinen uqi'psi'z dep tabi'lg'an puqaralar, sonday-aq sud hu'kimi menen yerkinen ayi'ri'w wori'nlari'nda saqlani'p turg'anlar saylani'wi' mu'mkin yemes ha'm saylawlarg'a qatnaspaydi'. Ha'rqanday basqa jag'daylarda puqaralardi'n' saylaw huquqlari'n tikkeley yamasa janapay sheklewge jol qoyi'lmaydi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqarasi' bir waqi'tti'n' wo'zinde yekewden aslam wa'killikli uyi'mlarg'a deputat bola almaydi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqari' Ken'esine saylawdi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' referendumi'n sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkeriw ushi'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen jumi'si'ni'n' tiykarg'i' principleri g'a'rezsizlik, ni'zamli'li'q, kollegialli'q, ja'riyali'li'q ha'm a'dillikten ibarat bolg'an Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi' du'ziledi.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi' wo'z jumi'si'n turaqli' tu'rde a'melge asi'radi' ha'm wo'z jumi'si'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' saylaw ha'm referendum haqqi'ndag'i' ni'zamlari'na ha'm basqa da ni'zamlarg'a boysi'nadi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi'ni'n' ag'zalari' xali'q deputatlari' rayonli'q ha'm qalali'q Ken'eslerinin' usi'ni'si' boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen saylanadi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi'ni'n' basli'g'i' komissiya ag'zalari' arasi'nan Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen komissiya ma'jilisinde saylanadi'.**

**Saylawlardi' wo'tkeriw ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.**

Saylaw — dawi's beriw arqali' ma'mleketlik uyi'mlar ha'm basqa da du'zilmelerdi sho'lkemlestiriw qurali'. Saylaw ashi'q ha'm jasi'ri'n dawi's beriw joli' menen wo'tkiziliwi mu'mkin. Saylaw huquqi' yen' za'ru'r siyasiy huquqlardan biri boli'p, wol puqaralarg'a tek g'ana wa'killik uyi'mlardi' du'ziwden ti'sqari', usi' uyi'mlarg'a wo'z wa'killerin usi'ni'w imkaniyati'n beredi. Saylaw huquqi'n yeki ma'niste tu'sindirsek boladi'. Birinshiden, saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkiziwdi ta'rtipke sali'wshi' huquqi'y normalar ji'yi'ndi'si' (obyektiv ma'niste); yekinshiden, puqaralardi'n' saylaw ha'm saylani'w huquqi' (subyektiv ma'niste), yag'ni'y dawi's beriw, saylani'w, saylaw da'wirinde basqa ilajlarda, talabanlardi' dodalaw, saylaw komissiyalari' qurami'nda qatnasi'w huquqlari'.

2004-ji'li' 29-mayda «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine saylaw haqqi'nda»g'i', «Xali'q deputatlari' rayonli'q ha'm qalali'q Ken'eslerine saylaw haqqi'nda»g'i' Ni'zamlari' qabi'l yetildi. Bul ni'zamlarg'a 2004-ji'li' 9-oktyabrde, 2005-ji'li' 29-avgustte, 2009-ji'li'

25-aprelde wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kiritildi. 1998-ji'li' 9-iyunde «Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi' haqqi'nda»g'i' Ni'zami' qabi'l yetildi ha'm bul ni'zamg'a 1999-ji'li' 18-mart, 1999-ji'li' 28-avgust, 2000-ji'li' 27-sentyabr, 2004-ji'li' 29-may, 2004-ji'li' 9-noyabr ha'm 2009-ji'li' 25-aprelde[1] wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizildi. 2012-ji'li' 19-dekabrde «Saylaw yerkinliginin' bunnan bi'lay da ta'miyinleniwi ha'm saylaw ni'zamshi'li'g'i'ni'n' ja'ne de rawajlandi'ri'li'wi' mu'na'sibeti menen «O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisi saylaw haqqi'nda»g'i' ja'ne «Xali'q deputatlari' wa'layatli'q, rayon ha'm qalali'q Ken'eslerine saylaw haqqi'nda»g'i' O'zbekistan Respublikasi' ni'zamlari'na wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i'[2] Ni'zami' qabi'l yetildi. Usi' ni'zamg'a muwapi'q ayi'pkerlik ma'selesi sudta sheshilmegen yamasa ha'r qi'yli' sebepler menen itiyatli'q sharasi' si'pati'nda qamaqta waqti'nsha uslap turi'lg'an shaxslar da saylaw huquqi'na iye. Wolardi'n' bul huquqi'n ju'zege shi'g'ari'w maqsetinde ni'zamg'a qamaqta saqlaw wori'nlari'nda da saylaw uchastkalari'n sho'lkemlestiriw haqqi'ndag'i' norma kirgizildi.

2014-ji'l 27-iyunda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won besinshi sessiyasi'nda «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgiziw haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'na muwapi'q usi' stayag'a wo'zgerisler kirgizildi. Wog'an muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Worayli'q saylaw komissiyasi'na Konstituciyali'q status wornati'li'p, wol wo'zinin' jumi'si'n ja'riyali'li;q, kollegiyalli'q, g'a'rezsizlik ha'm a'dillik principleri tiykari'nda turaqli' tu'rde jumi's isleydi. Bul kirgizilgen wo'zgerislerdin' maqseti saylawdi'n' ja'riyali'li'g'i' ha'm ashi'q-aydi'nli'g'i' principlerin bekkemlewge qarati'lg'an.

Saylaw ni'zamshi'li'g'i'n jetilistiriliwine baylani'sli' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' 2014-ji'l 4-sentyabrdegi Ni'zami' menen O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Ha'kimshilik juwapkershilik haqqi'ndag'i' Kodeksine de qosi'msha «Saylaw ha'm referendum sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkeriw tarawi'ndag'i' huquqbuzarli'q ushi'n ha'kimshilik juwapkershilik» atamasi'ndag'i' 8 statyadan ibarat $V^1$ babi' kirgizildi. Wolar O'zbekistan Respublikasi' ha'kimshilik juwapkershiligi haqqi'nda Kodeksinin' $51^2$, $51^3$, $51^4$, $51^5$, $51^6$, $51^7$, $51^8$, $51^9$ statyalari'.

---

[1] Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Xabarnamasi'.№8,2009-ji'l,yanvar-iyun,108-b.

[2] Saylov erkinligi yanada ta'minlanishi va saylov qonunchiligi yanada rivojlantirilishi munosabati bilan «O'zbekiston Respublikasi Oliy Majlisiga saylov to'g'risida»gi hamda «Xalq deputatlari viloyat, tuman va shahar Kengashlariga saylov to'g'risida»gi O'zbekiston Respublikasi qonunlariga o'zgartish va qo'shimchalar kiritish haqida O'zbekiston Respublikasining Qonuni. O'zbekiston Respublikasi Markaziy saylov komissiyasi Axborotnomasi, №1-2 (27-28) 2012.

Dawi's beriw ku'nine shekem qalg'an u'sh ku'n ishinde, sonday-aq, dawi's beriw ku'ni ja'miyetshiliktin' pikirin u'yreniw na'tiyjelerin, saylaw na'tiyjeleri boyi'nsha boljawlardi', wo'tkerilip ati'rg'an saylawg'a baylani'sli' basqa da izertlewlerdi basi'p shi'g'ari'wg'a, sonday-aq, wolardi' uluwma paydalani'wdag'i' ma'limleme-telekommunikaciya tarmaqlari'na (soni'n' ishinde internetke) jaylasti'ri'wg'a jol qoyi'lmaydi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killikli uyi'mlari'na usi' joqari'da ko'rsetilgen ni'zamlar tiykari'nda saylaw procesleri wo'tkeriledi ha'm ta'rtiplestiriledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' puqaralari' wa'killikli uyi'mlarg'a saylaw ha'm saylani'w huquqi'na iye. Respublikami'zda saylaw huquqi'ni'n' tiykarg'i' principleri boli'p, tikkeley konstituciyada belgilengen uluwma, ten', tuwri'dan-tuwri' ha'm jasi'ri'n dawi's beriw yesaplanadi'. Usi' principler ni'zamshi'li'g'i'mi'zda wo'z sa'wleleniwin tapqan boli'p, wolardi'n' a'melge asi'ri'li'wi'ni'n' huquqi'y mexanizmleri ma'mleketimizde puqaralardi'n' ma'mleket basqari'wi'nda tikkeley ha'm wo'z wa'killeri arqali' qatnasi'w imkaniyati'n jarati'wg'a qarati'lg'an.

Uluwma saylaw huquqi' principi tiykari'nda — ja'miyetlik kelip shi'g'i'wi', socialli'q ha'm mu'lkiy da'rejesi, rasasi' ha'm milliyligine, ji'ni'si', mag'luwmati', tili, dinge bolg'an qatnasi'na qaramastan O'zbekistan Respublikasi' puqaralari' 18 jasqa tolg'anda saylaw huquqi'na iye boladi'. Sud ta'repinen uqi'psi'z dep tabi'lg'an puqaralar, sonday-aq, sud hu'kimi menen yerkinen ayi'ri'w wori'nlari'nda saqlani'li'p ati'rg'an shaxslar saylani'wi' mu'mkin yemes.

Ten' saylaw huquqi' principi tiykari'nda ha'rbir puqara—saylawshi' bir dawi'sqa iye. Saylawda ha'mme ten' tiykarda qatnasadi'. Ha'rbir saylawshi' dawi's beriw ushi'n tek g'ana bir dizimge kiritiledi. Saylawda ha'rbir mandat ushi'n saylawshi'lar sani' ten' tiykarda bo'linedi. Saylaw aldi' u'git-na'siyat ali'p bari'wi' ten' tiykarda sho'lkemlestiriledi.

Tikkeley saylaw principi degenimizde tikkeley saylawshi'lar ta'repinen saylanatug'i'n talabang'a dawi's beriw tu'siniledi. Bunda saylawshi' ha'm talaban arasi'nda heshqanday arag'a tu'siwlerge jol qoyi'lmaydi'. Puqaralar wo'z yerkin tikkeley wo'zleri bildiriwleri ni'zamshi'li'g'i'mi'z benen ta'miyinlengen.

Jasi'ri'n dawi's beriw principi — saylawshi'ni'n' yerkin bildiriwi u'stinen qadag'alawg'a jol qoyi'lmaydi'. Saylaw byulleteni dawi's beriwshi ta'repinen jasi'ri'n dawi's beriw kabinasi' yamasa xanasi'nda tolti'ri'ladi'. Saylaw byulletenin tolti'ri'w waqti'nda dawi's beriwshiden basqa shaxslardi'n' da boli'wi' qadag'an yetiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatli'g'i'na, rayon ha'm qala Ken'esleri deputatli'g'i'na talaban yetip dizimge to'mendegiler ali'nbaydi':

— islengen awi'r yamasa wog'ada awi'r ji'nayati' ushi'n sudlang'anli'g'i' wo'shirilmegen yamasa sudlang'anli'g'i' ni'zam tiykari'nda ali'p taslanbag'an puqaralar;

— saylaw tayi'nlang'an ku'nge shekem bes ji'l ishinde O'zbekistan Respublikasi' aymag'i'nda turaqli' jasamag'an puqaralar;

— O'zbekistan Respublikasi' Quralli' Ku'shlerinin' a'skeriy xi'zmetkerleri, Milliy qa'wipsizlik xi'zmetinin', Ishki isler ministrligi ha'm basqa a'skeriylestirilgen bo'limshelerinin' xi'zmetkerleri;

— diniy sho'lkemlerdin' ha'm birlespelerdin' qa'nigeli xi'zmetkerleri.

Hu'kimet ag'zalari', sudyalar, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' ha'm prokuratura uyi'mlari'ni'n' lawazi'mli' shaxslari', ministrliklerdin' basshi'lari' ha'm wolardi'n' wori'nbasarlari', ha'kimiyat atqari'w uyi'mlari'ni'n' lawazi'mli' shaxslari' (Ministrler Ken'esi Basli'g'i'nan, rayonlar ha'm qalalardi'n' ha'kimlerinen basqa) deputat yetip saylang'an jag'dayda iyelep turg'an lawazi'mlari'nan bosati'w haqqi'nda arza bergen jag'dayda Joqarg'i' Ken'es deputatli'g'i'na, rayon ha'm qala Ken'esleri deputatli'g'i'na talaban yetip dizimge ali'nadi'.

Sud ta'repinen uqi'psi'z dep tabi'lg'an puqaralar, sonday-aq sud hu'kimi menen yerkinen ayi'ri'w wori'nlari'nda saqlani'p turg'anlar saylaw ha'm saylani'w huquqi'na iye yemes. Ha'rqanday basqa jag'daylarda puqaralardi'n' saylaw huquqlari'n tikkeley yamasa janapay sheklewge jol qoyi'lmaydi'.

Uluwmalasti'ri'p aytqanda, ma'mleketimizdi modernizaciyalaw ha'm demokratiyali'q wo'zgerislerdin' a'hmiyetli bo'legi yesaplang'an saylaw sistemasi'n liberallasti'ri'w, wolardi'n' ashi'q-aydi'nli'g'i'n ta'miyinlew jetilisip barmaqta. Soni'n' menen birge, bu'gingi ku'nde turmi'sti'n' wo'zi, a'sirese, keyingi saylawda biz toplag'an ta'jiriybe yelimizde saylaw proceslerin demokratiyalasti'ri'w ma'selelerin yele de talap yetpekte.

## *XXIV bap*

## KONSTITUCIYALI'Q BAQLAW

**111-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda Konstituciyali'q baqlawdi' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyali'q baqlaw komiteti a'melge asi'radi'.**

**Konstituciyali'q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen siyasat ha'm huquq tarawi'ni'n' qa'nigeleri arasi'nan Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' basli'g'i', woni'n' wori'nbasari' ha'm komitet ag'zalari' qurami'nda saylanadi'. Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'an adamlardi'n' wa'killik mu'ddeti — 5 ji'l.**

**Konstituciyali'q baqlaw komiteti basli'g'i'ni'n', basli'g'i' wori'nbasari'ni'n' ha'm ag'zalari'ni'n' minnetlerin deputatli'q mandat penen qosi'p atqari'wg'a bolmaydi'.**

**Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'an adamlar bir waqi'tti'n' wo'zinde aktleri komitettin' baqlawi'nda bolg'an uyi'mlardi'n' qurami'na kire almaydi'.**

**Konstituciyali'q baqlaw komitetine saylang'an adamlar wo'z minnetlerin atqari'wda g'a'rezsiz boladi' ha'm tek Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na g'ana bag'i'nadi'.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' aktlerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na muwapi'qli'li'g'i'n baqlaytug'i'n ma'mleketlik uyi'm.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi sessiyasi'nda saylang'an Konstituciyani'n' baqlaw komitetinin' ag'zalari' ant beredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'n basshi'li'qqa ali'w, biyg'a'rezligin, kollegiyalli'q, ja'riyali'li'q ha'm komitet ag'zalari'ni'n' huquqi'y ten'ligi Konstituciyali'q baqlaw komiteti jumi'si'ni'n' tiykarg'i' principleri boli'p tabi'ladi'. Bul uyi'mni'n' jumi'si'na heshkimnin' aralasi'wi'na jol qoyi'lmaydi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 75-statyasi'na muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huquqi'na iye.

**112-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti:**

**1) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' tapsi'rmasi' menen wog'an Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine qarap shi'g'i'wg'a usi'ni'li'p ati'rg'an Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm basqa da aktlerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na muwapi'qli'g'i' haqqi'ndag'i' juwmag'i'n usi'nadi';**

**2) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' kem degende besten birinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'si' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen qabi'l yetilgen ni'zamlardi'n' ha'm basqa da aktlerdin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na muwapi'qli'g'i' haqqi'ndag'i' juwmag'i'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine usi'nadi';**

**3) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' tapsi'rmasi' boyi'nsha wog'an Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi' qararlari'ni'n' ha'm Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i' biyliklerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na ha'm ni'zamlari'na muwapi'qli'g'i' haqqi'nda juwmag'i'n usi'nadi';**

**4) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' tapsi'rmasi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' kem**

**degende besten birinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' usi'ni'slari' boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qarar ha'm biyliklerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na ha'm ni'zamlari'na muwapi'qli'g'i' boyi'nsha juwmag'i'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine usi'nadi';**

**Sonday-aq, Konstituciyali'q baqlaw komiteti wo'z baslamasi' boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' joqari' ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basqari'w uyi'mlari' aktlerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na ha'm ni'zamlari'na muwapi'qli'g'i' haqqi'ndag'i' juwmaqlardi' usi'ni'wg'a haqi'li'.**

**Komitettin' juwmag'i' tek Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' barli'q deputatlari'ni'n' u'shten yekisinin' dawi'si' menen qabi'llang'an Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' sheshimi menen biykarlani'wi' mu'mkin.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komitetin sho'lkemlestiriw ha'm woni'n' jumi's ta'rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti haqqi'ndag'i' Ni'zam menen belgilenedi.**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' usi' statyasi'na muwapi'q Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' qarap shi'g'i'wi'na Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' joybarlari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'es ta'repinen qabi'l yetilgen ni'zamlar ha'm basqa da aktler, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi'ni'n' qararlari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' biylikleri, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' qararlari' ha'm biylikleri tiyisli ta'rtipte usi'ni'li'wi' mu'mkin.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti joqari'da ko'rsetilgen aktlerdin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na muwapi'qli'g'i' haqqi'nda juwmaq qabi'l yetedi ha'm tiyislisinshe Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi, woni'n' Prezidiumi' ha'm Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'na, Ministrler Ken'esine jiberedi. Konstituciyali'q baqlaw komitetinin', bunday juwmaqlari' ni'zamlardi'n' ha'reket yetiwin toqtatpaydi'. Basqa aktlerdin' Konstituciyag'a yamasa ni'zamlarg'a sa'ykes kelmewshiligi saplasti'ri'lg'ang'a deyin ha'reket yetiwi toqtati'li'p qoyi'ladi'.

Insan huquqlari' ha'm yerkinliklerin shekleytug'i'n huquqi'y aktler Konstituciyali'q baqlaw komitetinin' juwmag'i' qabi'l yetilgen ku'ninen baslap wo'z ku'shin joytqan boli'p yesaplanadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyali'q baqlaw komiteti ma'jilislerine Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i', woni'n' wori'nbasarlari', Joqarg'i' Ken'es komitetleri ha'm komissiyalari'ni'n', basli'qlari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' ji'nayat ha'm

puqarali'q isler sudlardi'n' basli'qlari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Xojali'q Sudi'ni'n' Basli'g'i', Qaraqalpaqstan Respublikasi' A'dillik Ministri qatnasi'wg'a haqi'li'.

## *XXV bap*

## PROKURATURA

**113-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' aymag'i'nda ni'zamlardi'n' duri's ha'm bir qi'yli' wori'nlani'wi'n baqlawdi' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Prokurori' ha'm wog'an bag'i'ni'shli' prokurorlar a'melge asi'radi'.**

Demokratiyali'q rawajlani'w joli'na tu'sken, puqaralardi'n' huquqlari' barli'g'i'nan u'stin qoyi'lg'an O'zbekistan Respublikasi'nda Konstituciya ha'm wog'an tiykarlani'p qabi'l yetilgen ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi'n ta'miyinleytug'i'n uyi'm Prokuratura boli'p yesaplanadi'. Prokuratura wo'z jumi'slari'n O'zbekistan Respublikasi' Prokuratura haqqi'ndag'i' Ni'zami' tiykari'nda a'melge asi'radi'.

Prokuratura wo'z jumi'si'n to'mendegi tiykarg'i' bag'darlar boyi'nsha a'melge asi'radi':

— wa'zirlikler, ma'mleketlik komitetler, puqaralardi'n' wo'zin-wo'zi basqari'w uyi'mlari', ja'miyetlik birlespeler, ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, ha'kimler ha'm basqa lawazi'mli' shaxslar ta'repinen ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen baqlaw ju'rgiziw;

— puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliklerin ta'miyinlewge qarati'lg'an ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen baqlaw ju'rgiziw;

— O'zbekistan Respublikasi' Quralli' Ku'shlerinde, wa'zirlik, ma'mleketlik komitetler ha'm ma'kemelerdin' a'skeriy du'zilmelerinde ni'zamlardi'n' saqlani'wi' u'stinen baqlaw ju'rgiziw;

— operativ-qi'di'ri'w xi'zmetin, sorasti'ri'wdi', da'slepki tergewdi a'melge asi'ratug'i'n uyi'mlar ta'repinen ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen baqlaw ju'rgiziw ha'm de wolardi'n', ji'nayatshi'li'qqa qarsi' gu'res ali'p bari'wdag'i' jumi'si'n muwapi'qlasti'ri'w;

— ji'nayatlar boyi'nsha da'slepki tergew ali'p bari'w;

— sudlarda ji'nayatli'q isler boyi'nsha ma'mleketlik ayi'plawdi' quwatlaydi', sudlarda puqarali'q islerdi, ha'kimshilik huquq buzi'wshi'li'qlar haqqi'ndag'i' islerdi ha'm de xojali'q dawlari'n ko'riwde qatnasi'w, ni'zamg'a tuwri' kelmeytug'i'n sud hu'jjetlerine protest keltiriw;

— sali'q ta'rtibin bekkemlewge, sali'q tarawi'ndag'i' ji'nayatlar ha'm huquq, buzi'wshi'li'qlarg'a qarsi' gu'reske, sonday-aq ma'mleketke keltirilgen ekonomikali'q zi'yandi' qaplawg'a qarati'lg'an ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen baqlaw ju'rgiziw;

— irkilgenlerdi, qamaqqa ali'ng'anlardi' saqlaw jaylari'nda, ji'nayi'y jazalardi' ha'm ji'nayi'y-huquqi'y ta'sirdin' basqa sharalari'n wori'nlaw bari'si'nda ni'zamlardi'n' saqlani'wi' u'stinen baqlaw ju'rgiziwdi.

— ni'zam do'retiwshilik xi'zmetine ha'm de ja'miyette huquqi'y ma'deniyatti' jetilistiriw isine qatnasi'w.

Prokuror ni'zam buzi'wshi'li'q jag'daylari'n ha'm de sebeplerin, wog'an imkan jarati'p bergen sharayatlardi' saplasti'ri'w, bul boyi'nsha hu'jjetler, materiallar ha'm basqa da mag'luwmatlardi' talap yetiw, reviziyali'q tekseriwler wo'tkeriw ha'm de qa'nigeler aji'rati'w boyi'nsha ilajlar isleydi ha'm tapsi'rmalar beredi.

**114-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Prokurori' O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Bas prokurori' menen kelisilip, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm bosati'ladi'.**

**Rayonlardi'n' ha'm qalalardi'n' prokurorlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'ni'n' usi'ni'wi' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi'ni'n' Bas prokurori' ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm bosati'ladi'.**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'ni'n', rayonlar ha'm qalalar prokurorlari'ni'n' wa'killik mu'ddeti — 5 ji'l.**

O'zbekistan Respublikasi' Prokuratura uyi'mlari' joqari' turg'an prokurorlarg'a bag'i'natug'i'n jeke woraylasti'ri'lg'an dizimdi quraydi'. Joqari' turg'an prokuror wo'zinen to'men turg'an prokurorg'a woni'n' ha'rqanday qarari'n wo'zgertiw yamasa biykar yetiw haqqi'nda ko'rsetpe beriw, wo'zine boysi'ni'wshi' prokurorlardi'n' wa'killiklerin wo'zine ali'w huquqi'na iye.

Bunday woraylasti'ri'w O'zbekistanni'n' barli'q aymaqlari'nda, soni'n' ishinde Qaraqalpaqstanda da ni'zamlardi'n' bir ta'rtipte wori'nlani'wi'n ta'miyinlew za'ru'rliginen kelip shi'g'adi'. Usi'ni'n' menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori'n tayi'nlaw ha'm de lawazi'mi'nan bosati'w ta'rtibi wo'zgeshelikke iye.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokurori' O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori' menen kelisken halda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm lawazi'mi'nan bosati'ladi'. Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokurori' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ha'm O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' aldi'nda yesap beredi.

O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' basshi'li'q ko'rsetpeleri ha'm de buyri'qlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokurori' ushi'n da ma'jbu'riy. O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori'ni'n' tergewshileri ushi'n bergen ko'rsetpeleri Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' barli'q tergew uyi'mlari' ushi'n da ma'jbu'riy.

Rayonli'q ha'm qalali'q prokurorlar Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokurori'ni'n' usi'ni'si' boyi'nsha O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori' ta'repinen tayi'nlanadi' ha'm bosati'ladi'. To'mengi da'reje prokurori'ni'n'

tikkeley O'zbekistan Respublikasi' Bas prokurori' ta'repinen tayi'nlani'wi' wolardi'n' jergilikli ta'sirlerden biyg'a'rezliligin ta'miyinleydi

Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokurori', rayonli'q ha'm qalali'q prokurori'ni'n' wa'killik mu'ddeti—5 ji'l.

Prokurorlardi'n' Konstituciya ni'zamlari'na say 5 ji'l mu'ddetke tayi'nlani'wi' wolardi'n' ni'zam boyi'nsha ju'klengen wo'z wazi'ypalari'n qatan' juwapkershilik penen atqari'wi'n ta'miyinlewge ja'rdem yetedi ha'm de prokuror qa'nigelerinin' ti'yanaqli'li'g'i'n ta'miyinleydi.

**115-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' prokuratura uyi'mlari' wo'z wa'killiklerin ha'rqanday ma'mleketlik uyi'mlardan, ja'miyetlik birlespelerden ha'm lawazi'mli' adamlardan biyg'a'rez, tek ni'zamg'a bag'i'ni'w menen a'melge asi'radi'.**

**Prokurorlar wo'z wa'killikleri mu'ddetinde siyasiy maqsetlerdi go'zlewshi siyasiy partiyalarg'a ha'm basqa da ja'miyetlik birlespelerge ag'zali'g'i'n toqtati'p turadi'.**

**Prokuratura uyi'mlari'n du'ziw, wolardi'n' wa'killikleri ha'm jumi's ta'rtibi ni'zam menen belgilenedi.**

Prokuratura uyi'mlari'ni'n' tiykarg'i' is-ha'reket principleri — ni'zamli'li'q, a'dillik, biyg'a'rezlik ha'm de ja'riyali'li'q.

Prokuraturani'n' iskerligi tek O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti, O'zbekistan Respublikasi' Oliy Majlisinin' baqlawi' asti'nda boli'p, ma'mleket ha'kimshiliginin', basqa uyi'mlari'ni'n', ja'miyetlik birlespelerinin', sonday-aq, lawazi'mli' shaxslardi'n' prokuraturani'n' ni'zamlardi'n' wori'nlani'wi' u'stinen qadag'alaw ju'rgiziw, ji'nayat islerin tergew, shag'i'm arza ha'm xabarlardi' tekserip ko'riw, qa'nigeler tan'law ha'm wolardi' wo'z wori'nlari'na qoyi'w usag'an iskerliklerine aralasi'wlari' qadag'an yetiledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokurori' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' aldi'nda yesap beredi.

Prokurordi'n' ni'zamg'a say kelmeytug'i'n qarar qabi'l yetiwine yerisiw maqsetinde wog'an qanday formada bolmasi'n ta'sir wo'tkeriw yaki woni'n' wo'z wazi'ypasi'n ni'zamg'a say a'melge asi'ri'wi'na tosqi'nli'q yetiw yaki woni'n' qol qati'lmasli'q huquqi'na qarsi' is tuti'w, sonday-aq prokuror ya tergewshinin' ruqsati'si'z tekseriw ha'm da'slepki tergew mag'luwmatlari'n a'shkara yetiw, prokurordi'n' talaplari'n wori'nlamaw belgilengen ta'rtipte juwapkershilikke tarti'wg'a tiykar boladi'. Bunday juwapkershilik O'zbekistan Respublikasi' Ji'nayat Kodeksinin' 236, 239-statyalari'nda na'zerde tuti'lg'an.

Prokuratura uyi'mlari' xi'zmetkerleri wo'z wa'killikleri da'wirinde siyasiy partiyag'a ag'zali'qti' toqtati'p turadi' ha'm prokuratura du'ziminde siyasiy partiyalar ha'm de ha'reketlerdin' du'ziliwine jol qoymaydi'.

**116-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' aymag'i'nda ji'nayatshi'li'qqa qarsi' gu'resiw boyi'nsha operativ-qi'di'ri'w, tergew wazi'ypalari'n ha'm basqa da arnawli' wazi'ypalardi' wo'z betinshe atqaratug'i'n jeke, kooperativlik sho'lkemlerdi, ja'miyetlik birlespelerdi ha'm wolardi'n' bo'limshelerin du'ziw ja'ne wolardi'n' islewi qadag'an yetiledi.**

**Ni'zamli'li'qti' ha'm huquq ta'rtibin, puqaralardi'n' huquqlari'n ha'm yerkinliklerin qorg'awda huquq qorg'aw uyi'mlari'na ja'miyetlik birlespeler menen puqaralar ja'rdem yetiwi mu'mkin.**

Ji'nayatshi'li'qqa qarsi' gu'res boyi'nsha jeke kooperativ sho'lkemler du'ziwdin', qadag'an yetiliwinin' sebebi, wolar ta'repinen puqaralardi'n' huquqlari'ni'n' ni'zamg'a qi'lap ra'wishte ayaq asti' yetiliwinin', wolardi'n' irkiliwinin' ha'm de jazalani'wi'ni'n' aldi'n ali'w boli'p yesaplanadi'. Sonli'qtan da, Qaraqalpaqstan aymag'i'nda ji'nayatshi'li'qqa qarsi' gu'reske qarati'lg'an iskerlik tek ma'mleketlik huquq qorg'aw uyi'mlari' ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.

To'mendegiler sorasti'ri'w uyi'mlari' yesaplanadi': —1) miliciya; 2) a'skeriy bo'limler komandirleri, a'skeriy ma'keme ha'm a'skeriy woqi'w bo'limlerinin' basli'qlari'; 3) milliy qa'wipsizlik xi'zmeti uyi'mlari'; 4) ishki isler ministrliginin' jazani' wo'tew sistemasi'n basqari'w uyi'mlari'ni'n' basli'qlari', qamaq jazasi'n wo'tew ma'kemeleri, jazani' wo'tew koloniyalari', tergew izolyatorlari', sonday-aq, tyurma basli'qlari'; 5) wo'rtten qorg'ani'w ha'm qadag'alaw uyi'mlari' basli'qlari'; 6) shegarani' qorg'aw uyi'mlari'; 7) ali's saparda bolg'an ten'iz kemelerinin' kapitanlari'; 8) ma'mleketlik sali'q ha'm baji'xana xi'zmeti uyi'mlari'. Bul sorasti'ri'w uyi'mlari' ni'zamda ko'rsetilgen tiyisli wa'killiklerge iye.

Ji'nayat isleri boyi'nsha da'slepki tergewdi prokuratura tergewshileri, ishki isler uyi'mlari'ni'n' tergewshileri, milliy qa'wipsizlik uyi'mlari' tergewshileri ali'p baradi'.

Ji'nayat isi boyi'nsha tergew ali'p bari'w ha'm isti sudta ko'riw waqti'nda sorasti'ri'wshi', tergewshi, prokuror ha'm sud ji'nayat islegen jag'daylardi' ani'qlaw, ayi'pkerdi qi'di'ri'w ha'm tabi'w, a'dil hu'kim shi'g'ari'w, sonday-aq, ji'nayatti'n' isleniw sebeplerin ha'm wog'an imkaniyat bergen sharayatlardi' ani'qlawda ja'miyetshilik ja'rdeminen paydalani'wg'a haqi'li'. Ja'miyetshilik wa'killikleri ji'nayat isin ju'rgiziwde ja'miyetlik ayi'plawshi' ha'm de ja'miyetlik qorg'awshi' si'pati'nda qatnasi'wi' mu'mkin.

## *XXVI bap*

## FINANS HA'M BYUDJET

**117-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik byudjeti respublikali'q ha'm jergilikli byudjetlerdi wo'z ishine aladi'.**

Ha'rbir ma'mleket wo'zinin' g'a'rezsiz finansi'na iye boli'wi' lazi'm. O'zbekistan Respublikasi' g'a'rezsizlikke, Qaraqalpaqstan Respublikasi' suverenitetke yeriskennen son' siyasiy g'a'rezsizlikke, ba'lkim sol qatardan ekonomikali'q g'a'rezsizlikke wo'zinin' finansi'na ha'm wo'zinin' milliy da'ramadi'na iye boldi'.

Ekonomikami'zdi'n' rawajlani'wi'n belgilep beriwshi tiykarg'i' ko'rsetkeshlerden biri — bul milliy da'ramat. Milliy da'ramatti'n' wo'siwine ma'mleket sanaati', awi'l xojali'g'i' ha'm basqa tarmaqlardi'n' u'zliksiz rawajlani'wi' sebep boladi'. Finansti' bekkemlew quramali' wazi'ypalardan biri boli'p, bul wazi'ypani' wori'nlamastan turi'p ma'mleketimizdi qorg'aw, ma'deniy ha'm xojali'q rawajlani'wi'n ta'miyinlew ha'm bazar ekonomikasi' sharayati'na qa'dem qoyi'w mu'mkin yemes.

Finans — pul qatnasi'qlari'ni'n' aji'ralmas bo'limi yesaplanadi'. Woni'n' roli ha'm a'hmiyeti pul qatnasi'qlari'ni'n' ekonomikali'q qatnasi'qlarda tutqan worni' menen belgilenedi.

Ma'mleket byudjeti — bul ma'mleket pul qarji'lari'ni'n' (sol qatardan ma'mleket maqsetli fondlari' qarji'lari'ni'n') woraylasti'ri'lg'an fondi' boli'p, wonda da'ramatlar derekleri ha'm wolardan tu'simler mug'dari', sonday-aq, finans ji'li' dawami'nda ani'q maqsetler ushi'n aji'rati'latug'i'n qarji'lar sarpi' bag'darlari' ha'm mug'dari' na'zerde tuti'ladi'.

Jergilikli byudjet — ma'mleket byudjetinin' tiyisli rayon, qala pul qarji'lari' fondi'n qurawshi' bir bo'limi boli'p, wonda da'ramatlar derekleri ha'm wolardan tu'simler mug'dari', sonday-aq, finans ji'li' dawami'nda ani'q maqsetler ushi'n aji'rati'latug'i'n qarji'lar sarpi' bag'darlari' ha'm mug'dari' na'zerde tuti'ladi'.

Byudjettin' qanday buwi'nda sho'lkemlesiwine qaramastan, byudjetti u'sh ma'nide ko'rsetip wo'tiw mu'mkin: ekonomikali'q ma'nide; materialli'q ma'nide; huquqi'y ma'nide. Byudjet — bul ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' wa'killikli uyi'mlari' ta'repinen tasti'yi'qlanatug'i'n woraylasqan pul fondlari'ni'n' sho'lkemlesiwi, bo'listiriliwi ha'm wolardan paydalani'li'wi'ni'n' tiykarg'i' finansli'q rejesi boli'p, ma'mleket ha'm jergilikli ha'kimiyat uyi'mlari'ni'n' barli'q wazi'ypalari' ha'm funkciyalari'n ta'miyinlewge xi'zmet yetedi. Ma'mleket byudjeti ha'r ji'li' tasti'yi'qlanadi' ha'm wol birinshi yanvardan woti'z birinshi dekabrge shekem ha'rekette boladi'.

**118-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik byudjetinin' da'ramat ha'm qa'rejetlerin respublikali'q ha'm jergilikli byudjetlerge bo'liw Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari' menen belgilenedi.**

Finansli'q xi'zmetti a'melge asi'ri'wda uluwmali'q wa'killikli uyi'mlardan ti'sqari', arnawli' wa'killikli uyi'mlar da qatnasadi'. Bul uyi'mlarg'a finans sistemasi' ha'm kredit sistemasi' uyi'mlari' kiredi. Finans sistemasi' uyi'mlari'na O'zbekistan Respublikasi' Finans ministrli-

gi, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Finans ministrligi, rayon ha'm qaladag'i' finans basqarmalari' ha'm bo'limleri kiredi. Barli'q finans sistemasi' uyi'mlari' yeki ta'repleme boysi'ni'wg'a iye, yag'ni'y wolar, birinshi gezekte joqari' turi'wshi' finans uyi'mlari'na, yekinshi ta'repten bolsa, jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyat uyi'mlari'na (ha'kimlerge) boysi'nadi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi' ha'm jergilikli byudjetlerdin' da'ramatlari' ko'rsetip wo'tilgen boli'p, wolar: ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen normativlerge muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' byudjetine ha'm jergilikli byudjetlerge bag'darlandi'ri'lg'an jergilikli sali'qlar, ji'yi'mlar, baji'lar ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler; ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen normativlerge muwapi'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' byudjetine ha'm jergilikli byudjetlerge wo'tkiziletug'i'n uluwma ma'mleketlik sali'qlari', ji'yi'mlari', baji'lari' ha'm basqa ma'jbu'riy to'lemler; ni'zam hu'jjetlerinde belgilengen normativlerge muwapi'q ma'mleket mu'lki obyektlerin jaylasti'ri'w, paydalani'wg'a beriwden ali'ng'an da'ramatlar; ni'zam hu'jjetlerine muwapi'q miyras ali'w, sawg'a yetiw huquqi' boyi'nsha ma'mleket mu'lkine wo'tken pul qarji'lari'; joqari' byudjetlerden beriletug'i'n byudjet dotaciyalari', byudjet subvenciyalari' ha'm byudjet ssudalari'; yuridikali'q ha'm fizikali'q shaxslardan, sonday-aq, shet yel ma'mleketlerinen kelgen qaytari'lmaytug'i'n pul tu'simleri; ni'zam hu'jjetlerinde qadag'an yetilmegen basqa da'ramatlar yesabi'na qa'liplestiriledi.

Joqari'dag'i'lardi' yesapqa alg'an jag'dayda, byudjet qarji'lari' yesabi'nan finanslasti'ri'lg'an ma'mleket qa'rejetleri yeki toparg'a bo'linedi: ha'r ji'li' ta'kirarlani'p turatug'i'n qa'rejetler (ma'selen, woqi'w wori'nlari'ni'n', yemlewxanalardi'n' islewin ta'miyinlew ushi'n ketetug'i'n qa'rejetler); keyingi byudjet da'wirine na'zerde tuti'latug'i'n jan'a qa'rejetler (ma'selen, baslang'an quri'li's islerin tamamlaw, yemlewxanalardi'n' jan'a korpuslari'n quri'w ushi'n arnalg'an qa'rejetler ha'm basqalar).

## A L T I ' N S H I ' T A R A W

## KONSTITUCIYANI' WO'ZGERTIW TA'RTIBI

**119-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgerisler Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' uluwma sani'ni'n' yen' keminde u'shten yekisinin' ko'pshilik dawi'si' arqali' qabi'l yetilgen ni'zami' yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' referendumi' menen kirgiziledi.**

Ma'mleket ha'm ja'miyet wo'mirinde ju'z beretug'i'n modernizaciya ha'm jan'alani'w procesleri, reformalar, socialli'q qatnasi'qlardi'n' rawajlani'p bari'wi', yen' da'slep, tiyisli proceslerdin' huquqi'y negizinin' bekkemleniwi, a'lbette anag'urli'm da'rejede jetilistiriwdi talap yetedi. Bul

bolsa, wo'z na'wbetinde tiyisli normativ-huquqi'y hu'jjetlerge wo'zgerisler kirgiziw za'ru'rligin keltirip shi'g'aradi'.

Konstituciya – bul qati'p qalg'an huquqi'y hu'jjet yemes, ja'miyet wo'mirinin' wo'zgeriwi ha'm jan'alani'wi' ha'm socialli'q qatnasi'qlardi'n' rawajlani'wi' ha'm quramalasi'wi' na'tiyjesinde wog'an tiyisli wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kiritiledi. A'ne sonnan kelip shi'g'i'p, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na ma'mleket ha'm ja'miyet wo'mirin ja'ne de yerkinlestiriwdi itibarg'a alg'an halda konstituciyag'a wo'zgerisler kirgiziwdi na'zerde tuti'wshi' arnawli' taraw ha'm statyalar kirgizilgen.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgiziw tek g'ana Konstituciyali'q ni'zam qabi'l yetiw joli' menen a'melge asi'ri'ladi'.

Atap wo'tiwimiz tiyis, Konstituciyali'q Ni'zam degende Konstituciyag'a wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgiziwdi na'zerde tuti'wshi' Konstituciyani' toli'qti'ri'w maqsetinde qabi'l yetilgen ni'zamlar tu'siniledi.

Bul ma'selede si'rt yel ta'jiriybesin u'yrenetug'i'n bolsaq, ha'r qi'yli' ta'rtiplerdin' bar yekenligin ko'remiz. Mi'sal ushi'n, ayi'ri'm ma'mleketlerde a'piwayi' ni'zam joybari' parlamentinin' bir g'ana ag'zasi' ta'repinen shaqi'ri'li'wi' mu'mkin bolsa, Konstituciyag'a wo'zgerisler kirgiziw haqqi'ndag'i' joybar bolsa tek g'ana Prezident, hu'kimet yamasa deputatlardi'n' belgili bir topari' (mi'sali', Turkiyada — parlament ag'zalari'ni'n 1/3 bo'legi), federaciya subyektleri (mi'sali', Braziliyada – shtatlardi'n yari'mi') ta'repinen kirgiziledi.

Bunnan ti'sqari', Konstituciyag'a kirgizilip ati'rg'an wo'zgerisler, qag'i'yda ta'rtibinde, parlamenttin' ha'rbir palatasi'nda ko'pshilik ta'repinen maqullani'wi' tiyis. Mi'sali', Avstriya, Italiya, Niderlandiyada parlament ag'zalari'ni'n' 2/3 bo'legi dawi'si' za'ru'r bolsa, Greciya, Ispaniya 3/5 bo'legi tiyisli boladi'. Parlament Konstituciyag'a wo'zgerislerdi qabi'l yetkennen keyin, ayi'ri'm ma'mleketlerde usi' wo'zgerisler federaciya subyektleri ta'repinen (mi'sali', AQSHta 3/4 bo'legi ta'repinen maqullani'wi', ayi'ri'm ma'mleketlerde bolsa (mi'sali', Daniya, Shveycariya) referendumda da tasti'yi'qlani'wi' tiyis.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kiritiwde Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi deputatlari'ni'n' yen' kem degende u'shten yekisinin' dawi's beriwi tiyis.

Juwmaqlap aytqanda, Konstituciyag'a wo'zgeris kirgiziwdin' wol yamasa bul ta'rtibi, yen' da'slep xali'q ma'pinen kelip shi'g'adi' ha'm de wog'an xi'zmet yetiwge qarati'lg'an.

**120-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi Konstituciyag'a wo'zgerisler kirgiziw haqqi'nda ni'zamdi' tiyisli usi'ni's bolg'annan keyin alti' ay dawami'nda qabi'l yetiwge haqi'li'. Yeger Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi Konstituciyag'a**

**wo'zgeris kirgiziw haqqi'ndag'i' usi'ni'sti' qaytarsa, keminde bir ji'ldan son' woni' qaytalawg'a boladi'.**

Bul statya Konstituciyani'n' son'g'i' statyasi' boli'p, wonda Konstituciyag'a wo'zgeris kirgiziwdin' ta'rtibi, mu'ddeti ha'm sha'rtleri bekkemlengen. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi'na wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgiziw ni'zamlari'n tayarlaw ta'rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' 2001-ji'li' 29-iyunda qabi'l yetilgen «Ni'zam joybarlari'n uluwma xali'qli'q dodalaw haqqi'nda» g'i' Ni'zami', 1997-ji'li' 15-dekabrde qabi'l yetilgen «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ni'zam aktlerin tayarlaw haqqi'nda» g'i', 1998-ji'li' 29-yanvardag'i' «Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Joqarg'i' Ken'esi haqqi'nda» g'i' Ni'zamlari' arqali' a'melge asi'ri'lmaqta.

Konstituciyani'n' bul statyasi'ni'n' mazmuni'na qaray, uzag'i' menen alti' ay ishinde Konstituciyag'a wo'zgerisler kirgiziw haqqi'ndag'i' ni'zam qabi'l yetiliwi mu'mkin. Yeger de usi'ni's qaytari'lsa, wonday jag'dayda bir ji'l mu'ddet wo'temen degenshe sol ma'sele boyi'nsha Konstituciyag'a wo'zgeris ha'm qosi'msha kirgiziw mu'mkin yemes.

Konstituciyag'a wo'zgeris kirgiziw ta'rtibinin' bekkemligi woni'n' turaqli'li'g'i'n ta'miyinlew usi'llari'nan biri sanaladi'.

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na usi' ku'nge shekem 1994-ji'ldi'n' 26-fevrali'nda won yekinshi shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Sovetinin' won besinshi ha'm 1995-ji'ldi'n' 31-oktyabr 1997-ji'ldi'n' 15-dekabrindegi birinshi shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' to'rtinshi, won u'shinshi sessiyalari' ha'm 2003-ji'ldi'n' 12-noyabrinde yekinshi shaqi'ri'q Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' won yekinshi sessiyasi'nda wo'zgerisler ha'm qosi'mshalar kirgizildi.

## MAZMUNI'


Alg'i' so'z ... 3

B I R I N S H I   T A R A W
**TIYKARG'I' PRINCIPLER**

I BAP. Ma'mleketlik suverenitet ... 5
II BAP. Xali'q ha'kimiyati' ... 9
III BAP. Konstituciyani'n' ha'm ni'zamni'n' u'stinligi ... 13
IV BAP. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' xali'q arali'q ha'm si'rtqi' ekonomikali'q qatnasi'qlari' ... 16

Y E K I N S H I   T A R A W
**ADAMNI'N' HA'M PUQARANI'N' TIYKARG'I' HUQUQLARI', YERKINLIKLERI HA'M MINNETLERI**

V BAP. Uluwma rejeler ... 17
VI BAP. Puqarali'q ... 23
VII BAP. Jeke huquqlar ha'm yerkinlikler ... 27
VIII BAP. Siyasiy huquqlar ... 37
IX BAP. Ekonomikali'q ha'm socialli'q huquqlar ... 42
X BAP. Adam huquqlari' ha'm yerkinliklerinin' kepillikleri ... 50
XI BAP. Puqaralardin' minnetleri ... 55

U' S H I N S H I   T A R A W
**JA'MIYET HA'M ADAM**

XII BAP. Ja'miyettin' ekonomikali'q tiykarlari' ... 59
XIII BAP. Ja'miyetlik birlespeler ... 63
XIV BAP. Shan'araq ... 68
XV BAP. G'alaba xabar qurallari' ... 72

T O' R T I N S H I   T A R A W
**HA'KIMSHILIK-AYMAQLI'Q DU'ZILIS**

XVI BAP. Qaraqalpaqstan Respublikasini'n' ha'kimshilik-aymaqli'q du'zilisi ... 73

B E S I N S H I   T A R A W
**MA'MLEKETLIK HA'KIMIYATTI' SHO'LKEMLESTIRIW**

XVII BAP. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ... 75
XVIII BAP. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i' ... 90
XIX BAP. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' ... 97
XX BAP Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ... 102
XXI BAP. Jergilikli ma'mleketlik ha'kimiyatti'n' tiykarlari' ... 109
XXII BAP. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' sud ha'kimiyati' ... 119
XXIII BAP. Saylaw sistemasi' ... 132
XXIV BAP. Konstituciyali'q baqlaw ... 136
XXV BAP. Prokuratura ... 139
XXVI BAP. Finans ha'm byudjet ... 142

A L T I' N S H I'   T A R A W

Konstituciyani' wo'zgertiw ta'rtibi ... 144

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI’NI’N’ KONSTITUCIYASI’NA TU’SINDIRME**

Redaktori’ *S. Baynazarova*
Ko’rk.redaktori’ *I. Serjanov*
Tex.redaktori’ *Z. Allamuratov*
Operator *N. Qaypbergenova*

**Licenziya: Al № 108, berilgen waqti’ 2008-ji’l 15-iyul.**

Original-maketten basi’wg’a ruqsat yetilgen waqti’ 01.04.2015 Formati’ 60x90 1/16 Tip «Tayms» garniturasi’. Ofset usi’li’nda basi’ldi’. Kegl 10. Ko’lemi 9,25 b.t. yesap 9,1 b.t. Nusqasi’ 500 dana. Bahasi’ sha’rtnama boyi’nsha. Buyi’rtpa № .

«Bilim» baspasi’. 230103. No’kis qalasi’, Qaraqalpaqstan ko’shesi, 9.
Elektron ma’nzil: bilim.baspa.@bk.ru

«Farma print nukus» JShJ tipografiyasi’nda basi’ldi’.
Ma’nzili: No’kis qalasi’, A. Dosnazarov koshesi, 18-jay.